ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM
ORTA ARNAWLÍ BILIM MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK
PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

TARIYX OQÍTÍW METODIKASÍ KAFEDRASÍ

# ÁYYEMGI DÚNYA TARIYXÍ
# PÁNI BOYÍNSHA

# L E K C I Y A   T E K S T I

**Lekciya №1**
**Tema: Áyyemgi Greciya. Krit-miken dáwiri**

**Joba:**

1. Greciyanıń jaylasıw ornı, xalqı.
2. Greciyanıń tariyxın úyreniwge tiyisli derekler.
3. Egey mádeniyati
4. Krit mádeniyati
5. Miken mádeniyati
6. Kiklada mádeniyati

**Tayanısh sózler**: Kiklad, Fessaliya, Beotiya, Kiferon, Ellinizm, memuarlıq shıǵarma, polisler, qala-mámleket, Olimp qudayları, Freska súwreti, suveren mámleket.

**1. Greciyanıń jaylasıw ornı, xalqı.** Greciya geografiyalıq jaqtan 3 bólimge bólinedi: Fessaliya hám Epir, arqada Moli hám Pagasey qoltıqları, qubladan Korinf hám Saronika menen shegaralanǵan, oraylıq bólegi Peloponnes yarım atawınan ibarat qublaǵa bólinedi. Arqa bóliminde Fessaliyani Epirden Pind taw dizbegi ajıratıp turadı. Áyyemgi bul eki wálayat grek mádeniyatınıń qáliplesiwinde ayıqırsha áhmiyetke iye bolǵan. Sebebi bul jerde eń dáslepki grek qáwimleri arqadan batısqa qarap jılısıp kelgen.

Fessaliyada áyyemgi grek ápsanaları payda boldı. Onıń qublasindaǵı Sperxa dáryası oypatındaǵı axey Ftiotidasi mirmidonlar watanı bolǵan. Fessaliyadan ápsanawiy Yason uzaq Xalxidaǵa altın mamıq ushın jolǵa túsedi. Dodonda Sella ruwxaniyleri muqáddes dub tereginiń japıraqlarıniń shıtırlawına qarap pal ashqan. Epir grek mádeniyatına baylanısı bolmaǵan jabayı úlke bolıp, onı oraylıq Greciya menen tek xaon, tesprot, moloss hám oresta sıyaqlı epir qáwimleri jaylasqan Axeloy dáryası baylanıstıradı.

Fessaliya tórt tárepten tawlar menen qorshap alınǵan bolıp, bul jerde eki tegislikti fessaliyalı basqınshılar baǵındırıp alǵan. Olar jergilikli xalıqtı ǵárezli paneslerge aylandırǵan. Az bolsa da olardı oypattan tawǵa qarap qısıp shıǵarǵan. Fessaliyanıń batıs bóleginde diyxanshiliq hám sharwashılıq rawajlanǵan. Ol jerde qolaylı jer hám qoltıqlar joq. Arqa Greciyanıń oraylıq Greciyadan teńiz hám Olimp tawları arasındaǵi Fermopil dáryası ajıratıp turadi.

Oraylıq Greciyada az sanlı tawlı qáwimler jaylasqan. Egey teńiziniń jaǵasındagı Egey atawınıń qarsı aldında Opunt lokrları jaylasqan. B.e.sh. V ásirde afinalılar ushın lokrlar artta qaliwshılıqtıń úlgisi bolǵan.

Parnas (2450 m) hám Kifris tawlarında jaylasqan vakiy qáwimleri ele de artta qalǵan. Oraylıq Greciya jolındaǵı eń áhmiyetli jol bul Elateya qalası. Delfa áyyemgi Elladanıń diniy orayı wazıypasın atqarǵan. Parnastan arqada Greciyanıń eń kishi wálayatı – Dorida (185 kv km) bolıp, dariyler usı jerden kelip shıqqan.

Fokidadan batısta Agra, evitan degen illiriya qáwimleri jasaǵan tawlı hám azıraq ónimdar oypatqa iye Etoliya wálayatı jaylasqan.

Arqada Epir menen tutasqan Abrakiy qoltıǵına shekemgi aymaqta Akarnaniyada illiriya qáwimleri jasaǵan. Qublada 3000 kv km aymaqtı iyelegen Beotiya wálayatı birden úsh teńiz benen tutasqan. Paytaxtı Fiva bolǵan Beotiyada ǵalleshilik, sharwashılıq hám balıqshılıq kúshli rawajlanǵan.

Beotiyanı batısta Kiferon hám Parnas tawlarıqorshap turadı. Greciyanıń orayında topıraǵı diyqanshılıqqa qolaysız bolǵan Attika wálayatı jaylasqan. Áyyemgi Attikada suw kem bolsa da, mramor, ılay, gúmis hám zaytun tereklerine bay bolǵan.

Afinanıń teńiz jolın Salamin atawı jawıp turadı. Salamin ushın Afina Megara hám Egina menen uzaq urıs alıp barǵan, tek Eginanıń baǵındırılıwi Afinanıń teńiz sawdası jolın ashtı. Korinf hám Saronik qoltıqlarınıń arasındaǵı tawlı úlkede Megara qalası jaylasqan. Korinf qoltıǵınan keyin Peleponnes yarim atawına ótiw múmkin. Onıń orayında Arkadiya tóbeligi turadı.

Lakoniya hám Messeniya wálayatları yarım atawdıń batısında jaylasqan. Bul wálayatlarda gálle egilgen. Messeniyadan arqada Ellida wálayatı jaylasqan bolıp, Alfey hám Kladey dáryalarınıń qosılǵan jerinde hár 4 jılda bir márte Olimpiya oyınları ótkeriletuǵın Olimpiada jaylasqan. Ellidadan arqada Axeya wálayatı turadı.

Greciyanıń klimatı jumsaq, temperaturası $16^{o}$C tı quraydı. Landshaftı burın házirgisinen parıq etken. Qalıń toǵaylar kóp bolıp, topıraǵı házirgidey taslaq bolǵan. Tek azǵana jer ónimdar bolǵan. B.e.sh. VI ásirge shekem tek biyday  hám tarı egilgen. Keyin bolsa júzim hám zaytun bul eginlerdi qısıp shıǵarǵan.

Greciyada altın joq. Mıs judá kóp. Xalxida qalasınıń atı da “mıs” degen mánisti bildiredi. Bul jerden mıs qazıp shıǵarılǵan. Beotiya hám Lakoniyada sapası tómen bolǵan temir, Tasos hám Sifnos atawlarınan b.e.sh. VII-VI ásirlerde gúmis qazıp alınǵan.

B.e.sh. VI ásirde Lavrion gúmis káni ashılǵan. Bul kánlerden alınǵan dáramat b.e.sh. V ásirde Afinanı qúdiretli flot qurıwǵa hám Greciyada jetekshi rol oynawına imkan berdi.

Afina  taw-kánshilik tarawında úlken tabıslarǵa eristi. Kánlerdiń tereńligi 100 m ge jetken. Qımbat metalldi izlestirip tabıw sanaatı joqarı dárejede bolǵan. Gúlalshılıqta grekler haqıyıy óner iyeleri bolǵan. Tas júdá joqarı bahalanǵan. Hámme jerde tas mol-kól bolǵan. Mramordıń watanı Pentelikon Afinadan barı-joǵı 10 km aralıqta jaylasqan. Ataqlı Parfenon hám Propiley pentelikon  mramorlarınan islengen.

**2. Greciyanıń tariyxın úyreniwge tiyisli derekler**. Áyyemgi  Greciya tariyxına tiyisli dereklerdiń kópligi hám jaqsı saqlanıp qalǵanlıgı basqa aymaqlar tariyxınan ózgeshelenedi. Greciya tariyxı derektanıwında áyyemgi tariyxshılardıń shıǵarmaları áhmiyetli orın tutadı. B.e.sh. VI-V ásirlerde tariyx pániniń gúllep jaynaǵan dáwiri esaplanadı. Bul dáwirdiń tariyxtanıwın batıs alımları “Ayırıqsha polisler tariyxı” dep ataydı. Bul dáwirdegi kózge kóringen tariyxshılardan Geradot, Fukidid hám Ksenofontti atap ótiw múmkin.

Makedoniyalı Aleksandrdıń shıǵısqa júrislerinen keyin Greciyanıń tarixında jańa tariyx mektebi – Arastu mektebi qáliplesti. Bul dáwirdiń eń kózge  kóringen shıǵarması Arastudıń “Politiya” shıǵarması. Bul shıǵarma Arastu hám onıń shákirtleri tárepinen  jazılıp, grek polisleri, Jer Orta teńiz jaǵalarındaǵı grek koloniyaları haqqında maǵlıwmat beredi. Shıgarma júdá kóp bólimlerden ibarat bolsa da, onıń bizge shekem tek “Afina politiyası” bólimi ǵana jetip kelgen.

Ellin dáwirine kelip grek jámiyetindegi keskin ózgerisler, úlken mámlekettiń payda bolıwı menen ulıwma tariyxqa tiykar salındı. Bul dáwirdiń eń kózge kóringen tariyxshılarınan biri Timey bolıp, ol oziniń shıǵarmasında Balkan Greciyası, batıs grek  koloniyaları haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlardı beredi.

Áyyemgi grek tariyxı boyınsha eń áhmiyetli dereklerden biri – arxeologiyalıq tabılmalar. Arxeologlar Greciya hám Egey teńizi atawlarındaǵı áyyemgi ibadatxanalar, saraylar, qorǵanıw imaratların qazıp ashtı. Ásirese, Krit atawında inglis arxeologı E.Evans  40 jıldan aslam waqıt Knoss sarayın qazdı. Kishi Aziyada nemec arxeologı G.Shlimannıń Troya qalasın qazıp ashıwı qımbatlı maǵlıwmatlardı berdi.

Bul dáwirde memuarlıq shıǵarmalar da jazılǵan. Polislerdiń qulawına shekem grekler tariyx hám ádebiyatqa tiyisli shıǵarmalardı memuar formasında jazǵan. B.e.sh. IV ásirdegi eń iri memuarlıq shıǵarma Ksenofontqa tiyisli. Ol tiykarınan áskeriy tarawǵa tiyisli maǵlıwmatlardı beredi.

Ellinizm dáwirindegi memuar hám avtorlıq shıǵarmalardı jazıw ádet túsine kirdi. Ellin dáwiri siyasatshılarınan Pirra hám Arata eń iri tariyxıy miynetlerdiń avtorları. Olar "Axey awqamı" haqqında keń maǵlıwmatlardı jazıp qaldırǵan.

Antik jámiyette xatlar áhmiyetli orın tutqan. Olar eki túrli formada, ashıq hám jabıq formada jazılǵan. Platon, Isokrat hám Sallyustiylerdiń jazǵan ashıq xatlarında flosofiyalıq maǵlıwmatlar berilgen. Jabıq xatlar mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan xatlar bolıp, arnawlı adamlardıń atınan jazılǵan. Olarda tiykarınan siyasiy hám jasırın maǵlıwmatlar jazılǵan.

Grek poeziyalıq ádebiyatınıń qáliplesiwi b.e.sh. IX-VIII ásirlerge tiyisli bolıp, bul dáwirdi "Gomer dáwiri poeziyası" dep ataydı. Gomer, Gesiod hám dramaturgler Esxil, Sofokldiń shıǵarmaları júdá jaqsı saqlanǵan. Gesiod óziniń "Miynet hám kúnler" shıǵarmasında grek jámiyetindegi jámiyetlik qarama-qarsılıqlar haqqında jazadı.

Grek tariyxıy derektanıwında qala qarabaxanaları áhmiyetli orın tutadı. Qalalardaǵı saraylar, ibadatxanalar jaqsı saqlanǵan. Krit-Miken dáwiriniń sarayları, ibadatxanaları júdá kóplep tabılǵan. Grek arxitekturasınıń tiykarǵı estelikleri bul -Palestler hám Gimnasiyler. Palestler - bul sport imaratlarınıń qatarına kirip, ol jerde tiykarınan jas balalar turaqlı túrde sport hám pán penen shuǵıllanǵan. Bizge shekem Afinanıń eki úlken gimnaziyası saqlanıp qalǵan. Olardan biri qaharman Akadem baǵında jaylasqan, ekinshisi likeyli Appolon dala háwlisinde jaylasqan.

Krit-Miken mádeniyatı inglis arxeologı Artur Evanstıń (1851-1941) Krit atawında alıp barǵan arxeologiyalıq qazıw isleri bolıp tabıladı. G.Shliman (1822-1892)dı Kishi Aziyadaǵı Xissorlik tóbeliginde Troya qalası qarabaxanaların qazıp alıwı Greciyanıń batısinda Mikena hám Tirinf qalalariniń qazıw isleriniń nátiyjesinde belgili boldı. Artur Evans Krit atawlarındaǵı Knoss sarayın ashıp, ápsanawiy patsha Minoydıń atı menen atalǵan ájayıp Minoy mádeniy kartinasın jarattı.

**Krit-Mikena dáwiri**. Grek tariyxı áyyemgi dúnya tariyxınıń bir bólegi. Áyyemgi grek tariyxınıń sheńberinde Balkan yarım atawı, Egey teńizi basseyni, batıs Italiya, Siciliya atawı hám arqa Jer, Qara teńiz boyı, Kishi Aziyanıń batıs jagalawlarındaǵı áyyemgi jámiyetlerdiń qáliplesiwi, gúllep-jaynawı hám túskinlik dáwirin úyrenedi. Grek civilizaciyasınıń tyriyxı úsh basqıshqa bólinedi: birinshisi - bul b.e.sh. II mıń jıllıqta Krit hám Mikenada eń dáslepki klasslıq jámiyetler hám mámleketlk birlespelerdiń payda bolıwı hám qıyrawı. Ekinshi basqısh – bul Krit-Miken civilizaciyasınıń qıyralıwınan keyingi antik Greciyanıń b.e.sh. XII ásirden b.e.sh.IV ásirdıń aqırǵı sheregine shekem bolǵan rawajlanıw dáwirin óz ishine aladı. Áyyemgi Grek jámiyeti rawajlanıwınıń eń biyik shıńı jámiyetlik-ekonomikalıq, siyasiy mámleket dúzimi bolǵan grek polisleriniń payda bolıwı, rawajlanıwı hám túskinlik basqıshı boldı.

B.e.sh. IV ásirdiń aqırǵı shereginde grek-makedonlar tárepinen Ahamaniyler Irani mámleketiniń basıp alınıwınan grek tariyxınıń úshinshi sońǵı basqıshı baslanadı. Bul basqısh shama menen úsh júz jıldı óz ishine alıp, shıǵıs hám batıs mádeniyatı elementlerin qamtıydı. Ellin mámleketiniń payda bolıwı, Ellin mádeniyatınıń rawajlanıw dáwiri. Bul basqısh b.e.sh. I ásir aqırında ellin mámleketiniń batıstan Rim, shıgıstan Parfiya tárepinen basıp alıniwı menen tamamlandı.

Balkan Greciyada mámleketshilik rawajlanıwınıń jańa dáwiri shama menen b.e.sh. XI ásirden baslanadı. Bul dáwirde antik Greciya rawajlanıwınıń polis dáwiri baslanadı. Ol óz ishine usı dáwirdi aladı:

1. B.e.sh. XI-IX ásirler – Gomer yaki polis qarsańında ("qaranǵı ásirler"). Bul basqıshta Balkan Greciyası aymaǵında urıw-qáwim qatnasları húkimdarlıq etti.

2. Arxaika dáwiri (b.e.sh. VII-VI ásirler) – polis mámleketiniń qáliplesiwi, Ullı Grek kolonizaciyası hám Grek tiraniyaları dáwiri.

3. Klassik Greciya (b.e.sh. V-IV ásirler.) – Áyyemgi grek polisleri, olardıń ekonomikası hám grek mádeniyatınıń gúllep jaynaǵan dáwiri.

Makedoniyalı Iskenderdiń Shıǵıs atlanıslarınan keyin Ellin mámleketiniń payda bolıw'ı menen áyyemgi grek tariyxında jańa ellin dáwiri (b.e.sh. IV ásirdiń sońǵı sheregi – b.e.sh. 30-jıllar) baslanadi. B.e.sh. 30-jılda sońǵı ellin mámleketlerinen biri Ptolomeyler Egipet ǵarezsizligin jóǵaltıp Rimge ǵarezli boladı. Usınıń menen Greciya tariyxı tamamlanadı.

B.e.sh. III-II mıń jıllıqlarda Dunay artınan greklerdiń keyingi áwladları Balkan yarim atawına bastırıp kiredi. Bul dáwir Balkan yarım atawında hám oǵan jaqın atawlarda kariylar, leleg hám pelasglar jasaǵan.

Bunnan basqa Amogros, Paros, Sifnos, Siros, Naksos, Tera, Melos sıyaqlı Egey atawlarındaǵı kóp ǵana mádeniy estelikler ashıldı. Nátiyjede b.e.sh. ekinshi mıń jıllıqlarǵa shekem xalıqlar jaratqan hám bul xalıqlardıń jetiskenliklerin dóretiwshilik penen ózlestirgen greklerge shekem bolǵan Miken mádeniyatı dep atalǵan tutas kórinis qáliplesti.

Áyyemgi Egey basseyninde úsh mádeniy birlik: eń áyyemgi Krit yaki Minoy dep atalǵan (b.e.sh. 3000-1200) orayi Krit bolǵan atawdaǵı Kiklad, Balkan Greciyasındaǵı Ellada mádeniyatları bar bolǵan.

**3. Egey mádeniyati.** B.e.sh.I-II miń jilliqlarda Dunay artinan greklerdiń keyingi áwladlari Balkan yarim atawina bastirip kiredi. Bul dáwirde Balkan yarim atawiǵa hám oǵan jaqin atawlarda kariyler, leleg hám pelasglar jasaǵan.

Krit-Miken mádeniyati ingiliz arxeologi Artur Evansning (1851-1941) Krit atawinda alip barilǵan arxeologiyaliq qazilmalari, G.Shliman (1822-1892)di Kishi Aziyadaǵi Xissor tóbeliginde Troya qalasi qulandilari qazip ashiliwi, Greciya qublada Mikena hám Tirinf qalalarin qazilmalari nátijesinde belgili boldi. Artur Evans Krit atawindaǵi Knoss saraylarin aship Krittiń apsanaliq patshasi Minoy ati menen atalgan Minoy mádeniyati jaratti.

Bunnan tisqari Amorgos, Paros, Sifnos, Siros, Naksos, Tera, Melos, kabi Egey atawlaridagi kópgina madaniy yodgorliklar ochildi. Natijada B.e.sh.algi ikkinchi miń jilliqgacha xalqlar yaratgan va bu xalqlar yutuqlarini ijodiy ózlashtirgan greklargacha bólgan axeylarning Miken mádeniyati deb atalgan mádeniyatini yaxlit kórinishi shakllantirildi.

Áyyemde Egey basseyininde úsh mádeniy birlik: eń áyyemgi Krit yamasa Minoy dep atalǵan (b.e.sh.3000-1200 jillar) orayi Krit bolǵan atawlardaǵi Kiklad, Balkan Greciyadaǵi Ellada mádeniyatlari bar bolǵan.

Greciyanıń materikalıq bóliminde de Egey teńiziniń Kiklada atawında bekkem xalıq punktleri hám awıl xoʻjalıǵı ónimleri saqlanatuǵın kishi aymaqlarda jergilikli hákimler jaylasqan. Krit hám Kiklada atawlarında metallurgiya jaqsı rawajlanǵan[1].

On mainland Greece and on the Cycladic islands in the Aegean, fortified settlements housed local rulers who controlled a small area of agriculturally productive countryside. Metallurgy developed in both Crete and the Cyclades.

**4. Krit mádeniyati.** Krit yamasa Minoy mádeniyati úsh dáwirge: erte Minoy (b.e.sh.3000-2300/2100 jillar), orta Minoy (2300/2100-1600 jillar) hám sońǵi Minoy (1600-1200 jillar)ǵa bólinedi.

Krittiń erte gúllep-jasnaw dáwiri hám oniń Egey dúnyasindaǵi jetekshiligi b.e.sh. III-II miń jilliqlarga tuwri keledi. Dáslep atawdiń qubla, shiǵis bólimi riwajlanǵan.

Orta Minoy dáwirinde Kritda "birinshi saraylar" dáwiri boldi. Knoss, Fest hám Malliya siyaqli qala oraylari rawajlandi. Krit arxitekturasiniń kiklad hám ellada tsivilizatsiyalarinan ajiratip turatuǵin ózgesheligi bul saraylardi qurilǵani bul saraylardaǵi nafis freska súwretlerin joqari sanaat dárejesinde bolǵani. Freska súwretlew óneri gúllep jasnawi "ekinshi saraylar

---

[1]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.76.

dáwirine” (b.e.sh. XVII ásir) hám sońǵi Minoy dáwirine tuwri keledi. Orta Minoy dáwiri Kritte shamalawina qarap jer silkiniwi nátiyjesinde apatshiliq menen tamamlandi b.e.sh. XVIII ásirde Knoss, Fest, Malliya saraylari qulandilarǵa aylandi.

Eliw jildan keyin Krit jáne qayta tiklendi hám bul kóteriliw b.e.sh.1400 jillarǵa shekem dawam etti. Bul dáwirde Krit teńizinde sheksiz húkimranliq etedi. Krit Balkan yarim atawi, Misr, Iberiyaga sapali vino, zaytun mayin eksport qildi. Misrdan reńli shiyshe, fayans, Kipr atawinan mis, Suriyadan otash, Liviyadan qimbatbaha metallar hám pil súyegi alip kelinedi.

Krittiń Egey teńizindegi jańa jetekshiligi b.e.sh. 1700 jildan baslanip Knoss hám Festta jań saraylar qurilip, oniń diywallari ájayip freskalar menen bezelgen. Ingliz arxeologi Artur Evans Knoss sarayin 40 jil dawaminda tekserdi. Bir neshe qabatli saray Krittegi eń belgili qurilis edi. Ol bir neshe márte qayta qurilǵan bolip patsha shańaraǵi jasaǵan jeri, rásmiy bina hám xójaliq qurilmalarinan ibarat edi. Sarayda kóplegen bolme hám zal diywallari did penen bezetilgen.

Krit gulalshiliǵinda hám kórkem sanaattiń joqari dárejede qálipleskeni kórinedi.

Krit mádeniyatiniń gúlleniwiniń jáne bir dálili Knoss sarayindaǵi oyinshi (raqqosa) súwretiniń bizge shekem jetip kelgen bir bólimi bolip esaplanadi. Arxeologlar oni “parijlik hayal” dep ataǵan.

Diywal súwreti-freskalar ham Krit qudaylari panteoninda hayal statuyalarin aldinǵi órinda turǵani hayallardiń Krit jámieti turmisinda joqari dárejede bolǵanliǵin korsetedi.

Freskalarda Krit atawining saray hám diniy turmisi sáwlelengen. Kritte diniy simvol sanalǵan eki tárepleme balta – labris uslaǵan jritsa (kohina) siyaqli súwretler kórsetilgen.

Krittiń sotsiyalliq – siyasiy qatnasiqlari haqqinda hesh qanday aniq maǵliwmat joq. Orta Minoy dáwirinde atawiniń arqa bóliminde (paytaxti Knoss) ǵárezsiz dinastiya, basqasi qublada (paytaxti Fest) húkimranliq etken. Hákim joqarǵi jrets waziypasin da atqarǵan. Sońǵi Minoy dáwirinde Krittegi pútkil hákimiyat Knoss hákimleri qolina ótedi. Siyasiy hákimiyat dúzilisi jaǵinan shiǵis despotiyasina uqsas bolǵan. Jer mámleket múlki bolǵan. Ónermentshiler, qullar bolǵan. Kritte qul meynetinen patsha xójaliqlarinda paydalanǵani, ishki (xonaki) qulshiliq bolǵan.

B.e.sh.1450 jillarda alǵashqi hám áskeriy axey qáwimleri atawǵa basip kirip Krittiń siyasiy jetekshiligine shek qoyadi. Egey basseyini eki ásir dawaminda dariyler kelgenge shekem axeyler húkimranliǵi astinda qaldi.

**5. Miken mádeniyati.** Miken mádeniyati erte Miken (b.e.sh.1700 jillarga jaqin 1550 jillarǵashekem). Orta Miken (1550-1400), sońǵi Miken (1400-1200) dáwirlerge bólinedi.

B.e.sh. III miń jilliq aqirinda Balqan Greciyada qáwimleriniń kóshiwi menen jámiet sotsiyalliq-siyasiy turmisinda úlken ózgerisler júz berdi. Aytiwlarǵa qaraǵanda bul waqitta Shiǵis Órta Jer teńizi boylarinda hind-evropa tillerinde sóylesiwshi etnik toparlar payda boladi.

Mikenanı keńeytiriw natijesinde Kritdegi Minoy sivilizatsiyasi joq bo‘ldi. Mikenada ham Siciliya hám qubla Italiyadaǵıday koloniya hám sawda punktleri jaratılǵan. Solay etip, birinshi grek tilinde soyleytuǵın xalqlardıń sawda hám tili Egey teńizi turli dunyalardı baylanıstıratuǵın birlik sıpatında jaratılǵan[2].

Mycenaean expansion eventually overwhelmed the Minoanson Crete. The Mycenaeans also created colonies andtrading settlements, reaching as far as Sicily and southernItaly. In this fashion, the trade and language of the early Greek-speaking peoples created a veneer of unity linking thedispersed orlds of the Aegean Sea.

B.e.sh. II miń jilliq basinda gulalshiliqta, gúmisti islew jumislarinda, úrp-ádet, dástúrlerde (sonnan, úy ishinde, pol astinda yamasa diywar arasinda balalar qábri) jańa tárepleri payda boldi.

[2]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.117.

Jańa etnik birlikler buringilari menen aralasip taza materialliq hám ruwqiy mádeniyatin payda etti.

Shama menen, b.e.sh. XVIII ásir aqirlarinda Balqan Greciyada bekkemlengen kishi-kishi awillar kóplep payda boladi. Qábirlerde metall qurallar ushiramaydi. Balqan Greciyani Kritten (qábirlerde krit gúzeleri, krit ulgisinde eliklep jasalǵan sopal buyimlar) basqa aymaqlar menen qatnasiqlar diyerli joq. B.e.sh. 1600 jillar átirapinda Kritte joqari riwajlanǵan madaniyat bar bólgan waqitta Balqan Greciyada úlken ózgerisler júz berdi. Orayliq hám qubla Greciyada qúdiretli oray Mikena qalasi hám basqa erte qalalar qáliplese baslaydi.

Egey basseyininde 400 jil dawaminda bir qiyli mádeniyattiń barliǵi oni shártli ráwishte "Miken" mádeniyati dep ataliwina sebep boldi. Mikena siyasiy oray sipatinda óz húkimranligin keń qamirawli ámelge asira almadi. Tek Mikenada alip barilǵan arxeologiyaliq qazilmalar nátiyjesinde Mikena mádeniyatina tiyisli estelikler qazip alinǵan. 1876 jilda arxeolog G.Shliman Mikenada tasǵa oyilǵan shaxta tipindegi qábirlerdi tapti. Qábirlerde gúmis hám altin menen bezelgen bronza (jez) qilishlar, altin hám gúmis qadaqlar, tilla niqaplar hám basqa buyimlar tabildi.

B.e.sh. XV ásirden baslap Mikenada hám Greciyaniń basqa wálayatlarinda gúmbezli qábirler dástúr bola basladi. Bunday qábirlerde hákimler jerlengen. Mikenadaǵi belgili "Agamemnon qábiri" saltanatli etip qurilǵan. 5 metrge shekem bálentlikte bolǵan awir esikler, ústi har biri shama menen 120 tonna keletuǵin eki ulken tas penen jabilǵan. Qábirlerde kóp muǵdarda qimbat baha buyimlar qural-jaraqlar tabilǵan. Mikena mádeniyatiniń gulalshiliq ónimleri Rodos, Kipr, Kishi Aziya, Misr, Siciliya hám Qubla Italiyaǵa shiǵarilǵan. Balqan Greciyada B.e.sh. 1400 jildan baslap bekkemlengen qorǵanlar (Terin, Mikena, Afina, Fiva, Iolik) payda boladi.

Mikena iskusstvosi kóp tárepten Krit mádeniyati menen uqsas. Mikena suwretlew ónerinde ósimlikler súwreti, hashamatli kiyingen adamlardi bir qiyli saltanatli júrisler, súwretlerde statiklik, shártlengenlik húkim suredi. Bul dáwirde monumental Arxitektura joq. Diniy tásáwirler haqqinda maǵliwmatlar júdá az. Diniy dástúrler muhirlerde belgilengen, jerlerde diniy tabilmalar, mehroblar  (altar') tabilǵan.

XX ásirdiń 60 jillarinda Mikena akropolida (mustahkamlangan qalba) diniy máresimler ótkeriletuǵin oray tabildi. Orayda qollarin joqariǵa kótergen 16  ilay háykel, ilaydan jasalǵan jilanlar hám mexrob (altar') bar. Muqaddes jay qasinda turar jay imarati bolip, izertlewshilerdiń pikirinshe bul imaratda bas jreth (kohin) jasaǵan. 1953 jil ingliz alimlari Ventris hám Chedvik Mikena saraylari buyimlarinda sanaq esap-kitaplar haqqinda maǵliwmat beretuǵin ilay taxtashalardaǵi mikena jaziwlarin oqidi.

B.e.sh. 1000 jilliqtiń aqirinda Kipr Kishi Aziyadaǵi panfiliyalik axeylar tárepinen ózlestiriledi. B.e.sh. XIV ásirde Kishi Asiyada Axaya mámleketi bar bolǵani haqqinda mixxat jaziwlari maǵliwmat beredi. Xett dereklerinde (XIV-XIII ásirlerde) Axaya dep atalǵan mámleketti izertlewshiler Balqan yarim atawi  Kishi Aziya hám Rodos atawinda dep hár qiyli pikirler aytadi.

B.e.sh. XII ásir basinda Shiǵis Orta jer teńiziniń aziya boylarinda filimstinler dep atalǵan xaliqlar ornasadi. Olardiń mákanlarinda bul jerde aldin bolmaǵan sol jerdiń ózinde islep shiǵarilǵan mikena sopal buyimlari kóp tabilǵan. Bul waqitta Balqan Greciyaǵa arqadan túrli qáwim toparlari migratsiyasi baslanadi. Esteliklerde materialliq – ruwqiy mádeniyattiń túskinligi kórinedi. Bul waqittan baslap lekin temir ózlestirile baslanadi. Dáslep, Peloponnes yarim atawi hám Kritke dariylar kelip jaylasadi. Troya urisi haqqinda mashqalali pikirler júdá kóp. Áyyemgi Troya Kishi Aziyada jaylasqan bolip, jer b.e.sh. 3000-jilliq araliǵinda bronza ásirinde ózlestiriledi. Lekin bul Troya Mikenadaǵi shaxta qábirlerinen jas jaǵinan 600 jil úlken bolǵan

hám Balkan yarim atawinan kelgen qáwimler tárepinen basip aliniwi múmkin emes edi. B.e.sh. 1800 jillar araliǵinda Troya VI qatlami payda boladi.

**6. Gomer dáwiri, qala mámleketler.** B.e.sh. XII-VIII ásirlerde jámáát dúziminen polis formasındaǵı mámleketlik shólkemge ótiw baslandı. Grekler aqsaqallar saylap qoyılatuǵın urıw jámáátinde jasaǵan. Ayırım waqıtlarda urıwlar qandayda ulıwmalıq máseleni sheshiw ushın úlkenirek shólkem – fratriyaǵa birlesedi. Bunnan úlkenirek qáwim – fil edi. Fratriya hám urıwdıń kelip shıǵıwı bır ulıwma ata-babadan bolǵan. Urıw baslıqları menen bir qatarda fil hám fratriyanıń Gomerde – filobasilevs dep atalǵan jol basshıları bolıp, urıw baslıqları olarǵa bir bólek óz hákimiyatların bergen.

Gomer poemalarına kelsek b.e.sh. VII ásirde áyyemgi grek ádebiyatınıń siyrek ushırasatuǵın úlgileri “Illiada” hám “Odisseya” dástanları soqır baqsı Gomer tárepinen jaratıldı. Dástanlar Mikena dáwirindegi urısıp atırǵan qaharmanlar dúnyası kórinisin beredi. Axill qalqani, finikiya gúzeleriniń ájayıp kórinisleri, jawıngerlerdiń qural – jaraqları grek tarıyxınıń arxaik dáwiri tuwralı kórinislerdi payda etiwge járdem beredi.

“Odisseya” hám “Illiada”nı oqıǵanda grek jámáatindegi menshiklik qatlamlasiwdi, urıwshılıq qatnaslarınıń hálsirewin, basilevler menen hákimiyatqa umtılısıp atırǵan kóp sanlı aqsúyeklerdiń qatlamınıń qáliplesip atırǵanlıǵın kóriw múmkin. Poemalarda temirshi, tas óriwshi, qurılısshı hám keme jasawshılar haqqında gúrriń etiledi. Erkin adamlar menen bir qatarda qullar da miynet etedi.

Qulshılıq ele turpayı túrde bolǵan. Xojalıq natural formada, xojayin qul menen qatar miynet etiwden ele jerkenbegen. Odisseiyanıń atası Laert usı jerde jasaydı, hayalı Penelopa jip iyiredi, Navsakiya kir juwadı, Odissey sal, Paris pútin bir saraydı quradi. Odisseydiń xojalıǵında 50 qul bar. Gomer ótmish qaharmanların kótermeler, ózi jasaǵan dáwirdiń ámeldegi jámiyetlik qatlamlasıwınıń real súwrertlerin sızadı. Troyanı qorshap alǵanlar menen jolbasshı Agamemnon ortasında oǵan qarsı narazılıq tuwdırıwshı ójet Tersit obrazınıń kelip shıǵıwı Olimp qudaylarına barıp taqalıwshı jolbasshı patshalar menen ápiwayı keń xalıq qatlamı ortasındaǵı jetilisip kiyatırǵan qarama-qarsılıqta óz sáwleleniwin tapqan.

XIX ásirden soń Egey tenızinıń atawlarında  da jedel arxeologiyalıq qazıw isleri alıp barıldı. Inglis arxeologiyalıq ekspediciyası Antikoros atawında bronza dáwiriniń esteliklerin taptı. Bunnan keyin Melos, Seros, Spornos, Loros, Naksos atawlarında arxeologiyalıq qaziw isleri alıp barıldı. 1967-jılı arxeologlar  Fera aralıgınan Akrotir qalasın taptı. Onı Egey Pompeyasi dep ataǵan. 1932-jılı jas grek arxeologı Spiridan Marinotos Minos atawınıń iri portı Amnissti taptı. Ol arxeologiyalıq islerde Strabonnıń “Geografiya” shıǵarmasınan keńnen paydalandı.

Kiklada Krit arqasindaǵi Egey teńizinde jaylasqan kóplegen atawlar jıyındısı bar. Olardı grekler “kikladalar” yaǵnıy sheńberler degen. Kiklada mádeniyatı úsh iri dáwirge bólinedi:

Áyyemgi kiklad dáwiri (2700-2300);

Orta kiklad dáwiri (2300-1500);

Sońǵı kiklad dáwiri (1500-1100);

Kiklad mádeniyatı bronza dáwiri mádeniyatı bolıp, atawlardan bronzadan jasalǵan miynet quralları, keramika buyımlar, bezeniw zatları tabılǵan. Súwretshilikte freska súwretlew óneri jetik rawajlanǵan. Eń ataqlı freskalar “Eki hayal sawashı” hám “Antilopalar” súwretleri bolıp tabıladı. Kiklad mádeniyatınıń qáliplesiwinde Kishi Aziya atawları ayırıqsha áhmiyetke iye.

### Bekkemlew ushın sorawlar

1. Ne ushın grek tariyxın úyreniw ushın zárúrlik tuwıldı?
2. Krit-Miken mádeniyatı neni ańlatadı ham neni úyrenedi?
3. Greciyanıń tábiyiy sharayatı haqqında qanday pikirdesiz?

4. Gomer kim hám onıń qanday miynetleri bar?
5. Áyyemgi grek koloniyasınıń tariyxı haqqında nelerdi bilesiz?
6. Greciyanıń tariyxına tiyisli qanday memuar shıǵarmalardı bilesiz?
7. Kiklad mádeniyatı qaysı dáwirge tiyisli?

## Lekciya №2
## Tema: Eramızdan aldıngı IX ásir aqırı - VI ásirlerde Attika.

**Joba:**

1. Áyyemgi Attika. Derekler.
2. Grek polisiniń qáliplesiwi hám onıń ózine tán qásiyetleri.
3. Qalalar hám pul-tovar qatnsıqlarınıń rawajlanıwı.
4. Mámleket qurılısı.
5. Ullı kolonizatsiya.
6. Tiraniya.

**Tayanısh sózler**: Mardoniy, Dara I, Sparta, Marafon, Miltiad, Kserks, Leonid, Salamin, Triyerlar, Afina teńiz awqamı, Kalliy pitimi, awıl xojalıǵı, ónermentshilik, ergaceriya, Purey, sawda, qullardı jazalaw, xalıq jıyını, demos, Perikl, strateg, qala-mámleketler awqamı, quldarlıq demokratiyası, gelieya, eklessiya, fetlar, areopag, Agora.

**1. Áyyemgi Attika. Derekler**. Basqa sawda-ónermentshilik polislerine qaraǵanda tariyxıy dástúrlerde eń dańqqa ılayıq Afina polisi basshı bolǵan Attikanıń jámiyetlik-ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan tez rawajlanıwı birqansha keyinirek baslanǵan. Biraq tez arada Afina olardan ozıp uzaq waqıtqa shekem Greciyada sawda-ónermentshilik hám mádeniy oray bolıp kelgen.

B.e.sh. VII ásirlerden baslap Afinadaǵı mámleket dúzilisi rawajlanıwınıń tariyxın Aristotel óziniń "Afina politiyası" degen belgili traktatında súwretlegen. Gerodot penen Fukidit te bul haqqında ózleriniń "Tariyx" shıǵarmasında qısqasha jazıp qaldırǵan. Plutarx b.e.sh. VI ásirdiń baslarında jasaǵan Afnanıń nizam shıǵariwshısı Solonnıń ómir bayanın jazǵan. Esteliklerde birqansha jazıwlar, teńgeler hám basqa arxeologiyalıq derekler de saqlanıp qalǵan.

Attika Orta Greciyada Egey teńizi jaǵasındaǵı taslaqlı yarım atawdan ibarat. Attikada zúráátli jerler kem, biraq gúlalshılıq buyımları jasalatuǵın jaqsı gilvata, gúmis, qorǵasın, mramor mol-kól bolǵan. Tábiyiy sharayatı júzimzarlar, zaytunzarlardı egiw ushın júdá qolaylı. Birneshe qolaylı buxtası da bar. Azıq-awqat ónimleriniń jetispewshiligi ázelden Attika xalqınıń ónermentshilik hám teńiz sawdası menen óz ónermentshilik buyımların, sonıń ishinde, keramika ıdıslardı arpa hám biydayǵa almastırıwǵa májbúr etken.

Krit-mikena hám Gomer dáwirlerine barıp taqalǵan rawayatlar bızge kóplegen urıslardıń bolǵanlıǵın hám bul urıslar dawamında Afinanıń átirapında Attikada jasawshı ion qáwimleriniń áste-aqırın birlesiwi (grekshe –"sinoykism") júzege kelgenligin xabarlaydı. Ápsanalarǵa kóre b.e.sh. II mıń jıllıqta-aq sinoykisimdi Tesey ámelge asırǵan. Sonıń menen birge Tesey erkin xalıqtı úsh kategoriyaǵa: evpatritler (yaǵnıy, ata-babası mártebeli bolǵan aristokratlarǵa), geomorlarǵa (jer uchastkalarına iyelik etiwshi diyqanlarǵa) hám demiuruǵlarǵa (xalıq ushın islewshi ónermentlerge) bólgen. Bul kategoriyalıq bóliniwde miynettiń bólistiriliwi hám áyyemgi jámáátlerdin ıdırawı sáwlelengen edi. Haqıyqatında da sinoykism keyin ala b.e.sh. VII ásirde qońsı Elevsin qalasın Afinaǵa qosıp alıw menen tamamlanǵan edi.

2. Rawayatlarǵa qaraǵanda eń áyyemgi zamanlarda Afinada basileyler hákimlik etken. Basileylerdiń sarayı teńizden birneshe shaqırım arjaqta jartaslar ústinde qorǵan menen

qorshalǵan Akropolda bolǵan. Basileylerdiń hákimiyatı áste-aqırın aqsúyekler keńesi tárepinen sheklenip barılǵan. Bul aqsúyeklerdiń keńesi qatlamlıq jámiyetke ótip atırǵanda kúsheyip ketken mártebeli aristokratlar-evpatridlerdiń máplerin qorǵaǵan.

Biraq basiley lawazımı Afinada heshqashan biykar etilmegen bolsa da, ol óziniń siyasiy áhmiyetin áste-aqırın joǵaltıp barǵan. Jámiyetlik rawajlanıw ilgerilep barǵan sayın quramalasqan basqarıw funkciyaları jańa wazıypalardıń payda bolıwına alıp kelgen. Aqsúyekler keńesi bul wazıypanı endi basiylerdiń juwapkershiligine júklemegen, al olardı orınlaw ushın jańa lawazımlar engizilgen. Áskeriy istiń quramalasıw múnasibeti menen arnawlı áskerbasılıq – polemarxlik lawazımı mine usılay payda bolǵan. Basileylerdiń wazıypaları sheńberinen áskeriy áskerbasılıq lawazımınıń alıp taslanıwı onın abroyın júdá túsirip jibergen.

Jańa hámeldar shaxs arxond (yaǵnıy baslıq yaki el aǵası) b.e.sh. IX-VIII ásirlerdiń dawamında Afina aristokratiyası polisiniń baslıǵı bolıp qaladı, ekinshi orınǵa túsip qalǵan basiley lawazımı bolsa waqıt ótiwi menen tek diniy wazıypalardı orınlaytuǵın bolıp qaladı. Bul hámellerdiń hámmesinde xalıq jıyını dáslep ómirlik, keyin on jıllıq múddet penen aristokratlar áwladınan bolǵan shaxslardı saylap qoyadı. B.e.sh. VII ásirdiń birinshi shereginde bul lawazımlar bir jıllıq bolıp qalǵan.

Nızamlardı jazıw ushın bir jıl múddetke altı fesmofetten ibarat kollegiyanıń saylanǵanlıǵı haqqındaǵı demos penen aristokratiya ortasında baslanǵan gúreske azǵana siltew berilgen. Biraq, nızamlar uzaq waqıtqa shekem jazılmay qalǵan. Buǵan awızdan ótip barıwshı dástúrlerge muwapıq sud islerin alıp barǵan evpatridler qarsılıq kórsetken. Húkimdarlıq etiwshi aristokratlar, eger nızamlar jazılatuǵın bolsa, biziń sheksiz hákimiyatımızǵa zıyan keledi dep oylaǵan. Altı fesmofet bir jıllıq múddetke turaqlı túrde saylanatuǵın sudyalarǵa aylanǵan. Arxont basiley hám polimarxtan ibarat eski kollegiya olar menen toltırılǵan hám bul kollegiya endi toǵız arxont kollegiyası dep atala baslaǵan. Birinshi arxont “arxont-eponim” degen at alǵan, yaǵnıy ol saylanǵan jıl onıń atı menen belgilenetuǵın bolıp qalǵan.

Afinadaǵı xalıq jıyını da, basqa polislerdegidey, ózbetinshe emes edi. Afina aristokratlarınıń joqarı nızam shıǵarıwshı hám sud organı joqarıda aytıp ótilgen aqsúyekler keńesi bolip, bul keńes urıs qudayı Areske atalǵan Akropoldıń janındaǵı tóbeniń ústinde – areopogta májilis etken. Sonıń ushın keńestiń ózin hám arxontikke náwbettegi kandidatlardı usınıs etken. Arxontlar saylanǵanınan keyin óz iskerliklerinde usı organnıń aldında juwapker bolǵan, hákimiyattıń basında bir jıl turǵanlarınan keyin, olar keńestiń jańa aǵzalrı bolıp qalǵan.

**Ullı Grek koloniyası**. B.e.sh. I mıń jıllıqtıń baslarında eń dáslep finikiyalılar ózge aymaqlarǵa jańa mánzil orınlar (Koloniya)ına tiykar saldi. Finikiyalılardan keyin grekler de bul processte belsene qatnastı. Koloniyalar ózge aymaqlarda olardı duzgen finikiyalılar hám grek sáwdagerleri ushın tayanıs noqatı bolıp xızmet atqarǵan. Greklerdiń koloniyaların tiklewdegi iskerligi b.e.sh. VII-VI ásirlerge tuwrı keledi. Bul waqıt ullı grek kolonizaciyası dáwiri dep ataladı.

Koloniyalardı dúziwdiń birneshe sebepleri bar edi. Birinshi gezekte Greciyanıń birneshe wálayatlarında xalıqtıń hádden zıyat kóbeyip ketkenligi. Arxaik dáwirdiń baslanıwında xaliqtıń sanınıń keskin ósiwi nátiyjesinde, demografiyalıq jariliw júz berdi. Óndiris kúshleriniń hálsiz rawajlanıwı azıq-awqat hám basqa ónimlerdiń qıtshılıǵına alıp keldi. Greciyanıń ózinde diyqanshılıq etiw ushın jaramlı bolǵan jerler derlik joq edi. Xalıqtıń kóp bólegi sol sebepli ózge aymaqlarǵa barıp jańa jerlerdi ózlestiriwge májbúr boldı.

Ullı grek kolonizaciyasınıń jáne bir jámiyetlik sebebi bar. Kambaǵallasqan jámáátshi diyqanlar ózleriniń bayıp ketken bardamlı tuwısqanlarına qarız ushın qul bolıwdı qálemedi, olar ózleriniń qarızları ushın girewge qoyılǵan bir bólek jerin taslap ketiwge májbúr boladı. Olar ushın birden-bir jol ózge jerlerge ketiw edi. Arxaik Greciyanıń qalaları bul waqıtta iri ekonomikalıq oraylarǵa aylandı, sawda ekonomikanıń tiykarǵı salalarınan biri boldı. Bul

qalalardıń bay sawdagerleri shet mámleketlerge baratuǵın jollarda ornalasıp qalıw ushın sawda koloniyaların tiklewge háreket etti.

Grek qalalarındaǵi qatlamliq jámiyetlk-siyasiy gúres kolonizaciya procesiniń jáne bir sebebi edi. Qalalardıń ekonomikalıq rawajlanıwı qatlamlasıwdı kúsheytti. Qala xalqınıń hár túrli qatlamları ortasında jámiyetlk-siyasiy gúres kúsheyip ketti. Jeńilgen topar qalanı taslap ketiwge májbúr edi. Sonday-aq, sawda-ónermentshiliktiń rawajlanıwı shiyki zatqa bolǵan mútájlik hám tayar ónimdi satıw ushın jańa aymaqlardı izlestirip tabıw zárúrligin keltirip shıǵardı.

Bunnan basqa arxaik dáwirde Greciyanıń jámiyetlik-ekonomikalıq jaqtan rawajlanǵan wálayatlarında puqaralardı qarızı ushın qul etiw nızam nenen qadaǵan etilgen edi. Ósip baratırǵan ekonomika ushın arzan jumısshı kúshi qullarǵa bolǵan talaptı qanaatlandırıwǵa ózge aymaqlardan qullardı alıp keliw baslandı. Grek koloniyaları kóp jaǵdayda jańa qul bazarlarınıń shólkemlestiriwshileri boldı.

Ullı kolonizaciya dep atalǵan process penen baylanıslı bolǵan jámiyetlik-ekonomikalıq hám siyasiy ózgerisler áyyemgi Greciyanıń keleshek rawajlanıwın belgilep berdi. Batıs hám Shıǵısta kóp sanlı grek koloniyalarınıń tikleniwi, Jer Orta teńizi sawdasınan finikiyalılardıń qısıp shıǵarılıwı, grek sawdasınıń ósiwi, ónermentshiliktin joqarı dárejede rawajlanıwına alıp keldi. Tovardı satıw bazarları, ónermentshilik ónimleriniń kólemi keńeydi, jumıs kúshine degen talap jáne de kúsheydi, qullardıń sanı arttı. Ellada ekonomikasınıń barlıq salalarında qul miyneti jetekshi orınga shıǵa basladı. Bay oligarxiya ayırım polislerde basqarıwdı xalıq tárepinen hákimiyat basına qoyılǵan, óz jeke hákimayatın úyreniwge erisken kúshli hám belsendi shaxslar bolǵan tiranlarǵa tapsırıwǵa májbúr boldı. B.e.sh. VI ásirde arxaik dáwirdiń tamamlanıwı dáwirinde geypara polislerde demokratiyanıń eń dáslepki tiykarları dúzildi.

Grek qalalarında demos belgili bir dárejede kúshke tolısqanınan soń ózleri jaqtırmaǵan tiranlardıń hákimiyatınan jeńil qutıldı. Tiraniya urıwı aqsúyekleri menen gúreste jetekshi rol oynap, b.e.sh. V ásirdiń baslarında derlik hámme jerinde polis dúziminiń ornatılıwı ushın qolaylı shárt-sharayatlardı jaratıp berdi hám hákimiyattı tapsırıp, siyasiy saxnadan shıǵıp ketti.

Hár bir grek polisi suveren mámleket bolıp, óz puqaralıǵı, nızamları, hákimiyat organları, ibadatxanalar, teatr, xalıq jıyını ótetuǵın maydanı, palestar, gimnasey, stadion siyakli jámáát imaratlarına iye edi. Grek polisleriniń barlıǵı Spartadan basqa qala átirapında birlesken birneshe awıl jıyınında jámlesken. Sparta 5 awıl birlesken polis edi. Hár bir polis waqıttıń ótiwi menen polis dúzilmesiniń tamamlanǵan formasına iye boldı hám turaqlı puqaralıq siyasiy shólkem (demokratiya yaki oligarxiya) formasında iskerlik alıp bara basladı.

Grekler basqa aymaqlarda  bazı waqıtlarda jergilikli xalıqtıń qarsiliǵına ushradı, bazı waqitları bolsa olar menen doslarsha múnasibette boldı. Kiklad, Sporada atawları hám Kishi Aziya jaǵalawların áyyemnen-aq grekler ózlestirgenligi sebepli, b.e.sh VIII ásirde xalıqtıń kóshiwi batısta Sicilya hám qubla Italıyaǵa, arqa-shıǵısta Qara teńiz boylarına baǵdar aldı. Mısr hám Kiranaika da ózlestirildı. Qubla Italıya b.e.sh VIII-VI ásirlerde kollonizatsiya qılındı. Bul jerdegi kollonistler ózleriniń kelip shıǵıwın Pelepponnes axeylerınen dep esaplaytuǵun edi.

B.e.sh VII-VI ásirlerdegi kollonizatsiya waqtında qurılǵan grek qalaları birneshshe baǵdarda rawajlandı. Qubla Italiyadaǵı qalalar awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵıwǵa, Qara teńiz boyındaǵı Milet kolloniyaları sawda-satıqqa tiykarlanǵan edi.

Qubla Italiyada Metapont hám Sires, Sibaris, Posidoniya kibi  grek qalaları awıl xojalıǵı menen shuǵıllanatuǵın edı.  Bul jerde spartalıqlar tiykar salǵan Tarent qalası kolloniyaları arasında jetekshi orındı iyeledi. Qala Sparta dialekttin hám basqarıw usılın tolıq saqlap qaldı.

Sicilya atawında Evbey Xalkidası greklerı b.e.sh. 735-jıl atirapında Naksos, Katanu hám Leotiono, Zankli (keyingi Messana) hámde Regiy kolloniyaların payda etti.Arqada Gaetan qoltıǵında Qum qalasına tiykar salındı. Loklar Italyaniń Zefir tumsıǵında Zefir Lokli (házirgi Kap Spartivento)nı,  Korinf xalqı Sicilyaǵa waqıt ótiwi menen grek batısınıń bas orayı hám de

metropoliya rolin atqarǵan, Serakuza kolloniyasın payda etti. Serakuza óz nawbetinde Akr hám Kamerina kolloniyasin payda etti. Megara Gibliya Megarası hám Seluninǵa, rodoslıqlar Agrigent qalasına tiykar saldılar. Solay etip, grekler Sicilyaniń qubla hám arqa bólimin iyeledi. Atawdıń batısına greklerden aldın kelgen finikyalılar húlimranlıq etken. Waqit ótiwi menen atawdıń batısında Finikiyalilardıń jerleri qısqarıp, tek Finikiyanıń úsh tochkası: Solunt, Panorm (házirgi Palermo) hám Motiya qaldı.

B.e.sh VI-ásirde greklerdiń Italiya hám Sicilya kolloniyaları gúllep-rawajlandı hám Balqan Greciyasinan kóre sawda-ónermentshilik hám diyqanshılıq joqarı dárejede rawajlanıp, Ullı Greciya atın aldı. Bul kolloniyalardıń gúllep-rawajlanıwınıń tiykarı jaqsı jolǵa qoyılǵan awıl xojalıǵı , sawda-ónermentshilik edi. Sicilya hám Italiyadaǵı grek kolloniyalarınan ǵálle Greciya hám Kishi Aziyaǵa shıǵarılǵan. B.e.sh.VII-ásirde Liguriya jaǵalawındaǵı Rodan daryası basseyinindegi fokiyalıqlar Massiliya (Házirgi Marsel) Qubla Italiyadaǵı Eleya qalasına tiykar salǵan. Shıǵıstaǵı Xalkidika yarım atawı Evbeydaǵı Xalkida xalqı tárepinen, Epir jaǵalawındaǵı (házirgi Korfu) Kerkira atawı korinfliqlar tárepinen basıp alındı. Korinfliqlar Ambrakiy qoltıǵında Ambrakiya hám Anaktorn: Illiriya jaǵalawında Appoloniya hám Epidamn kolloniyalarına tiykar saldı.

Qara teńiz jaǵalawlarında Kishi Aziyadaǵı greklerdiń eń kúshli sawda orayı Milettiń puqaraları onlap kolloniyalardı payda etti Abidos, Sinob, Koteo, Kerasun hám Trapezund Qara teńizniń arqa,arqa-batıs jaǵalawında Olviya, Appoloniya, Odessa, Toma, Tira, Feodosiya, Kolxidon (megaralılar tiykar salǵan), Qara teńizdiń Evropa jaǵalawlarinda Vizantiy, Gerakliya kolloniyaları boy kóterdi. Bul kolloniyanıń tiykarǵı jumısı sawda-ónermentshilik hám diyqanshiliq edi. Qara teńizdiń arqasındaǵı grek kolloniyaları óz watanlarına eksport qıldı.

B.e.sh. VII-ásirde Misrda da greklerdiń tayanish tochkaları payda boldı. Bul jerde Navkratis kolloniyasi payda etti. Arqa Afrikada Liviya jaǵalawlarinda shayir Kallimax hám alım Erotosfenniń watanı Kirenaǵa tiykar saldı. Lekin greklerdıń batisqa jılısıwın Karfagen, qubla-shıǵısta bolsa, Misr toqtattı.

**Tiraniya**. Greciyadaǵı b.e.sh VIII-VI ásirlerde xojalıq turmisinda social-ekonomikalıq ózgerisler siyasiy ómirinde úlken ózgerislerge sebeb boldı. Sawda-ónermentshilik islep shıǵarıwdıń dáslepki rawajı húkimran qatlam wákilleri úlken jer iyeleri aqsúyeklerge qarsi turǵan kúshli, kóp sanlı sawda-ónermentler qatlamınıń payda bolıwına alıp keldi. Milet, Efes, Korinf, Sekion, Megara, Afina qalaları, Samos, Lesbos hám Siciliya atawlarında sociallıq ósim kúshli edi.

Mine usı jerde kúshli, siyasiy belsendi shaxslar hákimyattı nızamsız kúsh kórsetip basıp aldı. Hákimyattı nızamsız , kúsh kórsetip basıp alıwp basqarıw usılı «Tiraniya» payda boldı[3].

Tiraniya b.e.sh. VII-ásirde ayırım grek qalaları (Milet, Efes, Korinf, Sekion, Megara, Afina, Serakuza, Argos)da keń tarqaldı. Baylar arasınan shıqqan tiranlar uriw aqsuyekleri hám xalıq hákimyatın keskin qabıl qılmadı.Hákimyattı basıp alǵan tiranlar ózleriniń qarsılası bolǵan aqsúyek urıw baslıqlarına qarsi gúresti. Sebebi bul waqıtta urıw baslıqları jámiyet-polistıń eń birlesken hám de bay hám tásirli bólegi edi.Sol sebepli tiranlar ózleriniń jeke hákimyatı ushın eń qáwipli dep, baylardıń hákimyatın esaplaytuǵun edi.

Tiranlar óz hákimyatın kúsh penen uslap turǵan halda urıw aqsúyeklerinıń social-ekonomikaliq jaǵdayin tómenlestirdi. Tiranlar aqsúyekdıń kúsh-qúdiretin hálsizlendirip , demostı kúsheytirdi hám ózleri qálemegen halda hákimyattıń qulawı ushin qolay shárt-shárayat jaratıp berdi. Xalıqtıń ishinde kúshli súyenishke iye bolıw ushın tiranlar kambaǵal qatlamlardıń tirishik etiwi ushın shárt-shárayat jarattı. Olar xaliqtı is penen támiynlew maqsetinde jollar, kanallar, imaratlar qurilisi kibi jámiyetlik jumıslardı shólkemlestirdi. Sawda-ónermentshilik hám awıl xojalıq tarawların qollap-quwatladı. Tiranlar mádeniyat, áyyemgi úrip-ádet ,qadiriyat hám

[3] Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.193.

diniy siyiniwlardı marapatladı. Olardıń húkimranlıǵı dáwirinde grek polisları ózleriniń ullı keleshek qádemin qoydı (Afina-Pisistrat dáwirinde, Sirakuza-Gilon dáwirinde). Korinf hám Samos qalalarınıń gúlllep-rawajlanıwına tiranlar sebepshi edi. Tiranlar basqarıwǵa óz aǵayinlerin qatnastırdı.Olar basqariwda jallanba áskerlerden paydalandı.

Grek qalalarında demos belgili dárejede kúshke tolǵanınan soń, ózleri qálemegen tiranlardı hákimyattan jeńil qulatti .Tiraniya urıw aqsaqalları menen gúreste jetekshi rol oynadı, b.e.sh V-ásir baslarında hámme jerde polis dúziminiń ornatılıwı ushın qolaylı shárt-sharayat jaratıp berdi hám hákimyattı tapsirip , siyasiy saxnadan shıǵıp ketti.

Grek polislarınıń dúziliwi hám onıń ózine tán qásiyetleri. Áyyemgi grek jámiyetiniń social-ekonomikalıq, siyasiy hám de ideologiyalıq dúziminiń tiykarǵı kórinisi polis edi. Polis bul jámiyettiń óz aldına bir tipi bolıp,diyqan hám qala xalqın ózinde birlestirgen jerge islewshi – puqara jámiyeti edi.

Grek polisınıń tiykarı, onıń rawajı hám dúziliwin belgileytuǵun tiykarǵı shártleri tómendegishe edi: Eń aldı menen, mámleket hám jeke múlk birlesken antik múlkshilik kórinisi edi.Grek jámiyeti aǵzası bolǵan puqara jerge iyelik etiw huquqina iye boldı. Hár bir puqara polis aymaǵında jer úlesine iye bolıwı shárt edi. Jerge iyelik etiwdiń joqarı huquqı puqaralar jámiyetine tiyisli edi.

Polistiń ajıralmas bólegi puqaralar shólkemi edi. Polis turǵınları tolıq huquqlı puqaralar, tolıq huquqqa iye bolmaǵan hám huquqı bolmaǵan qatlamnan ibarat edi.Polis jamiyati quramına kirgen puqaralar social,ekonomikaliq,siyasiy huquqlarǵa iye edi. Tek ǵana polis puqaralarına xalıqtıń qolaylılıq jaratılǵan bólegin quraytuǵun edi. Puqaranıń tiykarǵı nıshanı azat kisi atağı edi. Grek puqaralıq atağın puqara ata-anadan tuwılıwı menen alar edi. Puqaralıq huquqın basqa polistan kelgenlerge sawǵa qılıwǵa tek ǵana polistiń xalıq jiyinı ǵana haqlı edi.Oligarxiya húkimran bolǵan polislarda puqaralıq ataǵına iye bolıw ushın puqara múlklik senz,jerge iyelik , awır qural-saymanları bar ekenligi shártlerin orınlawı zarúr edi.Polistıń ekonomikalıq tiykarın awıl xojalıǵı, jerge puqaranıń erkin miynet etiwin quraytuǵun edi. Jerge iyelik , diyqanshılıq uzaq waqıt polis puqarasınıń qolaylılıǵı bolıp qaldı. Polis puqarasınan basqa hesh kim onıń aymaǵında jerge iyelik etiw huquqına iye emes edi. Polis puqaralar jamiyetiyetine tiyisli jamiyet jerlerine iyelik ete almas edi.

Hár bir puqarnıń eń tiykarǵı huquqı hám bir waqıttıń ózinde májbúriyatı, bul onıń óz polisiniń qorqlanıwına jeke ózi qatnasıwı edi.Onsha úlken bolmaǵan grek polisları turaqlı armiya saqlawǵa iye emes edi. Sol sebepli, onıń qorıqlanıwı puqara-erkeklerdiń moynında edi. Armiyaniń tiykarın quraǵan awır qurallanǵan falanganı orta hal puqara-diyqanlar quraytuǵun edi. Grek polisiniń ajiralmas bólegi-puqaralıq jámiyetınde óz-ózin basqarıw edi. Xalıq jıyını, keńes, sud hám atqarıw hákimyatı lawazımları puqara jámiyetiniń qolinda bolıp , hesh qashan onnan ajıralmadı.

Polis jámiyetinde hámme huquqıy normalar xalıq jiyınında islep shıǵılǵan nızamlar edi. Puqaralardıń nizamların islep shıǵıw , qabıl etiw hám ámelge asırıwdaǵı qatnası ajıralmas huquq edi. Solay etip, polis puqaralıq jámiyeti aǵzaları bolǵan qala hám awıl xalqı birlesken jawıq jamiyetin qurap,óz qolaylılıqların hám huquqların qatań túrde saqlap , qorǵaytuǵun edi.Polis aymaǵı qala hám onıń atirapindaǵı awıllardı da óz ishine alǵan. Grek polisi óz aymaǵına kóre onsha úlken bolmaǵan 100-200 kv.km ólshemdegi maydandı iyelegen. Hár bir polis turǵınları 5mıńnan 10mıń adamǵa shekem bolǵan jámiyetti qurap , olardan shamalawsha 1-2 miń adam puqaralıq huquqqa iye edi. Tek polislardıń úlkenleri bolǵan Sparta maydanı 8400 kv.km; Afina 2500kv.km di quraydi.

Hár bir grek polisi suveren mámleket bolıp, óz puqaralıǵı ,nızamları, hákimyat organları, ibadatxana, teatr, xalıq jıyını ótetuǵun maydanı, palestr, gimnasiy hám stadion kibi jámiyet imaratlarǵa iye edi. Grek polislarınıń hámmesi Spartadan basqa, qala átirapinda birlesken awıl

orınları edi. Sparta 5 awıl birlesken polis edi. Hár bir poliste waqıt ótiwi menen polis dúzilmesi tamamlanǵan kórinisin aldı hám de puqaralıq siyasiy shólkemi (demokratiya yáki oligarxiya) kórinisinde is alıp bara basladı.

Qalalar hám pul-tovar qatnasıqları rawajlanıwı. B.e.sh VII-ásirde Grek qalalarında sawda-ónermentshilik tezlik penen rawajlandı. Qalalar sezilerli dárejede ósti. Korinf hám Afinada 25miń adam, Milette 70miń adam , baris qalasında 50 miń adam jasaytuǵun edi.

Hámme qalalar teńiz sawdası menen shuǵullanatuǵun edi. Bul bolsa kemesazlıqtıń rawajlanıwına alıp keldı. B.e.sh VII ásirde palubalı kóp júk kóteretuǵun kemeler payda boldı. 50 eskekeli Finikiya pentekopterleri menen bir qatarda «Iliada» dástanında eske alınǵan eki qatar eskekler-diyeralar, úsh qatarlı eskekler-trieralar payda boldı. Ónim menen tolı kemeni endilikte jaǵaǵa tartıp shıǵarıw múmkin emes edi. Ónim menen tolı kemelerdi jaǵaǵa shıǵarıw múmkún emes edi. Sol sebepli, b.e.sh VII-ásirde port hám de gavanlar qurılıp, langar (yakor)dan paydalana basladı.

B.e.sh VIII-ásirde Jer Orta teńizi sawdası finikiyalılar qolında edi. Shıǵıs ónimleri mol bolıp ,grek ónimleri olar menen bellese almas edi. B.e.sh VII ásirde awhal ózgerdi. Grek sawdagerleri finikiyalılar menen finikiyalılar menen bellese basladı .Grekler kiramika, gezleme, zaytun hám vino eksport qıla basladı.Pul-tovar xojalıǵı, sawda ólshew birlikleri dizimi hám jazıwdıń payda bolıwına alıp keldi. Ólshew birligi hám jazıw Bobil hám Misrdan ózlestirip alındı. Grekler Misrdıń onlıq sanaq sistemasınan paydalanǵan. B.e.sh VII ásirde birinshi ret teńge-pul payda boldı. Birinshi payda bolǵan teńgeler Kishi Aziyadaǵı Lidiya mámleketinde quyıp shıǵıldı.Altin hám gúmis aralaspasınan ibarat elektron dep atalǵan teńge quyıp shıǵıldı. Teńgeler uzınsha kóriniste ,bir tárepinde mámleket nıshanı , ekinshi tárepinde kvadrat suwreti túsirilgen edi. Greciyaniń pul birligin 436,5 gramm awırlıqtaǵı mina quraǵan. Bir mina 8,73 gramm awırlıqtaǵı 50 staterge bólingen.

Sawda-ónermentshilik rawajı menen ustaxana iyeleri hám de sawdagerlerden ibarat kúshli qatlam júzege keldi.Olar siyasiy ómirden húkimran urıw aqsaqalların shetletiwge urındı. Pul-tovar qatnasıǵı, sawdanıń rawajı, Italiya, Siciliya hám Qara teńiz boylarınan arzan ǵalleniń import qılınıwı grek polislarında awıl xojalıǵınıń túskinligi hám ǵálle egetuǵun diyqanlardıń tómenlep ketiwine sebep boldı. Bul jámiyette sociallıq qatlamlasıwda kelispewshilikke sebep boldı.

**Mámleket qurılısı.** Áyyemgi dawirde sud islerin urıw jámiyetinıń ózi atqaratuǵun edi. Mámleket hákimyatı urıwdan bul funkciyanı tartıp aldı.Aqsuyekler uzaq waqıt sud hákimiyatın , basqarıwdı óz qolında saqlap turdı. Waqıt ótiwi menen olar bir bólek hákimyattı jańa siyasiy kúshlerge beriwge májbur boldı.Jańa siyasiy kúshler bolǵan sawda-ónermentler klası aqsúyek sudyalar hákimyatına shek qoyıw ushın ádettegi huquqtı jazıwdı talap etti. Jámiyet jáne aldıńǵa qádem taslap,sawda múnásibetlerin rawajlanıwına,májbúriy qaǵiydalardı kiritiw zárurligine alıp keldi. Greklerdiń eń áyyemgi kodifikatsiyasın Lokrada Zalevk (Italiyadaǵı grek qalası) Katanada Xarond (Sicilyadaǵı grek qalası) ámelge asırdı.

Grek qalalarında ádettegi huquqtı jazıwdı hám jańalaw hámmeniń húrmetine erisiw «diallakt» sheshimge keltiriwshi yamasa «aysyument» adalattı bildiriwshı adamlarǵa isenip tapsırılǵan. Grek úrp-ádetlerine kóre, «jeti danadan biri» Lesbosdaǵı Mitilena qalasında Pittak, Serakuzdaǵı Diokl, Fivadaǵı Filoloy, Afinadaǵı Drakont hám Salon usinday adamlardan edi.

Jańa nızamshılıq nátiyjesinde sudyalar ámeldar shaxs sıpatında saylanǵan. Shıǵarılǵan qarardıń xalıq jıyınında appelatsiya (qayta kórip shıǵıw) qılıw múmkun edi. Áyyemgi nızamshılıqta jaza kólemi hám kórinisi anıq belgilep , sudya óz aldına jaza belgiley almaǵan. Huquqiy hújjetlerde «qanǵa-qan», «janǵa-jan» alıw ádeti bar edi(talion huquqı). Jaza júda awır edi. Drakont nızamshılıǵında (b.e.sh. 622-jıl) jámiyetiniń awır, jeńil kórinisi joq edi. Tek ǵana Salon bul túsinikti kiritti. Drakont nızamına kóre, hár qanday urlıqqa ólim jazası belgilengen. Bunnan tısqarı,nızamda pul jariyması,qullıqqa satıw,urıw hám de puqarlıq huquqınan azat etiw

kózde tutılǵan. Qarzın tólemegeni ushın qarzdar túrmege qamawǵa húkm etilgen. Drakont nızamları «fonos dikayos»-ózin qorǵaw maqsetinde adam óltiriw jinayatı túsinigine alıp keldi. Bul halda ayiplı adam quwǵın etiliwi yaki pul járiyması tólewi kózde tutılǵan. Tovar-pul múnasibetiniń rawajlanıwı nátiyjesinde sociallıq kelispewshiliklerdiń keskinlesiwi, túrli grek qalalarında siyasiy waqiyalardı jedellestirdi. Olardıń kópshiliginde tiranlar hákimyattı qolına aldı.

B.e.sh. VIII-VI ásirde Ullı Grek kollonizaciyasında Afina qatnaspadı. Attikada bar bolǵan hasıldar jerlerden awıl xojalıǵında únemli paydalanıldı. Gúlalshılıq tarawı rawajlandı. Múlklik qatlamlasıw kúsheydi. Siyasiy hákimyat yevpatridler-urıw aqsúyekleri qolında edi. Yevpatridlerge qarsı diyqanlar ,sawda – ónermentshilik qatlamları – demos qatań gúres alıp bardı.

### Bekkemlew ushın sorawlar

1. Gomer dástanında arxaik ómirdiń súwretleniwin kórsetip beriń .
2. Axil qalqanı kórinisinde social ómirdiń súwretleniwin jarıtıp berıń.
3. Dáslepki grek polis- mámleketi túsinigin jarıtıp beriń

## Lekciya №3
## Tema: Grek-İran urısı

### Joba:

1. Grek Iran urıslarinıń sebepleri.
2. Marafon sawashı
3. Fermopil sawashı
4. Salamin sawashı
5. Kalliy pitimi

**Tayanısh sózler**: Mardoniy, Dara I, Sparta, Marafon, Miltiad, Kserks, Leonid, Salamin, Triyerlar, Afina teńiz awqamı, Kalliy pitimi, awıl xojalıǵı, ónermentshilik, ergaceriya, Purey, sawda, qullardı jazalaw, xalıq jıyını, demos, Perikl, strateg, qala-mámleketler awqamı, quldarlıq demokratiyası, gelieya, eklessiya, fetlar, areopag, Agora.

**1. Grek Iran urıslarinıń sebepleri.** B.e.sh. VI ásirdiń ekinshi yarımında Iran shıǵıstıń eń qúdiretli mámlektine aylandı. Ol qısqa waqıttıń ishinde Qara teńizden Hind okeanına shekem, Jer Orta teńiziniń shıǵıs jaǵalarınan Hindstanǵa shekem bolǵan jerlerdi basıp aladı. Endi iranlılar Greciyaǵa da kóz alarta baslaydı. Iran áskerleri Greciyanıń Qara, Mramor hám Egey teńiziniń jaǵalarındaǵı koloniyaların, olardıń arasındaǵi jollardı hám olardaǵı qoltıqlardı da iyelegen. Bunıń menen iranlılar Greciyanıń Qara teńiz jaǵalawlarındaǵı xalıqlar menen baylanısın úzip qoyǵan. Iran áskerleri ilgerirek Egipetti de basıp alǵan edi. Nátiyjede Qara teńiz hám Egipet tárepinen Greciyaǵa kelip turatuǵın ǵálle hám basqa ónimler kelmey qalǵan. Irannıń áskerleri Egey teńizindegi atawlardıń kópshiligin, sonday-aq, onıń arqadaǵı jerlerin de basıp alǵan. Greciya shıǵıs hám arqa-shıǵıs tárepinen dushpannıń basıp alıw qáwpi astında qalǵan.

Bul waqıtta Greciya polisleriniń ortasında birlik joq bolıp, kóplegen polisler Iran húkimdarın moyınlawdıń tárepdarı bolǵan. Biraq eki polis – Afina hám Sparta Iranǵa baǵınıwdı qálemegen. Greciyadaǵı ahwal Iran patshası ushın ayırıqsha áhmiyetke iye edi.

B.e.sh. 499 jılda bázi Grek qala-mámleketleri hám Shıǵıs Orta Jer teńizi mámleketleri Parsılarǵa qarsı koʻterildi, Parsılar Kishi Aziyanıń oʻz aymaqlarınan grek atawlarına shekem

bolǵan hám materik ústinen baqlawǵa dawagerlik etken. Bolıp oʻtken 5 jıllıq gúres dawamında bázi grek jamáátleri parsılar tárepinen sawashqa kirristi hám olar jergilikli xalıq tárepinen islegen qılmısları ushın qatti qaralanǵan[4]

In 499 BCE, some Greek city-states and others in the easternMediterranean revolted against the Persians, who claimedcontrol over the Greek islands and mainland from their basein Anatolia. During the five-year struggle, some Greek communitiessided with the Persians and suffered condemnation by other Greeks for doing so. On the mainland, farther awayfrom the contact zone, most Greek cities resisted the Persiankinǵs authority.

B.e.sh. 492-jılı Iran patshası Dara I óz kúyew balası Mardoniydiń áskeriy basshılıǵında hám qurǵaqta, hám teńizde Greciyaga úlken armiyanı jibergen. Solay etip, baslanǵan urıs sońın ala 150 jılǵa shekem sozılǵan qarsılasqa aylanıp ketken[5].

So, in 492 BCE, Darius sent his fleet to subdueAthens and Sparta on the mainland, but the ships weredestroyed in a storm. Persian military defeats changed the balance of power. For the next 150 years Persia lost ground to the Greeks.

Qurǵaqliqtaǵi armiya Gellespont qoltıǵınan ótip, jol-jónekey qalalar hám awıllardı qıyratıp, Egey teńiziniń Frakiya jaǵası boylap háreket etken. Iranlılardıń áskeriy teńiz kúshleri jaǵa boylap júzip, Faso atawın basıp alǵan.

Frakiyalı jawınger qáwimler ózlerin qorǵap, Xalkidika yarım atawına jaqınlasıp qalǵan dushpannıń áskerin biraz hálsiretken. Bunıń ústine teńizde úlken tolqınlar kóterilip, Irannıń áskeriy kemeleriniń kóp bolimi nabıt bolǵan. Iran áskerleri Greciyaǵa jetip bara almastan, teńiz apatınan aman qalǵan kúshleri menen keyinge sheginiwge májbúr bolǵan. Irannıń áskerleri izine shegingennen keyin Dara I Greciyanıń polislerine elshi jiberip, olardıń Iranǵa ǵárezli bolıwların talap etken. Kópshilik grek qala-mámleketleri Iran patshasınıń talaplarına razı ekenliklerin bildirgen. Fessaliya hám Beotiyadaǵı ayırım polislerdegi satqın aqsúyekler óz húkimdarlıqların saqlap qalıw ushın Irannıń járdem beriwine úmit etken. Biraq Afina hám Sparta Dara I diń usınısın qabıl etpeydi. Afinada Iran elshileri tik jardan ılaqtırıladı. Al Spartada bolsa elshilerdi jerdi de, suwdı da sol jerden alsın dep qudıqqa taslaǵan. Solay etip, Dara I diń pútkil Greciyanı ózine baǵındırıp' alıw jolındaǵı birinshi urınıwı nátiyjesiz tamamlanadı.

2. Iran patshası Dara I úlken tayarlıqtan keyin b.e.sh. 490-jılı Greciyaǵa qarsı ekinshi atlanısın baslaǵan. Irannıń áskeriy teńiz flotı Kilikiya jaǵalarınan júzip, Egey teńizin kesip ótken. Iran áskeriy teńiz flotına tájiriybeli ásker bası Datis hám patshaniń jiyeni Artaferi bassh'lıq etken. Iranlılar Evbiya atawına áskerlerin túsirip, tezlik penen Eretriyanı basıp alǵan. Datis óz armiyasın Attikanıń arqa-shıǵısındaǵı **Marafon** awılına jaqın jerge túsirgen. Marafon Afinadan 42 km aralıqta jaylasqan mánzil edi. Iran áskerleri Marafonǵa túskenligi haqqındaǵı xabar Greciya boylap tezlik penen tarqaladı. Greciyanıń kóplegen polislerindegi hasılzadalar qushpanǵa qarsı heshqanday shara kórmeydi. Biraq Afina demosınıń kópshilik bólegi watan ushın ómir-ólim gúresine atlanadı. Attikada mobilizaciya járiyalanadı. Awır quralǵa iye ásker-goplitlerdiń láshkeri hám jeńil qurallanǵan barlıq járdemshi áskerler jawıngerlik tayarlıq halatına keltirilgen.

Xaliq jıyını iranlılardıń Afinaǵa hújim etiwin kútip turmastan sawashtı baslawǵa kelisedi. Beciyadaǵı kishkene Plateya qalasınıń mın jawıngerden ibarat áskerleri de Afina áskerlerine kelip qosıladı. Afina armiyasına 10 ásker bası hám bir arxontpolemark náwbet penen asker basılıq etken. Afina járdem sorap Spartaǵa shabarman jibergen. Biraq sraptalılar ay

[4]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.142.
[5]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.142-145..

tolıspaǵansha járdemge kele almawın bildirgen. Afinanıń jawınger armiyasına Miltiad ásker basılıq etken kúni ol pútkil láshkerlerdi jawıngerlik tártipke sapqa dúzgen hám iranlılarǵa qarsı hújimge ótken. Marafonnıń janında ómir-ólim sawashı bolǵan. Grek áskerleri Irannıń áskerlerine qaraǵanda kem bolıwına qaramastan, bul sawashta jeńip shıqqan. Grekler Iran áskerlerin Egey teńiziniń sayızlıǵında birotala qıyratqan. Grek áskerleri iranlılardıń jeti kemesin qolǵa túsirgen, basqa kemeleri qashıp qutılıp ketken.

Marafonnıń janındaǵı jeńisti Afinaǵa jetkeriw ushın bir shabarman 42 km aralıqtı juwırıp basıp ótken. Shabarman Afinanıń bosaǵasına juwırıp kelip, "Quwanıń, biz jeńdik!", dep sol zamatta júregi jarılıp jan tapsırǵan. Rawayatlarǵa kóre  marafonsha juwırıw' mine usınnan qalǵan eken.

Marafon jeńilisinen keyin iranlılar Afinaǵa jáne hújim etiwge qarar etken bolsa da, afinalılardıń kúshli qorǵanısın kórip buǵan júrek ete almaǵan.

B.e.sh. 486-jılı Iran patshası Dara I qaytıs boladı. Bunnan keyin Irannıń taxtına onıń ulı Kserks otıradı. Kserks mámlekettegi qozǵalańlardı bastırıp, Greciyanı basıp alıwǵa tayarlıq kóre baslaydı. Bul dáwirde Greciyadaǵı polisler hám tiykarǵı toparlardıń arasında ala awızlıq dawam etpekte edi. Biraq Afina urısqa tayarlıq kórip, qurǵaqlıqtaǵi armiyanı hám teńiz flotın jawınger tayarlıqqa keltirip qoyǵan edi. Iran menen urıs qáwipiniń jaqınlasıwı menen grek polisleri ózara jánjellerdi toqtatıp, birlesiwge qarar etken.  B.e.sh. 481-jılı Afina menen Sparta ortasında awqam dúzilip, oǵan basqa polisler de qosılǵan.

B.e.sh. 480-jıldıń báhárinde iranlılar Greciyaǵa qarsı ushinshi atlanısın baslaydı. Armiyaǵa Kserkstiń ózi basshılıq etedi. Onıń armiyası iranlılardan basqa turanlılar, ossuriyalilar, vavilonlılar, egipetliler. Kishi Aziya greklerinen hám basqa xalıqlardan alınǵan jawıngerlerden ibarat edi. Finikiyalılar bolsa iranlılarǵa áskeriy kemelerdi soǵıp bergen.

3. B.e.sh. 480-jılı Iran armiyası hám flotı hám qurǵaqlıqtan, hám teńizden Greciyanıń ústine bastırıp kiredi. Kserks armiyası sawash etpesten Arqa Greciyanı basıp aladı. Sebebi Fessaliya menen Makedoniya Kserkske urıssız baǵınadı. Grekler menen Iran armiyası **Fermopildıń** janında sawashqa túsedi, Fermopil qorǵanısına Sparta patshası Leonid basshılıq etedi hám iranlılardıń Orta Greciyaǵa ótetuǵın jolın beklep turadı.

Iran armiyası Arqa Greciyaǵa ótip, Arqa hám Orta Greciyanı baylanıstırıp' turıwshı Farmopil jolına jetip keledi. Leonid óz armiyası menen eki kún dawaminda iranlılardıń san jaǵınan basım bolǵan armiyasınıń hújimlerin qaharmanlıq penen qaytarıp turǵan. Biraq úlken baylıqqa satılǵan fessaliyalı bir satqın iranlılardı aylanba taw soqpaqları arqalı grek armiyasınıń arqa tárepine baslap barǵan. Leonid dushpanlardıń arqa tárepten qorshap alıp atırǵanlıǵın sezip, 300 spartalıdan basqa barlıq grek jawıngerlerine sheginiwge buyrıq bergen. Ol 300 spartalı hám kúshli grek jawıngerleri menen birge iranlılarǵa qarsı qaytpas sawashqa atlanǵan. Sawash eki kún, eki tún toqtawsız dawam etken. Ayawsız sawashta Leonid hám onıń menen qalǵan áskerler qaharmanlarsha qurban bolǵan. Bunnan keyin iranlılar Orta Greciyaǵa bastirıp kirgen hám Afiinanı baǵındırıp alǵan. Qala órtelip, qiyratılǵan. Afinalılar qalanı taslap ketiwge májbúr bolǵan. Afinalılardan urısıwǵa qalı keletuǵin  erkekler hám áskerler áskeriy kemelerge baradı. Hayallar, ǵarrılar, balalar hám qullardı afinalılar flottıń qorǵanısında Peloponneske hám Salamin atawına ótkerip qoyadı. Afinalılar Kserkstiń buyrıǵı menen órtelip atırǵan, tuwǵan qalasınıń jalınnıń ishinde qalay janıp atırǵanlıǵın kemede hám atawda baqlap turadı.

4. Greklerdiń aldında iranlılarǵa soqqı beriwdey ullı waziypa turatuǵın edi. Olar Attika menen **Salamin** atawı aralıǵındaǵı qoltıqqa 200 den artıq áskeriy kemelerdi jaylastırǵan. Grekler tap usı Salamin qoltıǵında dushpanǵa soqqı beriwdiń rejesin dúzgen. Bul sawash b.e.sh. 480-jıldıń báhárinde baslanıp, sawashqa eki tárepten júdá kóp áskerler qatnasqan. Qoltıqta turǵan grek áskeriy kemeleriniń hár tárepinde úsh qatardan eskekshiler bolǵan, sonıń ushın olar trieralar dep atalǵan. Olardıń hár birinde 180 nen eskekshiler hám 20-30 dan ásker bolǵan. Iranlılardıń ashıq teńizde júriwge qolaylastırılǵan gidiman, awır kemelerine qaraǵanda, trieralar qoltıqta ádewir tezlik penen háreket ete alatuǵın edi.

Grek teńizshileri tar Salamin qoltıǵınıń qay jeri sayız, qay jerinde jar taslar bar ekenligin jaqsı bilgen. Óziniń kóp sanlı flotınıń jeńip shıǵıwına isengen Kserks olarǵa qoltıqqa kirip, grekler menen sawash alıp barıwdı buyıradı. Kserks óz xızmetkerleri menen Attikanıń biyik tóbesinen óziniń kemeleriniń greklerdiń kemelerine jaqınlasip baratırǵanlıǵın baqlap turadı. Al atawdan bolsa afinalı qáriyalar hám hayallar urıstın barısın baqlap turadı.

Afinalılar hám basqa polislerden kelgen grekler ya jeńis, yaki qaharmanlıq penen óliw uranı astında sawashqa kirgen. Sebebi olar ushın sheginetuǵın jerdiń ózi joq edi, sheginiwler shańaraqlardı qulǵa aylandırar edi. Irannıń flotı qoltıqqa kiriwi menen grek eskekshileri eskeklerin iske salıp, kemelerin pát penen dushpannıń ústine aydap baradı. Greklerdiń trieraları dushpannıń kemeleriniń eskeklerin sındırıp, tumsıǵı menen urıp kemelerdiń qaptalların tesip baslaydı. Nátiyjede Iran kemeleriniń dizbegi buzıladı. Sonıń menen bir waqıtta Irannıń kemeleri qoltıqtıń sayız jerlerine tiyip batıp qaladı. Geyparaları suw astı taslarına, geyparaları bir-birine urılıp, maydalanıp ketedi. Sawashta grek flotı jeńip shıǵıp, iranlılardıń 200 den artıq kemesiniń suwǵa shógip ketiwine sebep bolǵan. Iran flotınıń Salamindegi jeńilisi Kserksti óz armiyasınıń bir bólegi menen Gresiyanı tez asıǵıslıq penen taslap qashıwına májbúr etken.

B.e.sh. 479-jılı Mardoniy áskeriy basshılıǵındaǵı Iranniń armiyası Attikaǵa bastirıp kirip, Afinanı waqtınsha basıp alǵan. Sparta, Afina, Megara, Plateya hám basqa polislerdiń birlesken kúshleri iranlılarǵa qarsı gúreske atlanǵan. Mardoniy áskerleri Beotiyaǵa shegingen. Sol jılı Plateyanıń janında grekler jeńiske erisken. Irannıń áskeleriniń basshısı Mardoniy da sawashta nabıt bolǵan. Parsılar Greciyanı taslap shıǵıwǵa májbúr bolǵan. Solay etip grekler qaharmanlıq penen gúresip óz watanların dushpannan tazalaǵan.

B.e.sh. 478-jılı Afina iranlılardıń ústinen úzil-kesil jeńiske erisiw ushın iranlılarǵa qarsı gúreske qatnasqan barlıq polisler, Kishi Aziyadaǵı grek qalaları ham tenız atawları menen áskeriy awqam dúzgen. Bul Delos yaki 1-Afina teńiz awqamı degen at alǵan. Bul awqamǵa Afina basshılıq qılǵan. Onıń Delos awqamı dep atalıwınıń sebebi sonnan ibarat edi, awqamnıń ǵáziynesi grekler muqáddes dep bilgen Delos atawında saqlanǵan. Awqamlaslar áskerin áskeriy kemeler, áskerler hám pul menen támiyinlep turıwı kerek edi.

1-Afina awqamı grek armiyasın áskeriy tárepten kúsheytken. Bunnan keyin Iran patshasınıń qol astında qalǵan greklerdi azat etiw ushıń alıp barılǵan urıs jáne 43 jılǵa sozılǵan. Kishi Aziyanıń batıs jaǵalawında jaylasqan grek qala-mámlekletleri de ózara awqam dúzgen. Awqamlaslardan eń kúshlisi Afina edi. Afinalılardıń basshılıǵındaǵı grekler iranlılardıń flotın birneshe ret jeńiliske ushıratıp, Kishi Aziyanıń jaǵalawlarına birneshe ret hújimler etken. Kishi Aziyadaǵı hám Egey tenıziniń jaǵalarındaǵı xaliq iranlılardıń zulımınan azat etilgen. Parsılar menen urıs b.e.sh. 449-jılǵa shekem dawam etken.

5. Usı jılı grekler menen pitim dúzgen. Bul pitim grekler tárepiniń wákili afinalı Kalliydin atı menen **“Kalliy pitimi“** dep ataladı. Pitimniń sh’artlerine muwapıq iranlılar Kishi Aziyadaǵı

grek qalaların hám Egey teńizindegi barlıq atawlardıń ǵárezsizligin tán alǵan. Iran áskeriy flotına Egey teńizinde júziw qadaǵan etilgen.

1-Afina teńiz awqamınan paydalanıp, Afina grek dúnyasında eń qúdiretli mámleket bolıp qaldi. Greciya-Iran urısları óz watanınıń ǵárezszligi hám azatlıǵın Iran azabınan saqlap qalǵan greklerdiń jeńisi menen tamamlanǵan. Bul urıs olar ushın ádalatlı, azatlıq urısı edi.

Parsılar bir neshe jeńilislerden keyin, oʻzleriniń áskeriy kúsh teńsalmaqlıǵı anaǵurlım ózgeredi. Keyingi 150 jıl dawaminda Parsılar Greklerge shekem bolǵan jerin joǵaltadı, nátiyjede olar siyasıy hám áskeriy tárepten hálsizlendi[6].

Persian military defeats changed the balance of power.For the next 150 years Persia lost ground to the Greeks,who gradually regained territory in southeastern Europe andwestern Anatolia.

**B.e.sh. V-IV ásirlerdegi Greciyanıń ekonomikalıq-jámiyetlik rawajlanıwı**. Grek-Iran urıslarında jetekshilik etip, pútkil mámlekettiń qala-mámleketlerin basqınshılarǵa qarsı gúreske atlandırǵan, hám de jeńislerge salmaqlı úles qosqan Afina mámleketi úlken abıray-mártebege iye boldı. Urıstan keyin ol pútkil Jer Orta teńizi basseynindegi eń kúshli mámleketke aylandı.

Grek qala mámleketleriniń Afinanıń basshılıǵındaǵı awqamı Kalliy pitiminen keyin de saqlanıp qaladı. Bul awqamnıń aǵzaları 200 den artiq edi. Awqamnıń ulıwma áskeriy flotı hám armiyasın jáne de kúsheytedi. Onıń pul ǵáziynesi de bayıp baradı.

Afina áskeriyleri awqamnıń flotı hám armiyasına basshılıq etedi. Afinalılar awqamnıń ǵáziynesin Delostıń óz qalalarına kóshirip, oǵan iyelik ete baslaydı. G'áziynege tólenetuǵın aǵzalıq tólemleriniń shamasın da afinalılardıń ózleri belgileytuǵın bolǵan. Afina pútkil Egey teńizinde húkimdarlıqtı óz qolına aladı. Sonıń ushın afinalılardı „teńiz iyeleri" dep ataytuǵın boldı. Sol dáwirde Afina óz qúdiretiniń eń biyik shıńına kóterilgen.

B.e.sh.V-IV ásirlerde Greciyanıń polislerinde diyqanlar júzimshilik penen shuǵıllanıp, zaytun, piyaz, chesnok, miywe, palızlardı da ekken. Greciyada biyday, arpa hám basqa dánli eginler kem egilgen. Grekler Lakoniya, Messeniya, Beotiya hám Fessaliya sıyaqlı suwǵ'arılatuǵın jerlerde biyday, arpa hám sulını ekken. Bul jerler Greciyanı ǵálle menen támiyinley almaytuǵın edi. Sonın ushın ǵálle Siciliya hám Arqa Qara teńizdiń boylarınan alıp kelingen. Diyqanlar ǵalleshilikte gúnde, júzimlerge tárbiya beriw ushın motiga, júzim qayshı hám tereklerdiń túplerin jumsatıwda bellerden paydalanǵan. Greciyada b.e.sh. V ásirden baslap júzimnen vino, zaytunnen may alıw ádewir rawajlanǵan edi. Sebebi júzim hám zaytun awıl xojalıǵında tiykarǵı ónimler edi. Júzim vinosı hám zaytun mayı Greciyadan sırtta da joqarı bahalanǵan.

Greciyada úlken jer iyeleri de bolǵan, biraq az jeri bolǵan diyqanlar da kópshikti quraǵan. Sharwashılıq awıl xojalıǵında úlken orın tutpaǵan, sebebi keń jaylawlardıń kem boıwı sharwashılıqtıń rawajlanıwına imkan bermegen. Gósh hám sút áyyemgi greklerdiń tiykarǵı awqatı emes edi. Grekler jún alıw maqsetinde qoydı baqqan. Júnnen hár qıylı kiyim-kensheklerdi tayarlaǵan. Olar iri shaqlı qara mal, eshek hám ǵashır baqqan. Olardan awıl xojalıǵında hám arbalarǵa jegiwde paydalanǵan. Greciyada at kem baǵılǵan. Onnan xojalıqta da, áskeriy maqsetlerde de kem paydalanǵan.

B.e.sh. V-IV ásirde pútkil Greciyada ónermentshilik rawajlandı. Afina hám basqa qalalarda toqimashılıq, zergerlik, gúlalshılıq, qural jasaw hám arxitektura háwij aldı. Hár túrli

---

[6]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.142.

ónermenshilik ustaxanaları hám isxanalar argaceriylar dep atalǵan. Olarda 20-30 adam islegen, olardıń tiykarǵı bólegin jallanba jumısshılar quraǵan .

B.e.sh. IV ásirde jasaǵan ataqlı sheshen Demosfenniń jazıwına qaraǵanda, atasınıń qural jasaw ustaxanasında 33 qul islegen. Ónermentshiliktiń rawajlanıwı nátiyjesinde Greciya qalaları, atap aytqanda Afina júdá bayıp ketken.

Greciyadaǵı ónermentshiliktiń rawajlanıwı ishki hám sırtqı sawdanıń rawajlanıwına alıp kelgen. Qoltıqlarǵa jaqın qalalar, sonıń ishinde Afina sawda-satıqtıń áhmiyetli orayına aylandı. Afinadan 5-6 km aralıqta jaylasqan Pirey Attikanıń tiykarǵı sawda-satıq portı bolıp esaplanǵan. Bul portta zatlar saqlanatuǵın orınlar, keme soǵatuǵın hám ońlaytuǵın ustaxanalar bar edi. Portqa ózge mámleketlerdiń sawda kemeleri tez-tez kelip turǵan. Afinalılar teńizge húkimdarlıq etiwi menen sawda-satıq islerin de tez rawajlandırıp jibergen. Afinanıń sawda kemeleri áskeriy flottın qorǵawında Jer Orta teńizi hám Qara teńizde júzip júretuǵın edi .

Greciya sawdagerleri Jer Orta teńizi basseynindegi Siciliya, Italiya, Egipet, Kishi Aziya, Finikiya, Frakiya, Sparta mámleketleri Qara hám Mramor teńizleri jaǵalarındaǵı qalalar menen sawda-satıq islerin alıp barǵan.

Greciyaǵa tiykarınan ǵálle, pal, mum, teri hám basqa ónimler, sonday-aq, qullar da keltirilip turılgán. Bul jerden sırtqa gúlalshılıq buyımları, zaytun mayı, hár qıylı gezlemeler, qurallar, tayar kiyimler shıǵarılǵan. Greciyanıń ishki hám sırtqı bazarlar menen bolǵan sawdası qurǵaqlıq hám teńiz jolları arqalı ámelge asırılǵan.

Greciya-Iran urısı qulshılıq qatnasıqlarınıń kúsheyiwin tezlestirdi. Grekler urısta tutqınǵa túsken áskerlerdi ǵana emes, al basqa mámleketlerde qolǵa alınǵan háyallar hám balalardı da shorı hám qullarǵa aylandırǵan. Kishi Aziya jaǵalawlarına bolǵan atlanıslardıń birinde afinalılar 20 mıńnan artıq adamdı tutqınǵa al’ǵan hám olardı qul qılıp bazarda satqan. Frakiya, Kishi Aziya hám Qara teńiz jaǵalawlarında jasaǵan jergilikli qáwimler óz qońsılarına hújim qılıp, tutqınǵa túskenlerdi qul qılıp satatuǵın edi.

Greciyadaǵi qullardıń kópshiligi ózge jurtlardan bolıp, olardıń arasında kem muǵdarda grek qulları bolǵan. Barlıq atawlar hám qalalarda qul bazarı bar edi. Olardıń eń úlkeni Xios atawında edi. Qul bazarlarında hayallar, erkekler hám jas balalar qul qılıp satılǵan hám satıp alınǵan. Olardıń kókireklerine taxtashalar asıp qoyılıp, oǵan quldıń qay jerlik ekenligi, jası kásip-kári jazıp qoyılǵan. Qarıydarlar qullardı hár tárepleme kórip, sınap alǵan.

Greciyanın tas hám rudaların qazıp shıgaratuǵın, sonday-aq, ónermentshilik rawajlanǵan wálayatlarında qullar júda kóp edi. Sebebi ruda hám mramor tas kánlerinde tek ǵana qullar islegen. Hátteki eń kámbaǵal erkin grekler bunday jerlerde islemeytuǵın edi.

Sawda hám áskeriy kemelerdiń eskekshileri qullar bolǵan. Qullar gúlalshılıq ustaxanalarında suw hám otın tasıytuǵın edi. Gúlalshılıq buyımların jasaw hám olarǵa naǵıs salıw, bezew jumısların erkin adamlar orınlaǵan. Sonday bolsa da, kishi jerge iye bolǵan diyqanlar jerlerinde ózleri islese de, úlken-úlken jerleri bolǵan diyqanlar qul miynetinen paydalanǵan. Qullar arpa-biydaydi túyip un qılǵan, júzim hám zaytun miywelerin ayaqları menen basıp suwın shıǵarǵan. Olar awıl xojalıq ónimleri toltırılǵan úlken-kishi sebetlerdi bazarlarǵa alıp barǵan. Grekler qullardan úy xızmetkerleri sıpatında da paydalanǵan. Ózine toq adamlar hám baylardıń úylerinde 3-4 ten 50 ge shekem qullar hám shorılar xızmet etken.

Áyyemgi Greciyada qullarǵa barlıq insanıy huqıqlardan ayırılǵan maqluq dep qaraǵan. Qullar óz miynetiniń nátiyjelerinen kóp mápdar emes edi. Sonıń ushın quldı qorqıtıw hám jazalaw jolı menen miynet etiwge májbúrlew múmkin edi. “Odisseya“ dástanında qullar

haqqında mınanday delingen: “Qul is jaqpas boladı, xojayın qattı turıp oni islewge májbúr etpese, ol óz qálewi menen jumısqa qol urǵısı kelmeydi…“.

Qullarǵa ótkizilgen jabir-zulım olardı óz xojayınlarına qarsı gúreske shaqırǵan. Quldarlardıń jábir-zulımınan narazı bolǵan qullar olarǵa zıyan keltiriwge háreket etken. Solay etip, ásbap-úskenelerdi sındırǵan, mallardı mayıp qılǵan, quldarlarǵa qastıyanl’q qılıp, hátteki olardıń úy-jaylarına órt qoyǵan. Geyde qullardıń quldarlarǵa qarsı qozǵalańları da bolıp turǵan.

B.e.sh.V ásirlerde júz bergen qattı jer silkiniw nátiyjesinde Sparta qalası wayran bolǵan. Qullıq iyrimine taslanǵan jergilikli xalıq-ilotlar quldarlarǵa qarsıgúreske atlanǵan. Olar Spartaǵa bastırıp kirip, hújim baslaǵan. Spartalılar ilotlardıń hújimlerin qaytara alsa da, qozǵalańdı óz kúshleri menen bastıra almaǵan. Olar basqa qala mámleketlerdiń quldarlarınan járdem sorawǵa májbur bolǵan. Ayırım qala-mámleketler spartalılarǵa járdem bergen. Biraq usıgán qaramastan ilotlardıń hújimin qaytarıw múkin bolmaǵan. Bul gúrestiń nátiyjesinde ilotlardıń bir bólegi spartalılar zulımınan azat bolıp, azatlıqqa erisken hám Spartadan shıǵıp ketken.

Solay etip, Grek-Iran urıslarınan keyin Greciyada qulshılıq mámleketi óz rawajlanıwınıń eń joqarı dárejesi – klassikalıq qulshılıqqa jetti. Arzan hám mol-kól qul miyneti nátiyjesinde ekonomikaliq turmısta jetiskenliklerge erisildi, kóplep materiallıq baylıqlar jaratılıp, erkin puqralardıń turmısı jaqsılandı. Biraq qullar huqiqsız eń ayanıshlı halda qala bergen.

**Afina qulshilıq demokratiyası.** Afina qulshilıq demokratiyası quldarlardıń qullar ústinen húkimdarlıǵın támiynleytuǵın basqarıw usılı edi. Greciyadaǵi qala-mámleketkerdiń kópshiliginde Afina demokratiyası sıyaqlı demokratiya ornatılǵan.

B.e.sh. V ásirde qulshilıq demokratiyası óziniń eń joqarı shoqqısına kóterildi. Hámme jerde bul demokratiya erkin adamlardıń qullar ústinen bolǵan hákimiyatın támiynleydi. Sonı aytıp ótiw kerek, bul hákimiyattan Attikadaǵı xalıqtın tek azǵana bólegi ǵana paydalanǵan. Atası da, anası da túpkilikli afinalı bolǵan erkek adam ǵana Afina quldarlıq mámleketiniń tolıq huqıqlı puqarası esaplanǵan. Olar xalıq jıyınında belsene qatnasıp, saylaw hám saylanıw huqıqina iye edi.

Biraq basqa wálayatlardan Attikaǵa kóship kelgen adamlar hám olardıń urım-putaǵi, ata-babaları Afina puqaraları iye bolǵan huqıqlardan ayırılǵan. Olar Attikada jasap atırǵanı ushın bólek salıq tólewleri kerek edi. Adamlardı hám hákimiyattı aldap ózin Attika puqarası etip kórsetken yaki kórsetiwge háreket etken adamlar qul etilgen. Afinalı hayallar xalıq jıyınlarında qatnaspaǵan, olardıń tiykarǵı wazıypası – “úy-ruzgershiligin jaqsı alıp barıw hám erine boysınıwı“ dan ibarat edi.

Afina puqaraları qatarına kiriw júda qattı sheklep qoyılǵan. Biraq áyyemgi dúnyanıń hesh bir jerinde mámleketti basqarıw islerinde hám jámiyetlik turmısta adamlar Afinadaǵıday, belsendi qatnaspaǵan. Erkin afinalılar eń awır islerdi qullardıń juwapkershiligine júklep, kóp waqıtların qalanıń jámáátlik orınlarında mádeniy, aǵartıwshılıq hám dem alıw menen ótkizgen .

Afinada adamlar eń kóp toplanatuǵın orın – bul agora edi. Azanda erte menen bul jerge sawda-satıq etetuǵın teksheler qoyılǵan hám keshke shekem sawda-satıq isleri alıp barılǵan. Keshke barıp sawda-satıq tamamlanǵannan soń, teksheler jıynap alınǵan.

Agoranıń bir tárepinde Afina mámleketinniń nızamları oyıp jazılǵan tas taxtalar turǵan. Onda xalıq jıyını bolatuǵın kún hám sudta qanday isler kóriliwi tuwralı daǵazalar qistirilǵan. Xalıq jıyını bolatuǵın kúni baylar da, ónermentler de, bazarda buyımların satıp bolǵan sawdager, diyqanlar da, qullası hámme agoraǵa jiynalǵan.

Afinalılar agorada hár túrlı jańalıqlardan xabardar bolǵan. Áyyemgi grekler ushın agoraǵa barıw, biziń zamandagı adamlar ush'n gazeta, radio hám televidenie qanday áhmiyetke iye bolsa, tap sonday áhmiyetke iye edi. Óspirimler, jigitler hám úken jastaǵı erkekler gimnaziylerge jiynalǵan.. Bul jerlerde ataqlı alımlar bayanat oqıǵan, sáwbetler ótkerip turǵan. Sol jerdiń ózinde grekler tájiriybeli muǵállim basshılıǵında gúres, hár qıylı oyın hám shınıǵıwlar menen shuǵıllanǵan.

Koncertler qoyılatuǵın úlken imaratta Greciyadaǵı eń jaqsı sázende hám qosıqshılar jarıslar ótkergen. Jarıslarda kóplep muzıka ıqlasbentleri de toplanǵan, kim jeńip shıqqanın solar belgilep bergen. Jılına birneshe márte teatr tamashaları qoyıp turılǵan hám tamashalarda on mıńlap ıqlasbentler qatnasqan.

Solay etip, Afinadaǵı jámiyetlik turmıs erkin adamlardıń aqılıy hám fizikalıq jaqtan kamal tabıwı ushın keń imkaniyatlar jaratıp bergen edi. Sonıń menen bir waqıtta Afina ekonomikalıq hám siyasıy tárepten de rawajlandı. Afinanıń sawda-satıǵı Egey, Mramor, Qara hám Ioniya teńizlerinde júda háwij alıp ketken. B.e.sh. V ásirdiń birinshi yarımında Afina Orta jer teńizi basseynindegi eń kúshli mámleketke aylanǵan edi.

**Bekkemlew ushın sorawlar**:

1. Grek-Iran urısınan keyin xojalıqtın rawajlanıw'i qanday boldı?
2. Awıl xojalıǵı haqqında aytıp beriń?
3. Ónermentshilik hám sawda qanday ahwalda edı?
4. Greciyada qulshılıqtıń kúsheyiwiniń sebeplerin aytıń?
5. Afinada qulshilıq demokratiyasınıń rawajlanıwı haqqında aytıp beriń?
6. Perikl iskerligi qanday áhmiyetke iye bolǵan?
7. Qulshilıq demokratiyasınıń sheklengenligin nelerde kóremiz?

## Lekciya №4
## Tema: Afina qulshilıq demokratiyası

**Joba:**

1. Arxaik dáwiri turmisiniń uliwma kórinisi.
2. B.e.sh. VII-VI ásirlerde Attikada qulshiliq demokratiyasiniń qáliplesiwi
3. Solon reformalari
4. Afinada Pisistrat tiraniyasi.
5. Klisfen reformasiniń áhmieti.

**1. Arxaik dáwiri turmisiniń uliwma kórinisi. Greciyada qul iyelewshilik jámiet hám mámlekettiń ruwajlaniw ózgeshelikleri (b.e.sh. VIII-VI ásirler).** Arxaikaliq dáwir (b.e.sh. VIII-VII ásirler) polisliq dúzilis túrindegi qul iyelewshilik jámiet hám mámleket qáliplesiw dáwiri boldi. Bul klassliq jámiet hám mámleketliktiń rawajlaniwiniń dáwiri boldi. Bul klassliq jámiet hám máleketliktiń rawajlaniwiniń jańa joli edi. Ol b.e.sh. II miń jilliqtaǵi eń áyyemgi greklerdiń mámleketlik dúzilisinen hám áyyemgi shiǵis jámieti óz waqtinda basip ótken jolinan ózgeshe edi. Biraq b.e.sh. II miń jilliqtaǵi tariyxiy tájiriybe esapqa alindi, ol uliwma tariyxiy protsessti tezletti hám bayitti.

Aytiwlarǵa qaraǵanda arxaik dáwirde grek úy-jaylari ápiwayi hám bir qabatli edi. Epik tekstlerine qaraǵanda erler qisqa kóylek (xiton) kiyip, kóshege shiǵip baratirǵanda ústilerine keń jabiw xlamida jamilǵan. Hayallar xiton ústinen saltanatli keń kiyim, belbew menen tartilǵan kamzol (peplum) kiygen. Shiǵistan erlar ushin uzin, yubka (kanoptan) tóqilǵan xiton ózlestirip

alinǵan, shashina altin terewish qistirilǵan. Social qatlamlasiw kiyiniwge tásir etken. Aqsúyek jaslar atli júrgende, dáslep plash – xlamida menen óranǵan.

Arxaik dáwirde shańaraq – neke qatnasiqlari da ózgeredi. Gomer dáwirinde kúyew kelindi ata-analarina qimbatbaha sawǵalar berip satip alar edi. Arxaik dáwirinde bolsa kelinge sep beriw ádetke aylandi. Nekege tiykar bolip jaslardiń ata – anasi órtasinda dúzilgen kelisim shártnamasi xizmet etedi. Kerekli qurbanliqlar qilinǵannan keyin kelindi atasiniń úyinde toy hám ziyapat baslanadi. Quyash batiwi menen kelin kúyewiniń úyine uzatiladi.

Jerlew máresimleri ózgerdi. Arxaik dáwirinde kókregine urip jilaytuǵin ádetler payda boldi. Jilap bolǵannan keyin marhumdi juwip-tarap xosh xoshiyisli maylar súrtilgen. Keyingi kúń jerlew máresimi jilaw menen qala sirtindaǵi qábiristanǵa jerleńen. Marhumniń awzina jer asti Aid patshaliǵinda marhumlardi tasiwshi Xarondqa tólew sipatinda teńge qóyǵan. Múmkin krematsiya da bolǵan, bul haqqinda Gomer poemalarinda aytiladi. Marhum óziniń qádirli buyimlari menen úlken gulxanda jaǵilǵan, otqa vino, sút hám bal sebiw dásturi menen máresim tamamlanǵan.

B.e.sh. VIII-VI ásirlerdegi klassliq qatnasiqlar óndirislik kúshlerdiń anaǵurlim joqari dárejesinde rawajlandi. Atap aytqanda, jańa metalldiń-temirdiń óndirislik ózlestiriliwi júdá úlken tásir jasadi. Bul greklerdiń materialliq múmkinshiliklerin keńeyitti, anaǵurlim quramali ekonomika, dinamikaliq tovar óndirisi payda boliwina múmkinshilikler jaratti. Bul jaǵday óz gezeginde, konservativlik natural`liq xojaliqqa qaraǵanda, xojaliq hám jámietlik rawajlaniwina anaǵurlim tez pát endirdi. Polisliq dúzim sheńberinde áyyemgi grekler óz tariyxiniń klassikaliq dáwirinde jetik tsivilizatsiya dúzdi, ol dúńya mádeniyati ǵáziynesine ulli úles boldi, áyyemgi grek jámietine uliwma dúńya tariyxinda húrmetli orin támiyinledi. Hár bir grek polisi kóp tarawli quramali jámiet bolip tabiladi, yaǵniy belgili ekonomikaliq sistemani, socialliq dúzilisti, siyasiy shólkemdi hám quramali mádeniyat kompleksin quraydi.

Aymaq kólemi hám xalqiniń sani boyinsha grek polisleri hár qiyli bolǵan.

Polislerdiń socialliq dúzilisi, úsh tiykarǵi klasslardiń boliwin názerde tutqan: qul iyelewshiler, mayda óndiriwshilerdiń, hár qiyli kategoriyadaǵi qullardiń klasi Grek polisleriniń socialliq dúzilisindegi eń áhmietli ózgesheliklerdiń biri-bul puxaraliq jámáát. Polis hákimiyati jersiz puxaralarǵa járdem beriw siyasatin júrgizgen. Polistiń puxaraliq jámááti bir qiyli bolmaǵan. Oniń quramina jerli aq súyekler, ónermentlik ustaxanalardiń bay iyeleri, orta dármiyan diyxanlar da kirgen. Mámleketlik basqariw kóz qarasinan, grek polisi respublikaliq dúziliske iye bolǵan. Joqarǵi hákimiyat hám nizamliliq Xaliq jiynalisina tiyisli bolǵan, tiykarinan ol toliq huqiqli puxaralardan turǵan. Polislerde óziniń ruwxiy bahaliq sistemasi qáliplesken.

Grek polisi-mámlekettiń qul iyelewshilik jámiet túri- onda ekonomikani, jámietlik qatnasiqlardi, siyasiy mekemelerdi, jetik grek mádeniyatin, klassliq tiptegi qul iyelewshilik jámietin bunnan bilay da rawajlandiriw ushin qolayli sharayatlar dúzilgen.

**2. B.e.sh. VII-VI ásirlerde Attikada qulshiliq demokratiyasiniń qáliplesiwi.** Orta Greciyaniń qubla-shiǵis wálayatlarinan biri orayliq Afina bolǵan Attika misalinda grek polisiniń qáliplesiwin kóriw múmkin. Barliq tárepleri teńiz penen oralǵan, tawlar menen oralǵan Attika diyxanshiliq ushin qolaysiz edi. Gúmis kánleri, miramirdiń mol-kólligi, sawda-ónermentshiliktiń erte rawajlaniwina járdem berdi. Dáslep Attika xaliqi kishi awillarda jasaǵan edi, keyin olar qoyatas boyinda jaylasqan Afina akropoli orayi bolǵan bir qala átirapinda birlesti.

Jáhán tariyxinda Xalıqtı basqarıwdı yaǵnıy demokratiyani járiyalawǵa birinshi urınıwı Afinada baslanǵan. Demokratiya soʻzi grek audarması “xalıq xakimiyati” degen mánisti ańlatadi[7].

---

[7]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.193.

The most inclusive typeof government involved all free adult males in a city—inGreek, a de–mokratia (“democracy”).

Attikaniń áyyemgi xaliqi Ioniylar, pelastlarǵa dariylardiń kóshiwi tásir qilmadi. Bul jerde grek tiliniń ioniy dealektinde sóylesetuǵin qáwimler topari tórt uriw yamasa qáwim (fil)ge bólingen edi. Hár bir qáwim bir neshe ónlap uriwlardan ibarat bolǵan úsh firatriyaga bolingen edi.

Gomer dáwirinda Attika xaliqin basileyler basqardi. Basileyler joqari húkimdar, sudya, rwxaniy, áskeriy basliq edi. Basqa grek polislerine bolǵaninday basileyler aldinda Afinada areopag dep atalatuǵin aqsaqallar keńesi bar edi. Apsanalarǵa qaraǵanda Afina xaliqin birlestirgen Terszíy xaliqti úsh toparǵa bóledi: Jer iyeleri-yevpatridler, diyqanlar-geomorlar, ónermentshiler-demiurglar.

B.e.sh. VIII ásir dawaminda xójaliq hám jeke múlkshiliktiń rawajlaniwi nátiyjesinde yevpatridler basileylerdiń huqiqin áste-aqirin shekley basladi. Olar ózleriniń ishinen arxontlar (aqsaqallar)di saylay baslaydi, basileylardiń basqariw huqiqlari áskeriy arxont (basliq, sudya) ǵa óte basladi. Nátiyjede basileylarǵa tek ruwqaniyliq waziypasi qaldi hám ol saylana basladi. Solay etip, Afinada hákimiyatti yevpatridler arasinan hár jili saylanatuǵin 9 arxont basqara basladi. Olardiń órtasinda orinlawshi, áskeriy hám sud hákimiyati bólistirilgen edi.

Jil dawaminda arxont waziypasin orinlaǵan yevpatridler óz orinlarin jańa saylanǵanlarǵa bosatip berip, ózleri areopagtiń ómirlik aǵzalari bolip qalar edi. Areopag b.e.sh. VIII-VII ásirlerde eń abroyli hákimiyat organi edi.

Yevpatridler kolonizatsiya hám teńiz sawdasina aktiv qatnasti. Tovar islep shiǵariw, sawda ónermentshilik tez rawajlandi. Attikada diyqanlardi qarzǵa batiw protsessi kúsheyip ketti hám nátiyjede qarizi ushin qulǵa aylandiriw ádetke aylandi. B.e.sh. VII ásirdiń ekinshi yarminda Attikada social-siyasiy jaǵday keskinlesip ketti. B.e.sh. VII ásirdiń 30-jillarinda aqsúyek Kilon tárepinen hákimiyatti basip aliwǵa urindi. Arxont Drakon tárepinen 622-jilda awizeki nizamshiliqti jazba toplamǵa keltiriliwi uriw aqsúyekleriniń hákimiyatin hálsiretti. Drakon nizamlari menen uriwshiliqtiń qaldiqlari bolǵan ósh aliw qadaǵan etildi, jazalaw funksiyasi aeropagqa berildi. Drakon nizamlari qatal edi, meynet etpegen puxaralar jazalanar edi. Urliq jinayati ushin ólim jazasi berilgen.

**3. Solon reformalari.** Afinada yevpatridler menen xaliqtiń kambaǵal bólimi bolǵan ápiwayi demos arasinda social qarama-qarsiliqlar kúsheydi. B.e.sh. 621-jili arxont Drakon tárepinen júrgizilgen Afinadaǵi háreket etiwshi huqiq normalarin jaziw qáwimlik mekemelerge kúshli soqqi berdi.

Drakon nizamlari Attika xaliqin eń úlken mashqalalarinan biri qariz máselesin sheshpedi.

B.e.sh. 594-jilda arxont waziypasina saylanǵan kambaǵallasqan yevpatrid, shair Solon reformalar ótkerdi. Solon, kórnekli siyasiy isker, oyshil, júz bergen socialliq-siyasiy jaǵdaydiń awir ekenligin jaqsi túsindi. Solon reformasi jámietiniń derlik barliq táreplerine tiyisli boldi: ekonomikaliq qatnasiqlarina, socialliq dúziliske, áskeriy is penen mámleketlikti bekkemlewi. Solon eńgizgen Afinaniń pútkil jergilikli xalqin jer dáramatiniń kólemi boyinsha tórt toparǵa bóliw úlken áhmietke iye boldi. Áskeriy-siyasiy tarawda áhmietli qayta quriwlar júz berdi. Salonniń barliq usi ilajlari Xaliq jiynalisiniń jumisin jańlandiriwǵa alip keldi. Endi Xaliq jiynalisinda áhmietli mámleketlik jumislar talqilana baslandi, nizamlar qabillandi, reformalar tastiyiqlandi. Solon 400 adamnan ibarat jańa keńes tastiyiqlaydi. Solonniń siyasiy jańaliqlariniń mánisi sonnan ibarat, xalqiniń keń qatlami-demoslardi shólkemniń jumisina qatnastiriw. Demoslardiń keń qatlamlari basqariwǵa qatnasiwǵa huqiq alǵan mámleketlik dúzim demokratiya dep ataldi. Solon reformalari Afinadaǵi jaǵdaydi tupten ózgertti. Qarizi ushin diyqanlardi qulǵa aylandiriw biykarlandi, aldinǵI qarizlari ushin qul qilinǵanlar azat etildi hám de shetke qul qilip satip jiberilgen jámáát esabinan pul tólenip Afinaǵa qaytarildi.

Xojaliq jumislarin xoshametleytuǵin qatar reformalar ótkerildi. Pul reformasi uzinliq hám awirliq ólshem birliklerin uliwmalastiriw sawda, ónermentshilikti rawajlandirdi, nátiyjede Attikadan shetke tovar satiw kúsheydi. Solon Attikadan biyday shiǵariwdi qadaǵan etti, bul zaytun mayi hám vinoni eksport qiliw ushin qolay shárt-sharayat jaratti. Bul is-ilajlar Afina bazarinda sútxorliqqa shek qoyip, diyqanahiliqti rawajlandirdi.

Wásiyatlar erkinligi haqqindaǵi nizam uriwshiliq qatnasiqlarin tómenletti, ayriqsha shańaraqlardi ekonomikaliq kúsheyiwine sharayat jaratti. Jerge iyelik etiw kólemi belgilendi.

Social-siyasiy tarawinda qatar reformalar ámelge asirildi. Solon Attikani barliq erkin xaliqin dáramat kolemine qarap tórt qatlamǵa boldi. Puxaralardiń huqiq hám májbúriyatlari bolistirildi bay puxaralar buringiday toliq hákimiyatqa iye boldi, soniń menen birge puxaraliq jámáátinde olarǵa úlken májbúriyatlar júklendi. Jańa joqari qatlamǵa tiyisli boliw jer uchastkasinan jilliq alinatuǵin dáramatqa baylanisli boldi. Bul jer iyesin kóp ónim aliw imkaniyatin qidiriwǵa májbúr qilar edi.

B.e.sh. VII ásir aqiri VI ásir baslarinda Afina demosi shair, sawdager Solondi arxont qilip sayladi hám oǵan reforma ótkiziw ushin sheklenbegen huquqlar berdi. Solon eń dáslep “seysaxteyya” (qarizlarin alip taslaw) Afina xaliqin qarizlarinan keshiwin ámelge asirdi. Qariz ushin qul qiliw qadaǵan etildi. U’lken jer iyeligi sheklendi, jer ushastkasin belgileńen muǵdardan artiqsha aliw qadaǵan etildi.

Sud sistemasi reformaladi. 30 jasqa jetken erkin Afina puxaralarinan sud másláhátshileri geley engizildi. Gemey puxaralar jumisi boyinsha joqari appelyatsiya huquqina iye boldi. Tek ol jinayat isleri boyinsha húkim shiǵara alatuǵin edi. Adam óltiriw boyinsha sud jumisi buringi arxontlar keńesi areopag qolinda qaldi.

Siyasiy huqiq múlkiy tsenz tiykarinda bólistirildi. Afina jámieti ***tórt*** *qatlamǵa ajiratildi.*

*Birinshi qatlamǵa pentakosiomedimnlar* bir jilda bes júz medimn biyday yamasa bes júz metret (bir metret-39 litr) zaytun mayi alatuǵin puxaralar kirdi.

*Ekinshi qatlamǵa suvoriylar – gippeylar,*

*úshinshi qatlamǵa* eki eshek arbaǵa iye bolǵan awir quralli piyadalar – *zevgitlar, tórtinshisine ónerment – fetlar* kirdi.

Tek birinshi úsh qatlam ámelde mámleket lawazimlarin iyelewi múmkin edi. Joqari arxont lawazimina tek pentakosiomednlar dávo qilishilari múmkin edi. Fetlar polisti tikeley basqariwdan shetlestirildi.

Xaliq jiyini – eklessiyada ápiwayi puxaralar mámlekettiń uliwma siyasatin belgilewde, lawazimli shaxslardi saylawǵa tásir kórsetiw, ***gelieya***ǵa – másláhátshiler sudina qatnasip lawazimli shaxslardi ámelinen ayiriw múmkin edi.

Solon reformalari bolajaq Afina demokratiyasiniń negizi edi. Arxont, are opagniń roli ózgermedi, Polistiń uriw, fillarga bóliniwi saqlanip qaldi. Reformalar fillardi uriw huqiqin jemiriliwine alip keldi. Bunnan bilay Afina puxarasi óz múlkin erkin miyras etiw huqiqin aldi. Atasi óner úyretpegen bala qartayǵan atasina ǵamxorliq etiw májbúriyatinan azat etildi.

O`ziniń tariyxiy áhmieti boyinsha, qayta ózgerislerdiń tereńligi boyinsha Solonniń reformatirliq háreketi Afina tariyxinda haqiyqiy revolyutsiya bolǵan. Solon reformasi demostiń jaǵdayin bekkemledi. Biraq aqsúyekler hám demostiń arasindaǵi qarama-qarsiliqlar Solonnan keyin dawam etti. B.e.sh. VI ásir baslarindaǵi reformalar barliq social mashqalalardi sheshe almadi. Tez arada kúshli social qarama-qarsiliqlar Afinada Pisistrat tiraniyasin ornatiliwina alip keldi.

Ol b.e.sh. 560-jili ózin ***tiran***- polistiń joqarǵi hákimi dep jariyaladi. Oniń tiykarǵi waziypasi óz hákimligin bekkemlewden, óziniń tárepindegi socialliq toparlar menen qáwim aqsúyeklerin qollap-quwatlawdan ibarat edi. Ol Afina shirkewin qurdi, akropol`da Appolon hám Zevstiń ruwxiy orinlari qurilisin basladi. Vodoprovod saldi. B.e.sh. 510-jili Afinadaǵi Tiraniya qulaydi.

Pisistrat hám oniń ballari tiraniyasinan keyin Afinada túrli social qatlamlar ortasinda gúres kúsheyip ketti.

Klisfen basshiliǵinda sawda ónermentshilik qatlamlari uriw aqsúyekleri hákimiyatin joq etiwge urindi. Klisfen adminstrativlik – aymaqliq reforma ótkizdi. reformalar qáwimlik qatnasiqlardiń sońǵi qaldiqlarin túp-tiykarinan joq etiwi hám demokratiyaliq túrdegi polisliq dúzimnń qáliplesiwin juwmaqlawi kerek edi. Klisfen reformalari b.e.sh. 509-jildan 500-jilǵa shekem dawam etti. Attikaniń jańa hákimshilik bóliniwiniń eńgiziliwi áhmietli orin tutadi. Hár bir fil óz ishine alǵan jámi on fil bolip hár biri joqari adminstrativlik organ 500 ler keńesine birden 25 adamǵa shekem aǵza saylaǵan. Pútkil Attikaniń aymaǵi 10 oblast`larǵa bólindi, olardiń hár qaysisi 3 rayonnan ibarat edi, hár bir rayon bir neshe demosti óz ishine aladi. Hár bir 10 oblast` (fil) úsh triptiyden (rayonlardan) ibarat bolip, olar Attikaniń hár qiyli rayonlarinda jaylasqan. Solay etip, olar tiykarinan ózleriniń siyasiy áhmietin joytadi. Jáne bir siyasiy jańaliq tiraniyani ornatiliwina qarsi qoyilǵan ostrakizm printsipi boldi. Ostrakizm boyinsha Afina mámleket dúzimine qarsi qáwip tuwdirǵan shaxs, siyasiy arbap dawis beriw joli menen Afinadan quwip shiǵarilǵan. Bul printsip siyasiy turmista b.e.sh. 487 jildan 417 jilǵa shekem qóllenip sol dáwirde tiraniyaniń úsh tárepdari Afinadan quwip jiberilgen.

Klisfen hám oniń tárepdarlariniń nizamliliǵi Solonniń Afina jámietinde baslaǵan qayta ózgerislerin juwmaqladi. Klisfenniń nizamlari demokratiyaliq polisler túrindegi Attikadaǵi qul iyelewshilik jámietin hám mámleketin qáliplestiriwdi juwmaqladi, olar b.e.sh. VIII ásirde baslanǵan edi. B.e.sh. VI-ásirde Afinada demostiń aqsúyeklerge qarsi uzaq gúresi nátiyjesinde demokratiyaliq tártip qaǵiydalar jeńip shiqti. Nátiyjede Afina kewilli armiyalari qurami da ózgerdi. Oniń tiykarǵi bólimin awir qurallanǵan jawinger goplitler quradi, olar kóp sanli úshinshi bólim zevgitlerden toltirilǵan. Fetlar jeńil qurallanǵan jawingerler hám áskeriy flot matroslarin quradi.

Afina siyasiy sistemasinda aqsúyekler tayanishi areopagga qarsi turǵan tórt júzler keńesi (Bule) shólkemlestirildi. Keńes aǵzalari tórt *fil*dan júzlegen puxara saylanatuǵin úziliksiz jumis alip baratuǵin organ boldi, tórt júzler keńesi xaliq jiyininda kóriletuǵin hám tastiyiqlanatuǵin máselelerdi tayarlar edi. *Xaliq jiyini (ekklesiya)* toliǵi menen barliq huqiqlarǵa iye bolǵan basqariw organi bolip puxaralardi barliq qatlamlari dawis beriw hám oniń jumisina qatnasiw huqiqina iye boldi. Xaliq jiyini sistemali túrde jiynalatugin boldi (B.e.sh. V ásirde jilina 40 márte yaki 9 kúnde 1 márte).

Solon dáwirinde mámleket dúziminiń jáne bir jańa organi *másláhátshiler sudi (gelieya)* járiyalandi. Sudyalar barliq puxaralardan saylanǵan. Solon reformalari polis basqariwin demokratiyaliq formalari tiykarin jaratti, lekin izbe-iz bolmaǵanliǵi sibepli aqsúyekler hákimiyatin toliq tamamlay almadi.

**4. Afinada Pisistrat tiraniyasi.** B.e.sh. 560-jil atirapinda hákimiyatti aqsúyeklerden biri Pisistrat gúres nátiyjesinde basip aldi hám ózin tiraniya formasindaǵi jeke hákimiyatin órnatti. Ol dáslep eń mútáj kishi jer iyelerine mámleket ǵáziynesinen járdem kórsetti. Awil kambaǵallari ushin saliqlar májbúriyatin azaytti, awil jámáátleri huqiqin azaytti. Jer iyelerin Afinaǵa sudqa qatasiwinan azat etip, awilliq jerlerde sudyalardi sayladi. Ol puxaralardan qurallarin tartip alip, óz hákimiyatin bekkemledi, puxaralar daramatina saliq saldi, bul orta jaǵdaydaǵi duyqanlardi awir jaǵdayǵa saldi.

Pisistrat teńiz sawdasiniń riwajlaniwina sharayat jaratti. Ol Kishi Aziyada Dardanel bóǵoziga shiǵatuǵin zárúr jerdi basip alip, Afinani Qara teńizge baratuǵin teńiz jollari ústinen qadaǵalawin ornatti. Afinada sawda ónermentshilikti rawajlandiriw maqsetinde bir qansha jámáát imaratlariniń qurilisin ámelge asirdi, Akropoldi bezedi, shairlar, súwretshilerge ǵamxorliq qildi. Oniń pármani menen Afinada xaliq qosiqshilari toplanip, olardiń sózlerinen Gomerdiń belgili poemalari “Iliada” hám Odessiya”lari jazip alindi.

Pisistrattiń nizamlari burinǵi uriw aqsúyekleriniń abiroyin túsirdi, olardiń kóp wákilleri Afinadan quwip shiǵarildi. B.e.sh. 527-jilda Pisistrattiń ólgennen keyin ballari Gippey hám Gipparx Afina hákimleri boldi. Bul waqitta kúshli parsi mámleketi Kishi Aziyani basip alip, Egey teńizinen Qara teńizge baratuǵin jollardi iyelep aldi. Afina teńiz sawdasina úlken ziyan tiydi, nátiyjede Afinaǵa sirttan biyday alip keliw waqtinsha úziliske túsip, aziq-awqat ónimleri qimbatladi. Tábiyiy bul xaliqtiń naraziliǵin keltirip shiǵardi. Xaliq Pisistrattiń ballari hákimiyatin awdarip tasladi.

**5. Klisfen reformasiniń áhmieti.** Pisistrat hám oniń ballari tiraniyasi awdarilǵannan keyin, yevpatridlardi óz húkimranliqlarin tiklewge urinislari afinalilardi kópshiliginiń keskin qarsiliǵina ushradi. Sonday bir sharatta demos qollap- quwatlaǵan Klisfen jańa reformalardi ótkerdi (B.e.sh. 509-507-jillar). Ol adminstrativlik aymaqliq reformani ámelge asirdi. Attika uriwshiliq shólkemi ornina 10 jańa aymaqliq filga ajratildi. Bul uriwshiliq baylanislariniń úzilisi hám xaliqti aralasip ketiwine alip keldi, bunnan bilay Attika xaliqi jasaw jerine qarap aymaqliq baylanislar bóyinsha birlesti, uriw fillari tamamlandi.

Tórt júzler keńesi bunnan bilay 500 puxarani óz quramina kirgizdi. Hár jańa 10 aymaqliq filden 50 adam bul keńeske saylandi, solniń menen birge jana bes júzler Keńesi qurami (Bule) hár jili toliǵi menen jańalandi. Keńes aǵzalari qura taslaw joli menen saylandi, eki márteden artiq saylaniw múmkin emes edi. Klisfen jergilikli xaliq huqiqina kelgindi xaliq huqiqin teńlestirdi, endi puxaraliq áyyemgi uriw filina tiyisli emes al eń kishi aymaqliq birlik-**dem**ǵa tiyisli belgilendi. Bunnan bilay hár bir puxara óz atina atasiniń awladi ati emes óz demin atin qosti, bul puxaraliq jámáátin turaqliliqqa alip keldi.

Klisfen Afina demokratiyasina qáwipliligi múmkin bolǵan abiroyli bay puxarani aniqlaytuǵin ostraktizm pritsipin eńizdi. Afinada óz jeke hákimiyatin órnatiwǵa gúman qilǵan puxaradan sud qarari boyinsha dawis beriw joli menen Afinadan shiǵarilatuǵin boldi.

Klisfen reformasiniń áhmieti sonda, bul reformalar uriwshiliq qatnasiqlarin uriw aqsúyekleriniń hákimiyati qaldiqlardi toliǵi menen tamamladi. Afina mámleket qurilisina demokratiyani toliq húkimranliǵin ornatti. Barliq Afina puxaralari (Afinada jasap atirǵan shet elliler qullar bunnan mustasno) polistiń siyasiy turmisinda aktiv qatnasti. Olar hár qanday mámleket lawazimlarina saylaniwlari, óz puxaraliq jámáátleri siyasiy turmisin eń zárúr mashqalalarin sheshiwde qatnasiwi múmkin edi. Afina demokratiyasi barliq grek polislari arasinda eń aldinǵi hám rawajlanǵan demokratiyaliq mámleket qurilisina iye edi.

### Bekkemlew ushin sorawlar

1. Grek-Iran urısları tamamlanǵannan soń Afinadaǵı jaǵdaydı bayanlap beriń.
2. Solon reformaları hám onıń ámeliy nátiyjesi qanday boldı?
3. Gerodot shıǵarmalarında Afinadaǵı jámietlik, ekonomikalıq hám siyasiy ahwaldıń bayan etiliwin túsindirip beriń.
4. Perikl dáwirindegi Afinanıń qúdiretli mámleketke aylanıwı hám onıń qońsı mámleketlerge tásiri qanday boldı?
5. Fukidid shıǵarmalarında grek dúniyasına berilgen baha hám onıń analizi qanday?

## Lekciya №5
## Tema: Áyyemgi Sparta.
### Joba:

1. Sparta jamiyati.
2. Sparta jawingerler mámleketi
3. Mámleket dúzimi.

**1. Sparta jámieti.** Áyyemgi Sparta arxaik hám klassik dáwirlerde Greciyanıń eń úlken polislerinen biri edi. Sparta polisi hám mámleketshiliginiń baslaniwi dariylar basqinshiliǵiniń tamamlaniw waqtina tuwri keledi. Dariy qáwimleri b.e.sh. XII-XI ásirlerde Peloponnes aymaǵina ornalasti hám b.e.sh. XI-VIII ásirlerdiń birinshi yarimi dawaminda jergilikli qáwimler menen húkimranliq ushin uzaq waqit gúres alip bardi. B.e.sh. X ásirde Peloponnes qubladaǵi Lakonikada Yevrot dárya oypatliǵiniń orta bólimindegi ónimli jerlerge Sparta mánzili payda boldi. Áyyemgi grekler Sparta mámleketin ádetta Lakedemon dep atadi. Kópshilik dariylar-bolajaq Sparta polisiniń puxaralari 5 awildi birlestirgen Sparta mánziline jaylasti.

Jergilikli axey xalqiniń bir bólimi boysindirilip, bir bólimi qirip taslandi. Sparta mámleketiniń payda boliwi qisqa waqit ishinde basqa aymaqlardi basip aliw menen belgilendi. Dariyler sotsiyal-ekonomikaliq rawajlaniwdiń tómen basqishinda uriw qatnasiqlariniń jemiriliw dáwirinde turar edi. Bul jaǵday Spartra mámleketinda uriwshiliq dúzimi qaldiqlarin uzaq waqit saqlaniwi ushin shárt-sharayat jaratti.

Peloponnes yarim atawinda arxaik dáwirden baslap Sparta mámleketi jetekshi orinǵa shiǵip aldi hám bul jerde payda bolǵan qalalar awqamina basshiliq qildi. B.e.sh. VIII ásirde Sparta qubla Lakoniyaniń bir qansha wálayatlarin, Kifera atawin, keyin Pamis dáryasi oypatliǵindaǵi ónimdar Messeniyani basip aldi. Bul bay úlke Spartaniń az sanli toliq huqiqli puxaralari tárepinen bólip alindi, jergilikli xaliq huqiqsiz ilotlarǵa aylandirildi.

Spartaliqlar ózlerine tiyisli bolǵan egin jerlerin 9000 úleske bóldi. Hár bir toliq huqiqli spartaliq sonday jer úlesin bul jerdegi basip alinǵan jergilikli xaliqlar shańaraǵi menen ómirlik múlik qilip aldi. Ilotlar xójayinlerge ónimniń yarmin beriwge májbúr edi. Júz jildan keyin Sparta batis Messeniyani iyeledi, keyin bolsa shiǵis hám arqadaǵi Agros, Arkadiya wálayatlarin da ózine qosip aldi. Arkadiyaniń qubla bólimindegi bir qansha wálayatlar da Sparta quramina kirdi. Tergiya, Korinf, Sikion, Megara, Egina hám Elida siyaqli qala hám mámleketler Sparta menen simmaxiya-awqamǵa kiriwge májbúr boldi. Awqam májlisinde hár bir polis bir dawisqa iye bolip, qarar kópshilik dawis penen qabil qilinar edi hám har bir qala – mámleket Sparta patshalari qolina óziniń úshten bir bólimi armiyani beriwge májbúr edi. Awqamlaslar ortasinda baylanis zaip bolip, ayriqsha polisler bir – biri menen uris alip barda, basqa awqamlaslar buǵan aralaspaǵan edi. Sparta Peloponnes yarim atawiniń 1/3 bólimin (8000 km) tikkeley óz húkimranliǵi astina alǵan edi.

Spartaniń awqamdaǵi jetekshilik abiroyi kúshli edi. Spartaniń awqamdaǵi jetakshilik ornina hesh kimge guman joq edi. Bul awqam sol dáwirde Greciyada eń kúshli edi[8].

Sparta avoided mostof this internal strife, achieving greater calm by means of rigorous social discipline and military organization that cut off the city from many external influences.

Mámleket máseleleri haqqinda erkekler menen aqılli sáwbetler júrgizgen hayallar qatań sınǵa alınǵan. Spartalı hayallar basqası ham olar jámiyetlik jumıslardı erkekler sıyaqlı ámelge asırǵan yaki házil hám kelispewshilikler menen basqa grek qala mámleketleriniń erkeklerinen o'zleriniń huquqlarin talap etiw mulklerin saqlap qalǵan.[9]

Omen who didcarry on intelligent conversations with men in public aboutpublic matters were criticized. Spartan omen were a partialexception to these rules, and their unusual behavior-such asexercising in the nude in public (as did men) or holding propertyin their own right-evoked humor and hostility from men in the other Greek city-states.

**2. Sparta jawingerler mámleketi edi.** Spartaliq ul bala jasliǵinan-aq mámleket qaramaǵinda edi. Mámleket hákimiyatin eń aldi menen intizamli, fizikaliq jaqtan kúshli áskerge iye boliw ushin spartaliq nárestelik dáwirinen fizikaliq jaqtan kúshli etip tárbiyalar edi. Den-

---

[8]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.194.
[9]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.193.

sawliǵi joq, kúshsizler mámleketke kerek emes edi, sol sebepli zaip, awiriw balalardan olardi jasliǵinan-aq qutiliwǵa háreket eter edi. Gerodot tariyxinda Demokrit aytqaninday, Spartalilar erkin edi, lekin qatnasiqta emes, olar mámleket nizamlarina bóysinar edi.

Bul nizamlar spartali balani jeti jasliǵinan ata-anasinan uzaqta óz qatarlari arasinda, 20-30 jasli úlkenler basshiliǵinda áskeriy mánzilde jasawdi belgilep qoyǵan edi. Tiykarǵi etibar gimnastika shiniǵiwlari, áskeriy gimnler hám áskeriy marshlardi xorǵa salip aytiwǵa qaratilǵan edi. Tárbiyaniń awirliǵi óspirimlerdi Artemida ibadatxanasinda hár jili ótkiziletuǵin qiyin sinaqlarda óz sáwleleniwin tapqan edi. Sinalip atirǵan jaslar awiriwdi sezdirmesligi shárt edi.

Jas áwladti mámleket tárepinen tárbiyalaw hám úyretiw sistemasi Sparta siyasiy sistemasiniń organikaliq bólegi bolǵan. Bul sistemada bilimlendiriwge onsha úlken diqqat awdarilmaǵan, ol belgili minimumdi quraǵan.

Sparta tárbiyasiniń toliq sistemasi úsh basqishti basip ótiwdi názerde tutqan. Birinshi basqish - 7 den 12 jasqa shekemgi balalardi tárbiyalaw. 12 jastan baslap úyretiw hám tárbiyalawdiń jańa basqishi baslanǵan. 20 jasqa kelip, Sparta jigitleriniń tárbiyasi pitken hám eń sońǵi úshinshi dáwir baslanǵan.

Jas jigit 20 jasqa jetkennen keyin Sparta (“teńlar jámieti”)niń toliq huqiqli aǵzasi esaplanar edi. Endi ol úlkenler menen birgelikte ótkeziletuǵin awqatlaniw (fiditiyasi yaki filitiyalar)ǵa qatnasiwǵa májbúr edi. Fiditiya ushin hár bir spartali hár ay málim muǵdarda sir (pishloq), arpa, vino, anjir hám pul berer edi. Spartaliqlar birgelikte otirip uksus, duz qosilip qanda tayarlanǵan shoshqa góshin paydalanatuǵin edi. Spartalilar óz waqitlarin barqulla áskeriy shiniǵiwlar hám ańshiliqta ótkizgen. Qatti, awir tárbiya nátiyjesinde spartaliqlardiń oyinda basqa grek polisleri xaliqinda degen fizikaliq hám ruwqiy ústinlik sezimin qáliplestirer edi. Spartaliqlardi grek dúnyasinda intizami ushin húrmet eter edi, lekin jaqtirmas edi.

Basip alinǵan wálayatlariniń ilotlarga aylantirilǵan xaliqiniń qozǵalańlar qáwpin sezgen spartaliqlar hár jili ilotlarga qorqinish saliw hám olardiń sanasinda bóysiniw sezimin payda etiw ushin olardi túnde óltiriwdi (kriptiy) buyirǵan. B.e.sh. XI ásirden-aq spartaliqlar ózlerin hár qiyli “janaliqlar”dan qorǵaw, dástúriy turmis tárizin saqlaw maqsetinde sirtqi dúnyadan ajralip jasawǵa urindi. Áyyemgi dástúriy jaǵdayi ózgermesligi ushin Sparta tek mayda temir teńgeni qatnasqa kirgizdi. Sparta úyleriniń ishki hám tárepleri tek aǵashtan bólip, olardi tek balta hám jarǵi menen tayarlawǵa ruxsat etildi. Saltanatli kiyimler nizamnan tisqari edi. Jámiettegi abiroyina qarap bir qiyli kelte jabiw (plash) kiyer edi hám bul menen ózlerin teń dep esaplar edi.

**3. Mámleket dúzimi.** Spartada mámleketlik dúzim ayqin qul iyelewshilik oligarxiya sipatina iye edi. Sparta mámleketi aristokratik xarakterge iye edi. Pútkil hákimiyat periek hám ilotlar ústinen húkimranliǵin ornatqan tar dógerektegi spartaliqlar qolinda edi. Naturalliq óndiristiń ústemligi, ónermentlik hám sawdaniń rawajlaniwi, olardiń puqaraliq jámáattiń sirtinda, perizkler arasinda toplaniwi, Sparta jámietiniń áskeriy xarakteri Sparta siyasiy dúzilisiniń ózgesheligine, áskeriy basqariw hám tárbiya uyimlari roliniń kóteriliwine, puqaraliq basqariw uyimlariniń az sanda boliwina óz tásirin jasadi. Spartada mámleketlik hákimiyattiń joqarǵi uyimi Xaliq jiynalisi (apella) boldi. Ol júdá keń wákillikke iye boldi: ol paraxatshiliq shártnamalarin tastiyiqladi hám uris jáASriyaladi; demokratiyaliq shaxslardi, áskeriy komandirlerdi sayladi; patsha hákimiyatin áwladtan-áwladqa miyras etiw máselelerin sheshti; ilitlerdi bosatiwdi tastiyiqladi h.t.b. Bunna tisqari, Sparta nizamliliǵinda sonday nizam bolǵan, bul nizam boyinsha qanday da bir sebepler menen irantiv keńesi qarardi tastiyiqlamasa, apella qarari kassatsiyalanatuǵin bolǵan. Xaliq jiyini eń zárúr máseleler boyinsha qarar shiǵariw huqiqina iye edi. Tek xaliq jiyini ǵana uris jáASriyalaw huqiqina iye edi.

Spartalilar ko'binese qalalardıń sawda mápin oylap,, "korrupsiya"dan qashıp pul hám qul miynetin biykar etken. Sonıń menen birge, Sparta qudiretli áskeriy mámleket bolǵan hám basqa grek qala-mámleketlerinen ǵayritabiiy siyasatı menen ajıralıp turǵan. [10]

The Spartans rejected coined money and chattel slavery (see below), thereby avoiding the "corruption" of cities with more mercantile interests. However successful it was as a military state, Sparta seemed to the other Greeks to be a very unusual polis.

Mámleket basinda ashad hám yevrionit uriwlarinan bolǵan eki patsha turar edi. Bul eki dinastiya Sparta aristokratiyasi arasinda eń ataqli hám bay qáwimlerden shiqqan.

Olar tiykarinan áskeriy basliqlar bolip tinishliq waqtinda ayirim rwxaniy waziypalarin, ayrim sud májbúriyatlarin ámelge asirǵan, eki patsha da aqsaqallar keńesi gerussiya quramina ómir boyi kirgen. Sparta mámleketlik basqariwinda gIrantlar yamasa gerussiya Keńesi sheshiwshi rol` oynaǵan. GIrantlar Sparta aristokratlari arasinan saylanǵan hám bul lawazimda ómiriniń aqirina shekem qalǵan. Gerusiya Xaliq jiynalisiniń qararin biykarlawǵa haqisi bolǵan.

Patshalar hákimiyati xaliq jiyininiń keń huqiqlari menen sheklep qoyilǵan edi. Patshalardan biri uris waqtinda armiyaǵa basshiliq etken, lekin olar basshiliqta eforlardiń pikirlerin esapqa aliwǵa májbúr bolǵan.

Sparta mámleketiniń abiroyli uyimlariniń biri bes efordan («qadaǵalawshilardan») turatuǵin kollegiya bolǵan. Aristotel` eforlardi tiranlar hákimiyati menen salistirǵan. Tiranlar b.e.sh.V-ásirde grek polislerinde birden-bir hákimler bolǵan. Spartada hár jil úlken efordiń ati menen atalǵan. Eforlar kollegiyasi apella hám gerusiya menen qatar turǵan, yaǵniy oniń uyimlarinan ǵárezsiz esaplanǵan. Eforlar tutasi menen Sparta nizamliliǵiniń bekkemligi hám turaqliǵi ushin juwap bergen, soniń ushin da lawazimli shaxslardiń háreketlerin qadaǵalaw huqiqina iye bolǵan. Sparta patshalariniń háreketin qadaǵalawǵa ayriqsha úlken diqqat awdarildi. Atap aytqanda, eforlar patsha hákimiyatiniń kúsheyiwin bodirmawi hám Spartaniń oligarxlari monarxlarǵa aylanip ketpewin támiyinlewi tiyis edi. Eki efor áskeriy atlanislar waqtinda patshalardi qadaǵalap júriwi tiyis edi. Olar patshalar arasinda turaqli túrde qarama-qarsiliqlar patshalardiń qolinda úlken hákimiyatti toplawǵa múmkinshilik bermeydi. Eforlar patshalardi gerusiya sudina tartiwǵa haqisi bar edi.

Puxaraliq jumisi boyinsha sud islerin, lawazimli shaxslar-eforlar ámelge asirǵan. Olar spartaliqlardiń pútkil ómiri dawaminda nizamlardi orinlawin da qadalaǵan.

Eforlar mámlekette orinlawshi hákimiyatti da ámelge asirǵan. Aytiwlarǵa qaraǵanda eforlar erte dáwirde patshalar tárepinen saylanǵan, b.e.sh. XI ásirden baslap xaliq jiyini tárepinen saylanǵan. Bes efor patshalar hám gerusiya jumislarin qadaǵalaytuǵin joqari organ sipatinda payda boldi hám tez Sparta oligarxiyasi hákimiyatiniń qosimsha joqari organina aylandi. Bes Sparta awiliniń hár birinen 1 den efor bir jil múddetke saylanǵan. Olar joqari qadaǵalaw hákimiyatina iye edi. Hámde hár qanday spartaliqlardi, hatteki gIrant hám patshalardi da juwapkerlikke tartiw huqiqina iye edi. Bunnan basqa Sparta turmis tárizi qaǵiydalari hám Sparta nizamlariniń orinlaniwin baqlaǵan. Eforlar Spartaniń ishki hám sirtqi siyasatin basqardi hám de ilotlarga qarsi jazalaw-qórqitiwdi ámelge asiriwǵa basshiliq etti.

Patshalar 60 jastan joqari bolǵan aqsúekler-jigirma segiz qartayǵan adamlar dan dúzilgen keńes (gerusiya) májlisine basshiliq qilǵan. Gerusiyada xaliq jiyininda kóriletuǵin qarar pikirlerin tayarlaǵan, hám da jinayat isleri bóyinsha sud islerin ámelge asirǵan. Eforlar xaliq jiyini-appelaǵa basshiliq qilǵan. Olar hár qanday abroyli shaxsti jumistan shetletiw, zárúr bólǵanda shet elliklerdi mámleketten shiǵarip jiberiw huqiqina iye edi. Mámleket qarjisi, sirtqi isler olardiń qolinda edi. Patshalar ayirim ómirlik jeńilliklerge (áskeriy oljalar 1/3 ga iyelik

[10] Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.194.

qilish, saltanatli jerlew hám t.b.) iye bolsa da eforlardiń kúshi hákimiyati olardi patshalar menen bir qatarda turar edi, bul sirtqi tárepten tómendegishe belgileńen edi. Basqa spartaliqlardan pariq qilgan halda, eforlar patshalar kóringende óz orinlarinan turmaw huqiqina ite edi.

Xaliq jiyini appelada 30 jasqa jetken barliq spartaliqlar qatnasar edi. Máseleler qizǵin dodalanatuǵin ápiwayi puxara aktiv shiǵip sóyleytuǵin Afina eklessiyasinan Sparta appelasi pariq qilatuǵin edi. Appelada ápiwayi spartaliqlardiń dawisi tek kútilmegen jaǵdaylarda tińlanar edi, barliq qararlar eforlar hám gerusiya aǵzalari tárepinen usinilatuǵin edi. Appela odalamaytuǵin edi, tek dawis beretuǵin edi. Spartalilardiń mámleket dúzilisi usinday edi. Bul mámleket qurilisi nizamshiliq Likurg tárepinen ámelge asirilǵan reformalar nátiyjesi edi. Sparta mámleketiniń konservativ jaǵdayi oni tómenleter edi. Sparta b.e.sh. IV ásirdiń ekinshi yarimina shekem sol jaǵdayda jasadi. Sparta jámieti áskerlesken jámiet bolǵan, soniń ushin da mámleketlik basqariwda áskeriy belgilerdiń roli júdá joqari bolǵan. Joqarǵi uyim sipatinda Sparta apellasi áskerler-spartiatlar jiynalisi bolǵan. Máselen, Peloponnes urisiniń sońinda, Sparta Afinaǵa qarsi úlken teńiz urisin júrgizgende, Sparta flotiniń basinda ataqli spartiat Lisandr qoyilǵan, ol júdá úlken hákimlikke iye bolǵan.

Áskerlerdi basqariwda patshalarǵa arnawli lawazimli shaxslar járdem bergen: hár qiyli áskeriy jinayatlardi sud`yalar-ellanodiklar qarap shiqqan, arnawli qaznashilar qarjilardi jumsawǵa járdem bergen, áskeriy oljalardi satiw menen pafirapolar shuǵillanǵan.

B.e.sh. IV ásirdiń II yarminan baslap púkil grek dúnyasin qamrap alǵan sotsiyal hám mádeniy ózgerisler Spartaǵa da tásir ete basladi. Spartaniń belgili teńler jámieti buzildi. Spartali erlerdiń barliǵi ushin áskeriy xizmet májbúriy edi. Spartalilar 7 jastan 18-20 jasqa shekem áskeriy bilimdi úyrenip 20 jastan 60 jasqa shekem áskeriy xizmette bolǵan. Urista armiyaniń aldinǵi bóliminde ilotlar, perieklar barǵan, olardan keyin jas spartalilar, aqirinda 60 jasqa shekem bolǵan qartayǵanlar urisqan. Sparta armiya b.e.sh. VI-V ásirlerde Greciyadaǵi eń jaqsi shólkemlestirilgen tártipli hám kúshli armiya edi. Armiya 12 áskeriy bólimge (loxǵa) bólingen. Lox basinda loxak turǵan. Armiyaga basshiliqti patshalar ámelge asirǵan. Olarga áskeriy jumislarda áskeriy másláhátshiler járdem bergen. Armiya quraminda 300 suvoriy asker bar edi, suvoriyler uris waqtinda patshalardi qorǵaytuǵin tinshliq waqitlarda bolsa mámleket qáwipsizligin támiynleytuǵin edi.

**Lekciya №6**
**Tema: Peloponnes urisi.**

**Joba:**

1. Urıstıń kelip shıǵıwı.
2. Peloponnes urısının birinshi dáwiri.
3. Nikiy pitimi, Siciliya ekspedisiyasınıń jeniliske erisiwi.
4. Dekeleya urısı, Spartalıqlar jeńisi .

**Tayanısh sózler**: Greciya, Peloponnes urısı, Fukidid, tariyx, Ksenofont, Greciya tariyxı, Diodor, tariyxıy kitapxana shıgarmaları, Plutarx, Aristofan, 1-Afina teńiz awqamı, Peloponnes awqamı, Megara, Korinf, Agros, Tirinif, Sparta, Epidami koloniyası, Kerkira, Siciliya, Lesbos atawı, Mitilena, Beotiya, Attika, Nikiy pitimi, Aikviad, Nikiy, Lamax, Kritiy, Feramen, Frasibul.

Greciya qala-mámleketleriniń arasında b.e.sh. 431-404-jıllarda bolıp ótken urıslardı Peloponnes urısları dep,[11] atalıwın Fukididtiń „Tariyxı“, Ksenofonttıń „Greciya tariyxı“, Diodordıń „Tariyxıy kitapxana“ shıǵarmalarınan, Plutarx hám Aristofan maǵlıwmataları arqalı bilip alıw múmkin.

The most famous conflict was the Peloponnesian War (431–404 BCE) between Athens and Sparta.

Urıslar áyyemgi Greciya qulshılıq jámiyetinde ishki qarsılıqlar hám onıń keskinlesiwi nátiyjesinde kelip shıqqan bolıp, bul qarsılıqlarǵa wálayatlardıń hár túrli dárejede rawajlanıwı tiykar bolǵan.

Greciyada 1-Afina teńiz awqamı menen bir qatarda Peloponnes awqamı da bar edi. Ol b.e.sh. VI ásirdiń ekinshi yarımında dúzilgen bolıp, oǵan Megara, Korinf, Agros, Tirinf sıyaqlı qala-mámleketler aǵza edi. Bul awqamǵa Sparta basshılıq etken. Ótmishte 1-Afina awqamı menen Peloponnes awqamınıń ortasında pitim shártnaması da dúzilgen. Pitim shártnamalarında awqamlaslardıń bir-birine urıs ashpastan, tınısh-tatıw jasawları belgilep qoyılǵan edi.

Biraq keyingi waqıyalar 1-Afina awqamı menen Peloponnes awqamınıń ortasında bir qatar qarsılıqlar hám kelispewshiliklerdi keltirip shıǵarǵan. Bul qarsılıqlardıń túp-tiykarında anaw yaki mınaw awqamnıń pútkil Greciyada húkimdarlıqtı qolǵa kiritiw máselesi jatatuǵın edi. Bul másele uristı keltirip shıǵaratuǵın bas faktor edi. Urıstıń baslanıwın tezlestirgen birinshi konflikt, báne áyyemgi grek dúnyasınıń batıs shetindegi Epidami koloniyası hám Kerkira atawında júz bergen edi. Bul orınlar Greciyadan Batıs Italiya hám Siciliya atawına baratuǵın teńiz jollarındaǵı eki áhmiyetli bándirgi edi. Usı eki orındaǵı konflkt sebepli Peloponnes awqamına aǵza bolǵan Korinif penen Afina ortasında kelispewshilik kelip shıqqan. Urısti tezlestiriwge sebep bolǵan ekinshi bir báne Xalxidika yarım atawındaǵı Korinf koloniyası Potideyada da júz bergen. Bul jerde de 1-Afina awqamı menen Korinf ortasında jánjel shıqqan. Megara qala-mámleketi Korinfti jaqlaǵan. Megara hám Korinf Peloponnes awqamınıń baslıǵı Spartanı Afinaǵa qarsı urısqa iytermelegen. Bunnan keyin úshinshi jánjel de júz bergen. Afina xalıq jıyını –Afina awqamı aǵzalarınıń Afinaǵa qaraslı barlıq buxtalarda Megaranıń sawda-satıq kemelerin toqtatıwı qadaǵan etilgen. Solay etip Afina menen Megara ortasında keskinlik kúsheygen. Endi uris’tıń baslanıwı sózsiz edi.

B.e.sh. 431-jılı Korinf hám Megaranıń iytermelewi menen Sparta Afinaǵa qarsı urıs háreketlerin baslap jibergen. Urısqa Sparta patshası Arxidam II basshılıq etken. Sonıń ushın da bul urıs Arxidam urısı dep te ataladı. Bul Pelopennes urısınıń birinshi basqıshı bolıp, urıs b.e.sh. 431-jıldan 421-jılǵa shekem sozılǵan.

---

[11] Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.194.

431-jılı Sparta áskerleri Attikaǵa bastırıp kelgen hám diyqan xojalıqların qıyratqan, diyqanlardı talaǵan. Nátiyjede olardıń ózleri azıq-awqat máselesinde awır ahwalǵa túsip qalǵan. Afinalılardı qattı sawashqa tarta almaǵan spartalılar Peloponneske qaytıwǵa májbúr bolǵan. B.e.sh. 430-jılı spartalılar Attikaǵa jáne hújim jasaǵan. Sol jılı Afinada oba tarqalıp kóp adam qırılıp' ketken. Urısta hár eki tárep te sezilerli jeńiske erise almaǵan. Xalıq hám kópshilik diyqanlar Afinanın basına túsken apatlardıń ayıpkeri Perikl dep esaplaǵan. Xalıq jıyını b.e.sh. 430-jılı onı hákimiyattan shetlestirgen. Biraq bir jıldan keyin onı aldap, qaytadan birinshi strateg etip saylaǵan. Qartayıp qalǵan Perikl kóp ótpey juqpalı kesellikten qaytıs bolǵan. Onıń óliminen keyin hákimiyattıń basına Kleon saylanǵan. Sol dáwirde 1-Afina awqamınıń aǵzalarınıń ortasında Afinaǵa qarsı toparlardıń háreketi kúsheygen. Bul toparlar Sparta járdem berip turǵan.

B.e.sh. 429-jıldı esapqa almaǵanda spartalılar hár jılı Attikaǵa hújim etip turǵan. Olar baǵ-baqshalardı, júzimzarlardı hám basqa egin maydanların kesip, qırqıp, qıyratqan.

B.e.sh. 428-jılı Lesbos atawındaǵı Mitilena qalası Afinaǵa qarsı qozǵalań kótergen. Afinalılar Mitilenadaǵı qozǵalańdı ayawsız túrde bastırgan. Sonıń menen bir waqıtta 100 triyerden ibarat Afinanıń kemeleri Peloponnes jaǵalarına jiberilgen. Olar Spartadan Lesbosqa járdem beriw uhsın jiberiliwi múmkin bolǵan áskeriy kemelerdiń jolların bekitip turıwılari kerek edi. Spartalılardıń Beotiya, Attika hám basqa jerlerde alıp barǵan sawashları jaqsı nátiyje bermegen.

B.e.sh. 421-jılı Afina menen Sparta ortasında 50 jılǵa mólsherlengen pitim dúzilgen. Pitimniń shártlerine muwapıq táreplerdiń áskerleri basıp alǵan jerlerin bir waqıtta bosatıp shıǵıp ketiwleri tiyis edi. Eger Spartalılarǵa ilotlar qozǵalań kóterse, afinalılar spartalılarǵa járdem beriwi kerek edi. Biraq pitimniń shártleri tolıq orınlanbaǵan. Afinalılar Meseniya polisinde, al spartalılar bolsa Frakiyadaǵı Amfipolda qalǵan. Spartanıń awqamlasları Korinf, Megara hám Fiva Nikiy pitimin tán almaǵan. Niliy pitimi menen Peloponnes urısınıń birinshi basqıshı tamamlanǵan.

**B.e.sh. 415-404-jıllar Peloponnes urısınıń ekinshi basqıshı bolıp esaplanadı.** Urıstıń bul basqıshında afinalılar Siciliyada jeńiske erisken, bul Spartanı je'niliske alıp keliwi hám Afinanı úllı Greciyanıń jetekshisi etip qoyıwı múmkin edi.

B.e.sh. 415-jılı afinalılar 260 qa jaqın áskeriy hám júk kemelerin, 32 mıń adamnan ibarat armiyasın Siciliyaǵa jiberiwge tayarlap qoyǵan. Afina flotı Alkiad, Nikiy hám Lamaxlardıń basshılıǵında Siciliyaǵa jónep ketken.

Afina áskerleri basshılarınan biri Alkiad satqınlıq etip, spartalılardıń tárepine qashıp ótken. Ol spartalılarǵa afinalılardıń barlıq sırların ashıp berip, Attikaǵa turaqlı áskerlerdi jiberip, onı qıyratiw kerek degen usınısti beredi. Alkiad qashqannan keyin Afina flotına Nikiy, Demos hám Lamaxlar basshılıq etken. Nikiy urısınıń toqtawına úmit etip, urıs hárektlerin úziliske túsirgen. Bunıń menen siciliyalılarǵa qorǵanıwǵa tayarlıq kóriw ushın úlken imkaniyat jaratıp bergen. Sonıń menen bir waqıtta Siciliyadaǵı grekler de afinalılarǵa dushpalıq qatnasta bolǵan.

B.e.sh. 404-jılı ashlıqtan mádarı qalmaǵan afinalılar spartalılarǵa baǵınǵan. Afinanı Sparta áskerleri iyelegen, onıń Pirey menen baylanis'qan diywalları qulatılǵan. Afinanıń arxesi tarqatıp jiberlgen, ol Spartaǵa ǵárezli mámleketke aylandırılǵan. Oligarxlar Kritiy hám Feramen basshılıǵındaǵı otızlardıń tiraniyasın dúzip, hákimiyattı óz qolına alǵan. Kritiy hám basqalar ózlerine jaqpaǵan adamlardı jazalap, quwǵınǵa jibergen, xalıqtı talaǵan. Feramen buǵan narazılıq bildirgeninde onı óltirgen.

Burınǵı demokrat Frasibul Beotiyaǵa qashıp jasırınadı. Ol afinalı qashqınlardan otryad dúzip, shegaradaǵı Filanı iyelegen. Flasibul Pireyge jaqınlasqan sayın, onıń tárepdarları kóbeyip baradı. Birneshe sawashlardan soń oligaxrlar hám spartalılar jeńiliske ushıraǵan. Kritiy de óltirilgen.

B.e.sh. 403-jılıAfinada demokratiya qaytadan tiklenedi. Biraq Afina Peloponnes awqamına aǵza bolıp qalǵan. Solay etip, toqtap-toqtap 27 jıl dawam etken Peloponnes urısı Spartanıń jeńisi menen tamamlanǵan. Bul urıs pútkil grek álemine, sonıń ishinde Afinanıń ekonomikalıq, siyasiy, mádeniy turm'sına hám áskeriy qúdiretine júd'a úlken unamsız tásir kórsetken. Bul hal Gresiyanıń pútkilley hálsirewine alıp kelgen.

Peloponnes urısı b.e.sh. V ásirde-aq júzege kele baslaǵan processti tezlestirip, xojalıqtıń tarmaqlarında islep atırǵan qullardıń sanınıń kóbeyiwine alıp keldi. Olardıń miynetinen paydalanıw ónermentler, júk tasıwshılar hám batraklardıń áwladına apatshılıq keltirip, olardı kámbaǵallastırıp, óziniń turaqlı isinen ayırǵan. Óndirislik islerge qullardıń isi dep qaraw mine usı dáwirde en jaydı, bunıń nátiyjesinde bolsa hadal miynet etip pul tabıwǵa degen háreket páseńledi.

### Bekkemlew ushın sorawlar

1. Afina hám Spartanıń rawajlanıwındaǵı ulıwma hám jeke belgiler nelerden ibarat?
2. Eki mámlekettiń arasındaǵı kelispewshiliklerdiń sebebi nelerden ibarat?
3. Peloponnes urısı waqtında xalıqaralıq ahwal qanday edi?
4. Pelopennes urısında Iran Ahamaniyleriniń mámleketi qanday rol oynadı?
5. Ne ushın hámme mámleketlerde de bir dinli hám bir tilli xalıqlardıń urısları uzaq dawam etedi?
6. Alkiadtıń iskerligine qanday baha beresiz?
8. Urıstıń juwmaqları hám onnan keyingi xalıqaralıq wazıypanı bayan etip beriń?

## Lekciya №7
## Tema: Aleksandr Makedonskiy saltanatı

### Joba:

1. Makedoniyaniń rawajlaniwi. Greciyada makedon húkimranliǵiniń ornatiliwi
2. Iskanderdin shiǵisqa júrisleri
3. Iskender mámleketiniń bolshekleniwi.

**Tayanısh sózler:** Filipp II, Greciya, Fessaliya, Afina, Fiva, Korinf, Megara, Demosfen, Makedoniya, Xeroniya, Iran, Gelleopond qoltıǵı, Granik dáryası, Dara III, Milettars, Siriya, Iss, Kilikiya, Bess, Soǵdiuana, Navtaka, Marokand, Kiropol, Hindikush, Sind oazisi, Panjab, Gidasp, Vavilon.

**1. Makedoniyanin rawajlaniwi. Greciyada makedon húkimranliǵiniń órnatiliwi.** Makedoniya Balkan yarım atawınıń arqa tárepindegi áyyemgi úlkelerdiń biri. Ol geografiyalıq jaqtan qolaylı orınǵa iye bolıp, tawlıq hám tegislik bólimlerge bólinedi.

B.e.sh. VI asir aqırı - V asir baslarida Makedoniyada dáslepki tabaqalanishi hám erte mámleket qarar tapqan. Grestiya-Iran urislari dáwirinde Makedoniya patshalari Iran tásirine wtib qolgan edi. Eronliklar Yunonistondan quvilgach, Makedoniya 1-Afina ittifoqi safiga kiradi. Makedoniya Aleksandr va uning vorisi Arxelay davrida birmuncha mustahkamlanadi. U dengiz bwyidagi yangi poytaxt - Pellaga asos solgan. Arxelay Xalkidika yarim oroli va Fessaliyaning bázi joylarini Makedoniyaga qwshib olgan. Arxelay wldirilgach, vorislari uning ishini davom ettirgan. Bu sohada Filipp II ning xizmatlari kattadir. U Makedoniyani kuchli davlatga aylantirishga harakat qilgan.

Makedoniya grek qala mámleketlerine kóre tómen edi. Ol teńizge shiǵatuǵin jolǵa iye emes edi, sol sebepli teńiz sawdasi ham koloniyalar payda etiwge qatnasa almadi. Makedoniya diyxanshiliq mamleket edi.

Peloponnes urislarinan keyin Makedoniya grek sivilizatsiyasin tez ózlestire basladi. Ásirese grek áskeriy sańati ham áskeriy texnikasi jaqsi ózlestirildi.

Makedon patshasi Filipp II (b.e.sh. 359-336-jillar) áskeriy reforma ótkerip makedon ***falangasin*** dúzdi. Awir qurallanǵan piyadalar ***(goplitlar)*** 16-29 qatar saplanatugin askerler 5 metrge shekem uzunliqtaǵi ***sarissa (nayza)*** menen qurqllanip, arqa saptaǵilar sarissalarin aldingi qatardagilar jelkesine qoyar edi. Awir qurallangan askerler úlken qalqanlar menen qorǵanip sarissalardi tikendey shiǵarip qorqinishli kushti payda eter edi. Makedon armiyasinin maqtanishi aqsúyeklerden duzilgen awir quralli ***suvoriy getaryler ("patshani doslari")*** edi. Bunnan tisqari túrli qamal qurallari bolǵan injener bolimleri bar edi.

B.e.sh. IV ásir ortalarinda Makedoniya kúshli armiya menen Epir ham Frakiyani iyeledi. sol waqittan ol grek mámleketleriniń islerine aralasa basladi. B.e.sh. 355-jilda Makedoniya Fiva ham Fokida ortasindagi urisqa aralasip, Fokidani jeńip shiqti. Nátiyjede Makedoniya uliwma arqa Greciyaga iyelik etdi. Tez arada Fessaliya Xaldika yarim atawiniń bir bólimi, Frakiyanin qubla boyilari, Bosforǵa shekem Makedoniyaǵa qarasli boldi. Makedoniya endi teńiz mámleketine aylandi, greklerdiń Qara teńizge shiqiw joli Makedoniya qólina ótti.

Grek mámleketlarinen tek Afina Filipp II ge qarsi tura aliwi mumkin edi. Biraq Afinada *makedon* ham *antimakedon partiyasi* bar edi. *Makedon partiyasi* grekler Filipp II bashshiliginda Iranǵa qarsi juris qilip úlken olja aliw mumkin, grekler ishindegi óz ara kelispewshiliklerge shek qóyiladi dep esaplar edi. *Demosfen basshiliǵinda Antimakedon partiyasi* Makedoniya menen awqam grek mámleketleriniń azatliǵin joǵaltiwǵa, qaramliqǵa, demokatiyani joǵaltiwǵa alip keledi dep esapladi. Demosfen Afina, Fiva, Korinf ham basqa grek qalalari birlesken kúshli antimakedon toparin duzdi.

B.e.sh. 337-jil avgust ayinda Beotiyada (Xiraneya) sheshiwshi sawash boldi. Makedon armiyalari greklerdi jeńdi. Sonnan keyin b.e.sh. 337-jilda Filipp II *Korinf qalasinda uliwmagrek kongressin* shaqirdi. Kongressda ahmietli qararlar qabillandi. Grek qalalarinin awqami duzildi, óz ara urislar sheklendi, grek mámleketleri makedon patshasi menen máńgilik qorganiw hám hújim awqamin dúzdi, Iran menen uris baslawǵa qarar etildi. Sparta bul kongressge qatnaspadi.

**2. Iskanderdin shiǵisqa júrisleri.** Filipp II Iran menen urisqa kushli tayarliq kóre basladi, biraq Shiǵisqa juriw ideyasin amelge asiriw Filipp II ge nesip etpedi. Bul ideyani oniń uli Iskender amelge asirdi. Iskender taxt miyrasxori ham aqsúyek shańaraqtiń perzentine múnásip bolǵan tálim-tarbiyani aldi. Sol dáwirde ele ataqli bólmagan filosof Aristotel (Arastu) oniń óqituwshi ham tarbiyashilarinan biri boldi. Filipp II ulin mámleket basqariw islerine áste-aqirin tarta basladi. Iskender b.e.sh. 340-jilda arqa Greciya tawli aymaqlarindaǵi qáwimlerden biriniń kóterilisin bastirip birinshi márte ózin kúshli sárkarda ekenligin kórsetdi.

B.e.sh. 336-jil jazinda Filipp II qiziniń tóyinda óz qoriqshisi tárepinen óltirildi. 20 jasli Iskender patsha boldi. Filipp II niń óliminen paydalanǵan grek qalalari Fiva qalasi basshiliǵinda Makedoniyaǵa qarsi kóterilis kóterdi. Greklar ushin kútilmegen jaǵdayda Iskender bul kóterilisti jawizlarsha bastirdi. Fiva qalasi buzip taslandi, oniń tiri qalǵan xalqi qul etip satip jiberildi.

Eki jildan keyin b.e.sh. 334-jilda puxta tayarliqtan keyin grek qalalari piyadalari menen kusheytirilgen makedon armiyalari Gellespont buǵazinan ótip Aziya aymaǵina kirdi. Uris jariya qiliw ushin bane bolip, b.e.sh. V ásir ortalarinda grek-parsi urislari dáwirinde grek ibadatxanalariniń parsilar tarepinen ayaq-asti qiliniwi boldi. Bul urannan Iskender grek-makedon kushlerin birlestiriwde paydalandi.

Parsilar menen birinshi uris Kishi Aziyadagi Granik daryasi boyinda boldi. Bul urista grek-makedonlar Irannin Kishi Aziya satraplari ham grek jallanba askerleri armiyalari menen

uris qildi. Iran patshasi Doro III ham onıń turaqli armiya granik urisinda qatnaspadi. Bul uristan keyin Iskender Kishi Aziya qirǵaǵindagi grek qalalarin parsilardan azat qildi, Kishi Aziyaning úlken bólimin boysindirdi, Sard ham Gordiy qalalarin jeńdi.

Kishi Aziyani basip oliwdi tamamlap, Iskender Kilikiya arqali arqa Suriyaga otti. B.e.sh. 333-jil guzinde Issa qalasi qasinda grek-makedonlar Doro III armiyalari menen toqnasti. Har eki tarep ushin bul uris awir bolip, úlken qurbanliqlar berildi. Parsi armiyalari san tárepten grek-makedonlarga kóre kóp edi. Iskender juda úlken qiyinshiliq penen jenis qildi. Doro III zorǵa qaship qutildi. Bul uris Suriya ham Falastin jaǵasin basip aliw ushin jol ashti.

Damashq qalasinda Doro IIItiń ǵaziynesi basip alindi, bul Iskender armiyalarinin ekaatika táminatin jaqsiladi. Tir ham G'azo qalalari bosqinshilarga qatti qarsiliq kórsetati. G'azoni basip aliniwi grek-makedonlarga Misrga jol ashti. Doro III jardeminen ayirilgan parsi satrapi jeniwshilerge taslim boldi. Misrliqlar Iskenderdi parsi zulminan azat etiwshi sipatinda kutip aldi.

Orta jer teńizi jaǵasinda Nil daryasinda b.e.sh. 331-jilda Iskenderiya qalasina tiykar salindi. Bul qala Misrda jana hakimyattin orayi, ahmietli sawda porti bolip xizmet qildi. Misr aymagina bul qalaga tiykar saliniwi Shiǵista qalalar quriliwi siyasatin baslaniwi edi. Iskender Memfis qalasinda taj kiydi ham bul menen Misrda óz hakimyati nizamligin korsetildi.

B.e.sh. 331-jil baharinen Shiǵisqa jurisinin ekinshi basqishi baslandi. Dajla daryasinan uzaq bolmagan Gavgamela awili jaqininda Iskender 1-oktyabr kuni parsi armiyasi menen sheshiwshi uris boldi. Bul awir urista Iskender jenip shiqip, oniń qarsilasi Doro III uris maydanin taslap Midiyaga shegindi. Iskender armiyalari hesh qanday qarsiliqsiz jadellik penen uliwma Mesopotamiyani basip ótip, Suza qalasi ham axmoniylar mámleketinin orayliq aymaqlarina kirip bardi. Bobil ham bay Suza qalasi Iranniń muqaddes orayi Persepol urissiz basip alindi. Suzada basqinshilar Iran mámleketi ǵaziynesin basip aldi, b.e.sh. 330-jil Persepol sarayin jandiriw menen Iskender parsi mámleketi ustinen jeńisin belgiledi. Bul waqitta Baqtriya satrapligina shegingen Doro III óz jaqinlari tarepinen óltirildi.

Arrianniń máǵlıwmatı boyınsha Doro III tiń qo'l astında 40 mıń atliq, bir million piyada hám 200 sawash arbasi bar edi[12].

The total number of men in the army of Darius was reported to be 40,000 cavalry, 1,000,000 infantry, 200scythed chariots.

Iskender parsilardi ózleri iyelep turgan joqari lawazimlarda qaldirdi, bul makedon armiyasinda naraziliq tuwdirdi. Doro IIItiń ólimi uristi tamamlaniwin bildirer edi. Girkaniyaniń orayi Gekatompl qalasinda awqamshi grek polislarinin armiyalari rasmiy tarqatildi. Soniń menen birge greklerge Iskenderdi jallanba askerleri sipatinda juriwin dawam ettiriw mirat qilindi. Iskender ózin parsi patshalarinin nizamiy miyrasxori sipatinda uristi dawam ettiriwge hareket qildi. Iskender qiyinshiliq penen juriwin dawam ettiriwin qalemegen armiya qarsiligin jeńip, jane aldiga ilgerledi. Parfiya basqinshilarga hesh qanday qarsiliq kórsetpey, satrapti óz abrayin saqlap qaldi.

Iskender b.e.sh. 329-jilda Amudaryadan ótip Órta Aziyaga kirdi, bul jerde ol jergilikli xaliqinin qatti qarsiligina ushradi. Spitamen bashshiliginda sak massagetlar ush jil dawaminda Iskender armiyalarina qarsi turdi. Ilajsiz qalgan Iskender jergilikli aqsúyeklerdi sawǵa-salem menen ózi tarepine awdarip aliwga urindi, ol Sóǵd hakimi Oksiartti qizi Raksanaga uylendi. Rawayatlarga qaraganda Iskender Órta Aziyada óz tayansh noqati sipatinda 12 qala quradi. Tariyxta málim bolǵani hazirgi X'ojend qalasi jaqininda Iskenderiya Esxota (Uzaqtagi Iskenderiya) qalasi, Afganistanda Hirat qalasi jaqininda Iskenderiya Ariya qalasi.

B.e.sh. 327-jilda Iskender Hindukush tawlari arqali Hindistanga ótti. arqa Hindistandagi Gidas daryasi bóyinda Iskender armiyalari Panjap hukimdari Por armiyalari menen tóqnasip, ózinin aqirǵi jeńisine eristi (B.e.sh. 326-jil).

---

[12]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.209.

Tósattan Iskenderdin armiyasi juriwin dawam ettiriwdi qalemey bóysinbay qoydi. Eki kunlik soylesiwlerden keyin Iskender jan beriwge majbur boldi. Watanga qaytiw haqqinda buyriq berildi. Iskender armiyalarin qaytiwi eki jilga sozildi, bir bolim armiya teńiz arqali, bir bólimi qurǵaqliq joli menen qaytti. Armiyanin har eki bólimi b.e.sh. 324-jil Bobilda ushrasti.

Juriwdin tamamlanatugin basqishinda Suza qalasinda Iskender makedon ham parsilarin soylesiwge keltiriw belgisi sipatinda ózinin 10 miń askerlerin jergilikli qizlar menen neke toyin úlken etip ótkizdi. Óz armiyasi quramina 30 min parsi jigitlerin qabil qildi. Ol basip alingan aymaqlarda onlap koloniya ham áskeriy qórǵanlardi óz hakimyatin tayansh noqati sipatinda payda qildi.

Makedoniyani áyyemgi paytaxti Pellaga qaytiwdi qalemegen Iskender óz mámleketinin paytaxti qilip áyyemgi qala Bobildi tanladi. Ol Kaspiy teńizin úyreniw ushin tekseriwshi ekspeditsiya duzdi, Arabistan yarim atawi qirǵaqlarin tekseriwge buyriq berdi.

Iskender júrisleri nátiyjesinde batisda Adriatika teńizinen Shiǵisqa Hindistanga shekem, Arqada Kavkaz tawlarinan qublada Nil daryasi orta aǵimina shekem sozilǵan aymaqti qamrap alǵan ulken mámleket juzege keldi. Bul mámleket aymaq-etnik, sotsiyal-ekaatikaliq munasebetleri menen awelgi ahamaniyler mámleketin esleter edi. Iskender ózinin ulken mámleketin uzaq basqara almadi. Ol b.e.sh. 323-jilda 32 jasda Bobil qalasinda óldi. Iskenderdin óliminen keyin oniń ulken mámleketi bolsheklene basladi. Aqir-aqibette ol basip algan aymaqlarda Ellin mámleketleri dúzimi qáliplesti.

**3. Iskender mámleketiniń bolshekleniwi. Diadoxlar urisi.** Iskender ózinin miyrasxorin rasmiy tárepten tayinlawga ulgermedi, bul oniń lashkerbasilari órtasinda Iskender merasi ushin uzaq gúreske alip keldi. Bul gúres bir neshe on jillarga sozilip, júda kóp qan tógiliwlerge alip keldi.

Iskenderdiń ólimi waqtinda makedon taxtina nizamiy dawegerler joq edi: Iskenderdiń qatini sóǵd malikasi Raksana ele hamiledar edi. Pergamda Iskenderge tutqinga tusken parsi satrapi Artabazdin qizi Barsinadan 4 jasli nizamsiz uli Gerakl qalgan edi. Taxtqa Filipp II nin nizamsiz uli aqli kem Arridey ham dawa qiliwi mumkin edi. Makedoniyada Iskenderdiń jaqinlari Raksana eger ul tuwsa oni patsha dep jariya qiliw, oniń gódekligi dáwirinde hakimyatti tajribeli sarkarda Perdikka bashshiligindagi mámleket keńesine tapsiriw kerak dep esapladi. Áskeriy basliqlar ham saray ameldariniń basqa bir topar Arridey namzadin jaqlap shiqti. Abirayli laskerbasi Nearx makedon taxtina birden-bir daweger Gerakl boliwi mumkin dep esapladi. Iskenderdin teńlesi, laskerbasi Ptolemey basshiligindagi jane bir topar patshani saylaw kerak emes, Iskenderdi ullarinin analari Shiǵis hayelleri, oniń tutqinlari, aqibette bunday dawegerlardi taxtqa shiqariw hamme waqit nizamsiz boladi dep esapladi.

Taxt miyrasxori haqqindagi soylesiwleri nátiyjesinde Perdikka regentligi menen Filipp II nin nizamsiz uli Arrideydi patsha dep jariya qiliw menen tamamladi. Tap sol waqitta Raksana ul tuwdi ham oǵan Iskender dep at qóyildi. Makedon taxtina birden Arridey Filipp III ati menen Raksananin uli Aleksandr IV ati menen patsha dep jariya qilindi. Aziyadagi armiyalar basshiligin ózine alǵan Perdikka jane regent etip tayinlandi, sonday qilip ol Iskender mámleketinin ameldegi hakimine aylandi.

Iskenderdin óliminen keyin amelde jeke mámlekettin joqari hakimi bolǵan Perdikka Bobilda makedon patshasinin eń jaqinlari órtasinda satrapliqlardi bolistirgen edi. Greciya ham Makedoniya Antipatrga, Frakiya Lisimaxga, Misr-Pitolomeyga, Kappadokiya ham Paflagoniya-Yevmeńa, Gellesfont Frigiyasi-Leonardga, Ulli Frigiya- Antigonga, Suriya-Laomedontga, Midiya-Pifonǵa berildi. Barliq jańa saylangan hakimler óz armiyalari menen óz mulklerine jónep ketti. Iskenderdin sadiq teńlesleri (diadoxlar) Iskender miyrasi ushin qanli gúresti basladi.

Iskender óliminen keyin eki jil dawaminda Greciya makedon zuliminan azat boliwga urindi. Antipatr grek armiyalarin jeńip bul jerga makedon garnizonlarin jaylastirdi. B.e.sh. 321-jilda Misrda órnalasip alǵan ham Perdikkaniń regentligin tan almagan Ptolemeyga qarsi juriwde

Perdikqa oldi. Endilikte mámleketke regenti qilip Greciya ham Makedoniyanin hakimi kekse Antipatr saylandi. Oniń buyruǵi menen patsha Shanaraǵi Makedoniyaga kóshirildi.

Antipatr tapsiriǵi menen b.e.sh. 321-jilda satrapliqlar bolimin qayta bolistirdi. Nátiyjede keleshektegi eń iri Aziya mámleketinin tiykarshisi Salauk Bobildi óz qólina aldi. Sonnan eki jil keyin b.e.sh. 319-jilda Antipatr oldi. Ol regentlikke miyrasxor qilip, kekse ham tajriybeli áskeriy basliq Poliperxontti tayinlawga ulgergen edi.

Biraq bul Iskenderdin sadiq jaqinlari jas ǵayratli lashkerbasilardi qanaatlandirmadi. Antipatrdin bul qararinan uli Kassandr narazi bolip, Poliperxonttan bul lawazimdi tartip aliw ushin Shiǵistagi satraplar Lisimax, Antigon ham Ptolemey menen awqam duzdi. B.e.sh. 316-jilda Poliperxont regentlikten shetlestirildi, Kassandr uliwma Greciyani iyelep aldi. Biraq Antigon ham Iskenderdin sadiq katibi Yevmen Kassandrdi kusheyip ketiwinen narazi boldi. Iskender mámleketin tinishligin saqlap qaliwga uringan separat keypiyatlarga qarsi natijasiz gúresken birden-bir kisi Yevmen edi. Ol makedon patseleginin "Nizamiy" patshalari atinan háreket qilgan, qatar sebeplerge qaraganda hesh qanday aymaq ham armiyaga iye bólmagan birden-bir diadox edi. Biraq oniń qólinda Iskender sadiq mámleketinin turli qalalarinda basip alingan úlken muǵdardagi qarjilar bar edi. Yevmen ane soniń qarjilar esabina úlken jollanba armiya tóplap Bobil ham Irandi basip aliwga urindi. Bul qawipke qarsi Antigon Bobil ham Midiya satraplari Pifon ham Salavka menen awqam duzdi ham Yevmenǵa qarsi juris qildi. B.e.sh. 316-jilda Gabiyn qasinda (Midiya ham Iran shegerasi) Yevmen menen Antigon ortasinda sheshiwshi uris boldi. Yevmennin jallanba armiyalarinin qiyanetligi uristi Antigon paydasina sheshti. Yevmen qólga alinip óltirildi.

B.e.sh. 317-jilda Iskenderdin anasi Olimpiada hakimyatti Raksananin ulina qaldiriw ushin Filipp Arridey ham oniń qatini Evridikani óltiriwge buyriq berdi. Sonnan keyin oniń ózi Kassandr tarepinen oltiriledi, Raksana ham Iskender IV Kassandrdi qolinda bir neshshe jil uslap turilip óltiriledi (b.e.sh. 311-jil yaki 310-jil). Júzege kelgen bul jagday diadoxlardi óz aymaqlarinda óz patselek hakimyatlarin órnatiwga uriniwlari ushin hesh qanday rasmiy tosiq qalmaganin bildirer edi.

Diadoxlar ortasindagi urislar uzaq dawam etip, Greciya, Misr, Kishi Aziya ham Mesopotamiya tiykargi uris maydanlarina aylandi. B.e.sh. 306-jilda Antigonnin uli Demetriy Poliorket ("qalalardi qamal qiluwshi") makedon garnizonlarin Greciyadan quwip jiberdi, Afina ham Miyerada erkinlik ham demokratiya jariya qilindi. B.e.sh. 306-jilda Antigon, keyinrek Ptolemey, Lisimax, Salauk ham Kassandr ózlerin patsha dep jariya qildi.

B.e.sh. 301-jilda Antigon, 297-jilda Kassandr, 285-jilda Demetriy Poliorket, 281-jilda Lisimax, 283-jilda Ptolemey Lag, 281-jilda Salauk óldi. Iskenderdiń teńlesleri ham miyrasxórlarinan keyin diadox bolǵan Salauktiń ólimi menen diadoxlar dáwiri tamamladi. Olardiń ornina Ellin patshalari (Epigonlar) awladi keldi.

Iskender óliminen keyin, oniń eń jaqinlari diadoxlar órtasindagi 40 jillik uris nátiyjesinde Iskender mámleketi qaldiqlarinda 3 tiykarǵi eń iri patselekler Makedoniya (oǵan bóysindirilgan Greciya) Misr (Suriyanin qubla bólimi ham Kishi Aziyanin ayirim wálayatlari) ham Salavkiyler mámleketi (Aziya mulklerinin tiykarǵi bólimi) dúzildi. Olardan tisqari ellin dáwirinde bir qansha úlken-kishi mámleketler birlespeleri Pergam, Vifiniya, Pont. Kappadokiya, Grek-Baqtriya ham Parfiya patselekleri bar edi.

Aleksandrdıń qisqa muddetli hukmranlıǵınan keyin keminde bes ásir dawamında grek madeniyatı batıstaǵı Rimnen shıǵıstaǵı Gangaǵa shekem pútkil jo'l bo'ylab sáwlelenedi[13].

For at least five centuriesafter Alexander's short-lived rule, Hellenistic culture reverberatedfrom Rome in the west all the way to the Ganges inthe east.

## Bekkemlew ushın sorawlar

[13]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.204.

1. Makedoniya mámleketiniń grek dúnyasında gegemon mámleketke aylanıwınıń ob`ektiv sebepleri nelerde kórinedi?

2. Filipp II niń ishki hám sırtqı siyasatın bayanlap beriń?

3. Iskenderdiń oraylasqan mámleket dúziw ushın alıp barǵan basqınshılıq atlanısları hám onıń nátiyjesi qanday boldı?

4. Iss sawashı qanday juwmaqlandı?

5. Xeroneya sawashı hám onıń xalıqaralıq áhmiyeti neden ibarat?

## Lekciya №8
## Tema: Ellinistik mámleketler hám olardiń mádeniyati.

**Joba:**

1. Ellin mámleketleri
2. Ellin Misri.
3. Salavkaiyler mámleketi..
4. Makedoniya.
5. Pergam. Attalidlar mámleketi.
6. Materik Greciya hám atawlar.

**1. Ellin mámleketleri.** Makedoniyaliq Iskenderdiń Shiǵisqa júrisleri waqtinan baslap, Ortajer teńiziniń úlken bólimi Misr, Adam hám Aldinǵi Aziya, oniń átirapindaǵi aymaqlar, Orta Aziyaniń qubla hám orayliq Aziyaniń bir bólimi, Hind daryasiniń tómengi aǵimina deyin atawdiń tariyxiy rawajlaniwin jańa Ellin dáwiri baslandi. “Ellin” túsinigi tariyx paninde birinshi márte XIX ásirdiń birinshi yarminda nemis alimi I. Droyzen tarepinen kiritildi. Droyzen bul túsinikti makedoniyaliq Iskenderdiń basqinshiliq jurislerinen keyingi úlken tariyxiy dáwirge qaraganda qollandi hám oniń mazmunin mádeniy taraw menen shekledi.

XX ásirdiń 50-jillar baslarinan kópshilik tariyxshilar Ellinizm dáwirin siyasiy-ekonomikalaiq, mádeniy-ruwxiy tarawlarda Ellin (batis) va jergilikli (shiǵis) ómiriniń sintezi dep qabil qildi. Bul sintez áyyemgi Shiǵistiń kóp ǵana aymaqlarin grek-makedon basqinlari áqibetinde aniq tariyxiy jaǵdayda ámelge asti.

Aleksandr óliminen soń ol dúzgen mámleket 3 bólimge (Salavkiyler mámleketi, Makedoniya - Antogonidlar dinastiyası, Misr - Ptolomeyler mámleketi) bwlinib áyne sol aymaqlarda ellinistik mádeniyatlar tarqalǵanliǵı, ellinistik dúńya deyilgende de áyne sol geografiyalıq obektlerdiń túsiniliwi dereklerde kórsetilip ótiledi[14].

Three large territorialstates stood out in the new Hellenistic orld: the SeleucidEmpire (the dynasty established by Seleucus), stretchingfrom Syria to present-day Afghanistan; Macedonia, ruled bythe Antigonids (the dynasty established by Antigonus); andEgypt, ruled by the Ptolemies (the dynasty established byPtolemy).

Ellin dáwiriniń úsh júzlik xronologik dáwiri úsh dúzimli izshil basqishqa bólinedi. Birinshi basqish Iskenderdiń Shiǵisqa júrisleri, oniń sheksiz mámleketiniń payda boliwi hám diadoxlar urislari nátiyjesinde bul mámlekettiń jemiriliwi (b.e.sh. 334-281-jillar)di óz ishine aladi.

Ekinshi basqish (b.e.sh. 280- b.e.sh. II ásir ortalari)-grek-shiǵis mámleketshiligi, ekonomika hám mádeniyattiń gúllep-jasnaw dáwiri, Ellin dáwirin jetiskenlik basqishi.

U’shinshi basqish b.e.sh. II ásir ortalarinan ellin mámleketshiligin aqir-aqibette jemiriliwge alip kelgen túskúnlik belgilerin aniq kóriniwi, keyini Ellin mámleketi ptolemeyler Misriniń b.e.sh. 30-jilda daǵdarisqa ushrawi hám oniń Rim mámleketi quramina qosip aliniwi

[14]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.210.

menen belgilenedi. Burin Ellin mámleketlerine qarasli pútkil aymaq batista Rim shiǵista Parfiya mámleketleri tárepinen bólip alindi.

2. **Ellin Misri.** Basqa shiǵistaǵi ellin mámleketleri siyaqli Ptolemeyler patshaliǵi da bir neshe miń jilliq mádeniyat hám áyyemgi dástúrler rawajlanǵan áyyemgi shiǵis mamleketlerinen birin basip aliw nátiyjesinde payda boldi. Ptolemeyler mámleketi ellin mámleketleri ishinde eń bayi hám biypayani edi. Ptolemeyler dinastiyasi 100 jil dawaminda toqtawsiz háreket qilip Misrdi haqiqiy imperiyaǵa aylantirdi. Oniń yadrosin Misrdiń dástúriy tariyxiy shegaralari payda etildi. Ellin Misridiń shiǵis shegaralari Ptolemey húkimdarlarniń sirtqi siyasati jeńisleri hám jeńilisleri menen ózgerip turdi. B.e.sh. III ásir baslarinda Ptolemeyler Misrdan tisqari Shiǵis ortajerteńizi qirǵaǵiniń barliq atawlarin baqladi. Lekin Salavkaiyler hám Makedoniya menen bir neshe urislar nátiyjesinde b.e.sh. II ásir baslarinda bul aymaqlar Misrdan ajralip ketti.

Misrda húkimranliq qilǵan ellin dinastiyasiniń tiykarshisi Ptolemey Lag makedon aqsúyeginiń uli, áskeriy basliq, Iskenderdiń qatarlasi edi. Ol ózi qartayip, óz tabiyiy ólimi menen qaytis bolǵan Iskenderdiń jalǵiz diadoxi edi. Antik avtorlar Ptolemey Lagni Soter (Qutqariwshi) dep ataydi, sebebi ol misr xalqin Iskender tayinlaǵan nayip Kleomen zulminan azat qilǵan esaplanadi.

Basqinshilar mámleket basqariwinda mińlap jillar dawaminda saqlanip qalǵan dástúriy, adminstrativlik dúzimin saqlap qaldi, tek joqari lawazimlarda turǵan parsi hám Misr ámeldarlariniń ornina grek-makedonlar ótkezildi. Ptolemeyler áyyemgi faraon-patshaniń uliwma hákimiyati, kóp tarmaqli mámleket apparatin, kóp sanli ámeldarlardi, qatań oraylasqan mámleket hakimiyatin hám oni mámleket xojaliq ómirine belsendi aralasiwi saqlap qalindi.

Jańa dinastiya Misr faraonlarinan mámleketti aymaqliq bóliniwin, nom dúzimin miyras qilip aldi. Tek nomlar sanlarin ózgertirip, qayta payda etti. Dáslep nomlardi patsha tayinlaǵan nomarxlar basqardi. B.e.sh. III ásir aqirinnan baslap nomarxlar qolinda aymaqtiń finansliq tarawi ǵana qaldirilip, olardiń joqari adminstrativlik hákimiyati áskeriy taraw menen strateglarǵa berildi. Ptolemeyler mámlekettiń ekonomikasi hám idiologiyasinda tiykarǵi orin tutqan jergilikli ruwxaniylardi hám ibadatxanalardi faraonlar dáwirindegidey ózgermegen halda saqlap qaldi, lekin olardiń hárekeni mámleket baqlawina alindi. Ibadatxanalar aldinda patshaniń arnawli wakilleri epstatlar ruwxaniylardiń diniy va ekonomikaliq háreketi ústinen baqlaw qilip turildi.

Grek-makedonlar keliwi aldinda Misrdiń ekanomikasi keyini tas dáwiri alǵashqi texnikasi dárejesinde bolip, tek ǵana qisman iykemlestirilgen mis hám bronza qurollarina tiykarlanǵan edi. Grek-makedonlar keliwi menen mámleket xójaliǵinda haqiqiy awdarispaq boldi: awil xójaliǵinda temir miynet qurallari payda boldi, Vavilonnan seyalka alip kelindi. Awil xojaliǵinda jańa texnik qurallar vino hám zaytun mayin aliw ushin vintli pres (Arximed vinti)nen paydalana baslaniwi diyxanlardi miynetin jeńillestirdi. Jańa eginler payda boldi hám islew beriletuǵin jer-maydanlariniń ónimdarliǵi keskin ósti. Faraon Nexo kanali qayta tiklendi, taslap qoyilǵan kóplep jerler ózlestirilip, irrigatsiya imaratlari qayta iske túsirildi.

Ónermentshilik qalalarda toplanip, awil xójaligina qaraǵanda bul tarawda qul miyneti keń qollanildi. Ónermentshilik ónimleri bazar ushin uliwmaliq ráwishte islep shiǵarildi. Kembolsazliq úy-jay hám jámáát imaratlariniń quriliwi, metal va keramik idis-tabaqlar, gezlemeler, mebeller, zergerlik buyumlarin tayarlaw keń rawajlandi. Joqari sipatli ónermentshilik ónimleri eksport qilindi.

Ptolemey I sawda-ónermentshilik, awil xójaligin rawajlandiriw máqsetinde óz teńge pullari oltin stater, gúmis tetradraxma hám mis obollardi quyila baslandi. Altin hám gúmis qaziw, teńge quyiw, hár qiyli pul almastiriw mámleket monopjoqariasina aylantirildi, hám de shet el tenge pullarin isletiw sheklendi. Misr ekonomikasi hám sirtqi sawdasinda ózine tán qaǵaz waziypasin bejergen papirusti islep shiǵariw da mámleket monopjoqariasina aylantirildi.

Ptolemey I hám Misrdi basqarǵan oniń miyrasxorlari (Ptolemey II, Filadelf III, Everget III, Filopator IV, Epipán V) derlik júz jil dawaminda belsendi sirtqi siyasat alip barip, Ellin dunyasinda jetekshilik qiliwǵa talap qildi. Ptolemey V Epipánniń b.e.sh. 180-jil óliminen keyin sirtqi siyasatta qiyinshiliqlar tuwila baslandi, túskinliktiń uzaq dáwiri baslanip, b.e.sh. 30-jilda Rim basqinshiliǵi menen tamamlandi.

B.e.sh. III ásir ortalarinda Misr kúshli áskeriy flot hám armiyaǵa iye edi. Ptolemeylerdiń tiykarǵi qarsilasi Makedoniya, Vavilon va Kisi Aziyadaǵi ayrim mámleketler edi. Ptolemey IV Filopator dáwiri (b.e.sh. 222-205-jillar) Misr sirtqi siyasiy jetiskenlikleriniń eń joqari noqati boldi. Misrdiń abroyi Aldinǵi Aziyada kúsheyip ketti, lekin bul waqtinshaliq edi.

B.e.sh. 70-jillardan baslap, Rim mámleketi Misrdiń ishki islerine belsendi aralasa basladi. Ptolemey dinastiyasiniń bir neshe wákilleri Rim járdemi menen hákimiyatti basqardi. Dinastiyaniń keyingi wakili Kleopatra VII da rimlikler jardeminde taxtqa keldi.

**3. Salavkaiyler mámleketi.** Iskenderdiń qatarlaslarinan biri Salavkaa b.e.sh. 321-jilda satraplar ortasindaǵi shartnamaǵa kóre vavilondi iyeledi. Biraq diadoxlar ortasinda gúres nátiyjesinde Iran Orta Aziya satrapliklari ústinen baqlaw ornatqan Aziyaniń joqari hakimi Antigon tez arada Salavkaadan Vavilondi tartip aldi(b.e.sh. 315-jil). Antigon menen basqa satraplar ortasindaǵi kusheyip ketken básekiden paydalanǵan Salavkaa Misr húkmdari Ptolemey járdemi menen b.e.sh. 312-jilda Vavilonda óz hákimiyatin tikledi. Usi jildan baslap Salavkaa dinastiyasiniń b.e.sh. 64-jilǵa deyin húkimranliǵi baslandi.

Salavka batista diadoxlar ortasinda dawam etip atirǵan urislardan paydalanip shiǵisqa júris qildi. Juris dawaminda ol Iran hám Orta Aziya satrapliqlarin qolǵa kiritti.

Júris aqirinda Salavka Hindistanda Mauriylar mámleketiniń tiykarshisi Shandragupta menen toqnasti. Uris Salavkani ilgeri Iskender mámleketi quramina kirgen barliq hind múlklerinen waz keshiwge, buniń esesine Shandragupta tárepinen 300 urisshań pillerdi Salavkaǵa sawǵa qiliw menen tamamlandi. Salavka b.e.sh. 305-304-jillar átirapda ózin patsha dep já（riyaladi. Sonnan sál ótkennen keyin arqa Suriyani, b.e.sh. 281-jilda Adam Aziyaniń úlken bólimin basip aldi; usi jilda-aq Makedoniyani iyelew ushin bolǵan júriste dunyadan ótti.

Salavka mámleketi gúllep-jasnaǵan dáwirde Iskenderdiń Aziyadaǵi aldinǵi múlkleriniń úlken bólimin óz quramina alǵan edi. Bul sheksiz aymaqta turli ekonomikaliq hám mádeniy rawajlaniw basqishinda turǵan etnik hám til tárepinen basqa bolǵan xaliqlar jaylasqan edi. Salavka mámleketinde grek hám makedonlar patsha basshiliǵinda húkimran qatlamǵa aylandi, olar barliq joqari hakimiyat lawazimlarin iyelep aldi hámde armiyaniń tiykarǵi bólimin quradi. Jergilikli aqsúyekler hákimiyat basqariwinda diyerli qatnaspadi. Tek Vavilon qalalariniń puxara-ibadatxana jámáátleri málim bir imtiyazlardan paydalandi.

Salavkiyler mámleketi xalqiniń tiykarǵi bólimi jám’átshi diyxanlardan ibarat edi. Bul jámáátlar patsha paydasina pul hám natural majbúriyatlardi óter edi. Jámáátshi diyxanlar erkin edi, lekin mámleket hákimiyati diyxanlardi áste-aqirin qaram qila basladi. Bul olardi jerge biriktirip qoyiwda kórinedi. Mámleket jerleri eki bólimge bólingen edi. Bir bólim jerler patshaniń jeke ózine tiyisli jerler, ekinshi bólimi qalalar, jergilikli ámeldar-hákimler, qáwimler hám jámáátlerge tiyisli bolip patsha tárepinen qadagálanar edi.

Mámlekettiń pútkil aymaǵi satrapliqlarǵa bólingen bolip, onnan adam adminstrativlik birlikler yeparxiya hám giparxiyalar edi. Satrapliq basinda satrap(Antiox III dáwirinde-Strateg) turip, ol puxaraliq hám áskeriy hakimiyatti ámelge asirar edi. Finans mekemesi bolsa ǵárezsiz edi.

Salavkiylar mámleketinde Orta Aziya hám Iran aymaqlari áhmietli orin tutar edi. Salavka I dáwirinde oniń uli hám miyrasxori Antiox I (b.e.sh. 280-261-jillar.) bul aymaqlardi basqarar edi. Antiox I Slavkani Spitamenniń qizinan bolǵan uli edi. Orta Aziyada dinastiya hákimiyatin

bekkemlew ushin jańa qalalar hám áskeriy mánziller qurildi, eskileri qayta tiklendi (Marv aymaǵi diywal menen toliq orap alindi).

Antiox I dáwirinen keyin b.e.sh. III ásir ortalarinda Baqtriya, Soǵdijane hám Parfiya ajralip shiqti, Vifiniya, Paflagoniya, Kappadokiya va Galatiya siyaqli mámleketler payda boldi, Qara hám Kaspiy teńizleri araliǵinda Armenistan mámleketi, Midiyaniń arqa bóliminde satrap Atropat Salavkiylardan ajralip shiǵip, Midiya Atropatenasin payda etti. Nátiyjede Grek-Baqtriya hám Parfiya patshaliqlari júzege keldi (Grek-Baqtriya b.e.sh. 130 jillarǵa deyin, Parfiya mámleketi bolsa eramizdiń 227 jilina shekem bar boldi.). Antiox III bul mámleketlerdi boysindiriw ushin b.e.sh. 212-205-jillarda shiǵisqa júris qildi. Júris dawaminda qárejetlerdi qaplaw ushin Antiox III Ekbatanadaǵi Anaxita ibadatxanasin taladi. Júris nátiyjesinde Parfiya qayta boysindirildi, Grek-Baqtriya oniń qalalarin eki jil nátiyjesiz qamal qiliw menen rásmiy Salavkiylar hákimiyatin tán aldi. Antiox armiyalari Hindikush tawlarinan ótip Hindistan jerlerine bastirip kirdi hám jergilikli hákim menen shártnama dúzilip Antiox Hind urisshań pillerine iye boldi.

Antioxtiń bul júrisi Salavkiylar mámleketiniń jemiriliwin waqtinsha toqtatti. Ol orayliq hákimiyatin bekkemledi. Adam Aziyaniń úlken bólimi basip alindi hám Kelesiriyani Misrdan tartip oldi. Kúsheyip ketken Salavkiylar mámleketi Pergam hám Rodosti qáwipsizligine kúshli qáwip sala basladi. Pergam hám Rodos Antiox III ten arz qilip, Rimnen járdem soradi. Rim de Antiox III sarayina ataqli Karfagen sárkárdasi Gannibaldi másláhátshi bolip turǵaninan narazi edi. B.e.sh. II ásir baslarinda Salavkiylar menen Rim respublikasi ortasinda Greciya ushin báseke baslandi. B.e.sh. 189-jilda Rim menen bolǵan urista Antiox III armiyalari jeńildi. Mámleket aymaqlarinda naraziliq Salavkiylardiń zulmina qarsi qozǵalan baslanip ketti. Grek-Baqtriya hám Parfiya óz ǵárezsizliklerin qayta tikledi hám Parfiya batisqa júris qilip Salavkyler aymaqlarini basip ala basladi. Midiyada satrap Timarxdin qozgalan kóteriswi bul wálayatti parfiyaliqlar tárepine basip aliniwǵa járdem berdi. Bunnan tashqari parfiyaliqlar parsi hám Elamdi iyeledi.

Antiox III tin ullarinan biri Antiox IV (B.e.sh. 175-jilda) kushili hukmdar bolip, mámleket hokimiyatini bir qatar bekkemlewge eristi. Oniń basqariwi dáwirinde mámleketta patsha sańaat vhám mádeniyatqa ǵamqorliq qildi.

Shuhratparast Antiox IV Salavkyler mámleketinin ótmishtegi kush-qudratin tiklewge urindi. Mámleket ishinde bir qatr sotsiyal siyasiy barqararliti júzege keltirip, oniń aymaqti keńeytiriwge háreket qildi. Antiox IV Misrdi basip aliw ushin kúshli armiya menen júris basladi. Jolda oni Rimning Misrdagi elshisi Gay Popiliy Lena tóxtatadi. Aytiswinsha Salavkiylerden kóra qudratli bolǵan Rim elshisi Antiox IV ótirgan joydi atrapina sheńber siziw Rimnin talabi bejerilmegenshe (Misrga Júrisni tóqtatiw) Antiox IVdi sheńber ishinen shiǵip ketiswdi shekledi. Nátiyjede rimliklerdin tásiri astinda Misr júrisi tóqtatiladi.

Salavkiyler mámleketinin jemiriliswi tezlasip ketti. B.e.sh. I ásir baslarinda Yahudiya óz ǵaresizligin qólga kiritdi. Nátiyjede Salavkiyler mámleketi aymagi Suriya, Finikiya ham Klikiyaniń bir bólimi menen shegaralanip qaldi. B.e.sh. 64-jilda Salavkiyler mámleketiniń qaldiqlari Rimge Suriya provinsiyasi sipatinda qosip alindi. Shiǵis Pont, Paflagoniya, Galatiya, Kappadokiya, Armaniston ham Kommagen rimliklerge vassal bolǵan jergilikli hakimler qolinda qaldi.

**4. Makedoniya.** Ptolemeyler Misri Salavkiyler mámleketi menen bir qatarda Makedoniya ellin dunyasiniń úlken mámleketlerinen biri edi. Diadoxlar urislarinan keyin Makedoniya túskinlik halatinda edi. Xaliqtiń úlken bólimi Iskender Júrisleri dáwirinde shiǵisqa kóshgen edi. Antigonidlar alip bargan turaqli urislar arqadaǵi varvar qawimlerin qawipi makedon ekanomikasi ham mámleketin halsiretti. Antigonidler xojaliq ómirin qayta tiklew, xaliqti kóbeytiriwge itibar beriwge májbur boldi. Sol sebepli jańa qalalar qurilip, eskileri qayta tiklendi, bos jatirgan jerlerge xaliq kóshirildi, kanler qazildi. Kembolsazliq rawajlandi, qurilis aǵashlari menen qizǵin sawda qilindi.

Ekonomikani tiykarin erkin diyxan miyneti jetekshi bolǵan awil xojaliǵi quraytuǵin edi. Patshaǵa tek toǵay ham qazilma bayliqlar tiyisli edi. Ellin Makedoniyasina patsha hakimiyati bázi bir eski belgileridi miyras qilip aldi: armiya jiyini awelgidey patshani taxtqa shiiǵariw waqtindaǵi óz ahmietin saqlap qaldi, ol joqari sudya rolinde shigatugin edi.

Makedoniyadagi turaqsiz jaǵday Iskender óliminen keyin eliw jil dawam etti. B.e.sh. 276-jilda Kassandrdiń aqliǵi, galat (kelt)lar hujumin eki márte qaytarǵan. Greciyadagi jaǵdaydi turaqli qilgan Antigon 276-jilda taxtqa shiqti. Antigon ham oniń awladlari Makedoniyani Rim basip alǵanǵa (b.e.sh. 168-jilǵa shekem) shekem basqardi. Antigonidler ushin Greciyani boysindirip turiw judá qiyin siyasiy mashqala edi.

Bul dáwirde mapleri bir-birine qarsi bolǵan grek polislari turli awqamlarga birlesip, uris alip barar edi. Makedoniya ham bir neshe grek polislari kirgen Ellin awqamina basshiliq qildi ham grek qalalari ishki islerine belsendi aralasti.

Rim ham Ptolemeyler grek polislarin Makedoniyaga qarsi shiiǵariwlarin qollap-quwatladi. ekinshi puni urislari waqtinda Makedoniya Gannibal menen awqam duzdi. Bunga qarsi Rim Perga ham Peloponnestiń bir neshe polislerin Makedoniyaǵa qarsi shiǵariwga úndedi. Nátiyjede b.e.sh. 215-206-jillar birinshi makedon urisi júz berdi. Karfagendi Gannibal ustinen jenisi Makedoniya patshasi Filipp V ti Italiyaga Júris qawipin joq qildi.

G’ayratli patsha Filipp V Salavkiyler menen awqam bolip halsiregen Ptolemeylerdi Adam Aziya ham Egey mulklerin basip aldi. Italiya, Pergam ham Rodos bugan qarsi shigip Rimnen jardem soradi. Nátiyjede ekinshi makedon urisi (b.e.sh. 200-197 jillar) baslandi. Fessaliyadagi b.e.sh. 197-jildagi sheshiwshi urista Makedoniya jeńildi. Ol Greciya ham Adam Aziyadaǵi barliq mulklerinen ajraldi.

Filipp V niń uli Persey (b.e.sh. 179-168 jillar) makedoniyani awelgi qúdiretin qayta tiklewge urindi. Biraq Rim menen urista (ushinshi makedon urisi b.e.sh. 171-168 jillar) Pidna janindagi urista jeńildi. Makedoniya aymagi jengenler ortasinda tórt okrugqa bólindi. B.e.sh. 148-jilda Andriskti Rimge qarsi qózǵalannan keyin Makedoniya Rim provinsiyasina aylantirildi.

**5. Pergam. Attalidlar mámleketi.** B.e.sh. 287 jil Pergam Salavkiylar mámleketi quramita kirdi. B.e.sh. 240 jil Salavkiylar nayibi Attal I Pergamdi ǵarezsiz dep jariya qilip, patselek tajin kiydi. Oniń tiykarǵi aymaǵi Kishi Aziyaniń arqa batis bólimi hám Misiya wálayatinan ibárat edi. Attalidlar dinastiyasi húkimdarlariniń belsendi sirtqi siyasati hámde sheber diplomatiya sebepli Pergam mámleketiniń aymaǵi b.e.sh. II ásir baslarinda batis Kishi Aziyaniń Troada, Lidiya, Kariya hám Likiyani qosip aliniwi menen keńeydi. Bul aymaqlarda áyyemnen rawajlanǵan grek polislari bar bolǵanligi sebepli rawajlanǵan ekoatikaǵa iye edi.

Attalidlar sirtqi siyasatta Shiǵista Salavkiylar patselegiga qarsi turip, batista kúshli awqamshi sipatinda Rim mámleketine súyendi hám bu ámelde Pergamdi Rim respublikasina qaram boliwǵa alip keldi. Attal I (b.e.sh. 241-197-jillar) galatlar ustinen jeńis qilip, Rim menen awqam dúzdi. Ol birinshi hám ekinshi makedon urislarinda (b.e.sh. 215-205-jillar hám 200-197-jillar) rimlikler tarepinen qatnasti. Rimlikler qáwenderligi jardeminde Pergam patselegi Kishi Aziyadaǵi barliq Salavkiylar múlklerin iyelep aldi hám óziniń eń qúdretli dáwirine kirdi.

Biraq Pergamniń rawajlaniwi uzaq dawam etpedi. Attal II hám Attal III húkimranliqlari dáwirinde Rim Pergam jámietiniń húkimran qatlamlarina kúshli tásir ótkizgen halda patselekniń ishki va sirtqi siyasatina belsendi aralasa basladi. aqibette b.e.sh. 133-jilda dunyadan ótken Attalidlar dinastiyasiniń keyingi patshasi Attal III miyrasxori bólmaǵanliǵi sebepli óz mámleketin rimliklerge wásiyat qiliwǵa majbúr boldi.

Buǵan juwap retinde Pergam jámietiniń tómengi qatlamlari patsha Evmey I diń nizamsiz uli Aristonik basshiliǵinda kóterilis kóterdi. Kóterilisti grek qalalari xalqi qollap-quwatlamadi,

nátiyjede kóterilisshiler jeńildi. Aristonik b.e.sh. 129-jilda rimlikler tarepinen óltirildi. Wásiyat qilinǵan patselek ornina Rimniń Aziya provinsiyasi payda etiledi.

Pergam Ellin dúnyasiniń rawajlanǵan oraylarinan biri edi. Qolay iqlim hám tabiyiy sharayit awil xójaligin intensiv rawajlaniwina imkaniyat jaratti. Pergam Ortajer teńizi aymaǵi xalqi ushin awil xójaliǵi ónimleri jetkizip beretuǵin oraylarnan birine aylandi. Qul miynetinen únemli paydalanildi. Pergam qalalari teńiz sawdasi jollarinda turǵanliǵi ushin mámlekettiń bay shiyki zatlari (metal, aǵash, smola, teri, jún) Pergam ónermentshilik ónimleri, tiykarinan Pergament qaǵazi, uliwma Ortajer teńizi jetispewshiliklerin qandirdi.

Attalidlar dinastiyasi patshalari sawda-ónermentshilikke qáwenderlik qildi, grek tipindaǵi jańa qalalarǵa tiykar saldi. Bul qalalar eski qalalar menen bir qatarda tezde ekoatika hám mádeniyat oshaqlarina aylandi.

Attalidlar pán, ádebiyat hám sanaatqa belsendi qáwenderlik kórsetti. Patselek paytaxtinda galatlar ustinen jeńis sharapatina úlken Zevs ibadatxanasi qurildi, Evmen II ataqli Pergam kitapxana imaratin payda qildi. Bul kitapxana antik avtorlar shiǵarmalari toplami, hámde filologiya mektebine iye bolip, ataqli Iskenderiya kitapxanasi menen básekelesti.

**6. Materik Greciya hám atawlar.** Antik avtorlarniń maǵliwmatlarina qaraǵanda ellin dáwirinde Greciyadan xaliqtiń úlken bólimi shiǵisqa kóshti. Tek Afina hám Korinf óz áhmietin saqlap qaliwǵa urindi.

Greciya aymaǵindaǵi talawshiliq urislari ekaatikaiy uliwma izden shiǵardi. Social qarama-qarsiliqlarin keskinlestirdi. Bul bolsa awir qarama – qarsiliklardi tuwdirdi. Spartada bul qarama-qarsiliqlardi sheshiw ushin patshalar Agis IV hám Kleomen II ler reformalar ótkezedi. Qarizlardi biykar qiliwǵa háreket qilindi, jersiz spartaliqlarǵa jer bólistirdi.

B.e.sh. III ásirde jerlerdi qayta bólistiriw háreketi Greciyada kúsheydi. Argosta tiran Aristomax, Miyelopolda Aristodemni qollap quwatladi. B.e.sh. III ásir ortalarinda Xios hám Teri atawlarinda naraziliq háreketleri kúsheyip ketti.

Greciyaniń mádeniy oshaq sipatindaǵi Afina qollap quwatlap turdi. Afinada grek filasofiyasi oqitildi. Bul jerde bir qansha dástúriy músinshilik mektepleri bar edi.

Atawlar ishinde eń gúllep jasnaǵani Rodos edi. Rodos Ptolemeylar Misrinan óz ǵarezsizligin saqla qaldi. Rodos kemeleri Egey teńizin qaraqshilardan tazaladi. Oniń kemeleri Suriya, Kishi Aziya, Attika atawlarinan, Qara teńiz qirǵaqlarinan ónimlerdi tasidi. Rodostan xurma hám ball Misrǵa shiǵarildi.

Sanaat gúllep jasnadi. Jergilikli músinshilik mektepleri qáliplesti. Ásirese “Ilonlar menen gúresip atirǵan Laokoon hám oniń ullari” háykel topari ataqli edi. Esxin tiykar sálǵan Rodos orator mektebi háreket qildi. B.e.sh. II ásir aqiri I ásir basinda bul jerde ataqli orator Molon ataqli SitsIranniń oqitiwshisi tálim aldi.

Rodos qáwenderliginde atawlarǵa jipekshilik hám vinoshiliq orayi, Kosta ataqli táwipler mektebi háeket kórsetti.

**Grek mádeniyati.** Hár bir xaliqtiń mádeniyati-bul kóp qirli, quramali kompleks, oniń ishine jaziw hám ádebiyat, súwretlew iskusstvosi hám arxitektura, belgili diniy sistema, filosofiya hám ilim kiredi. Grek mádeniyatiniń tiykarlari quri jerde qáliplespegen. Krit hám axey jámietleriniń (b.e.sh. II miń jilliqlar) tereń mádeniy dástúrleri, gomerlik dáwirdiń miyrasi, áyyemgi shiǵis tsivilizatsiyalar menen aktiv qatnasiqlari olardiń áhmietli faktorlari bolǵan.

B.e.sh.V-IV-ásirlerde Grek mádeniyati áyyemgi dúńyanińeń rawajlanǵan sistemasiniń biri boldi. Úsh júdá ózgeshelik oǵan ayriqsha sipat beredi: mádeniyattiń quramali bólekleriniń toliqliǵi, hár qiyliliǵi hám belgili dárejede aqirina jetkenligi (ádebiyat, iskusstvo, filosofiya) oniń gumanistlik baǵdari, dúńya mádeniyati ǵáziynesine greklerdiń qosqan úlesi, keyingi

áwladlardiń mádeniy dóretiwshiligin biriktiretuǵin hám Jer Orta teńizi hám Evropa xaliqlariniń turmisina niq kirgen dúrdanalar dóretiw.

Grek mádeniyati eń aldi menen aldinǵi óndiris usili tiykarinda dóregen. Grek qul iyelewshilik ekonomikasi mádeniy rawajlaniw ushin jetkilikli dárejede múmkinshilikler jaratti. Puqaralardiń socialliq jaqtan belsene qatlami mádeniy bahaliqlar dóretiw hám oni qabil aliw ushin júdá maqul ortaliq boldi. Jaris sózlerge kórgizbeli qatnasiw grek iskusstvosiniń gúlleniwine múmkinshilik berdi (Perikl, Kleon, Sokrat, Demosfen). Grek mádeniyati qáliplesiwi shártlerinińbiri oniń tábiyǵiy dógereginiń ózgesheligi bolip tabiladi. Grekler teńizge iye edi. Teńiz olardiń óndirisiniń, turmisiniń hám mádeniyatiniń bir bólegi boldi. Usi ózgeshelikler Grek mádeniyatin hám iskusstvosin qáliplestirdi. Oniń úlken jetiskenlikleri dúńya mádeniyatiniń bunnan bilayda rawajlaniwina úlken tásir jasadi.

**Filosofiya.** Erte grek filosofiyasi wákilleri miletlik Fales, Anaksimandr, Kishi Aziyali Anaksimon tábiyatti, barliqtiń ámietin túsiniwge háreket etti. Pifagor mektebiniń wákilleri sonday-aq Geraklit, Empedokl siyaqli “fizikler” (fjúzis-tábiyat degen) tábiyatti úyrendi. Fales dúnyaniń tiykari suw, Aniksimandr apeyron (baslanǵish alǵshqi), Geraklit bolsa alawdan turadi. Demokrit (shama menen b.e.sh. 470-jilda tuwilǵan) barliq haqqinda aytip, barliq sheksiz bólinbe atomnan ibarat degen pikirdi aytti. Ol dúnyaniń ruwxiy baylanisi haqqinda pikir bildirdi. Platon (b.e.sh.4 27-347-jillar) barliq, ómirlik, ózgermeydi, bólinbeydi, oni aqil menen biliw múmkin dep esaplaydi. Platon akademiyasinda 20 jil bilim alǵan Arestotel “ideyalar dúnyasi haqqinda”ǵi ustaziniń pikirin kritikalali. Barliq Arestotel pikirinshe ***jins*** hám ***tur*** formasinda boladi.

Soqrat (b.e.sh.470-399 jillar) filosofiyada insan mashqalasina úlken itibar berdi. Ol insanniń ózin, ózligin ańlawǵa úlken itibar beredi. Ol insanniń filasofiyasin úyreniw obektin payda etedi deydi.

Grek mádeniyati úsh áwlad ah’mietli orin iyeleydi. Olardiń birinshisi b.e.sh.VI ásir aqirinda kirip keldi hám Afina mádeniyatiniń gúllep-jasnawi ushin tiykar saldi. Esxil ha‘m Frinix Attika komidiyasina tiykar saldi. Músinshiler Kritiy hám Nesiot b.e.sh. 476-jil Afina agrosin tiranlarǵa qarsi gúresti-Garmoniy hám Aristogiton músinler menen bezedi. Olimpte Zevs ibadatxanasin haykeller menen bezedi.

Ekinshi áwlad Perikl dáwirinde eń jaqsi jetiskenliklerge eristi. Sofokl Tragediyalari, Geradot “Tariyx” I , Parfinon hám propileydiń jetik klassikaliq formalari sol dáwirde jaratildi.

U’shinshi áwlad Peloponnes urislari dáwirine tiyisli bolip. Afinalilardiń bul waqitta basqa mádeniy dúnyalar menen tanisiwi nátiyjesinde olardiń siyasiy hám diniy qaraslari belgili dárejede ózgerdi.

**Din.** Grekler ayriqsha diniy sistemasin islep shiqqan, onda quday túsinigi kóplegen áyyemgi shiǵis dinlerinen ayriqshalanadi. Greklerdiń túsinigi boyinsha, quday-bul qúdiretli maqluq, biraq oniń qolinan barliq zat kele bermeydi, ol óz gezeginde, eń joqari kúshke-táǵdirge baǵinadi. Greklerdiń túsinigi boyinsha, insanlar dúńyasi hám qudaylar dúńyasi kóplegen tárepleri menen óz-ara tiǵiz baylanisli, qudaylar adamlardiń isine quri turaqli baylanisip qoymastan, ózleriniń arnawli shirkewlerde jasawshi ruwxaniyleri arqali da tásir jasaydi. Máselen, Zevs, Appolon xramlari h. t. b. 24 háripten ibarat grek alfaviti bolǵan.

Din Grek mádeniyatiniń organikaliq bólegi boldi hám oǵan úlken tásir jasadi. Grek dini dúńyaǵa kóz-qarastiń, ádep-ikramliqtiń tiykarin belgiledi, ol kórkem dóretiwshilikke, ádebiyatqa, arxitekturaǵa, súwretlew ónerine hátteki filosofiyaǵa hám ilimge úlken tásir jasadi.

Quday hám qaharmanlardi suliw adamlar obrazinda túsiniw polisliq jámáát aǵzalarin toliq huqiqli puqara bolip jetilistiriwine qanday da bir tásirin tiygizdi. Ájayip insanájayip imapatlapda jaawi tiyis, soniń ushin Grekapxitek toplapi, ulli esteliklepdi qupiwǵa óz jigeplepin jumsaǵan. Olardiń apxitektupaliq qurilislari elege shekem adamzatti tán qaldiradi.

Ruwxiy bahaliqlardiń sistemasin dóretiwde qudaydi qalayinsha túsiniw kerekligi birinshi dárejedegi mánige iye edi. Grekler ózleriniń qudaylarin, hátteki eń joqari

qudaylarin, qúdiretli, biraq qolinan barliq zat keledi dep esaplamaǵan. Olar da, adamlarday, eń joqari zárúrlikke baǵinadi dep esaplaǵan.

Áyyemgi grek apsanalarinda dáslep *Jer (Geya)* hám *Xaos*, turmistiń baslaniwi (*Eros)* hám jer asti dúnyasi *(Tartar*) bolǵan. *Geya* juldizli aspan *Urandi* tuwadi. Uran dúnyaniń birinshi húkimdari hám Jer qudayi Geyaniń ómirlik joldasi boladi. Uran hám Geyadan keyin qudaylardiń II áwladi *titanlar* baslanadi. Uran óz balasi, *diyqanshiliq qudayi titan Tironos* tárepinen qulatiladi. *Kronostiń balalari Ait, Poseydon, Gestiya, Demetra, Zevs, Gera* boladi. *Olimptiń bas qudayi Zevs* aspan, shaqmaq húkimdari, *Poseydon jer hám teńiz*di suwǵaratuǵin iǵalliq qudayi, *Aid (Pluton) jer asti dúnyasi* húkimdari boldi. Zevstiń ómirlik joldasi *Gera neke* , *Gestya úy oshaǵi qudayi, Demetra diyqanshiliq qudayi* dep siyinǵan. Zevs hám Geradan *óspirimlik qudayi Geba, uris qudayi Ares, temirshi hám ónermentshiler qudayi Gefest* tuwiladi.

Zevstiń áwladlarinan tábiattiń erte oyaniw qudayi Apollon ayriqsha turadi. Ol hám de dawalawshi quday. *Apollonniń singlisi Artimida* ańshiliq qudayi hám jaslardiń ǵamxori. Germes-materialliq mollshiliq qudayi, keyin sawda qudayi, aldamshi hám urilar qudayi, keyin bolsa oratorlar hám sportshilar ǵamxori. *Dionis (Vakxa) tábiyat kúshleri, júzuimshilik hám vinoshiliq qudayi* dep siyinǵan. *Áskeriy Afina danaliq* qudayi sipatinda tán alindi.

Grek diniy dúnya qarasi boyinsha qudaylar adamlarǵa uqsap azap shegiwleri, insaniy sezimlerge iye boliwi múmkin edi. Greklerdiń pikiri boyinsha adamlar hám qudaylar dúnyalari ortasinan ótip bolmaytuǵin shegara joq edi. Olardi baylanistiratuǵin buwin sipatinda qudaylar hám jerdegi hayallardiń baylanisi nátiyjesinde tuwilǵan qahramanlar (yarim qudaylar) bolǵan. Misal ushin óz *qahramanliqlari ushin qudaylar qatarina kirgizigen Gerakl* sonday dedi.

Ayriqsha polislerdiń ǵamxorlari esaplanǵan qudaylar hám qahramanlarǵa baǵishlap ibadatxanalar qurilǵan hám kóp sanli qurbanliqlar keltirilgen. Ayirim ibadatxanalar aldinda ibadat qilip atirǵan kohinlar (jrets) qudaylardan keleshek haqqinda boljawrdi sorawi múmkin edi. Ayirim ibadatxanalar aldinda bir neshe jilda bir márte qudaylar jolina gimnastikaliq shiniǵiw, qosiqlar oqiw, oyinlar, Oratorliq iskusstvosi boyinsha bellesiwler ótkerilgen. Greciyada Zevs húrmetine hár 4 jilda bir márte batis Peloponnesdegi Olimpiya Zevs ibadatxanasinda ótkkeriletuǵin óyinlar belgili edi. Greklar bul *4 jilliq múddetti olimpiada* dep ataǵan. B.e.sh. 776-jildan olimpiya óyinlarina pútkil Greciya hám koloniyalardan qatnasiwshilar hám tamashagóyler kelgen. Olimpiya óyinlari ótkerilip atirǵan waqitta urisip atirǵan grek polisleri arasindaǵi áskeriy háreketler toqtatilǵan. Olimpiya bellesiwleri jeńimpazlar ibadatxana qasinda ósken muqaddes lavr teregi japiraqlarinan ápiwayi gulsheńber menen siyliqlanǵan. Jeńimpaz húrmetine jez yamasa mramor háykel qoyilǵan.

Bul bellesiwler puxaralardi fizikaliq rawajlaniwina imkaniyat jaratǵan hám jaslardi áskeriy tárepten shiniqtiriw ushin xizmet etken. Grekler bayramlar, óyinlardi birgelikte haólkemlestiriw hám eń muqaddes ziyarat etetuǵin jerlerdi qorǵaw ushin ayriqsha awqamlar-amfiktioniyalar quradi.

**Tariyxtaniw.** B.e.sh.V ásirde jámiet rawajlaniwina baǵishlanǵan ayriqsha ilimiy bilimler tarawi *tariyx* páni payda boldi. Uzaq waqit túrli úlkelerde bolǵan *Gerodot* (b.e.sh. 485-425-jillarda Kishi Aziyadaǵi Galikarnas qalasinda tuwilǵan) birinshi kórgen hám esitken waqiyalardi belgili bir sistemaǵa salip aytiwǵa kiristi. Ol óziniń 9 tomli ádette ***"Tariyx"*** (grekshe Istoriya- "Súwretlew" mánisin bildiredi.) yamasa "*Muzalar***"** dep atalatuǵin tariyxiy shiǵarmasi tiykarinan grek-pars urislarina baǵishladi, lekin bayan etiw dawaminda avtor Misr, Iran, skifler tariyxina da usinis qiladi. "Tariyx atasi" niń diskussiyalari toliq dástúriy bolip, tariyxta iygilikti marapatlawshi, jawizliqti jazalawshi iláhiy ádalatti qurdi. Gerodot insanlar iskerliginde qudaylardiń qatnasina gúman etpedi.

Eger Gerodot “Tariyx atasi” dep esaplansa oniń kishi zamanlasi afinali *Fukidid* haqiqiy Tariyxtaniw pániniń iykarin saliwshi. Oniń ***“****Peloponnes urislari tariyxi”* shiǵarmasi apsanaliq hám haqiqiy waqiyalardi tek bayan etiwdey Gerodotqa say bolǵan bayan etiwdi kerisi bolǵan haqiqiy tariyxiy izertlew edi. Fukidid tariyxshilar ishinde birinshi bolip, tariyxiy waqiyalardi, olardi háreketke keltiriwshi kúshleri, rawajlaniw jollari menen ózara baylanista kóriwge háreket etti. Waqiyalardiń sebeplerin úyreniw ushin siyasiy waqiyaliqti ilimiy analiz usillarin qollandi. Fukidid qudaylardi tariyx sheńberinnen shiǵardi. Ol tariyxti qudaylar emes, bálki adamlar óz iskerlikleri menen jaratadi dep esaplar edi. Adamlardiń “tabiyati” barliq waqit nizam hám shártnamalardan kúshli boladi. Adamlardiń kórinisleri Fukidid ushin sol dáwir jámietin waqiyaliǵin túsiniw ushin jeterli edi. Gerodot hám Fukidid grek polislariniń puxaralarin óz azatliǵin qorǵawi, wataniparvarliq hám ózin qurban etiwdey qaharamanliq gúresine shaqirdi. Tariyxtaniwda Fukidid dástúrlerin tariyxshi *Ksenofont(*b.e.sh. IV ásir) dawam ettirdi. Oniń ***“****Anabasis”, “Lakedemon politiyasi”, “Kiropediya”, “Agesilay”, “Daromadlar haqqinda”* shiǵarmalarinda sol dáwir grek dúnyasiniń siyasiy, sotsiyal-ekanomikaliq turmisi sáwlelenedi.

B.e.sh. V ásirde grek dúnyasinda júz bergen kúshli siyasiy protsesslerdi analiz qilǵan, sol dáwirdiń siyasiy arbaplari *Femistokl hám Perikl* siyaqli afinali demokratiya jolbasshilarin ayawsiz quwdalaw astina alǵan siyasiy ádebiyatlar júzege keldi. Sonday ádebiyatlardan biri b.e.sh. 430-jillarda ***“****Afinani basqariwi haqqinda****”*** traktati payda boldi. *Kritiydiń “Lakedemeon politiyasin”*da Sparta jámieti qurilisi kóklerge kóterildi, Afina demokratiyasina unamsiz názer menen qaraldi.

**Ádebiyat hám teatr.** Áyyemgi Greciyaniń eń biybaha ádebiy esteligi *Gomerdiń “Iliada” hám “Odisseya****”*** dástanlari. Gomerdiń bul shiǵarmalardan burin grek xalqi awizeki dóretiwshiliginen ájayip úlgileri qosiqlar, ertekler, ráwayatlar grek ádebiyatiniń tiykari edi. Gomerdiń qaharmanliq dástanlari ol jasaǵan (shama menen VII ásir) dáwirden aldinǵi b.e.sh. XI-IX ásirler waqiyalarin ádebiy kórinisi.

B.e.sh. VIII-VI ásirlerde grek mádeniyati rawajlaniwinda áyyemgi shiǵis mádeniyatiniń tásiri kúshli boldi. Grekler ózleriniń Kishi Aziyadaǵi qalalari orqali áyyemgi Shiǵistiń bay mádeniyati menen tanisti. Bul dáwirdiń tiykarǵi mádeniy oshaqlari Milet, Lesbos, Samos edi.

B.e.sh. VII ásirde jasap, dóretiwshilik etken *Gisiottiń* didaktikaliq shiǵarmalarinda ózi jasaǵan dáwirdiń sotsiyal turmisi hám qarama-qarsiliqlari sáwlelenedi *(“Miynet hám kúnler”).*

Kórkem Ádebiyat eń dáslep poeziya janrinda rawajlandi. Poeziya siyasat penen baylanisli edi. Belgili shayirlar *Feognit, Solon, Arxieloy* siyasat penen shuǵillanǵan edi. Hátteki *Alkey* hám *Safo* siyaqli lirik shayirlar da siyasatqa tán berdi. Sol dáwirdegi *Ezop* shiǵarmalari ádebiyatta demokratiyaliq baǵdardi sáwlelendirip, sotsiyal ádalatsizliqti qaralaydi.

*Arxaik dáwirde lirika* keń tarqalǵan bolsa, b.e.sh. V ásirde Afina ádebiyati hám poetik dóretiwshiliktiń orayi bolǵan birlespe. Attika tragediyasi menen ataqli bolip ketti. Tragediya *(“Eshkiler qosiǵi”)* vinoshiliq qudayi Dionistiń eshki terisi kiygen quwnaq, barqulla joldaslarin belgilewshi qatarlardiń aytatuǵin xor qosiqlarinan kelip shiqti. B.e.sh. VII ásirden-aq pútkil Greciyada sonday ***“****Eshkiler xori****”*** yamasa qatarlar keń tarqalǵan edi. Attika Tragediyasiniń tuwiliwinda Afina tirani Pisistrattiń uliwma mámleket bayrami sipatinda *Ulli Dionisiy* bayramlarin belgilew boldi. *Shayir Fespid* xorǵa aktyordi qosti. Aktyor xorǵa “juwap” berip xor menen dialog alip baratuǵin edi. Sol sebepli tragediya dramatik kóriniske aylandi, tragediyada basqa kórinis qatnasiwshilari Dionis haqqindaǵi apsana–miflerden sahna kórinislerin oynar edi, keyin basqa apsanalarǵa náwbet keldi. B.e.sh. V ásir birinshi yarminda Esxil tamashagóy aldina ekinshi aktyordi, Sofokl úshinshi aktyordi qosti hám nátiyjede áyyemgi “Eshkiler xori” toliq dramaǵa aylandi.

Attika teatri dionis húrmetine ótkizilgen bayram waqtinda tek úsh kún tamasha kórsetilgen. Birden úsh tragediya qosilip, keyin ***“****Satirik dramasi****”,*** jáne bir mifologiyadan jeńil quwnaq

sahnalastirilǵan úzindi berilgen. Teatr kórinisi ashiq hawada domalaq maydanda- orxestrada berilgen. Tamashagóyler ushin ótirǵishlar Akropoldiń taslaq qiyaliǵinda jonilǵan, jáne sol tamasha teatran dep atalǵan. Oshiq hám úlken teatrda aktyorlar mimikasi ham kiyimlerin aniq kóre almaytuǵin edi. Soniń ushin aktiyorlar sahnaǵa uzin saltanatli kiyim hám niqaplarda hám aktiyor gewdwsin bálent etiw ushin biyik óksheli ayaq kiyim-koturnada shiǵatuǵin edi. Teart tamashalari mart aqiri aprel baslarinda kórsetiler edi.

Attika tragediyasiniń dańqi b.e.sh. V ásirdiń ulli shayirlari- *Esxil* (b.e.sh. 525-456-jillar), *Sofokl* (b.e.sh. 496-406-jillar) hám *Evripid* (b.e.sh. 480-406-jillar) dóretiwshiligi menen baylanisli edi. Esxil 80 ge jaqin tragediya jazdi, onnan bizge shekem 7 jetip kelgen. Afinani gúllep-jasnaǵan dáwirde jasaǵan Sofokl aytiwlarina qaraǵanda 120 tragediya jazǵan, onnan bizge shekem 7 jetip kelgen. U'shinshi ulli tragik bolǵan Evripid 90 tragediya jazǵan bolip, onnan 18 i saqlanip qalǵan. *Esxildiń "Parslar", "Orestiya", "Zanjirband Prometey", sofokldiń "Antigona", "Shoh Edip", "Elektra", Evripidtiń "Medeya", "Ippollit', "Vakxankalar", "Tavridadagi Iffegeniya", "Fedra", "Troyalik ayollar***" siyaqli tragediyalari tereń filasofiyaliq-tarbiealiq mazmunǵa iye bolip, grek puxaralarinin" tárbiyasina hám dúnya qarasina úlken tásir kórsetken.

Attika teatrinda tragediyadan tisqari komediya janri da keń tarqalǵan edi. Bizge shekem jetip kelgen komediyalardiń kópshiligi *Aristofan* qalamine tiyisli. Aristofonniń **"***Tinishliq", "Axaryalilar", "Lisistrat", "Suvoriylar", "Qurbaqalar" hám "Bulitlar***"** komediyalarinda b.e.sh. V ásir grek dúnyasiniń siyasiy qarama-qarsiliqlari kórsetiledi.

**Oratorliq iskusstvosi.** Grek qala-mámleketlerinde demokratiyaliq tártip qaǵiydalarin ornatiliwi, puxaralardi xaliq jiyini, sud islerinde aktiv qatnasi Oratorliq iskusstvosin rawajlaniwina sebep boldi. Sudta aytilatuǵin sózler keń qiziǵiw jyatti. Áyyemgi mifologiya qaharmanlari gúrrińine yamasa maqtawǵa baǵishlap dúzilgen úlgili sózler keń tarqalǵan. B.e.sh. V-IV ásir baslarinda ataqli afinali sud oratori *Lisiy* húrmetke sazawar boldi. Ekinshi bir belgili orator Isokrat edi. B.e.sh. 391 jilda Isokrat Oratorliq iskusstvosi mektebin ashti. Isokrattiń bul mektebinde ataqli *Oratorliq Demosfen, Giperin, Esxin, Likurg hám tariyxshilar Feopomp, Efor, Filistlar* jetisip shiqti. *Isokrat* kúshli dawisqa iye bolmaǵanliǵi sebepli xaliq aldinda az sóz sóyleytuǵin edi. Ol siyasiy tarǵibot alip bardi. Afina Periklge shekem bolǵan aristokrat sistemasin mektep, publisistikaliq toplamlardi tarqatti. Ol ótmishti mektep, greklerdi Filip Makedonskiy átrapinda birlesip shiǵis eski dushpan-Iran ustinen júriske shaqirdi. Múmrin ol Makedoniyniń kúsheyiwi Greciyaǵa qanday qáwip saliwin bilmegen edi. Apsanaǵa qaraǵanda greklerdiń Xiraniya qasinda jeńiliwinen keyin b.e.sh. 337-jil Isokrat ózin ashliqtan óltiredi.

Isokrattiń eń jaqsi óqiwshilarinan biri Demosfen Afinadaǵi antimakedon topariń basliǵi edi. Demosfen basinan aq Makedoniyaniń kúsheyiwi Afina demokratiyasi hám ǵárezsizligi ushin qáwipli ekenligin bilgen edi.

**Arxitektura, músinshilik.** Grek –pars urislarinan keyin Afrika júdá úlken muǵdarda finansliq qarjilarǵa iye boldi. Attika Pentelikoninda marmar qaziw baslandi hám bul Arxitektura iskusstvosiniń rawajlaniwina jol ashti. Afinadan tisqari Greciyaniń basqa wálayatlarinda Qubla Italiya hám Siciliyada (Agrigenttaǵi Zevs ibadatxanasi, Pesttaǵi alti ústinlik Poseydon ibadatxanasi) b.e.sh. V ásirdiń ekinshi yarminda ájayip arxitekturaliq imaratlari qurildi.

Ásirese Perikl dáwirinde Afinada jigirma jil ishinde saltanatli imaratlar qurildi. Parfenon, Propiley, Jeńimpaz Afina hám keyinrek Erexteyon siyaqli *ioniy, korinf hám doriy* usillarinda qurilǵan imaratlar arxitektura iskusstvosiniń ayqin misali edi. Parfenonniń quriwshilari Iktin hám Kallikrat nafislik hám uluǵvorlikni uyǵinlastiriwǵa eristi. Akropol darwazalari quriwda Mnesiklet (b.e.sh. 438-432 jillar) ioniy hám doriy ustinlerin izbe-iz qolladi. Peloponnes urislari dáwirinde ioniy dástúrlerine tiykarlanǵan Erex Teyon quriladi.

B.e.sh. V ásirdiń 70 jillarinan baslap músinshilik iskusstvosi gúllep-jasnadi. Ulli músinshi Fidiy Afina hám Zevs músinlerin jaratti. Quday Afinaniń 12 metrli háykelin jdsdǵanda pil

súyegi hám altinnan paydalanildi. quday Afina Akropolniń eń bálentine qoyilǵan bolip, oniń quyashta jaltiraǵan nayzasi uzaqdan kórinip kemeler ushin mayak bolip xizmet qilǵan. Fidiydiń belgili shiǵarvalarinan biri Olimpiyali Zevstiń úlken háykeli Olimpiyadaǵi Zevs ibadatxanasina qoyilǵan edi. Ataqli músinshi Miron "Diskobol" háykeli menen óziniń atin mángilestirli. Klassikalliq grek musinshiliktiń wákillerinen biri argosli Poliklet edi. Oniń Diodumen shiǵarmasi biybaha iskusstvo úlgisi edi. Poliklet nizami boyinsha músin tabanniń uzinliǵi gewdeniń 1/6 bólimin, basiniń uzinliǵi 1/8 bólimin quraw kerek edi. Bul hám basqa salistirmalar "Dorifor" músininde qat'iy rioya qilingan. Poliklet nizami júz jil dawaminda músinshilikte nizam sipatinda ámel qilip keldi.

B.e.sh. V ásirde Praksiteldiń "Germeys gódek Dionis penen", "Knidli Afrodita", "Kaltakesakni óltirip atirǵan Apollon" háykellerinde gózalliq sáwlelenedi. B.e.sh. IV ásirde polis sistemasiniń túskinligi dáwirinde músinshilikda qaharmanliq temasinan uzaqlasip, insandi ishki ruwxiy dúnyasin kórsetiw tiykarǵi baǵdar boldi. Sol dáwirdiń ataqli músinshilerinen Skopas, Praksitil hám Lisipp (Makedoniyali Iskenderdiń saray músinshisi) lerdi aytiw múmkin. B.e.sh. IV ásirde jasaǵan músinshi Lisipp Makedoniyali Iskenderdiń byustin jaratti. Lisipp músinshilikte Poliklet nizami ornina jańa nizam ornatti.

Kórkem óner rawajlaniwin vazalar kórinisi arqali guzetiwge boladi. Bul janrda *sikion* mektebi, afina maktabi qálipllesken. Kundelik turmista mifologiyadan alinǵan kórinisler kóplep ushraydi. Birinshi ataqli grek súwretshisi Tasosli Poliklet tek tórt reń aq, qara, qizil va sari isletgen.

Klassikaliq dáwirde grek kórkem óneriniń eń ataqli wákillerinen biri Polignot ulken kóp figurali kompozitsiyalar ustasi edi. Afinali Apollodor kórkem ónerde jaruqliq sayasin jaratti. Ol bóyaw menen sizǵan kóp vazalar bizgeshe jetib kelgen. Bul dáwirdegi Zevksid hám Parrasiy, Apellis (Iskenderdiń saray súwretshisi), Nikiyler kórkem óner janrinda jarqin iz qaldirdi.

**Meditsina hám gumanitar pánler.** B.e.sh. V ásirdiń ekinshi yariminnan koxinlar tabibshiligi órnina, aniq izleniwlerge tiykarlanǵan vrachlardiń Meditsinasi payda boldi. Bul dáwirde belgili grek vrachi Gippokrattiń Meditsina mektebi payda boldi. Gippokrat "Meditsinaniń atasi" sipatinda dańqi shiqti. Oniń mektebinde tabibler tajriybe, baqlaw usulina tayanip, tez hám tuwri diagnoz qóyuǵa háreket qildi hám emlewde dieta, gigiena siyaqli usullardi keń qólladi.

Apolloniyali Diogen qan aylanis sistemasin jaqsi úyrendi. Krotonli Alkmeon keselliklerdiń deregi insan organizmindeǵi suyeklerdiń uyǵinlinliǵi buziliwi dep kórsetti. Sol dáwir meditsinaliq bilimleri haqqinda 53 traktatdan ibarat "Gippokrat korpusi" dep atalǵan meditsinaliq tóplamlar arqali maǵlumat aliwǵa boladi.

Aniq pánler haqqinda maǵlumatlar júda az. Afinali astronom, matematik Meton quyash saatin soqqani, kalendardi qayta islep shiqqani haqqindaǵi maǵlumatlar bizgeshe jetib kelgen.

**Ellinistlik madeniyat.** Ellinizm dawirinde madeniy rawajlaniw protsesi jana sharayatlarda juz berdi ham buringi dáwirge salistirǵanda anaǵurlim ózgerislerge iye edi.

Turmistiń jańa sharayatlari hám áyyemgi dástúrler menen tanisiw hár bir adamniń mádeniy dóretiwshilik ushin unamli sharayatlar jaratadi.

Mádeniyattiń rawajlaniwinda mámlekettiń roli de ózgeredi, ol mádeniy dóretiwshilik protsessine duris baǵdar berip, oniń rawajlaniwina anaǵurlim finans qarjilari berilip turadi. Úlken qalalar bolǵan Antiox, Pergam, Sirakuz, Afina, Rodos h.t. basqalarda ilimpazlardi jiynaǵan. Olar jasap, jumis islewi ushin muzey salǵan. Sol waqitlari Aleksandr muzeyinde Appoloniy Podosskiy, Eratosfen, Aristarx, Arximed, Evklid h.t.b. jumis islegen. Tiykarǵi mádeniy bahaliqlardi grekler dúzgen, al mádeniyattiń kóplegen tarawlariniń rawajlaniwi grekler klassikaliq dáwirde (b.e.sh. V-IV ásirlerde) dúzgen fundament tiykarinda júz bergen.

Pútkil Jaqin Shiǵista jaylasqan grek hám makedonlar ózleri menen birge Olimpiya qudaylariniń kul`tin alip kelgen. Olar úlken ózgerislerge ushiraǵan.

Grek qudaylari Zevs, Appolon, Afrodita, Artemida kul`ti jańa tús aladi, olarǵa áyyemgi shiǵis qudaylari bolǵan Mitra, Kibela, Isida h.t.b. kul`ti qosiladi. Grek xalqiniń arasinda *Qudaylardiń Ulli Anasi kul`ti* taraladi. Memdem xraminda siyinatuǵin Osiris-Apis kul`ti tiykarinda Grek-misr qudaylariniń jańa kul`ti payda boladi, olarda Pluton, Zevs hám Dionis Olimpiya qudaylariniń elementleri bar edi. Misr, Selevkiyer hákimleri hám basqa da elementlik monarxlar *Soterge (qutqariwshi), Epifanǵa (qubilis), Evergetke (miriwbetshi)* hám basqa da qudaylarǵa siyinadi. Arnawli ruwxaniylar arnawli xramlarda olardiń saltanatina diniy máresimler ótkizedi. Tutasi menen ellinistlik dáwir jańa diniy formalar hám ideyalar aktiv izlew menen sipatlanadi, bul dáwirde diniy ilimlerdiń etikaliq tárepi, monetizm kóp qiziǵiwshiliq tuwdiradi.

Ellinistlik adamlardiń sana-sezimindegi tereń ózgerisler filosofiyaǵa úlken tásir jasaydi, sebebi ol dúńya taniw ilimi bolip tabiladi. Elementlik filosofiyasi orayi Afina boldi, bul jerde bir neshe tásirsheń básekeles filosofiyaliq mektepler bolǵan. B.e.sh. IV ásirdiń ulli filosoflar Platon hám Aristotel` shákirtleriniń filosofiyaliq mektepleri bolǵan. Zenonniń *stoikaliq filosofiyaliq mektebi* úlken abiroyǵa iye bolǵan. Oniń filosofiyasi úsh bólimge bólingen: *fizika, logika hám etika*. Bunda bas orinda etika turǵan.

Ellinistlik dáwirdiń jáne bir belgili filosofiyaliq sistemasi - bul *Epikur filosofiyasi*. Oniń táliymati da úsh bólimge bólingen: *fizika, golika hám etika.* Materik-ulli, dep jazǵan ol, oni dóretiwge hám joq qiliwǵa bolmaydi, ol erikli hám qanday da bir dóretiwshilik kúshke yamasa qudaydiń túrtkisine zárúr emes.

Tutasi menen ellinistlik filosofiya-bul jańa, alǵa qaray úlken adim bolip tabiladi. Ol jer júzilik filosofiyasin tereń hám original` bayitti, adamzat tsivilizatsiyasiniń ǵáziynexanasinda húrmetli orin iyeledi.

***Ellinizm dáwiriniń ádebiy protsessi***, bir jaǵinan sol dáwirdiń uliwma socialliq hám ruwxiy atmosferasin sáwlelendirdi, ekinshi jaǵinan, klassikaliq dáwir ádebiyatinda qáliplesken dástúrlerdi dawam ettirdi. Ellinizm dáwirinde avtorlar sani artti. Ádebiyatqa teatr úlken tásir jasadi. Saxnada tragediyalar, komediyalar hám dramalar qoyiliwi dawam etti.

Aleksandriyada poeziyaniń ayriqsha stili payda boldi, ol *aleksandrizm* dep ataldi. Aleksandrizm stiline muzey basshisi hám tárbiyashi, taxt miyrasxori Kallimax (b.e.sh.310-240-jj) tiykar saldi. Oniń belgili shiǵarmalariniń ishinde «Gekala» hám «Sebepler» poemalarin atap ótiwge boladi.

Ellinistlik dáwirde *epos janri* jaqsi rawajlandi. Oniń kórnekli wákili Apolloniy Podosskiydiń «Argonavtika» poemasin atap ótiwge boladi.

Ellinistlik ádebiy janrlardiń ishinde *socialliq romanlar-utopiyalar* payda boldi. Olar óz dáwiriniń jámietlik jaǵdayin sáwlelendirgen.

Prozaliq janrlar qatarinda *tariyxiy shiǵarmalar* jetekshi orin iyelegen. Bul dáwirde *istoriografiya* dúzildi. Tutasi menen ellinistlik ádebiyattiń klassikaliq ádebiyattan biraz parqi bar edi. Bul ózgeshelik oniń kórkem ideyaliq baǵdarina da, janrliq hár qiyliliǵina da tiyisli edi.

Ellinizm dáwiri kóplegen jańa abadan áyyemgi qalalardiń payda boliw dáwiri edi. Turaqli qalaniń tiykarǵi printsipleri tómendegilerden ibarat edi:

1) qalalar ushin orin saylap aliw;
2) qurilistiń bas jobasin dúziw;
3) kóshe boyinsha joybarlaw;
4) qalalardi kvartallarǵa bóliw h.t.b.

Qalaniń bas jobasinda orayliq maydan-agora teatr, jámietlik binalar hám xramlar, stadionlar hám gimnaziyalar ushin arnawli uchastkalar ajiratilǵan.

Turaq jaylar ushin eki joybar islep shiǵilǵan:

A) bir neshe tutas diywallarǵa iye jaylar, kvartiralar blogi, olar qala kvartalin dúzgen;
B) bólek jay - qala villasi.

Tek ǵana ellinistlik dáwirdiń ǵana emes, al pútkil áyyemgi dúńyaniń eń iri qurilislariniń biri-bul *Aleksandr mayagi* (biyikligi 120 mll), ol b.e.sh. 280-jili arxitektor Sostrat tárepinen Faros atawinda qurilǵan. Oniń tóbesinde biyikligi 7 metr bolǵan teńiz qudayi Poseydonniń statuyasi bar. Ellinistlik arxitekturasi ushin bir neshe jańaliqlar da bar: bul júdá úlken qurilislar saliwǵa umtiliwshiliq, ishki hám sirtqi jaqlarin bezew h.t.b.

Bul dáwirde *skul`ptura* óneri de rawajlanǵan. Skul`pturalar jeke úylerde, jámietlik binalarda, akropol`da, kósheniń kesispelerinde, parklerde qoyilǵan. Skul`pturada ayirim adamlardiń portretlerine úlken qiziǵiwshiliq bolǵan.

Pergam hám Rodosta ellinizm dáwiriniń skul`ptorlar mektebi bolǵan. *Pergam mektebi* Skopastiń kórkem printsipin dawam etken. Bul mekteptiń «Pergam altari» - memorialliq kompleksin atap ótiwge boladi.

*Rodos mektebi* ataqli Lisipptiń dástúrlerin dawam etti. Bul jerde kóbinese kúshli, jalańash atlantlardiń kelbetin jaratiwǵa úlken diqqat awdarilǵan. Rodos mektebiniń eń ataqli shiǵarmasi - bul «Laokoon hám oniń balalari» skul`pturaliq topar. Bunda Troya jretsi hám oniń balalariniń jilan shaǵiwinan ayanishli ólimligi sáwlelengen. Ekinshi skul`ptura-gelnos qudayiniń 30 metrlik qola statuyasi.

Ellinistlik dáwirde *gumanitarliq hám tábiyǵiy ilimler* júdá tez pát penen rawajlanadi. Ilimiy izertlewlerdiń jemisleri mámleketlik basqariw hám turmistiń hár qiyli tarawlarinda tájiriybede qollaniwi artti. Ellinistlik dáwirde ilimiy pánlerdiń differentsiatsiyasi hám spetsializatsiyasi bayqaladi.

Matematika hám astronomiya úlken jetiskenliklerge eristi (Evklid, Arximed, Appoloniy). Aristarx Samosskiy, Eratosfen Kirenskiy hám Gipparx Nikeyskiy *astronomiya* tarawiniń iri ilimpazlari boldi. O`simlikler haqqinda ilimniń tiykarin saliwshi Aristotel`diń eń jaqin shákirti Feofrast bolip esaplanadi. Meditsinada úlken jetiskenliklerge erisildi.

Gumanitar ilimlerinen Aleksandr muzeyinde filologiya, tariyxiy sin hám testologiya tabisli rawajlandi. Tap usi gumanistlik dáwirde oqiw engizildi hám áyyemgi avtorlardiń kóplegen klassikaliq shiǵarmalari klassifikatsiyalandi, keyin ala bul shiǵarmalar usi turisinda házirgi kúnlerge shekem jetip keldi

**Ellin mádeniyati.** Elliniń mádeniyati grekler hám Shiǵis xaliqlariniń mádeniy jetiskenlikleriniń qosilip ketiwi nátiyjesinde qáliplesti. Ellin dúnyasiniń ruwxiy qáliplesiwine mámleketlerdiń úlken kólemleri sheklenbegen patsha hákimliginiń barliǵi, qalalardiń ámeldegi ǵarezsizligin joǵaliwi óz tásirin ótkezdi.

Bul dáwirde pán hám texnika tegis emes rawajlandi. Mámleket hakimyati mápdar bolǵan áskeriy is, kemasazliq, qalalardi qamal qiliw texnikasi hám qurilis tarawlarinda eń úlken jetiskenliklerge erisildi.

Ellinizm dáwirinde grek dúnyasi shiǵis diniy qiyallarin qabil qila basladi. Misrda Kishi Aziya qudayi Serapisqa siyiniw háwij aldi. Misr qudayi Isidani grekler Demetra sipatinda qabil qildi. Pergamda Frigiya qudayi (Kibela – jerdiń anasi) bas quday sipatinda qabil qilina baslandi. Ellinlasqan shiǵis qudaylarinińbarliǵi mistik hám ekstatik edi. Evrey dini keń tarqala baslandi.

Greciyada evrey dini tarqala basladi. Grekler bul monoteistik dinge isenip, oni qabil qildi. Evrey dinine jańa qabil qilinǵanlar "prozelitlar" dep ataldi. Ellin mámleketlerinde túrli qudaylar túrli xaliqlardiń diniy isenimleri keń tarqaldi. Diniy tolerantliq qáliplesti. Jaylarda dinniń universalliǵin kórgizbe qiliwǵa intilip barliq qudaylarǵa atap ibadatxana-Panteon qurila baslandi. Sonday Panteon Iskenderiyada qurildi.

Ptolemeyler Misrinda áyyemgi faraonlar dáwirinde bolǵaninday patsha hakimiyatiniń abroyi kúsheyip ketti hám Ellin shiǵisindaǵi basqa mámleketlerdegi siyaqli Misrda patshalarǵa siyiniw jáne baslandi. Ptolemey II Filadelf ózine h'am óz sińlisi Arsenoyaǵa siyiniwǵa buyriq berip, ózi hám sińlisi sharapatina ibadatxanalar qurdirdi. Misrda Ptolemey III hám oniń hayali Berenikaǵa da siyiniw keń tarqaldi.

Sol dáwir filasofiyasinda insan shaxsin úyreniw birinshi orinǵa shiǵa basladi. B.e.sh. V-IV ásirlerde eki filosofiyaliq mektep: jańa stoik hám epikur mektepleri júzege keldi. Olar insan, shaxsi ne, baxit ne degen sorawlar ustinde bas qatira basladi. Stoiklar mektebiniń tiykarshisi filosof Zenon edi. Olar Afinaniń eń shawqim jeri bolǵan Agorada naǵisli peshayvon "stoya" astinda waz aytip, óz tińlawshilarina tálim berer edi (Bul mekteptiń ati da sol sózden kelip shiqqan). Stoizm grek hám shiǵis teoriyalariniń sintezi edi. Ol keń tarqalǵan hám soniń menen birge uzaq jasaǵan ellin filosofiyaliq mektep edi. Stoiklar hámme nárseni soniń tiykarinan pikr, sóz, ot hám sol siyaqlilardi da jism dep atar edi. Uliwma álemdi stoiklar rawajlanip turatuǵin ot dep esaplar edi. Stoiklar barliq adamlar teń degen ideyani ilgeri súrdi. Olar insanlar tabiyat penen teń halda jasap, baxit hám qudayliq tawadi degen pikirdi qáliplestirdi.

B.e.sh. IV ásirde Afinada Epikur filasofiya mektebi qáliplesti. Filosof Epikurdiń baǵinda oniń doslari hám shákirtleri toplanip, filosofiyaliq sóylesiwler qurdi. Bazarlar, maydanlar adamlar kóp bolǵan jerlerda óz tálimatlarin tarqatqan Stoiklarǵa tiykarinan Epikur tinish jerde oylaw-pikirlewdi qiliwdi jolǵa qoydi. Epikurshilar baxttiń mazmuni-azaptiń joqliǵi "Kimde zárúrlik bolsa, ol adamda kóp tinish boladi"-degen túsinsheni ilgeri súrdi

B.e.sh. III ásirde jane bir filosofiya maktep skeptikler maktebi qáliplesti. Bul maktepke Arastudiń adam zamanlasi Pirron tiykar saldi. Skeptikler atirap dúnyani bilip bólmaydi, oniń tabiyati haqqindagi barliq teoriyalar qiyal dep bolsapladi. Soniń ushin olar fizika menen shuǵullanbadi, dúnyani biliw teoriyalarin jaratpadi, lekin basqa maktepler jaratqan teoriyalar sinǵa itibar berdi. Olar "Barliq narselerdi hesh qashan bilip bolmaydi, olar haqqinda ya haqiqatti, ya jalǵandi aytiw mumkin emes" dep bolsapladi.

Skeptikler filosofiya aǵimi miditsinaga tásir qildi. Tawipler keselliklerdin sebeplerin biliwleri mumkin emas, tek awiriw keselligin guzetiw kerek. Kesellikti awiriwda darilerdi sinaw menen emlew zarur degen tusiniklerdi ilgeri súrdi.

B.e.sh. IV ásirde filasofiyada jane bir mektep kinikler payda boldi. Bul mektep tiykarshisi Antisfen, oniń ataqli oquwshisi Diogen. Kinikler tabiyatqa qaytiw qolayliqlardan bas keshiwdi talap qildi; insanniń nizam-qaǵidalari tabiyatqa qarama-qarsi dep, mámleketti tan almadi.

B.e.sh. III-II ásirlerde Arastu mektebinde aniq ham tabiiy panler oyrenildi. Feosfrast awelgi filosiflardi, Menon meditsinaliq ádebiyatin uyrendi. Evdem matematika ham astranomiya tariyxin jazdi. Feofrast "Ósimlikler tariyxi" ,"Ósimlikler fiziologiyasi" shiǵarmalarin jazip ilimiy botanikaǵa, oniń ustazi Arastu bolsa zoologiyaga tiykar saldi.

Arastu Likmiyada óz óquwshilari menen seyil qilip jurer ham olar menen filosofiya soylesiw qilar edi. Sol sebepli olar "peripateitikler"(seyil qilajatuǵinlar) dep atalgan. Ptolemey I Soter Aleksandriyada ilimiy oray Museyondi qurdi. Bul jerde ulken miń jilliq kitapxana, botanika baǵi, zoopark, xirurgiya laboratoriyalari, astronomik rasadxana, alimlar ushin oquw zali bar edi. Bul jerde matematika, fizika, astronomiya, geografiya ham filologiya pánleri boyinsha kóp alimlar toplangan edi. Tiykarinan bul jerde ataqli matematik Evklid (oniń "Baslanǵish geometriya"si kóp ásirler dawaminda 1700 márte shiǵarilǵan) isledi. Arximed jasliginan bul jerde óz belsendiligin basladi.

B.e.sh. III-II ásirde Pergida ataqli matematik Apollogiy isledi. Iskenderiyada geograf Eratosfen, astranomlar Kono ham Dosifeyler belsendilik kórsetti. Iskender jurisleri gurrińshisi Aristobul, askeriy basliq Nearx greklerge basqa mámleketler haqqinda bay máǵlumatlar berdi.

Kirenaliq Eratosfen fizik ham matematik geografiyaǵa tiykar saldi. Samosliq Aristrax b.e.sh. III ásirde jerden ayǵa shekem bolǵan araliqti ólshep kórdi. Sol dáwirde Iskenderiyaliq Ktesiy pnevmatik qolda ótetuǵin snaryadti payda etti. Ol jane suw saati, túrli tiykarlardi, gidravliq organ, otqa qarsi tiykarin jaratti.

Qalalardi qamal qiliw ushin ataqli taranlardan tisqari dóngelekler ustine ornatilǵan arnawli xarakterleniwshi minaralar-geliorlar (qala ham) payda boldi. Bul úskeneler dushpan qalasi

diwallarina teń yaki ulkenirek qilip jasalar edi. Háreketleniwshi minara ishinde askerler, awisiq oqlari ham taslar menen atiwshi toplar jaylastirilgan.

Sawda, teńiz kemeleri quramalastirildi. Olar kóbinshe ashiq teńizde, okeanga da shiǵar edi. B.e.sh. II ásirde grek Gippal Hindistanǵa kemede sayaxat qilǵanda birinshi marte musson samallarinan paydalandi. Teńizshiliktiń rawajlaniwi quramaliraq portlar hama sawda jaǵalarinda qoyma ham basqa jardemshi minaralar quriwdi zarur qilip qoydi.

Ellin arxitekturasinda uliwma ham jeke adamlar paydalanatuǵin minaralar kópshilikti quraytuǵin edi. Klassik Greciyaniń arxitekturasinda tiykarǵi minara Pripter- jeke uy bolǵan edi. Qalalar adette reje tiykarinda qurilip, bir-birin kesilisip ótetuǵin tuwri múyeshli tik kósheleri menen shirayli kóriner edi.

B.e.sh. I ásirde Pontiy patshaliginda ashilip islep shiǵariwda óz ornin tapqan suw digirmani ellinistik jámietinde eń joqari texnika jeńisi edi. Kem sanli  suw digirmanlari menen bir qatarda júz jillar dawaminda haywanlar kushi menen aylantirilatuǵin digirmanlar, jarǵishlar ham hátte ápiwayi ógirlar keń paydalanildi. Kanshilik isi texnika tárepinen eń tomen ham miynettiń eń awir túri bolip kanlarda qullar, hukim qilinǵan jinayatshilar, áskeriy qolǵa túskenler kóplep óler edi.

Paytaxtlarda ilimiy oraylar ham kitapxanalar júzege keldi. Misrdaǵi Iskenderiya, Oronttaǵi Pergam, Antioxiya ellin dúnyasiniń ilimiy ham madeniy orayi sipatinda óz abirayrin saqlap qaldi. Iskenderiyada Ptolomeyler sherikliginde sol waqit ushin  úlken kitapxana toplangan bolip, ellin dáwirnin oxirina barip bul jerde 70000 ǵa jaqin papirus oramlari bar edi.  Bul kitapxana sol zamanǵa shekem toplangan grek-shiǵis donishpanlariniń shiǵarmalarin toliq rawishte óz ishine alǵan edi. Saray qarsisinda kitapxanadan  tisqari Museyon-ilimiy shólkem de dúzilip, onda alimlar ushin jataqxana da bar edi. Iskenderiya alimlari matematika, miditsina ham texnika pánleri tarawinda erisken jenisleri menen hamde jetekshi-filologlar sipatinda danq taratti.

Ellin dáwirinde panler differensiyalanip ham sistemalasip bardi. Arestoteldiń shákirtleri ham bolgan  peripa tetiklar tariyxi bul  deffirensiyalaniw ham sistemalasiw dawirinde kórinedi. Peripatetikler filasofiya mektebine basshiliq qilgan Arastudiń miyrasxori Teofrast tek filosif emes,  alim da edi.

Teofrasttan keyin mektepke Straton basshiliq qildi. Ayyemgi zamanda ol “fizik” degen laqap alǵan edi. Stratonnin ózgeshe xizmeti sonnan ibarat, ol tabiyat hádiyselerin uyreniwde eksperiment usulin tarqatiwǵa umitilǵan edi. Stratonnin shákirtleri arasinda Samos atawinda tuwilip ósken ajayip astronom Aristarx bolip ol jer  ham basqa planetalar quyash atropinda aylanadi, degen ideyani alǵa súrdi. Lekin ilm-pánnin sol waqittaǵi darejesi ham ol ózi payda etken geliotsentrik sistemanin shinligin basqa alimlarga isenerli tarizde  sipatlay almas edi.

Iskenderiya matematiklerinen birinshisi Evklid edi. Ol óz dáwiri filasofiyasin erisken jenislerin dizimge saldi, uliwmalastirdi ham tamamladi. Oniń “Ibtido” degen tiykarǵi shiǵarmasi eki miń jildan aslam waqittan beri baslanǵish geometriya sabaqliqlari ushin tiykar bolip xizmet qilip kelmekte.

Taxt miyrasxori bólatuǵin Ptolemey IV Filopatordiń tarbiyashisi, Museyon kitapxanasiniń wakili kirenaliq Eratosfen ataqli geograf, astronom, matematik ham filosif edi. Ol  jer aylanasi uzinligin kub darejede aniqlap, esaplap shiqdi ham fizika-matematika geografiyanin tiykarlarin jaratdi. “Geografiya” atamasin birinshi marte Eratosfen isletti.

Iskenderiya birden – bir pán orayi emes edi. Teofrast Afinada islegen. Arximed Sirakuzada jasagan. Ataqli injener – jaratiwshi bolǵan Arximed teoriyaliq mexanikanin, gidrostatikanin sferik geometriya ham trigonometriyanin tiykarlarin jaratgan iri teoriyashi alim edi. Ol  úlken sanlardi esaplap shiiǵariwdiń arifmetik metodlarin jaratiwda dastlepki qademlerdi qoydi. Ol ataqli astronom da edi.

B.e.sh. III ásirde miditsina bir qansha rawajlandi. Ol Misrda anatomiyani úreniw jenislerinen Misr ham Vavilonda dari- darmanlar  tayarlaw hama tarqatiwda  miń jilliq tajriybesin ózlestirdi. Grek miditsina teoriyasi ham ameliyatin áyyemgi shiǵis tajribesi menen birge qósip Iskenderiyadagi miditsina mektebinde óz kórinisin tapti. Gerofil bul mekteptin

tiykarshisi esaplanadi. Ol adamnin korinisin jaratqan, diagnoz metodlarin aniqlagan, dari – darmanlarga úlken ahmiet bergen tawip edi. Ol  Salavkiyler aymaginda Iskenderiyada islegen edi.

B.e.sh. II ásirde jasagan nikeyaliq Gipparx ataqli astronom ham geograf edi. Ol bir qansha astronomik asbaplardi quramalastirdi ham payda qildi. Keshe – kundizdin teńligi Gipparxga sipat berdi. Biraq bul Vavilonda qilinǵan bóliwi mumkin. Ol háreketsiz juldizlar katalogin duzdi. Bul katalogda 900 ǵa jaqin juldizlar óz ornin tapqan. Gipparx kalendardi, jerden ayga shekem bolǵan araliqti, jer hám quyash awirliǵi haqqindagi bilimlern aniqlagan.

Lekin ekinshi tárepten bul ataqli alim samosliq Aristarxtiń geliotsentrik teoriyasina qarsi shiqqan ham óz abróyi ushin geliotsentrik dizimdi bekkemlep kelgan. Lekin oniń qáteligi tan almaǵan. Gipparx ekvatordiń 360 qa bólistirip, uzunliq hám keńlik túsinigin jariyalaǵan. B.e.sh. I ásirde Giran mexanika menen jeńisli shuǵullanǵan edi.

Shaq ham Grek mádaniyatin óz-ara tásiride Vavilon ham Misrda Tariyxtaniwdiń rawaji kózge taslanadi. B.e.sh. III ásirdiń I yariminda Vavilonliq ruwxaniy Beroestiń “Xaldeya tariyxi” ham misrliq ruwxaniy Manefonniń “Misr tariyxi” atli shiǵarmalari jaratildi. Har eki shiǵarma da grek tilinde bolsa da, jergilikli tiykarda jazilǵan edi.

Biraq eki shiǵarmadan da bizge shekem tek ayrim bolekler jetip kelgen. Manefon shiǵarmasinda bolsa, fir’aunlardiń eń áyyemgi zamanlardan tap Iskenderge shekem patshalar dinastiyalarin xronologik dizimi berilgen.

Ellin dáwirinde pán sipatinda ádebiyatshiliq filologik sin, Gomerdan baslap klassik avtorlar shiǵarmalarin tup nusxalarin qayta tiklew turinde júzege keledi. Filologlar logikaliq tiykarda grek grammatika dúzimin islep shiqti.

Iskenderiya grek ádebiyatiniń ahmietli orayi bolip qaldi. Bul jerda hám basqa jerlerde rawaj tawǵan ádebiy aǵim “Iskenderiya ádebiy aǵimi” dep at alǵan. Bul ellin jámieti joqari qatlaminiń keypiyatin suwretlegen poeziya edi. Iskenderiya shayirlariniń basliǵi Kallimax edi. Ol museyon kitapxanasiniń wákili hám taxt miyrasxoriniń tarbiyashisi edi. Kallimax kitapxana katalogin dúzdi. Soniń menen birge Kallimax mifologik, tariyxiy hám ádebiy temalarda jazilǵan kólemi jaǵinan kishi – kishi qosiqlar avtori.

Kallimaxtiń kishi zamanlasi Feokrit Iskenderiyadaǵi eń taniqli shayir edi. Ol kishi – kishi lirik – dramatik poema ideyalar avtori bolip tariyxqa kirdi. Kallimax óz shiǵarmalarinda awil hám qala ómiriniń tinish kórinislerin ideyalastiriw, shopanlar hámde qalaliq erkek hám hayallardiń ishki keshirmelerin jirlawshi názik lirik.

Iskenderiya poeziyasinan tisqari, ellin dáwirinde jańa attika komediyasi úlken áhmiette edi. Attika komediyasiniń tiykarǵi wákili Menandr edi. Misrda tawilǵan papirus oramlari sebepleri oniń komediyalari bizge málim boldi. Menandr komediyalari syujeti shańaraqliq, kúndelikli dramalardan ibarat. Menandr komediyalari baxtiyarliq penen tamamlanadi.

Ellin dáwirinde suwretshilik sanaat ájayip jetiskenliklerge erisdi. Bul dáwirde grek hám shiǵis dástúleri menen qosilǵan bir qansha arxitektura estelikleri payda etilgen. Kórkemli hám ulliliqqa uriniw olardiń kópleri ushin tán bolǵan jeke harakter. Músinshilik sanaati bul dáwirde bir qansha kúsheygen edi. Biraq oniń mazmuni klassik dáwir dástúrlerinen parq qildi. Qudaylar hám qaharmanlardiń ideyalastirilǵan hám uliwmalastirilǵan háykelleri arqaǵa súrilip tabiyiy tárizde suwretlengen shaxstiń individualligi aniq kórsetilgen portretler aldinǵi qatarga ótti. Ellin dáwirniń músinshiligi jaratqan jalǵiz hám topar tarzindegi háykellerde fizikialiq hám ruwhiy azap, gúres, jeńis, ólim suwretlenip kórsetiler edi.

Peyzajdi pán sipatinda sáwlelentirip onda yaki oniń ortasinda tiykarǵi syujetti suwretlendiriw músinshilikte jańaliq edi. Bul usil klassikaǵa málim emes edi. Soniń menen bir qatarda músinshilikte dábdábeli jónelis bar bolip, ol ellin húkimdarlarn háykeller sayasinda payda bolar edi. Ellin músinshiliginde b.e.sh. IV ásirdiń ulli, sheber ustalarina borip taqalatuǵin bir neshe jónelisti kóriw mumkin. Afinada hám Iskenderiya Praksitelǵa barip taqalatuǵin sanaat

shiǵarmalarin tamasha qiliw ushin kiriwshi ózine toq adamlardiń didine say sanaat shiǵarmalarin kóriw mumkin edi.

**Bekkemlew ushin sorawlar**

1. Klassik dáwirindegi Grek mádeniyati.
2. Ellinizm dáwirinde madeniy rawajlaniw

**Lekciya № 9**
**Tema: Áyyemgi Rimniń tariyxına kirisiw. Áyyemgi Italiya.**

**Joba:**

1. Áyyemgi Rimniń jaylasıwı, tábiyatı hám xalqı
2. Rim tariyxın dáwirlestiriw. Áyyemgi Rim tariyxınıń tiykarǵı derekleri.
3. Rimde plebeyler hám patriciyler arasındaǵı gúres.
4. Áyyemgi Italiyaniń tábiyati hám xalqi.
5. Italiya tariyxiniń eń áyyemgi dáwiri. Etruskler.
6. Rim patshaliq dáwirinde (B.e.sh. 753-510 jillar)

**Tayanısh túsinikler**: Antik dáwir, klassikalıq qulshılıq, Italiya ataması, Etrusk, ligur, latın, venet, osk, samnit, jılnamashılar, Fastlar, Publiy, Piktor, Katon, Polibiy, Ciceron, Salyustiy, Cezar, Tit Liviy, Diodor shıǵarmaları, Tacit, Svetoniy, Trankvill, Strabon, áyyemgi jazıwlar, numuzmatika materiallar.

**1. Áyyemgi Rimniń jaylasıwı, tábiyatı hám xalqı.** Evropanıń batısında Apennin yarım atawı jaylasqan. Yarım atawdıń úsh tárepi Adriatik, Tirren hám Ioniya teńizleri, al arqa tárepten bolsa qarlı Alp tawları menen qorshalǵan. Yarım atawdıń úlken bólegi jazıq tegisleklerden ibarat bolıp, jap-jasıl toǵay hám otlaqlar menen qorshalǵan. Áyyemgi grekler bul jerde awqatlıq ot, ósimlik hám sharwa mallarınıń kópligin kórip hayran qalǵan. Sonıń ushın bul jerdi “buzawlar mámleketi”, yaǵnıy Italiya dep ataǵan. Keyin ala yarım atawdıń hámmesi Italiya dep atalǵan.

Evropada awıl xojalıǵı hám awıl turmısınıń júzege keliwi eki ayrıqsha usılda payda bolǵan. Birinshhi hám eń tez jolı Orta Jer teńizi arqa shetinde payda boldı. O‘simlik hám haywanlardıń beyimlestiriw menen Orta Jer teńiziniń tómengi aǵımınan batısqa, yaǵnıy házirgi Turkiya arqali Egey teńizi atawlarınan materik Greciyaǵa, ol jerden Siciliya, qubla hám oraylıq Italiya tárepine kóshti. Bul protsess ayrıqsha shaxstıń áhmiyetli háreketin yaki absolyut tarqalǵan ideyalardı o‘z ishine aladı, teńiz menen baylanıslardı jedel ráwishte tezlestirildi. Beyimlestiriw protsessiniń tiykarǵı elementleri Orta Jer teńizi wálayatlarınan qubla-batıs Aziyaǵa jetip keliwi menen aq, teńiz baylanıslarınıń tez ózgeriwine járdem berdi. Tez arada terimshilik hám ańshılıq óz ornın diyxanshılıq hám úy sharwashılıǵına bosatıp berdi[15].

The emergence of agriculture and village life occurred inEurope along to separate paths. The first and most rapid trajectory followed the northern rim of the Mediterranean Sea.Domestication of crops and animals moved westward, following the prevailing currents of the Mediterranean, fromwhat is now Turkey through the islands of the Aegean Sea tomainland Greece, and from there to southern and central Italyand Sicily. Whether the process involved the actual migrationof individuals or the abstract spread of ideas, connections bysea quickened the pace of the transition. Once the basic elements of domestication had arrived in the Mediterraneanregion from Southwest Asia, the speed and ease of seabornecommunications aided

[15]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p. 30.

astonishingly rapid changes. Almostovernight, hunting and gathering gave way to domesticatedagriculture and herding.

Yarım ataw haywanat hám jer astı qazılmalarına da bay bolǵan. Klimatı jumsaq, jaǵımlı hám jawınlı bolǵan. Yarım atawdıń qolaylı geografiyalıq ortalıǵı áyyem zamannan baslap-aq alǵashqı adamlardıń itibarın tartqan. Arxeolog alımlar yarım atawdıń kóp jerlerinen áyyemgi tas dáwirine tiyisli adamlardıń mákanların, qurallarын, súyeklerin hám úńgirdiń diywallarına sızılǵan súwretlerdi tapqan. Bul materiallar Apennin yarım atawında adamlardıń áyyem zamanlardan baslap jasay baslaǵanın bildiredi. Qulshılıq mámleketleri Italiyada dúzilgen bolıp, b.e.sh. II ásirdın ortalarınan baslap pútkil Orta teńiz átiraplarında húkimdarlıqtı qolǵa kiritken mámleket Rim mámleketi degen at penen ataladı. Bul mámleket birden bir qala - Rim polisi tiykarında payda bolıp, keyin pútkl Italiyanı Jer Orta teńizi átirapındaǵı úlkelerdi, Jaqın hám Orta Shıǵıs, arqa Afrika Evropanıń úlken bólegin ózine baǵindırdı. B.e.sh. II hám b.e.sh. I ásirde onıń shegaralari batısta Pireney yarım atawınan shıǵısta Kaspiy boylarına shekem, arqada Britan atawlarınan qublada Parsı qoltıǵına shekem bolǵan jerlerdi óz ishine alatuǵın edi. Bul mámleket úlken qulshılıq saltanatına aylanıp derlik 500 jıl jasaǵan.

Rim mámleketinde qulshılıq qatnasları sheksiz dárejede rawajlanıp, óziniń klassikalıq dárejesine jetken. Dúnyanıń birde bir mámleketinde qullardı kúshli eziw hám olarǵa ayawsız qatnas Rimdegidey bolmaǵan.

Zamannıń ótiwi menen qulshılıq xojalıǵı hám qulshılıq sistemasına tiykarlanǵan jámiyetlik qatnaslar da óz ómirin jasap bolǵan, nátiyjede qúdiretli saltanat quladı.

Basqa qulshılıq mámleketlerinen parıqlı Rim qulshılıq mámleketiniń tariyxın úyreniw nátyjesinde bul qatnaslardıń payda bolıwı, rawajlanıwı hám qıyralıw processlerin bir mámleket mısalında baqlaw múmkin.

B.e.sh. 5-ásirde Rim qalasınıń puqarası Rimlik bolıwın ańlatqan, latın tilinde sóylew ( oraylıq Italiya jergilikli tili) hám kiyiniw hámde jep-ishiwi latın tilinde sóyleytuǵınlarǵa uqsaǵan. B.e.sh. II-ásirdiń aqırına kelip, puqaralıq túsinigi rimlikler tárepinen qurilǵan úlken bir aymaq mámleket aǵzalarına aylanǵan adamlarǵa derek qollanılǵan.

III-ásirge kelip, hátte, bul úlken ideya haqıyqatqa aylandı. Endi, Rimdi ańlatıw Rimlik imperatorlardıń ápiyawı zatına aylanıp qaldı. Bul ózine tán túsinik tereń tamır atqan imperiyanıń II ásir ótkennen keyin batıs bólimleriniń bólsheklenip ketiwine alıp keldi. Shıǵıs bólimlerinde jasawshı aman qalǵanlar bolsa, Rim menen baylanıs etpeytuǵın edi, latin tlinde sóylespeytuǵın edi hám haqıyqiy rimlikler sıyaqlı kiyinbeytuǵın hám awqatlanbas edi. Olar ózlerin elege shekem haqıyqıy rimlik dep esaplamaytuǵın edi.[16]

In the fifth century BCE, being Roman meant being a citizen of the city of Rome, speaking Latin (the regional languageof central Italy), and eating and dressing like Latin-speakingpeople. By the late second century BCE, however, the concept of citizenship expanded to include anyone who hadformal membership in the larger territorial state that theRomans were building.

By the beginning of the third century CE, even this biggerview was no longer true. Now being Roman meant simplybeing a subject of the Roman emperors. This identity becameso deeply rooted that when the western parts of the empiredisintegrated to centuries later, the inhabitants of the surviving eastern parts—who had no connection with Rome, didnot speak Latin, and did not dress or eat like the originalRomans—still considered themselves “Romans” in thisbroader sense.

Jáne Rimniń tariyxın úyreniw nátiyjesinde qullar miyneti hám erkin adamlar miynetiniń nátiyjelerinen paydalanıp ózine tán mádeniyat qáliplesken, bul mádeniyattan keyingi zamanlarda pútkil dúnya xalıqlarınıń da paydalanǵanın bilemiz.

---

[16]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.243.

Áyyemgi Italiya Apennin yarım atawı, Siciliya, Korsika, Sardiniya hám basqa mayda atawlardı óz ishine alǵan mámleket bolıp tabıladı. Onı arqa tárepinen Alp tawları qorshap turadı. Yarım atawdı shigistan Adriatika, qubladan Ioniya, batıstan Tirren teńizleri juwıp turadı. Teńizdiń jaǵalarında kemelerdiń toqtawı ushın qolaylı buxtalar bar. Italiya aymaǵında insannıń xojalıq iskerligi ushın qolaylı bolǵan tegislik hám ónimdar jerler kóp.

Yarım ataw áyyemde qalıń toǵaylar menen qaplanıp, ol jerde dub, qaraǵay, qara qayıń, kashtan hám basqa terekler ósip turǵan áyyemgi Rimde ázelden alma, ánar hám basqa miyweli terekler de jaqsı miywe bergen.

Áyyemgi Rimde haywanat dúnyası Orta Evropaǵa usas bolıp, ol jerde suwın, taw eshkisi, jabayı shoshqa, jabayı pıshıq, ayıw, qasqır, túlki, mayda jırtqıshlar, jer bawırlawshılar, quslar kóp. Yarım ataw hám teńizlerde balıqlar hám hár túrli haywanlar bar.

Apennin yarım atawında jer astı qazılma baylıqları da mol. Ol jerden hám atawlardan altın, ǵumis hám mıs, hár túrli reńdegi mramor taslar qazıp alınǵan. Yarım atawdıń qublasindaǵı Siciliya atawınıń klimatı ıssı bolıp, ósimlikler dunyasina bay.

Apennin yarım atawınıń qolaylı geografiyalıq ortalıǵı júdá áyyem zamanlardan-aq alǵashqı adamlardıń dıqqat itibarın ózine tartqan. Arxeolog alımlar Apennin yarım atawınan áyyemgi tas ásirine tiyisli adamlardıń mákanları, miynet quralları, al úńgirdiń diywallarınan bolsa áyyemgi súwretlerdi tapqan. Sonıń menen bir waqıtta atawdan 80-100 mıń jıllar aldın jasaǵan áyyemgi adamlardıń bas súyegi hám miynet quralları da tabılǵan. Olar tiykarınan temirshilik hám ańshılıq penen shuǵıllanǵan. Neolit dáwirine kelip Italiya hám atawlarda xalıq kóbeye baslaǵan. Bul dáwirde adamlar úńgrlerdi taslap shıǵıp, ılashıqlarda jasaǵan, dáslepki sharwashılıq hám diyqanshılıq menen shuǵıllana baslaǵan.

B.e.sh. III mıń jıllıqta Italiya xalqı mıstan, II mıń jıllıqta jezden hám II mıń jıllıqtıń aqırında – I mıń jıllıqtıń basınan baslap temir qurallardan paydalana baslaǵan. Temir qurallardan paydalanıw awıl xojalıǵınıń rawajlanıwına úlken tásir kórsetken.

B.e.sh. I mıń jıllıqta Italiyada etrusk, ligur, latın, venet, osk hám samniy (samnit) sıyaqlı hár túrli qáwimler jasaytuǵ'ın edi.

Ligurlar hám etruskler mámlekettiń áyyemgi qáwimlerinen bolıp, olar Italiyanıń arqa-batıs tárepinde jasaǵan. Mámlekettiń arqa-shıǵıs shetlerinde venetler, onıń qublası menen Siciliya atawında italiyalı qáwimler jasaǵan. Sonıń menen bir waqıtta atawda latın qáwimleri de jasaǵan. Olar jasaǵan orın Laciya dep atalǵan. Laciyaǵa qońsılas Kampaniya tegisliginde okslar jasaǵan.

B.e.sh. II mıń lıllıqtan baslap grek teńizshileri Apennin yarım atawı hám Siciliya atawınıń jaǵalarına kelip ornalasa baslaǵan, áyyemgi rawayatlarǵa kóre Krit patshası Minos Siciliyada qaytıs bolǵan eken. Siciliya sikanlar, elimler, Korsika hám Sardiniyada sardlar jasaǵan.

Qubla Ispaniya hám batıs Italiyada, Qara teńiz boyındaǵı Krimda qalalar turmısı ápiyawı bolǵan. Tez arada teńiz boyındaǵı qalalarda baylanıslar kóp hám qúdiretli elita wálayatlardıń qollap-quwwatlawı nátiyjesinde Orta Jer teńizinde keń qala mádeniyatı tarqaldı. Qubla Ispaniyadaǵı Tartessosdan, Fransiyanıń qublasınan gal basshıları, sonday-aq, oraylıq Italiyadan etrusk hám Rim aristokratlarınıń jergilikli elitaları tabılǵan, jańa aristokratiyalıq mádeniyatta mámlekettiń baylıǵınıń qásiyetleri bılayınsha súwretlengen: bay bezetilgen sawash arbaları, quramalı zirhlı hám qurallanǵan joqarı sıpatlı asxana ıdısları, quramalı úyler hám mámleket mazarları.[17]

City-based life became commonfrom southern Spain and western Italy to the Crimea on theBlack Sea.With amazing speed, seaborne communications spread aMediterranean-wide urban culture that bolstered the regionśwealthy and powerful elites. Found among the local elites

[17]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p. 195.

ofTartessos in southern Spain, the Gallic chiefs in southernFrance, and the Etruscan and Roman nobles of central Italy,the new aristocratic culture featured similar public displaysof wealth: richly decorated chariots, elaborate armor andweapons, high-class dining ware, elaborate houses, and public burials.

Rim dáwiri b.e.sh. II ásirden, yaǵnıy Jer Orta teńiz boylarındaǵı qúdiretli mámleketke aylanǵan zamannan baslap Rimde greklerdiń tásiri kúsheygen. Grek tili, ilimi hám mádeniyatı Rimge tásir kórsete baslaǵan.

**Rim tariyxın dáwirlestiriw**. Áyyemgi Rim tariyxı tómendegi dáwirlerge bólip úyreniledi:

1. Patshalıq dáwiri. B.e.sh. 509-jılǵa shekem bolǵan dáwir.
2. Respublika dáwiri. Bul dáwir b.e.sh. 509-jıldan b.e.sh. 30-jılǵa shekem dawam etken.
3. Imperiya dáwiri. B.e.sh. 30-jıldan ásirimizdiń 476-jılına shekem dawam etken.

Imperiya dáwiriniń ózi 284-jıldan baslap ayırım’ Dominat basqıshına da ajıratıladı.

**Rim tariyxi oniń rawajlaniwin belgilewshi tariyxiy barisina kóre alti dáwirge bólinedi:**

***1.Patshaliq Rim dáwiri*** (b.e.sh. VIII-VI ásirler). Bul waqitta uriw qáwim qatnasiqlari, dúzilmeleri idraydi, dáslepki klasliq jámiet payda boladi hám Rimniń bolajaq siyasiy, sotsiyal-ekonomikaliq rawajlaniwinda tiykar bolip xizmet qilǵan dáslepki mámleket birlespeleri qáliplesti. B.e.sh.VIII ásirde Túslik Italiyada hám Siciliyaniń Etruriya qalalari menen grek qalalarinda, al b.e. sh.VI ásirde Latsiya aymaǵinda payda bolip, qul iyelewshilik jámiet uliwma krizisti basinan keshirdi, áste-aqirin idiradi;

***2.Erte respublika dáwiri*** (b.e.sh. V-III ásirler). Ol Italiyada qulshiliq jámieti hám mámleketiniń intensiv rawajlaniwi menen belgilenedi. B.e. sh.V-ásirinde jańa óndirislik qatnasiqlarina óziniń ornin berdi;

*B.e.sh.VIII-III ásirler* erte qul iyelewshilik qatnasiqlar dáwiri *patriarxalliq qulshiliq dáwiri* boldi.

Erte qul iyelewshilik qatnasiqlar dáwiri patshaliq dáwir dep atalǵan dáwirdiń aqirina (b.e. sh.VI ásir) hám erte Rim respublikasi dáwirine (b.e. sh.V-III ásirler) tuwri keledi.

***3.Sońǵi respublika dáwiri*** (b.e.sh. II-I ásirler)- *Klassikaliq qulshiliqtiń birinshi basqishi*. Bul waqitta klassik qulshiliq qáliplesken Rim jerortateńizi mámleketi payda boladi. Klassikaliq qul iyelewshilik qatnasiqlari Italiyada b.e.shekem taraldi. Usi waqitlari qullardiń sani kóbeedi, olardiń jámiettegi salistirmali salmaǵi ósedi. B.e.sh.-I ásirleri klassliq hám socialliq qarama-qarsiliqlar burin kórilmegen dárejede keskinlesedi hám kúshke enedi, Spartak basshiliǵinda qullardiń kóterilisi júz beredi. Rim respublikasiniń krizisi baslanadi. Ol oniń qulawi hám monarxiyaliq hákimiyat dúziliwi menen juwmaqlanadi. B.e.sh.-ásir biziń eramizdiń II ásiri araliǵi bul qul iyelewshilik óndiris usiliniń, qul iyelewshilik jámietlik ekonomikaliq formatsiyaniń eń joqari gúlleniw dáwiri. Respublika hám puxaraliq urislar dáwirine tuwra keledi;

***4.Erte imperiya yaki printsipat*** (eramizniń I-II ásirleri)- *Klassikaliq qulshiliqtiń ekinshi basqishi* Bul dáwir Rim imperiyasiniń altin dáwiri, Órta-jerteńizi antik tsivilizatsiyasiniń gullep-jasnawi, ekonomika hám mádeniyattiń ósiwi menen belgilenedi;

***5.***Uliwmaliq tuskúnlik ***Rim imperiyasiniń idraw qáwri*** (eramizdiń III ásiri)- siyasiy krizis hám qul iyelewshilik óndiris usiliniń uliwma krizis hám qul iyelewshilik óndiris usiliniń uliwma krizisi dáwiri bolip tabiladi Bul dáwirde Rim jámietiniń barliq dúzilmelerinde kúshli tuskúnlik belgileri aniq kórinedi hám Rim mámleketshiliginiń qulaw qáwpi tuwiladi;

***6. Sońǵi Rim imperiyasi yaki Dominat*** (eramizdiń IV-V ásirleri)- bul waqitta imperatordiń hákimiyati kúsheedi. Bul dáwir qulshiliq jámietiniń idraywi, oniń janinda feodalizmniń dáslepki belgileriniń qáliplesiwi hám batis Rim imperiyasin qulawi menen belgilenedi.

Jer júzlik tariyxiy rawajlaniwda áyyemgi Rim tariyxiniń roli júdá ulli. Bul jerde antik mádeniyati payda boladi, ol keyin ala Evropa tsivilizatsiyasiniń tiykarin quraydi. Áyyemgi Rim bay mádeniy miyras qaldirdi.

**Áyyemgi Rim tariyxınıń tiykarǵı derekleri**. Áyyemgi Rim tariyxın úyreniw ushın tiykarǵı derekler–Rim tariyxshılarınıń tariyxıy shiǵarmaları, arxeologiyalıq izertlewlerdiń maǵlıwmatları, epigrafika hám numizmatika maǵlıwmatları. Rimniń eń dáslepki tariyxshıları jılnamashılar bolıp, waqıya hám hádiyseler kalendar tárizinde jazıp barılǵan. Bul is penen b.e.sh. VI-V ásirlerden baslap fastlar-ibadatxnalardıń bas ruwxanıyları shuǵıllanıp barǵan. D'aslepki jılnamalar b.e.sh. 390-jılı Rimge gallar hújimi hám basqınshılıǵı waqtında joq etip jiberilgen.

Keyingi zamanlarda jaratılǵan jılnamalar b.e.sh. 130-jılı Publiy tárepinen baspadan shıǵarılıp, "Ullı jılnamalar" dep ataldı.

B.e.sh. III-II ásirlerdegi jılnamashılardı tariyxta úlken jılnamashılar dep ataw úrdis bolıp, Ciceronnıń aytıwı boyınsha "Olar qısqa etip jazıwdı bayan etiwdıń birden-bir paziyleti dep bilip, tek kúnler, adamlar, waqıya hám onıń bolıp ótken ornın ǵana kórsetken".

Úlken jılnamashılardıń eń ataqlısı Kvint Fabiy Piktor. Ol b.e.sh. III ásirdiń aqırında jasap, óz shıǵarması – "Jılnamalar"dı grek tilinde jazǵan. Shıǵarmada Italiyada Eneydiń payda bolıwınan baslap, ekinshi Puni urısına shekem bolǵan Rim tariyxı bayan etilgen.

Latın tilindegi birinshi tariyxıy shıǵarmanı bolsa Mark Porciy Katon (b.e.sh.234-149-jıllar) jazǵan. Katon haqqında Ciceron: "Greciya hám Rim tariyxında ol bilmegen birde-bir waqıyanı tabıw qıyın" dep jazǵan edi.

B.e.sh. II ásirdiń 30-jıllarınan baslap Rim respublikasında "jańa" yaki "kishi" jılnamashılar dep atalǵan avtorlar-Luciy Seliy, Antipatr, Semproniy Azellionlardıń shıǵarmaları payda boldı.

Rim respublikası dáwiriniń eń iri tariyxshılarınan biri b.e.sh. II ásirdiń ekinshi yarımında jazılǵan "Ulıwma tariyx" shıǵarmasınıń avtorı Polibiy. Shıǵarmada b.e.sh. 264-146-jıllardaǵı derekler hár tárepleme tekserilip, mámleketlerdiń geografiyalıq halatı hám klimatı úyrenilgen. Polibiy "tariyx haqıyqıy waqıyalardı túsindiriwge hám bul waqıyalar keyin ala rawajlanıwdıń jolın belgilewge imkan beredi, yaǵnıy tariyx "násiyat beriwi", "úyretiwi" múmkin, ámeliy jaqtan paydalı bolıwı múmkin" dep boljaydı.

B.e.sh. I ásir Respublikanın qulawı hám imperiyanıń ornaw dáwiri bolıp tabıladı. Mámleket formasınıń ózgeriwi keskin gúresler sharayatında júz bergen. Bul dáwirdiń derekleri sol zamanda jasaǵan Mark Tulliy, Ciceron, Gay Yiliy Cezar, Gay Salyustiylerdiń shıǵarmaları esaplanadı. Katon hám Varronlardıń shıǵarmaları bolsa Italiya awıl xojalıǵın úyreniwde járdem berdi.

Sonıń menen birge Rim imperiyasınıń ataqlı sárkardalarınan biri Yuliy Sezar (100-44jj) iskerligi dıqqatqa ılayıq. Sebebi ol hám áskeriy sárkarda, hám tarixiy shıǵarmalar jazǵanlıǵı menen ajıralıp turadı[18].

A man of prodigious abilities, the greatest orator of his age, and a writer of boundless persuasion, Julius Caesar (100–44BCE) allegedly could dictate seven letters simultaneously while attending to other duties.

Rim imperiyasınıń dáwiri hám Dominat dáwiriniń tariyxın úyreniwde Valeriy Paterkul, Korneliy Tacit, Svetoniy Trankvill, Dion Kassiy, Ammian Marcellin, Strabon, Úlken Pliniyler dóretken shıǵarmalar tiykarǵı derek bolıp xızmet etedi.

Áyyemgi Italiya hám Orta teńiz boylarında ótkerilgen arxeologiyalıq tekseriwler natiyjesinde ashılǵan estelikler, qalalar (Pompey, Timgad qalaları) da áhmiyetli tariyxıy materiallıq derek esaplanadı.

---

[18]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.265.

Áyyemgi jazıwlardan Etrusk jazıwları b.e.sh. VIII-VII ásirlerge tiyisli. Bunday jazıwlar toǵız mıńnan aslam bolıp, uzaq waqıttan beri oqılmay kiyatır. 1988-jılı Rossiyadaǵı Chelyabinsk Universiteti alımı, filolog Tubert etrusk jazıwların oqıwda úlken tabıslarǵa eristi.

B.e.sh.VI ásirge tiyisli eń dáslepki latın jazıwınıń úlgileri Prenestin tuqası hám Romul qabiri jaylasqan jerden tabılǵan “qara tas”taǵı jazıwlar.

Teńgelerdi úyreniw bolsa ápsanalıq kórinisler, isenimler, kórkem óner, arxitektura tariyxın úyreniwge járdem beredi.

Apennin yarım atawınıń oraylıq bóliminen Tibr dáryası aǵip ótedi. Dáryanıń joqarǵı bólimi tawlı, al tómengi bólimi bolsa tegislikten ibarat. Onıń hár birinde úlken-kishi tóbelikler bay kótergen. Tibr dáryasınıń oypatında áyyemnen baslap latın qáwimleri jasaytuǵın edi. B.e.sh. XI-X ásirlerde bul tóbeliklerde latınlardıń bir qatar awılları bar edi. Xojalıqtıń rawajlanıwı hám xalıqtıń kóbeyip barıwı sebepli awıllar birigip, latınlardıń jámááti – mámleketti dúzgen. B.e.sh. VIII ásirde Rim qalashası qurılǵan. Tibrdıń biyik jaǵalarındaǵı Kapitoliy tóbeliginde qurılǵan qorǵan qalanıń orayı bolǵan. Rim qalasınıń tikleniwi menen Rim mámleketi de qurılǵan. Rim hám onıń átirapında latın, ertusk hám basqa qáwimler jasaǵan. Olar birlesip Rim mámleketine tiykar salǵan. Bular Rimniń áyyemgi túpkilikli xalqı bolıp, olar patriciyler dep atalǵan. Patriciy latınsha “pater” sózinen alınǵan bolıp, “ata” degen mánisti bildirgen. Olar Rimniń erkin xalqı bolıp, ata-babaları Rimge tiykar salǵanlıqları menen maqtanıp júrgen. Olar ózleriniń jer-múliklerine iye bolǵan. Jámaááttiń jerlerinde sharwalardı baqqan. Patriciyler ózleri islew menen birge qullardıń miynetinen de paydalanǵan. Patriciylerdiń mártebeli kekselerinen “aqsaqallar keńesi” dúzilgen bolıp, onı latınshada senat dep ataǵan. Dáslep Rimdi patsha hám senat basqarǵan. Rim kúsheyip barıp, áste-aqırın Etruskiya, Kampaniya hám Oraylıq Italiyadaǵı birqansha jerlerdi basıp alǵan. Bunnan keyin Rim qalalarınıń kúshli awqamı dúnyaǵa kelgen. Rim bul awqamnıń jetekshisine aylanǵan. Rimliler átirapındaǵı awıl hám wálayatlardı ózlerine baǵındırıp, ol jerlerdegi ózge xalıqlardı Rimge kóshirgen. Italiyanıń basqa jerlerinen Rimge kóship kelgen adamlardı hám olardıń áwladların plebeyler dep ataǵan. Plebeyler tiykarınan armiyada xızmet etken. Olarǵa jámááattiń egin maydanınan jerler berilmegen. Olardıń arasında bay-dáwletli adamlar hám kámbaǵallar bolǵan. Rimde qarızdar adamlar hám urısta tutqanǵa túskenler qul etilgen. B.e.sh. 510-509-jıllarda Rimniń puqaraları qozǵalań kóterip patshanı taxttan awdarıp taslaǵan. Rimde respublika mámleket hákimayatı ornatılǵan. Respublikanı– belgili bir múddetke saylap qoyılatuǵın adamlar basqarǵan. Rimlilerdiń xalıq jıyını hár jılı patriciylerdiń arasınan eki hákimiayat – konsullerdı ham oǵan járdem beretugın basqa hámeldar adamlardı mámleketti basqarıw islerine saylaǵan. Bul hámeldarlar jıl dawaminda Rim mámleketin basqarǵan, urıs járiyalap, pitim dúzgen. Olar sud islerin de orınlaǵan. Konsullar jańa nızamlardı qabıllap, eskilerin biykarlaǵan. Al urıs waqtında bolsa áskerge basshılıq etken. Rimde senat ta úken huqıqqa iye bolǵan. Senatqa aǵza etip patriciylerdiń aqsaqalları arasınan wákiller saylanǵan. Konsullar mámleket isiniń barlıq máselelerinde senat penen másláhátlesken halda is alıp barǵan. Al plebeyler bolsa patriciyler menen teń bolıp, mámleket islerinde qatnasıw ushın qattı gúres alıp barǵan.

**3. Rimde plebeyler hám patriciyler arasındaǵı gúres.** Rimde qatlamlarǵa – patriciyler hám plebeylerge ajıralıw hám olar ortasındaǵı gúres patshalıq dáwirinde baslanǵan edi. Patshalıq awdarılıp, respublika ornatılǵannan keyin patriciyler menen plebeylerdiń ortasında gúres jáne de keskinlesip ketedi. Plebeyler mámleketti basqarıw islerinde qatnasıw, jámáát jerlerinen paydalanıw hám basqa máselelerde patriciyler menen teń huqıqlı bolıwǵa háreket etken. Rim armiyasıń tiykarǵı bólimin plebeyler quraǵan edi. Plebeyler armiyada xızmet etiwden bas tartıp,

ózleriniń jeke qalaların tiklemekshi bolıp, patriciylerdi qorqıtatuǵın edi. Aqır aqıbette patriciyler armiyanıń hálsirewinen qorqıp, plebeyler menen kelisip jasawǵa májbúr boladı.

**4.Áyyemgi Italiyaniń tábiyati hám xalqi.** Apennin yarim atawiniń tábiyǵiy sharayatlari adamzat jámiyeti rawajlaniwi ushin júdá qolayli bolǵan. «Italiya «atamasi «buzaw» sózinen kelip shiqqan yaǵniy «buzawlar eli» degendi ańlatadi. Italiyaniń kólemi 300 miń kv. km. den aslam jerden ibarat.

Áyyemgi Italiya 3 bólimge bólinedi: ***Arqa*** (Liguriya, Alp arti galliyasi hám Venetsiya), ***orta*** (Etruriya, Laciya, Kampaniya, Umbriya, Pitsen hám Samniy) hám ***qubla*** (Apuliya, Kalabriya, Lukaniya hám Bruttiya). Apennin tawlari qubla shiǵisqa sozilip barip Arelin walayatinda Adriatik teńizineshe jetip baradi, yarim atawdiń arqa bólimi orayi hám qubla bóliminen ajratip turadi. Yarim atawdiń bul bólimi juda ónimdar bolip keyinala Italiya dep atala baslandi. Dáslep bul at grekler Italiya dep ataǵan xaliq jasaǵan Kalabriyaniń qubla walayatlarina qarata aytilǵan. B.e.sh. V ásirde Po oaziysina ***gallar*** kóshib kelip, ol jerden etrusklerdi quwip shiǵaradi.

Orayliq Italiyani Batis bólimi mádeniyat tariyxinda óz jer duzilisine kóre ahmiyetli rol' óynadi. Bul jerde ***etrusk (házirgi Florentsiya), latin orayi Rim, Kampaniya (Kapuya hám Neapol*** ) siyaqli ush tegislik kiredi. Bul jerden kemeshilik ushin qolay tabiyiy portlari bolǵan Tibr daryasi aǵip ótedi.

Qubla Italiyaniń batis bóliminde samnitlerge jaqin tawli qáwimler jaylasqan tawli Lukaniya hám Bruttiya kiredi. Shiǵis bóliminde suwsiz Apuliya hám Kalabriya wálayatlari bolip bul jerde Tarent qoltiǵi arqali Greciyadan kolonistler kelgen. Bul jerde Tarent, Regey, Kroton, Metapont, Posidoniya, Eleya siyaqli kóp sanli grek koloniyalari payda etilip ulli Greciya dep atalǵan.

Áyyemgi Rim tariyxida ***Siciliya atawi mádeniyati*** ahmiyetli orin iyeleydi. Atawdiń shiǵis hám qubla aymaqlarin grekler iyeleydi. Bul jerga aldinraq ***finikiyalilar*** kelip Panorm (házirgi Palermo) hám Lilibey (házirgi Marsala) qalalarina tiykar saldi. B.e.sh. I miń jilliq ortalarinda Po oaziysinda ***kel`t*** qawimleri jaylasqan. Olar bas kiyimlerin qoraz párleri menen bezer edi, sol sebepli Rimliler olardi ***gall (latinsha gallus-"qóraz")*** dep atadi. B.e.sh. VI ásirden baslap Siciliya hám Italiyaǵa finikiyalilar kele basladi.

Áyyemnen Italiyada apelsin hám limon terekleri óstirilgen. Italiyaǵa xurma hám anardi karfagenliler alip kelgen. Greciyaǵa qaraǵanda Italiyada ónimdar jerler kóbirek. Ásirese Po oaziysi, Kampaniya, wálayati tsikurn hám falern túrindegi vinolari menen tanilǵan edi. Italiyada diyxanshilik ushin júda kóp batpaqliq jerler quritilip, jasalma suwǵariw isleri amelge asirildi. Bul istiń maman ustasi etruskler edi. Mamlekette metal júda kem bolǵani ushin ol shetten alip kelingen. Tek Etruriyadan mis hám qórǵasin, El'ba atawinda temir qazib alinǵan. Metalga islew beriwde etruskler úlken jetiskenliklerge eristi.

Appennin yarim atawiniń hár qiyli aymaqlarinda paleolit, neolit hám eneolit dáwirleriniń izleri tabilǵan. Arxeologlar Italiyada adamlar paleolit dáwirinde jaylasqanin tastiyiqlaydi. Olar dáslep úńgirlerde jasaǵan hám ańshiliq penen shuǵillanǵan. B.e.sh. 1800 jillar átirapinda Apennin yarim atawlarina arqadan jańa qawimler kelip jaylasadi. Olar ***Terra – Marra*** (italyansha-***"qara ónimdar jer") diyxanshiliq mádeniyatin*** alip keldi. Keyinala bul mádeniyattiń wákillleri latin, samnit, umbrlar qáwimlerine bólinip ketdi.

B.e.sh. 1000 jilliqlar atirapinda qáwimleriniń jańa tolqini ***Villan mádeniyatin*** (Balqaniya jaqinindaǵi jay ati boyinsha) alip keldi. B.e.sh. miń jilliqta Italiyada qola dáwiri, qola ásiriniń Qara teńiz boyi hám ***Appennin mádeniyati*** rawajlanadi.

B.e.sh. VIII ásirde Italiyada eki tilde sóyleytuǵin ***latin – sikull, sabin-umbrlar*** payda qildi. Latinlar dáslep áyyemgi Latsiya aymaǵinda jasaǵan. Umbrlar Tibrdiń joqari bóliminde samnitler tawli Samnit wálayatinda, arqa Kampaniya, Apuliya, Lukaniya hám Bruttiyada jasadi.

Volsklar tili umbrlar hám sabin qáwimlerine jaqin bolǵan Volsk aymaǵinda latinlardan qublada jasadi.

B.e.shekemgi II ásirdiń aqiri-I-ásirdiń basinan Italiyada temir ásiri baslanadi. Temir qurallardiń taraliwi diyxanshiliqtiń mal sharwashiliǵiniń rawajlaniwina alip keledi. Temir ásiri dáwiriniń awillari áste-aqirin qalalarǵa aylanadi. B.e.sh. I miń jilliqta yarim atawdiń xalqin tiykarǵi bólimin hind-yevropa qáwimleri bolǵan italiqlar, illiriyaliqlar hám grekler quradi. Grekler dáslep Italiyaǵa b.e.sh. II miń jilliqta payda boldi. Rim menen birge Latsiyada 30-qala bolǵan. Eń áyyemgi xalqi ***ligurlar hám italikler*** toparlari, basqa da hind-evropaliq xaliqlar ***illiriyler hám grekler, kel`tler hám gallar,etrusskalar*** bolǵan. Áyyemgi Italiyaniń qáwimleri socialliq-ekonomikaliq, siyasiy hám mádeniy rawajlaniwdiń hár qiyli basqishlarinda turǵan. B.e.sh.I-ásirge kelip, Italiyani Rim basip aliwi hám oni romanlastiriw nátiyjesinde hár qiyli xaliqlar kompanentlerinen birden-bir Italiya xalqi qáliplesedi. Latin tili ústem tilge aylanadi, ol basqa tillerdi hám dialektlerdi, hátteki etruskalar hám liguriyler tillerin aylanistan shiǵarip taslaydi. B.e.sh. VIII ásirde qubla Italiya hám Siciliyada kóplep grek koloniyalari payda boladi. Qubla Italiyada sonday koloniyalardan Lokri, Sibaris, Tarent hám Kroton, Siciliyada bolsa Sirakuza, Gela hám Akragant koloniyalarina tiykar salindi. Grekler diyxanshiliq, sharwashiliq hám baylanistiriwshi sawda menen shuǵullandi. Grek koloniyalarinda sawda-ónermentshilik, diyxanshiliq gúllep jasnadi. Bul koloniyalar óz ana watanlari Balkan Greciya, Kishi Aziya hám basqa aymaqlar menen belsendi sawda baylanislarin jolǵa qoydi. Waqit ótiwi menen bul aymaq ulli Greciya atin aldi.Italiya aymaǵinda qul iyelewshilik tsivilizatsiyaniń payda boliwi hám rawajlaniwinda Túslik Italiya menen Siciliyani koloniallastirǵan grekler úlken rol` oynaydi. ***Birinshi kolonizatsiya b.e. sh.II miń jilliqta*** júz bergen bolsa, ol b.e.sh.VIII-VI ásirleri juwmaqlanadi. Siciliyada Ulli grek tsivilizatsiyasi, Naksos, Sirakuz, Sibarnes, Tarent, Gala qalalari payda boladi. Greklerdiń jergilikli xaliq penen qatnasiqlari waqti ótiwi menen ózgeredi. Ulli Greciyaniń (usilayinsha grekler jasap atirǵan Túslik Italiya menen Siciliyani ataǵan) qalalari joqari pát penen rawajlanadi. B.e.sh.VIII-VI ásirleri, grek koloniyalariniń háreket etiw dáwirinde olardiń kópshiliginde oligarxiyaniń ústinligi ornatiladi. Olar aq súyeklerdiń hám jańa aristokratiyaniń qol iyelewshilerdiń hám jer iyeleriniń máplerin qorǵaǵan. Polislardiń ekonomikaliq bekkemleniwi demokratiyaliq kóz-qarastaǵi xaliq-qatlamlari tásiriniń ósiwine alip keldi. Socialliq soqliǵisiwlardiń nátiyjesinde Ulli Greciyaniń kóplegen qalalarinda oligarxiyaliq dúzim qiyratiladi, hákimiyatti keń demokratiyaliq toparlardiń wákilleri retinde alǵa shiqqan tiranlar basip aladi. Biraq tiranlar júdá qatal sharalar qollanǵan, soniń ushin oligarxlar jáne ústemlikke erisedi. Ulli Greciyaniń kóplegen polislari ishinen bir qatarlari úlken siyasiy salmaqqa iye boladi, máselen Siciliyadaǵi Gela hám Akragant, Túslik Italiyadaǵi Tarent Italiyaniń qublasinda hám Siciliyada grek polislariniń háreket etiwi Italiyaniń uliwma socialliq-ekonomikaliq hám siyasiy rawajlaniwinda úlken rol` oynadi. Ekonomikaniń oziq formalari, qul iyelewshilik qatnasiqlari, polisliq dúzilis jergilikli Ital`yan qáwimleriniń tariyxiy rawajlaniw barisina múmkinshilik jaratti, uruwliq qatnasiqlariniń tez waqit ishinde idirawina qul iyelewshilik jámiyettiń hám mámleketlik shólkemniń qáliplesiwine alip keldi.

**5.Italiya tariyxiniń eń áyyemgi dáwiri. Etruskler**. B.e.sh. I miń jilliqtiń birinshi yariminda Italiyada illiriyler hám ligurlar alǵashqi qáwimlik sharayatlarinda jasap atirǵanda etrusskalarda klassliq jámiyet qáliplesti hám mámleketlik shólkemniń ápiwayi formalari payda boldi. Etruskler tariyxi bóyinsha qábir taslari, qorǵasin taxtalari, guze, mórlerde bar bolǵan 11 miń etrusk jaziwlari bar. Olardiń kópshiligi arnaw mazmuninda bolip qisqa jazilǵan.

Etruskler haqqindaǵi dáslepki aniq maǵlumatlar b.e.sh. VIII ásirge tiyisli. Etrusk mádeniyatiniń tiykarǵi estelikleri Orta Italiyada Tibr hám Arnus dáryalari araliǵinda Rimliler Etruriya (házirgi Toskana) dep atalǵan wálayatda tóplanǵan. Etruriyada xojaliqtiń bas tarawi

diyxanshiliq boldi  hám ónermentshilik  menen shuǵillanǵan. Italiyadaǵi mis, qola hám temirdiń qorlari ónermentlik metallurgiya hám metalldi qayta islep shiǵariw tarawlari rawajlaniwi ushin tiykar boldi. Olar keramika óndirisin dúzgen, sawda menen shuǵillanǵan. Temir hám misdan buyumlar islegen. Olar dáldálshiliq sawdasi menen ham  shuǵillanǵan.  Etrusk qalalarin áyyemnen rásmiy  patshalar basqardi, b.e.sh. VI ásirde  olardiń ornin magistratlar  iyeledi. Ámelde hákimiyat aqsúyekler (áskeriy-ruwxaniy aqsúyekler-***luqumanlar***) qólinda edi. Etruskler qubla Italiya, Korsika hám  Sardiniyada óz koloniyalarin payda etti. B.e.sh. VII-VI ásirlerde Etruriyada orayi ***Volsiniya*** qalasi (Bul qalada etrusklerdiń joqari qudayi kertumnani  ziyaratgahi bar edi.) bólgan, etrusklerdiń ***12 qala konfederatsiyasi*** bar edi. Konfederatsiya siyasatina ***12 luquman keńesi*** basshiliq qilǵan. Xalqi  kóp  sanli  hám bay Veyi, Populoniya, Kluziy, Belsiniya, Peruziya, Tarkviniya, Vulshi, Tsere siyaqli etrusk qalalari bolǵan, Etrusk arxetikturasi joqari dárejede qáliplesken bolip keń kósheler (keńligi 10-15 metr), maydan, kvartal, qorǵaniw diywallari, tas kuprin, suwquwirlari hám kanalizatsiyalariniń barliǵi buniń dálili. Etruskler kúshli áskeriy flotqa iye bolip Misr, Fnikiya hám Shiǵistiń basqa mámleketleri menen sawda qilǵan hám teńiz  qaraqshiliǵi menen shuǵullanǵan.

Qubla Italiyadaǵi grek qalalari etruskler  menen básekilesti. B.e.sh. 535-jilda  Etruskler Alaliya qasindaǵi urista  (Korsika jaqininda) greklerdi qiyratadi. Korsikani  etruskler qólga aldi sol, waqitta etruskler  Latsiya, Kampaniya hám arqa Italiyaniń bir bólimi Etruskler qólinda edi. B.e.sh. VI ásirdiń birinshi yarimi Etruriyani ekonomikaliq-siyasiy turmisi rawajlaniw dáwiri edi.

Bul dáwirde etrusskalar Rimde húkimlik etken. B.e.sh. VI ásirdiń ekinshi yarminan etruskler  hálsirey basladi. Olar birden  grek, rimliler hám gallardiń eziwi astinda qaldi. B.e.sh. 524-jilda grekler Kampaniyada etrusklerdi  qiyratti. B.e.sh. 509-jilda rimliler keyin etrusk patshasi Tarkviniydi qaladan  quwip  jiberedi. B.e.sh. 265-jilda  Volsiniyaniń  qulawi  menen rimliler Etruriyani toliǵi menen iyeleydi. Jańa era basinda Etruskler romanlasiw waqtinda óz tillerin joǵaltip, rimliler menen  qosilip ketti.

B.e.sh.VI ásirdiń aqirina etrusskalardiń Latsiyadaǵi tásiri tómenleydi, keyin ala Etruriya qalalarina kel`tler hújim jasaydi. Etrusskalardiń siyasiy kúshi hálsirewine qaramastan b.e. sh.IV ásirdiń aqirina shekem yarim atawdiń arqa hám orta aymaqlarinda olardiń mádeniy tásiri ústin boladi.

Etrusk mádeniyati tariyxi tórt dáwirge bólinedi: Birinshi dáwir b.e.sh. VIII-VII ásirler, arxaik b.e.sh. VI ásir, klassikaliq b.e.sh. V-IV ásirler hám ellinistik b.e.sh. III-I ásirler. Etrusk qalalarinda qala imaratlari, ibadatxanalar qurilǵan. Etruskler qábiletli injenerler, júdá uqipli qurlisshilar  bolip,  kópirler hám jollardi quriwshilar edi. Jáhán mádeniyati tariyxina tiyisli ataqli etrusklardiń qola hám ilaydan jasalǵan háykeller menen bezelgen, qoladan islengen kundelikli hám diniy  jerlew gúzeleri, zergerlik buyimlari joqari madeniyat dóretpeleri esaplanadi. Sonday-aq etrusklerdiń qoladan jasalǵan biybaha háykelleri “Kapitoliy ana qasqiri” hám “Ximera” (b.e.sh. V ásir) pútkil dúnya júzine tanilǵan  háykeller esaplanadi.

Etrusklerdiń dini tiykarinda adamlardi qurbanliq etiw menen  ólilerge, arwaqlar hám dáwlerge siyinǵan. Joqari quday Vertumn esaplanǵan.

Etrusk mádeniyatiniń qáliplesiwne Shiǵistiń áyyemgi sivilizatsiyalari, grek dúnyasi  tásir etti.  Óz náwbetinde etrusk sivilizatsiyasi  rim mádeniyatiniń rawajlaniwinda ahmiyetli tásir kórsetti.

**6.Rim patshaliq dáwirinde (B.e.sh. 753-510 jillar).** Latsiyaniń áyyemgi qalalarinan biri bolǵan Rim Tibr dáryasi orta aǵiminda  Etruriyadan qublada jaylasqan edi. Basqa latin qalalari siyaqli Rim bir nesha kishi uriw qórǵanlariniń birlesiwi menen payda boldi.

B.e.sh. VIII ásirde eń áyyemgi qalalari Lavrent, Lanuviy hám Laviniy bolǵan 30 qala Alba-Longa qalasi basshiliǵinda  Latin federatsiyasin payda etti.  Ráwayatlarǵa qaraǵanda

Al’ba-Longaniń tiykarshisi Askaniy Yul troya qahramani Eneydiń balasi edi. Alba-Longaniń on tórtinshi patshasi Numitordiń aqliqlari aǵali-inili Romul hám Rem ráwayatqa qaraǵanda Tibr boylarindaǵi Palatin tóbeliginde jańa qala Rimge tiykar saladi. Romul jánjelde inisin óltirip qoyadi hám Rimniń jeti patshasinan birinshisi (b.e.sh. 753-715 jillar) boladi. Rimniń dáslepki xalqin sabin-umbr qáwimleri payda etedi. Romul Rim xalqin 30 ***kuriyaǵa*** bóledi, 300 adamliq patsha gvardiyasin dúzip Veya qalasin basip aldi. Romuldan keyin Numa Pompiliy (b.e.sh. 715-673 jillar), Tull Gostiliy (673-641 jillar), Ank Martsiy (641-616 jillar), Luqiy Tarkviniy áyyemgi (616-578 jillar), Serviy Gulliy (578-534 jillar), Lutsiy Tarkviniy maǵrur(534-510 jillar) húkmranliq qilǵanl.

Dáslep Rim xalqi 3 uriw-qáwim (Titsiy, Ramn hám Lutsern) ***tribi***, 30 ***kuriya*** hám 300 uriw, 3000 ***familiya*** (shańaraq)qa bólingen. Tribler etnik parqlanbaǵan qáwimler birlespesi boliwi múmkin. Kuriya erkek áskerkerin diniy, áskeriy hám qáliplesip atirǵan siyasiy birlespeniń tiykari bolǵan áyyemgi birlespesi, gent patshaliq dáwirinde idrap atirǵan uriw toparin, familiya-úlken patriarxal shańaraq edi.

Latinlardiń bir neshe onlap bekkemlengen oraylari awqamǵa birlestirilgen bolip, oniń basinda Alba-Longa qalasi turar edi. Hár jili latin taparlari hámkilleri hámme ushin uliwma bolǵan latin bayramlarin bayramlaw ushin Alban tawi toeliginde toplanar edi. Barliq latinlar ushin uliwma quday mabuda Diana edi. Arxeologiyaliq qazilmalarǵa kóre eramizdan aldinǵi X ásirde latinlardiń kishi topari Palatin tóbeligini ń batis tárepinde Tibr daryasi boyinsha kelip jaylasti. Bul jerde qorǵaniw diywali menen óralǵan tórt muyeshli formadaǵi awillar payda boldi.

Palatinda jasaǵan adamlar mayitlardi kómiwden aldin otta jaqqan. Bul ádet Alba-Longadaǵi jerlew máresimine uqsar edi. Bul Rimniń dálepki xaliqiniń kelip shiǵiwi Alba qalasinan ekenligin tastiyiqlaydi. Bir nesha on jildan keyin olar qońsi tóbelikler Seliy hám Eskvilinni iyeledi. B.e.sh. VII-VI ásirlerde 285 gektar jerdi iyellegen Palastin, Tseliy, Eskvilin tóbeliklerinen basqa Kvirinal hám Viminal tóbelikleri hám qósip alindi. Bul tóbelikler hám Palatin ortasindaǵi bosliq qala orayina aylandi. Sol jerde uzaq juz jilliqlar dawaminda Rim mámleket turmisi toplanǵan Forum Romanum payda boladi.

“Tórt kvartalli” qalani payda boliwinda etrusklerdiń róli úlken edi. Olar qalaǵa Roma (Rim) atin bergen bóliw múmkin. Keyingi Rim tariyxshilariniń aytiwinsha, Rimniń eń birinshi patshalarinan biri Serviy Tulliyniń kelip shiǵiwi etrusklerdan bolip, Serviy Tulliy dáwirinde qala jánede keńeydi. Kapitoliy hám Aventin tóbelikleri qosip alinip, bekkem diywallar menen orap alinǵan. Endilikte Rim eń qudretli latin qalasina aylandi hám tez Latsiy wálayatinda Alba Longadan jetekshilikti tartip aldi.

Dáslepki Rim jámiyetiniń tiykari bul- uriw edi. Uriw aǵzalari uliwma mulkke iye bolip, diniy máresimlerdi birgelikte orinlar edi. Bul áyyemgi uriw jámaát tuzilmesiniń izleri Rim atamalarinda kórinedi. Rim atamalari ush bolimnen dúzilgen: jeke at, uriwdiń ati hám laqab, misal ushin Gay Yuliy Sezar. Bul keyinala miras bolip ótken. Waqit ótiwi menen uriwshiliq baylanislari hásireti, shańaraq baylanislar kúsheydi. Bul baylanislar tek ǵana shańaraq aǵzalarin emes, bálki xojaliq qullarin hám qamrab aldi. Patshaliq dáwirinda qullar ali da az sanli edi. Áne sonday patriarxal shańaraq tóbesinde barliq shańaraq aǵzalariniń turmisi hám ólimi ustinen sheklenbegen hákimyatqa iye bolǵan “pater familius” (shańaraq atasi) turar edi. Sol waqitta rimniń toliq huquqli puxaralari ”Populyus Romanus” (Rim xalqi) qaladaǵi úsh etnik unsur latin, sabin hám etrusklerdi kórsetken úsh tribǵa bólingen edi.

3 Tribtiń hár biri ózine on kuriyani, kuriya bolsa on uriwdi óz ishine alǵan edi. Sonday qilip Rim tariyxshilariniń maǵlumatina qaraǵanda Rimniń erkin xaliqi dáslep 300 uriwdan ibarat bolǵan. Patshaniń shaqiriǵI boyinsha olar kurial jiyinlardi- komisiyalarina toplanar edi. Saylaw Kuriyalar boyinsha ótkiziler edi Kuriya jiyinlarinda urislar, tinishliq, diniy isenimge tiyisli

qararlar qabil qilinar edi. Basqa latin qalalari siyaqli Rimdeda jámáátler tóbesinde ***Kuriya komisiyalarinda*** (xaliq jiyini) saylanatin ***patsha*** turar edi. Patsha aldinda oniń hákimyati simvollarin kótergen ***12 liktorlar*** barar edi. Mámleketti patsha menen dáslep 100 keyinirek 300 aǵzadan ibarat bolǵan aqsaqallar keńesi- ***senat basqarǵan***. Rim barliq áskeriy demokratiya elementlerine iye bolǵan. Patsha dáwiri sheńberinde socialliq teńsizlik rawajlanǵan. O`ziniń hákimiyatin kúsheytiw ushin uruw aqsúyeklerin baǵindirip qoyiwi hám basqa da tirek tabiwi tiyis edi. Patsha waqtinda Rim tariyxi qalalardiń ósiwi hám jámiyettiń evolyutsiyasi menen belgilendi. Jámiyet uruwliq shólkemnen patriarxalliq qulshiliq jámiyeti payda boliwina, klasslar patritsiylar hám plebeyler qatlamlari qáliplesiwine hám mámleket dúziliwine shekem jetisedi.

Senat komisiyalar qabil qilǵan barliq qararlardi tastiyiqlar edi. Patsha ólgen jaǵdayda senat jańa patsha saylamǵansha óz ishinen hár bes kúnde bir adamdi waqitinshaliq patsha (“interreks”)ti saylar edi. Bul ádet keyingi waqitlarda da saqlanip qaldi. Rimde joqari ámeldar shaxs konsul ólgende de bul ádet bolar edi.

Patsha joqari áskeriy basliq, ruwxaniy hám sudya bolip, záruriyat bolǵanda bir qansha járdemshiler-kvestorlarǵa súyener edi. Kvestorlar adam óltiriwishleri boyinsha sudti ámelge asirar edi. Patsha mutlaq húkimdar bólmasada etruskler dáwirinde oniń hákimyati júda kúshli bolip, Rim shańaraǵi “pater families” hákimyatin esleter edi.

Dástur boyinsha Rim tariyxshilari qala tariyxinda jeti patshani aytib ótedi. Olar: Romul (b.e.sh. 753-715-jillar), Numa Pompiliy (b.e.sh. 715-673-jillar), Tull Gostiliy (er; avv. 673-641-jillar), Ank Marsiy (b.e.sh. 641-616-jillar), Tarkviniy Áyyemgi (b.e.sh. 616-578-jillar), Serviy Tulliy (b.e.sh. 578-534-jillar) hám Tarkviniy Maǵrur (b.e.sh. 534-509-jillar). Bulardan kelip shiǵiwi etrusk bolǵan aqirǵi úsh patshani tariyxiy dep aytiw múmkin.

Uriw birlespeleri aǵzalari rim xalqin (Romanus papulus) payda qildi. Basta kóship kelgenler esabinan toltirilatuǵin Rim puxatawiq jamááti kuriyalar boyinsha bólistirilgen edi. Ank Martsiy dáwirinde jámáát jer fondi (ager publucus) zapaslari tawsiladi. Shetten kóship keletuǵinlar endigide qabil qilinbadi hám jabiq jamáát payda boldi. Nátiyjede áyyemgi Rimniń eki klassliq túrleri imtiyazli ***patritsiyler*** (patricius-“zadagan ataniń uli”), patrisiyler jamáát jer fondinan paydalaniw, kuriya komisiyalarinda qatnasiw huquqlarina iye edi. Kóp sanli plebeyler bolsa óz uriwlarin saqlap qalip, rim uriwshiliq birlespelerinen sirtta bolip hesh qanday huquqlarǵa iye emas edi.

Sol sebepli patritsiy hám plebeylar órtasidaǵi qarama-qarsiliqlar júz jillap dawam etdi.

Sotsiyal qatlamlaniw protsessinde bir bólim plebs bayip ketdi, kambaǵallasip qalǵan plebeyler, kambaǵallasip qalǵan puxaralar hámde azat qilinǵan qullar qudretli patritsiyler ǵamxorliǵina ótip olarǵa ***kliyenti*** (clients-“qaram kisiler”) boldi. Klient óz patroni uriwiniń aǵzasi bolip, oǵan boysinar edi.

Keyin rim patshalari óz shaxsiy hákimyatin bekkemlewge qaratilǵan siyasat alip bardi. Olar patritsiylerge qarsi gúreste plebeylarden siyasiy qural sipatinda paydalandi. Patsha ***Serviy Tulliyniń*** reformalari rim jámiyetin uriw jámáátinen mámleketke ótiwde áhmiyetli orin tutadi. Ol áskeriy reforma hám oǵan baylanisli tsenz (mulk) reformasin ótkerdi.

Bul ózgerisler nátiyjesinde kuriyalar boyinsha jiyinlardi ekinshi dárejeli qilip qoyǵan ***tsentsuriy komisiyalari*** jetekshi orinǵa shiqti. Patshaliq dáwiri keyininde mulikshiliktiń antik formasi menen rim polisi yaki ***sivitas puxaraliq*** jámáátiniń qáliplesiwi juwmaqlandi. Serviy Tulliy ótkezgen siyasiy reformalar bul qarama-qarshiliqlardi málim dárejede jumsatti. Serviy Tulliy reformasi uriwshiliq dúzimi tiykarin hálsiretti.

Serviy Tulliy Rimniń barliq erkek xaliqin (patritsiy hám plebeylerdi) alti múlkiy rassa boldi. Birinshi rassa 100 000 mis assga teń mulkke iye bolǵan, II-75 000 ass, III-50 000 ass, IV-25 000 assga, V-11 500 ass bahali mulkke iye bóliwi kerek edi. Barliq kambaǵallar barliq

bayliǵi balalari bolǵan VI-rassa proletariy (latinsha proles-“awlad”)lardi payda eti. Har bir rassa armiyaǵa belgilengen muǵdarda tsenturiy (júzlik) beriwi shárt edi: I rassa-awir qurallanǵan piyadalar 80 tsenturiy, suwariyler 18 tsenturiy, uliwma 98 tsenturiy; II-22 tsenturiy, III-20 tsenturiy, IV-22 tsenturiy, V-30 tsenturiy jeńil qurallanǵan piyadalardi, VI rassa-1 tsenturiy, uliwma alti rassa 193 tsenturiy (júzlik) beriwi shárt edi.

Serviy Tulliy xalq jiyininiń jańa kórinistegi tsenturiya komisiyalarin jariyaladi. Olarda patritsiylar menen plebeylar hám qatnasti. Tsenturiylerde adamlardiń sani bir neshe onnan (1 rassa) bir neshe júzgeshe (proletar tsenturiyleri) tebrensede hár bir tsenturiy dawis beriwde tek ǵana bir dawisqa iye edi. I mulk tsenzi rassasi 193 dawistan 98 dawisqa iyelik eter edi. Sonnan pikir qilgan hálda tsenturiy komisiyalarinda sheshiwshi dawisqa mulkdar puxaralar iyelik qildi.

Múlkiy tsenzden tisqari jas tsenzi hám belgilendi: jaslardi tsenturiylari (17 jastan 46 jasqa shekem) áskeriy dala xizmetin ótedi; qariyalar tsenturiylari (46 jastan úlken) garnizonlarinda xizmat qilar edi. Armiyalar patsha bashiliǵi astindaǵi 4 legionnan quralǵan edi.

Serviy Tulliy jáne adminstrativlik-aymaqliq reforma ótkerdi, Rim mámleketi aymagi 21 okrugqa (b.e.sh. 241-jildan olardi 35 ke jetti) bólindi. Bul okruglar ***trib*** dep (olardan 4 qala, qalǵan 10 awil tribi) ataldi.

Patrisiyler hám plebeyler órtasinda bastanaq kúshli sotsiyal-siyasiy qarama –qarsiliqlar bar edi. Ol Rim erkin xaliqiniń múlkiy belgisine qarap ajratildi. Rim xalqi “populyus romanus” quaminna patrisiylerden tisqari plebeyler hám kiritildi. Bul puxaralardiń barliǵi siyasiy huquqlarǵa iye boldi. Xaliq dizimi tiykarinda ol yamasa bul adamdi múlk, jerdiń muǵdarina qarap, Rim xalqi 6 múlkiy rassaǵa bólindi. ***Birinshi múlkiy rassa*** 100 miń ass (pul birligi) múlkke iye bolǵan puqaralar kiritildi. Eń aldin múlkiy belgisine qarap áskeriy májburiyat bólistirildi. Birinshi rassa awir qurallanǵan piyadalardan 80 senturiy hám 18 senturiy suvoriyler; qalǵan rassalar hámmesi bolip jeńil qurallanǵan piyada járdemshi bólimler 95 senturiy beriw kerek edi. Hámmesi bolip senturiy komisiyalarǵa tóplanatuǵun 193 senturiy payda boldi. Senturiy komisiyalarina kuriya komissiyalariniń áhmiyetli nizamlarin qabillaw, ámeldar shaxslardi saylaw, uris jariyalaw hám tinishliq pitimin dúziw siyaqli ótti.

Áyyemgi Rim jámiyeti diyxanlar hám shopanlar jámiyeti edi. Rimliler etrusklerden jerge islew beriwdiń usullari hám júzimgershilikti ózlestirip aldi. Etrusklerdiń tájribesinen paydalanip rimliler forum átrapinda eń úlken jer asti kanalin qurdi. Etrusklerdiń Rimde húkmranliǵi dáwirinde jergilikli ónermentshilik hám sawda baylanislari rawajlandi. Sawdaniń rawajlaniwi ushin qalaniń geografiyaliq jaǵinan qolay jaylasqanliǵi, Tibr arqali suw joli áhmiyetli orin tutti. Bir neshe ásirler dawaminda rimliler sawda baylanislarin pul aylanisisiz ***pekus (haywan)*** jádeminde ámelge asirdi. Dáslep Rim sawda baylanislarin qubla Italiyadaǵi iri qalalar menen alip bardi. Patshaliq dáwiriniń aqirinda bolsa Attika hám Karfagen menen sawda baylanislarin alip bardi. Eń birinshi sawda shártnamasi Karfagen menen duzildi. Sawda hám ónermentshilik penen dáslep plebeyler shuǵullandi. Bul jerde Rimdegi Kapitoliy hám Palatin ortasinda etrusk kvartali ***“Vikus tuskuss”*** ahmiyetli rol óynadi.

Dáslepki Rim dini animistik kóriniste hám onda totemizmniń bir qansha qaldiqlari saqlanip qalǵan edi. Buǵan misal retinde Rim qalasiniń tiykarshilari Romul hám Remdi emizgen ana qasqir haqqindaǵi ápsanani aytiw mumkin.

Patshaliq dáwirinde Rim jawizliq hám ezgulik ruhlari menen tola edi. Olardi siyqirshiliq, qurbanliq hám duwalar oqiw menen jumsatiw mumkin edi. Rimliler tiykarinan awil xójaliǵi menen shuǵullanǵanliqlari ushin, diyxan hám shopannlarǵa ǵamhorliq qilatugin kóplegen qudaylarǵa siyinǵan.

***Vervaktor, Vedator hám Obarator*** dep atalǵan ush quday jerdi súriwde adamlarǵa járdem bergen. Jerlerdi dárilewde quday ***Saterkuliniy***ǵa qurbanliq keltirilgen. Egiwge Saturin hám

Semonǵa, dáslepki shopler shiqqanda quday Siǵa, ǵálle ósip shiqqanda quday Segitiyaǵa siyinǵan. Jabayi shóplerden ekginlerdi Runsinator, ǵálleni shiriwinen bolsa Robig qorǵaǵan, gúllewi quday ***Flora***niń waziypasi, óimdi orip aliwda quday Messis basqarǵan.

Uy-jaydi Lara hám Penat, eshkilerdi Yanus, uy oshaǵin quday Vesta himoyalaǵan . Har bir shańaraq óziniń ǵamhor qudayina iye edi.

Rim dininiń tiykarǵi waziypasi diniy urip-ádetlerge qat'ań boysiniw edi. Sol sebepli kóp sanli ruwxaniyler, barliq qudaylardiń atlari hám waziypalarin jaqsi biler edi. Ruwxaniyler duwalardi rásmiy tastiyqlanǵan toplamlarin dúzgen. Olar diniy kalendar islep shiqti. Qaysi kunde qaysi diniy máresimlerdi orinlaw baxtli hám baxtsiz kunlerdi aniqlaytugin ruwxaniyler ***avgur***lar dep atalǵan. Avgurlardiń arnawli kollegiyasi bar edi. Ruwxaniy-palker ***paruspik***ler qurbanliq haywanlariniń ishki aǵzalarina qarap pal ashqan. Ruwxaniyler Rimde saylap qóyilatuǵun ámeldar shaxslar edi, Biraq óz aldina qatlam bolip qáliplespegen.

Patsha dáwiri dawaminda, B.e.sh.VIII-VI ásirleri polislardiń ayiriqsha antik formasinda mámleket elementleri yaǵniy texnikaliq antik tóri slotsialliq-ekonomikaliq tiykari bolǵan puqaraliq qáwim elementleri islep shiǵiladi.

### Bekkemlew ushın sorawlar

1. Áyyemgi Rimniń tariyxın úyretiwshi derekler hám olardıń túrlerin kórsetip berin?
2. Rimniń tariyxı neshe dáwirge bólinedi hám olardıń ózine tán ózgeshelikleri qanday?
3. Antik avtorlardiń shıǵarmalarında Rim tariyxınıń bayan etiliwi haqqında aytıń?
4. Áyyemgi Rim jazıwı hám onıń zamanagóy tariyxshılar tárepinen úyreniliwin talqılań?
5. Numizmatikalıq materiallar járdeminde Rim tariyxın úyreniwdiń ámeliy áhmiyetin túsindirip beriń?
6. Rim arxitekturası haqqında nelerdi bilesiz?
7. Rim tariyxın úyreniwde arxeologiyalıq materiallardıń ornı hám áhmiyeti qanday?

## Lekcıya № 10
## Tema: Rim Respublkası

### Joba:

1. Erte respublika dáwirinde mámleket qurilisi
2. B.e.sh. VI-III ásirlerde Italiyaniń ekonomikasi
3. B.e.sh. VI-III ásirlerde Rim jámiyetiniń klasliq-jámiyet dúzilisi
4. Rimniń Italiyani basip aliwi

**Tayanısh túsinikler:** Koloniya, Rim, magistratlar, Italiya, Tarent, Brundiziy, Sizalpina Galliyasi, Rubikon,Messina, Tibr, O'rta dengiz, Samniy, Kampaniya, Kavdiy shahri, Samniumni

**1. Erte respublika dáwirinde mámleket qurilisi.** Rim tariyxshilari respublika baslaniwin b.e.sh. 509 jildiń kelip shiǵiwi etrusk bolǵan keyingi Rim patshasi Tarkviniy Maǵrurniń Rimnen quwiliwi menen belgileydi. Respublika dúzimi ornatiliwi menen joqari hakimiyat bir jil múddetke saylanatuǵin eki konsul qolina ótti. Dáslep olar pretor (aldinda júriwshiler) dep atalar edi. Konsullardi senturiy jiyinlarda da patritsiylar ishinen saylar edi. Konsullar iraziliǵisiz senat komisiyalari toplana almas edi. Ózleri bolsa óz májburiyat waziypalarin bejeriw dáwirinde hár qanday sud juwapkershilignen azat edi. Konsullar hákimiyati tek biri ekinshisiniń qararina veto (taqiq) qoyiwi menen sheklengen edi. Ámeliy ómirde bolsa konsullar patritsiylar hám olardiń joqari organi senattiń siyasiy mápleri menen esaplasiwǵa májbúr edi. Dáslepki kúnlerden-aq konsullardan tisqari qala islerinde kvestorlar ahmiyetli orin tutti. Olar sudta qatnasar, ǵaziyneni

basqariwda qatnasar edi. Dáslepki dáwirde olar konsullardiń járdemshileri edi. B.e.sh. V ásir ortalarinan baslap kvestorlardi komisiyalarda saylaytuǵin boldi. Sol waqittan baslap kvestorlar ǵárezsiz boldi. Olar mámlekettiń ekonomikaliq isleri menen shuǵillanar edi. Kvestorlar arxivin basqardi, áskeriy júrisler dáwirinde konsullarǵa ǵamxorliq qilip armiya ǵáziynesin basqarar edi.

B.e.sh. 507 jilda Rim tariyxinda dáslepki bar jaǵdayda imtiyazlar berilgen lawazimli shaxs – diktator saylandi. Diktatordi rimlikler qáwip tuwilip qalǵan payitta yáki júdá qáwipli jaǵday tuwilǵan payitta jalǵiz basliqqa májbúrlik tuwilǵanda saylar edi. Diktatordi rásmiy konsullar ámelde bolsa senat saylar edi. Diktator hákimiyati sheklenbegen edi. Oǵan konsullar siyaqli 12 liktor emes balki 24 liktor sheriklik qilar edi.

Rim respublikasi aristokratik xarakterde edi. Nizamshiliq belsendilikke iye bolmaǵan tsenturiy jiynalislarin, jámiyetti patritsiy qatlamlarin wákili bolǵan konsul shaqiriwi múmkin edi. Bul komisiyalardi birde bir qararin “patres” – senat tárepinen tastiyiqlamasa kúshke kirmes edi. B.e.sh. 471 jildan kuriya hám tsenturiya jiyinlari túrindegi plebey jiyinlari shaqirila baslandi. Plebey jiyinlarinda qabil qilinǵan qararlar “plebitsit” tek plebeyler ushin majbúriy edi.

B.e.sh. VI ásirde etrusk basqinshiliqlari uriw jámáátin jemiriliw barisi klasliq jámiyet hám Rim mámleketshiligi qáliplesiwin tezlestirdi. Etruskler Rimde dáslepki grek tiraniyasina uqsas monarxiya rejimin payda etti, oniń ornina b.e.sh. 509-jilda erte respublika keldi.

Rim respublikasinda joqari mámleket organi xaliq jiyini esaplanǵan. Xaliq jiyini nizamlardi qabil qiliw hám biykar qiliw, urris daǵaza qiliw hám pitim dúziw, joqari lawazimli shaxslar  magistratlardi saylar edi. Sol menen birge ol joqari sud shólkemi edi.

Rimde xaliq jiyinlariniń yáki komissiyalardiń úsh kórinisi bar edi. Serviy Tulliy basqinshiliqlarina kuriya komisiyalari bar edi. Serviy Tulliy quralli xaliq jiyini-senturiy komisiyalarin kiritti. Tezde olar kuriya komisiyalarin  siǵip shiǵardi. Senturiy komisiyalari konsular tárepinen Rim qalasinan tisqaridaǵi Mars maydaninda shaqirilar edi. Barliq rim puxaralari 193 senturiy, eń bay birinshi qatlam  98, yarminan kóp senturiy qoyar edi. Dawis beriw senturiylar boyinsha ótkezilip, har biri bir dawisqa iye edi. Dawis beriw qatań qabil qilinǵan tartipte  dáslep birinshi qatlam senturiylari, keyin 2-, 3- hám t. b. dawis berer edi. Eger usinis qilinip atirǵan másele boyinsha senturiylar dawisiniń 50% inen kóbireq dawis berilse, dawis beriw toqtatilip, usinis nizam qolina kirer edi. Bunday dawis beriw tartibi boyinsha barliq máselelerdi rim puxaralariniń bay bólimi bolǵan I qatlamniń 98 senturiyalari shesher edi.  Bul komisiyalarda pretorlar, konsullar hám senzorlar saylanar edi. Dawis beriwdiń múlk tsenzine tiykarlaniwi demokratik saylaw dizimi táreptarlariniń narazilǵina ushradi. B.e.sh. 241-jilda senturiy komisiyalari reformalandi. Endilikte hár bes qatlamnan 70 senturiy  qoyilatuǵin boldi; olarǵa suwariylariniń 18 senturiylari ónermenshilerdiń-4, hám proletardiń- 1 senturiysi qosilatuǵin boldi. Jámi 370 senturiy (áwelgi 193 ornina). Patritsiylar hám plebeylardiń gúresi jarayaninda plebeylardiń aymaqliq okrug-triblar boyinsha tribolt komisiyalari ahmiyetli orinǵa iye boldi (Rim huquqi aymaqliq okrug-trib 4 qala hám 31 awil tribiga bólingen edi). Tribolt komisiyalarinda edillar, kvestorlar hám plebey tribunlari saylanar edi.

Rim xaliq jiyinlarin  demokratik tásiri hám olardiń keń wákilligine qaramay eń demokratik tribolt komisiyalari da aristokratiya qolinda qural boldi. Xaliq jiyini tek senatda oylasiq qilinǵan magistratlar kiritken máselelerde ǵana oylasiqlar qilar edi. Komisiyalar nizamshiliq tashabbusi huquqina iye emes edi.

Rim mámleket ómirinde 300 aǵzadan quraǵan senat ahmiyetli órindi iyelegen edi. Ol hákimiyat waziypasin ámelge asirdi. B.e.sh. 287-jilǵa deyin  hár qanday nizam rejesi senatta oylasilǵannan keyin ǵana xaliq jiyini oylasiǵina alip shiǵilar edi. Xaliq jiyininda qabil qilingan nizam tek senat tastiyiqlaǵannan keyin ǵana nizam kúshine kirer edi. Sonday qilip senat ózine kerekli jóneliste xaliq jiyini háreketine basshiliq hám oni baqlaytuǵin edi. Senat sirtqi siyasatqa

basshiliq qilip, mámleket joqari iyesi edi. Lawazimǵa saylanǵan magistratlar óz háreketi ushin senat aldinda esap berer edi, sol menen senattiń iradasina tóbe edi. B.e.sh. IV ásirden wákillikleri múddeti tawsilǵan joqari lawazimli magistratlar senat quramina kirer edi. Senatorlar dizimin senzorlar dúzgen. Olardiń basshisi eń jasi úlken hám abroyli senator-princeps senatols (ol sóylesiw payitinda birinshi bolip sózler edi) edi. Senat diziminde birinshi bolip senzorlar, keyin konsullar, pretorlar turar edi. Senat májlisin shaqiriw huquq joqari magistratlar: diktator, konsular, pretorlar haqli edi. Senattiń qarari senatols konsulp (senatols konsultolm) yáki dekret (dekretolm) deyiler edi. Senat rim oligarxiyasiniń tayanishi edi.

Rimde ámelderler apparati joq edi, barliq atqariwshi hákimiyat saylanatuǵin lawazimli shaxslarǵa-magistratlarǵa tiyisli edi. Olar óz miynetleri ushin hesh qanday is haqi almas edi, lawazimlar “ayriqshá’ (honor) waziypa dep bahalanar edi. Barliq magistratorlar kollegial bolip ádette bir jil atqarilǵan (tek senzorlar bir yarim jil, diktatorlar yarim jil). Konsullar, pretorlar, kvestor hám edillar lawazimina birinshi martta (b.e.sh. 153-jilǵa deyin., keyin-birinshi yanvardan) plebey tribunlari bolsa 10-dekabrdan lawazimǵa kiriser edi.

Rim respublikasi magistiraturasi birden emes, áste-aqirin qáliplesti. Pikirlerge kóre respublikaniń birinshi jillarinda atqariwshi hákimiyatiniń basinda bir joqari magistrat-pretor (aldinda júriwshi) bolip, oǵan orinbasari - kvestor járdem bergen. Plebeylardiń Muqaddes tawǵa birinshi shiǵip ketiwlerinen keyin xaliq tribunlari hám plebey edillari, olardiń járdemshileri lawazimlari daǵaza qilindi. Biraq atqariwshi hákimiyattiń pretoriniń jalǵiz basqariwi ol tárepinen hakimiyatti basip aliniw imkaniyati barliǵi qáwpi tuwildi. Soniń ushin b.e.sh. V ásir ortalarinda bir joqari magistrat ornina ekewi saylanatuǵin boldi, olar bir qiyli hákimiyattan paydalandi hám birgelikte basqardi. Olar bir-birleri menen másláhatlesiwleri lazim edi, soniń ushin konsullar (másláhátlesemen consollo sózinen alinǵan) dep ataldi. Joqari magistratlar konsullar, tsenzorlar hám pretorlar edi.

Konsullar ádette uris waqtinda armiya áskerbasshisi, senat hám komisiyalardi shaqirar edi, nizamshiliq shólkemlestiriwshilikke iye edi. Sud hákimiyati eki pretorǵa tiyisli edi, intendant bólimi hám áskeriy óljeni tórt kvestor (b.e.sh. 267-jildan segiz kvestor), qala abadanshiliǵi, táminati, tartibin saqlaw, jámáát bayramlarin shólkemlestiriw tórt edilǵa tiyisli edi. Plebeylerdiń huquqina 10 plebey tribunlarin qorǵaytuǵin edi (lekin olardiń hákimiyati Rim qalasi menen shegaralanǵan edi). Keyinshelik jańa senzorlar lawazimi daǵaza qilinip 5 jilda bir márte 18 ay múddetke saylanar edi. Senzorlar sabiq konsullardan saylanǵan. Olar rim puxaralarin múlk qatlamlarina kirip, senatorlar quramin tekserip, oni jańa dúzimin dúziwleri lazim edi. Rim magistratura diziminiń tamamlanǵan formasi b.e.sh. IV ásirdiń II yarminda juzege keldi.

Rim konstitutsiyasi boyinsha magistraturalar kollegial bolip (2 konsul 2 pretor, 4 edil, 10 xaliq tribuni, 2 tsenzor, 4 kvestor) hár jili qayta saylanar hám haq tólenbes edi. Magistrat lawazimlarin bejeriw is emes, maqtanish(honor) bolip sol sebepli biyǵarez edi. Lawazimlarǵa haq tólenbesligi ápiwayi rim puxaralarin magistratura lawazimlarin iyellewge imkaniyat bermedi. Kerisinshe mámleket waziypalarina saylaniw hám oni orinlaw ushin puxaraniń ózin úlken muǵdarda qarjiǵa iye boliwi shárt edi. Sebebi lawazimdi orinlaw ushin kátibler, shopanlar, qoriqshilar, tómengi qatlam xizmetshilerin jallap, olarǵa is haqi beriwi kerek edi. Sol sebepli bay adam ǵana magistrat boliwi múmkin edi. Wákilliklerin tapsirǵannan keyin ǵana sabiq magistratti sudqa tartiw mumkin edi.

Erte respublika dáwirinde ayriqsha hákimiyat dúzilmesi bar edi: atawiqdaǵi patsha, dictator óz órinbasari, atliqlar bólim basliǵi menen birgelikte senatta ayriqsha jaǵdaylarda yarim jil múddetke senatta saylanar edi; dictator hakimiyati patsha hakimiyatina uqsas edi, oniń hákimiyatiniń belgisi 24 liktordan dúzilgen maqtanishli qoriqshi bolǵan.

Rim respublikasi komisiyalari dúzilmesinde demokratik dástúrler kúsheygen boliwina qaramastan basqariwdaǵi sheshiwshi róldi senat hám magistratlar oynadi. Bul Rim respublikasiniń aristrokratik mazmuniniń kórinisi edi.

**2. B.e.sh. VI-III ásirlerde Italiyaniń ekonomikasi.** B.e.sh. VI – III ásirlerde Italiya aymaqlariniń ekonomikaliq – social rawajlaniwi birtegis barmadi. Etruriya hám Kampaniya wálayatlari, qublasi Italiyadaǵi grek koloniyalari ekonomikasi jaqsi rawajlandi. Latsiya wálayati qońsi etrusk qalalari hám grek koloniyalarinan qalaq edi. Italiyaniń tawli aymaqlarindaǵi qáwimler alǵashqi-uriw jámáát sharayatinda jasar edi. Toqimashiliq hálsiz rawajlanǵan edi. Qul miynetinen tek kánshilikte, tas qazip shiǵariwda keń paydalanilar edi.

Italiyada eń ǵalabaliq ónermentshilik kásiplerinnen biri gúlalshiliq edi: túrli idis tabaqlar, suw quwirlari, sherepitsa, qam gerpish, shiraqlar etrusk qara reńli “bukkero” bórtpe bezewli idislari taniqli edi. Gúalshiliqtiń eń úlken oraylari Kluziya, Arretsiya hám Kalax edi. Er.sh.VI-V ásirlerde etrusk qalalarinda sawda-ónermentshilik gúllep jasnadi. Ásirese metalurgiya hám metalǵa islew beriwde, gúllalshiliqta etruskler úlken jetiskenliklerge eristi. Etrusk hám kampan qola idislarina Balkan Greciyasinda májbúrlik úlken edi. B.e.sh. VI-III ásirlerde tiykarǵi sawda-ónermentshilik oraylari Sirakuza, Tarent, Dikearxiya (Polteola), Populoniya, Adriya hám Spina edi. Rimde sawda ahmiyeti ósti. Hár jili úlken diniy bayramlar waqtinda Etruriyaniń orayi Vol’siniyada hám Latsiyaniń 4 wálayati menen tutasqan shegrasinda sawda yarmarkalari shólkemlestiriler edi.

B.e.sh. VI-III ásirlerde sirtqi sawda rawajlandi. Sawda tiykarinan suw joli menen ámelge asirildi. B.e.sh. VI ásirde teńiz sawdasina Rim da tartildi. Tibr daryasi baslaniwinda rimniń Ostiya portina tiykar salindi. Sol waqittiń eń úlken teńiz mámleketi Karfagen menen Rim b.e.sh. 509, 348 hám 280-jilllarda úsh márte sawda shártnamalarin dúzdi.

Etruskler hám qubla Italiya grekleri gallar, Balqan Greciya, Kishi Aziya menen sawda baylanislarin ornatti. Ilva hám Populoniyada qazip alingan temir Kampaniya hám etrusk qalalarina jetkizip beriler edi.

Italiyaniń kópǵana aymaqlari xojaliǵin jetekshi tarawi diyqanshiliq edi. Etruriyada ónimdar topiraq, jumsaq iqlim, joqari agronomiya mádeniyati hám agrotexnika rawajlaniwi joqari onim aliwdi taminler edi. Bul jerde biyday, arpa, tari, qubla Kampaniya hám qubla Italiyada juzimgershilik, zaytun keń tarqalgan edi. Etruriya ǵallesi Rim hám latin qalalarin, ulli Greciyadan zaytun mayi, Latsiya hám Etruriyani táminler edi.

B.e.sh. VI-III ásirlerde jámáát jer iyeliginiń jemiriliwi menen birge jerge jeke múlkshilik rawajlanip bardi. Uriwdiń jerleri kishi bóleklerge bólinip jerge islew beriw ushin qarindaslar, kliyent hám qullarga berilgen. Plebeylar jeke múlk sipatinda ózlerine teyisli jer maydaninda islew beretuǵin edi (olar mámleketten 2 den yuger-0,5 gektarga deyin jer algan). Jeke hám jámáát jerlerinen tisqari mámleket jer fondi (ager publikis) bar edi. Rim puxarasi mámleket jerin úlken bolmaǵan ijara tólewi menen okkolpatsiya (latinsha iyelik) qiliw huquqina iye edi. Patritsiylar bul huquqtan ónimli paydalandi. Plebeylar da júz jilliq gúresler nátiyjesinde “ager publikis”tan paydalaniw huquqina iye boldi. Erte respublika dáwirinde Rim ekonomikainiń tiykari awil xojaligi edi. Mayda hám orta jer iyeligi jetekshi rol oynar edi. Er. sh. IV ásirden baslap patritsiylar jámáát jerlerin (“ager publikis”) basip ala basladi. Nátiyjede iri xojaliq (imeniye)lar payda bolip, qullar miynetinen kóbirek paydalanila baslandi.

Basinda áyyemgi Italiyaǵa ayirbaslawdiń keń tarqalgan baylanistiriwshi bolip, sharwa haywani (pecols, sodan puldi latinsha ati-pecolnta) xizmet qildi. Eń áyyemgi dáwirden baslap rimde b.e.sh. III ásirge deyin pul sipatinda awirliǵi 2-2,5 kg ǵa deyin bolǵan islew berilmegen mis bólegi (aez rude) júrer edi. Olardi b.e.sh. V ásirden awirliǵi 1000-1830 gramm quday hám haywanlar korinisi bolǵan quyma qola bólegi siǵip shiǵara baslandi. B.e.sh. IV-III ásirlerdiń II yarminan 327,45 gramm awirliqtaǵi qoladen quyilǵan (aes grave) teńgeler keń tarqaldi. B.e.sh. IV ásirdiń II yarminan baslap natural xojaliq ornina pul tólem xojaliǵi keldi. Rim pul birligi mis

ass payda boldi. Dáslep bul tengeler Grek Moneta ibadatxanasinda quyila baslandi. Sonnan "moneta" sózi kelip shiqdi.

B.e.sh. III ásir aqirinnan ass 10 márte jeńillesip 173 gramǵa keldi. Qola tengeniń tressis, dupondiy, semis siyaqli túrleri bar edi. B.e.sh. III ásirden Rimde gúmis teńgeler tiykarinan denariy (4,55 gramm) hám sestersiy (1,13 gramm) quyila baslandi.

**3. B.e.sh. VI-III ásirlerde Rim jámiyetiniń klasliq duzilisi.** B.e.sh. VI-IV ásirlerde Rimniń social duzilmesi qiyin hám túskin edi. Rim jámiyetinde patritsiy, klientlar, plebeylar hám qullar klasliq-qatlamliq topar sipatinda shiqti. Bul toparlardiń hár biri jámiyet hám islep shiǵariwda óz huquq-majburiyatlari menen ayriqsha orindi iyeledi. Patritsiylar óz atlarin pater (ata) sózinan aldi. Pater-ata, kóp sanli shańaraqti oǵan kiretuǵin basqa qaram adamlar hám qullardiń xojayini edi. Áyyemgi Rimde atalar dep jáne joqari basqariw organi senat aǵzalarinda aytar edi. Patritsiylar dáslepki Rimniń imtiyazli húkimran klas-qatlami edi. Olar barliq puxatawiq huquqlaridan paydalanar edi. Kuriya komisiyalarinda dawis berip, senatqa saylandi, awir qurallanǵan piyada armiyada, imtiyazli atliq armiyalarda xizmet qilar edi. Har bir patritsiy úlken shańaraq jámááti kóp sanli familiya (familias)niń basliǵi bolip, bul jámáátti táminlew ushin jámáát jer jamǵarmasinan úlken úleslerdi aliw hám paydalaniw huquqina iye edi. B.e.sh. IV ásir ortalarina deyin tiykarǵi magistrate lawazimlari patritsiylar menen toldirilar edi. Patritsiylar uzaq alǵashqi jámáát dáwiri, uriwshilik jámáátlarina barip taqalatuǵin uriw toparlari (gentes)qa bólingen edi. Jer iyeleriniń imtiyazli húkimran klas qatlami bolǵan halda uriwshilik baylanislari áhmiyetli orin iyelegen bul dúzilmede Rim patritsiylari jámiyetiniń konservativ aǵimlari edi. Olar jańa social-ekonomikaliq múnasibetler, jeke múlkshilik, qulshilik rawajlaniwina tosiq edi.

Dáslepki Rimniń tiykargi klas-qatlamlardan biri plebeylar edi. Plebeylardiń bir bólimi qaram klientlar klasinda patritsiy uriwlarina qabil qilinǵan edi. Lekin plepsniń kópshiligi túp jay puxara patritsiylar social shólkeminen tisqarida bolip, huquqiy tárepten erkin bolsalarda puxatawiq huquqlaridan mahrum edi. Plebeylardiń tiykarǵi bólimi óziniń áwelgi watani menen hám Rimnan tisqarida bolǵan uriw shólkemi menen baylanisin úzgen kelgindi adamlar edi.

Plebeylar kishi jer maydanlarinda diyqanshiliq qilip sawda-ónermentshilik penen shuǵillanar edi. Olardiń kópshiligi tiykarinan Rim átrapindaǵi awillarda jasap, óz jámáát shólkemleri, ózara járdem dizimine iye edi. Plebeylar rim jámiyetin qáliplesip atirgan jámáát-diyqan quramin tiykarǵi bólimin quraytugin edi. Plebeylar arasinda tez arada social qatlamlasiw júz berip, bay qatlam ajralip shiqti. Plebeylardiń tiykargi topari jer aliw hám qarzi ushin qulliqti biykar qiliniwin talap qilǵan bolsalar, ózine toq hám bay plebeylar birinshi náwbette patritsiylar menen siyasiy teń huquqliq ushin gúresti.

Serviy Tulliy reformalari nátiyjesinde plebeylar Rim kóngillileri quramina kiritildi, lekin armiyadaǵi barliq basliq lawazimlari patritsiylar qolinda edi. Bunnan tisqari plebeylar patritsiylar azat etilgan áskeriy saliq (tribolt) tóler edi. Sol dáwirde Rim qalasinniń ózinde plebeylar hám patritsiylar ortasinda jer ushin keskin gúres baslandi. Toqtawsiz urislar nátiyjesinde wayran bolǵan, qarizlarǵa batip qalǵan Rim plebsi basip alinǵan jerlerdi bólistiriwde óz úlesin talap qildi. Sonday-aq patritsiylardiń zorawanliǵinan nizamliq qorǵaniw hám óz siyasiy huquqlarin keńeytiriwdi talap qilip shiqdi. Bul gúres b.e.sh. 494 jilda júdá keskinlesti. Awir qariz májbúriyatlari qariz beriwshiniń zulimi plebeylardi ekvlar menen urisqa qatnasiwdan bas tartti. Social ádalatsizliqqa qarsi naraziliq belgisi sipatinda, 494-jilda Rimnen 4,5 km. Arqadaǵi "muqaddes tawǵa" shiǵip ketiwge (setsessiya) májbúr boldi.

Secessiya hám áskeriy qawip patritsiylardi jan beriwge májbúr qildi. Nátiyjede plebey jiyinlarinda har jili eki yáki tórt xaliq tribuni saylaw huquqi alindi. Keyinshelik xaliq tribunlari sani onǵa jetti. Tribunlar lawazimli shaxslar bolmay plebs wakilleri sipatinda shiǵip, oniń máplerin qorǵawshisi boldi. Xaliq tribunlari qala hakimiyatiniń jumislarina aralasiwlari,

lawazimli shaxslar hám senattiń qararlarin bejeriliwin toqtatiwlari múmkin edi, Komisiyalarda qabil qilinǵan qararlarǵa plebeylar veto (taqiq) qoysa bul qarar qayta dawisqa qoyiliwi mumkin emes edi. Tribunlardiń ózleri ele tek plebeylar ushin majburiy bolǵan qararlar qabil qiliwlari múmkin edi. Tribunlar tek plebeylar arasinan saylanip qatnassiz huquqinan paydalanar edi. Xaliq tribunina qol kótergen adam nizamnan tisqari dep daǵaza qilinar edi. Bunday jinayat qilǵan adamdi hár kim jazasiz óltiriwi mumkin edi.

Yarim ásir ótkennen keyin b.e.sh. V ásir ortalarinda plebeylar basimi astinda patritsiylardan dúzilgen detsemverlar (“on erkek”) komissiyasi bar nizamlardi kodifikatsiya qildi. Komissiya mis taxtashalarga jazilgan XII keste nizamlarin Rim forumina, bazar hám Rim koloniyalarina asip qoydi. XII keste nizamlari birinshi hám jalǵiz Rim huquqi kodeksi edi. XII keste nizamlari Rimde social munasibetlerdi klassik quldarliq jámiyetine ótiw dáwirin sáwlelendirdi.

Dáslepki rim jámiyetinde kambaǵal hám siyasiy huquqsiz adamlardiń kóp sanli qatlami- klientlardi quradi. Azat qilinǵan qullar yáki Rimge kóship kelgen basqa uriw wakilleri patritsiylardan qorǵaniw hám qáwenderlik qidiriwga májbúr bolip, olarǵa klient boliwlari múmkin edi. Klientlar patritsiylardiń uriwina qaram aǵza sipatinda kirip, óz qawenderleri uriwI atin aldi. Olarǵa patron jerlerinde islew waziypasi , patron júriste, qalaǵa shiǵiwinda járdem qiliw majburiyatlari júklendi. Klient wásiyat qaldirmaǵan bolsa óliminen keyin oniń múlki patronga miyras qalar edi. Egerde klient patronǵa boysinbasa sud arqali ol qulǵa aylantirilwi múmkin edi. Óz náwbetinde patron klientti basqalardin basiminan qorǵawǵa májbúr bolip, sudta oniń mápleri qorǵaytuǵin edi. B.e.sh. III ásirge kelip jańa social munasibetler rawajlaniwi menen klientlerdiń úlken bólimi óz patronlarinan azat bolip, mámleketten jer aldi hám erkin diyqanlarga aylandi.

B.e.sh.V ásirge deyin qulshiliq jasalma (patriarxal) edi. B.e.sh. V ásirden baslap qul miyneti xojaliqtiń turli tarawlarina kirip bardi. Rimde qarzi ushin qul qiliw er. sh. 326-jildaǵi nizam menen biykar qilindi. Nátiyjede, qullar qatlami tiykarinan urislarda alinǵan tutqinlar esabinan toltirila baslandi. Qulǵa buyim sipatinda qaralmadi, insan shaxsi huquqlari kem dárejede bolsada saqlanip qaldi. Bul dáwirde erkin adam hám qullar ortasindaǵi parq onsha keskin emes edi.

Nizamlarda múlk huquqi kúshli qorǵalatugin edi. Múlkke qol qatilmasliq awir jinayat esaplanip, qiynaw menen ólim jazasi beriler edi. Qullar ushin jaza erkin tuwilǵanlarga qaraǵanda awir edi. Urliq qilgan erkin puxara kelteklener edi, qullar bolsa sabalanǵannan keyin jardan taslanar edi. Sútxor qarizdardi qul qiliw menen sheklenbey balki oniń omirine iyelik qiliwi da múmkin edi.

Plebeylardiń siyasiy teńlik ushin gúresi dawam etti. B.e.sh. 447 jildan 2 konsul menen birgelikte senat qarari menen 3 ten 8 ge shekem konsul hakimiyati wákilligi menen tribunlar saylana baslandi. Plebeylarǵa b.e.sh. 445 jilda ǵana tribun Kanuley nizami tiykarinda patritsiylar menen nekeden ótiwge ruxsat berildi. Jańa tsenzor ámeli jariya qilinip olardiń waziypasi puxaralardiń múlk tsenzi májbúriyatin bejeriwin baqlaw, keyinshelik senatorlar dizimin dúziw edi. Tsenzor húkimi biykar qilinbas edi, ol qatań edi. Bunnan tisqari olar payda-ziyan tolewin baqlaytuǵin, úlken jámáát islerin dúzetuǵin edi.

B.e.sh. 367 jilda konsul Sekst Lateran 3 ahmiyetli nizamdi qabil qiliniwina eristi. Birinshi nizam; qariz payizlarin tártipke saldi, ekinshi nizam; barliq rim puxaralari patritsiylar hám plebeylaridiń jámáát jerlerinen paydalaniwi teń huquqin berdi; úshinshi nizam boyinsha konsulliq lawazimin plebeylar da iyelewi múmkin edi. Keyinshelik eki konsuldan biri plebeylardan saylaniwi ádet túsine kirdi. Bir waqittin ózinde konsulardan sud isleri jańa lawazimli shaxs pretorlarǵa alip barildi. Pretorlar konsullar siyaqli tsentolriat komisiyalarinda saylanar edi. B.e.sh. 356 jil dáslepki bar plebeylardan diktator saylandi. Bes jildan keyin birinshi plebey tsenzor, b.e.sh. 332 jildan tsenzorlardan biri turaqli plebey wakillerden saylanatuǵin

boldi. Sonnan jáne otiz jil ótkennnen plebeylardan rimniń joqari ruwxaniyi pontifik saylanatuǵin boldi. Plebeylardi patritsiylarǵa qarsi toliq teń huquq ushin keyini gúresi b.e.sh. 287 jilǵi Gortenziy nizamin qabil qiliw menen tamamlandi. Sol dáwirden plebey jiyinlariniń qararlari rimniń barliq puxaralari ushin plebey senatniń tastiyiǵisiz májbúriy nizam boldi.

Rimde patritsiy hám plebeylardiń eki júz jilliq social-siyasiy qarama-qarsiliqlari b.e.sh. III ásir keyininde aqirina jetdi. B.e.sh. IV ásir aqirinda eń bay jańa patritsiy hám plebey aqsúyekleriden ibarat jańa nobillar qatlami júzege keldi. Nobillar iri jer-múlkke iyelik qilatuǵin hám mámleketti basqariwshi joqari qatlamǵa aylandi. Nobillar hakimiyatiniń ámeldegi tayanshi senat bolip, ol jerde patritsiy uriwlari menen bir qatarda Litsiniy hám Liviy siyaqli bay plebey uriwi áhmiyetli ról óynadi.

Nobillar senatorlar qatlaminiń joqari topari bolip, iri hám orta quldar jer iyeleri, sawdagerden quralǵan suwariylar qatlami menen birge húkimran qatlam quramina kirdi. Qalǵan puxaralar kishi múlkdarlar, erkin diyqanlar, ónermentshiler hám sawdagerlerden dúzilgen plepbsti quradi. Imtiyazli qatlamlar hám plepisqa qarama-qarsi hesh qanday huquqqa iye bolmaǵan kóp sanli qullar qatlami turar edi.

**4. Rimniń Italiyani basip aliwi.** Rimnen etrusk patshalari quwilǵannan keyin qisqa bir dáwirde Rimniń Latsiy wálayatindagi jetekshilik róli páseydi. Sol waqittaǵi rimlikler armiyalari Sabin, Ekv, Vol’sk, Tolskul basshiliǵindaǵi Latin qalalari awqami menen uzaq urislar alip bariwǵa tuwri keldi. Tek ǵana b.e.sh. 493 jilda ǵana Rim hám basqa latin qalalari menen qorǵaniw awqamin dúziwge erisildi. Bul awqam b.e.sh. V ásir dawaminda saqlanip qalindi hám rimliklerdi bir qansha qońsi wálayatlardi basip aliwǵa qolay shárt-sharayat jaratti.

Qońsi aymaqlardi basip aliwi nátiyjesinde Rimniń aymagi bir qansha keńeydi. Urislar nátiyjesinde qońsilar esabinan Rim qalasi quramina 17 awil qurami qosip alindi. B.e.sh. 396 jilda etrusk qalasi Veyindi basip aliniwi menen olardiń sani 25 ke jetti.

B.e.sh. 390 jil Alp tawlari arqali po waziysin iyellegen gall qáwimlerinen biri senonlar jolbasshisi Brenn basshiliǵinda Etruriyaǵa bastirip kirdi. Rim etrusklerǵa áskeriy járdem bermedi, lekin rimlikler gallarǵa elshilerin jiberdi. Elshiler gallar menen menmenlik penen soylesip qiyin jaǵday keltirip shiǵardi. Gallar etrusk qalasi Kluziy qamalin taslap Rimge juris qildi. Olar Rimdi urissiz iyeleydi, oni talap jandirip jiberedi. Rimlikler jáne 7 ay Kapit joqarini qorǵaydi, biraq aqir-aqibette gallarga altin menen úlken muǵdarda baji tólewge májbur boldi (rawayatlarǵa kóre sol waqitlarda Brenn “jeńilgenlerdin halina way!” taniqli sózin aytqan).

Rimniń hálsiregeninen qońsi latin, vol’sk, ekiv hám etruskler paydalandi. Rim latin awqami (b.e.sh. 384-jilda oniń aǵzalari 47 latin jámááti bolǵan edi) jáne tarqalip ketti. Rim latin qalalarin jáne qayta kúsh penen boysindiriwǵa májbur boldi. Latin awqami tek 32 jildan keyin gána rimlikler tárepinen qayta tiklendi. B.e.sh. IV ásir ortalarinda Rim kúshli armiya menen Italiyani bir qansha aymaqlarin iyelep aldi.

B.e.sh. IV ásir ortalarinda Rim respublikasi tek Latsiya wálayatinda emes, balki pútkil orayliq Italiyada kúshli mámleketka aylandi. B.e.sh. IV ásir baslarinda Rim basshiliǵindaǵi latin awqami menen qubla Apenninda samnit qáwimleri dúzgen samnit awqami menen kúshli qarama – qarsiliqlar baslandi.

Rim uzin nayza hám tuwri tórt burshekli qalqanlar menen qurallanǵan dáwjúrek tawli qáwimler samnitlar menen uris basladi. Rimniń samnit urislari latin awqaminiń barliq qatnasiwshilari ushin awir májbúriyat boldi. Samnit urisinan tek Rim payda kórdi, rimlikler samnitlardan bir qisim jerlerin tartip aldi. Latin qalalari bunday ádalatsizliqqa shiday almay, Rim menen uris basladi, lekin olar jeńildi. Nátiyjede Latin awqami tamamlandi. Sonnan keyin rimniń samnitlar menen gúresi qayta baslanip bir nesha on jillarǵa sozilip ketti. Uris tek ǵana b.e.sh. III ásir baslarinda tinshliq shártnamasi menen tamamlandi. Samnit qáwimleri óz ǵárezsizliklerin

saqlap qaldi, biraq Rim aymaǵi  Kampaniya, Lukaniya hám Apulyaga shekem keńeydi. Bul jerlerde Rim koloniyalari payda etildi.

Aradan on jil ótkennen keyin qubla Italiyadaǵi grek qalasi Tarent Rim elshilerin masqaralawda ayiplanip, Rim Tarentqa qarsi uris daǵaza qildi. Tarent Epir patshasi Pirrdi járdemge shaqirdi. Pirr urisshań piller menen Qubla Italiyaǵa bastirip kirip Gerakleya hám Auskul janindaǵi eki urista rimliklerdi jeńedi.

B.e.sh. 275 jilda bolsa Benevent janinda rimlikler Pirr armiyalarin jenship tasladi. Bir neshe jildan keyin Tarent qalasi hám ol menen awqamlas bolǵan samnitlar, lukanlar hám Bruttiya qalasi xalqi rim hakimiyatin tán aliwǵa májbúr boldi. B.e.sh. 265-jilda rimlikler etrusklerdi orayi bolǵan Volsiniya qalasin basip aldi. Nátiyjede pútkil Apennin yarim atawi Po waziysina deyin Rim respublikasi quramina kirdi.

Basip alinǵan jerlerdi xaliǵi sheklengen Rim puxatawiǵina suffragio (xaliq jiyininda dawis beriw huquqinan mahrum) huquqin aldi. Bul óz – ózin basqariw huquqinan hám jámáát jiyinlarinda dawis beriw huquqinan mahrum boliw degeni edi. Qala islerin rimnen jiberilgen prefekt basqarar edi.

Rimlikler Italiyadaǵi basip alinǵan jerler xaliǵin túrli huquqlarǵa iye bolǵan qatlamlarǵa bóldi. Tek Rim puxaralari patritsiylar hám plebeyler hám de Rimǵa qosip alinǵan latin qalalari, Rim qalasina bárqulla kóship ótken barliq latinlar  huquqlardan paydalaniwlari múmkin edi. Rim nizamlari boyinsha neke oqitiw, múlkin erkin iyelik etiw, óz ekonomikaliq máplerin qorǵawi ushin sudqa múrajat etiw, jiyinlarda dawis beriw hám lawazimlardi iyelewi múmkin edi. Bul toliq huquqli puxaralar Rim triblarina turaqli bekitilgen edi. Bunnan tisqari Italiyaniń túrli ahmiyetli strategik oraylarindaǵi rim koloniyalariniń xalqi da toliq huquqli puxaralar bolip esaplandi. Koloniyalar óz – ózin basqariwǵa iye edi.

Sheklengen huquqlarǵa iye puxaralar qatlami ("tsives sine solffragio") da bar edi. Olar Rim ádeti boyinsha neke pitimi dúziwleri, óz múlklerin iyelik etiw huquqina iye edi, lekin Rimde lawazimlardi iyelew hám dawis beriw huquqinan mahrum edi. Bunday sheklengen huquqlarga iye qalalar munitsipiylar dep atalar edi. Olardiń ayrimlari Rimnen jiberilgen prefekt tárepinen basqarilar edi.

Azat qilinǵan qullar Rim nizami boyinsha ashiq neke oqitiwlari múmkin emes edi. Olar tek tribat komisiyalarinda dawis beriw huquqina iye edi. Munitsipiylar xaliǵi huquqiy abroylarina kóre latin koloniyalari xalqina jaqin turar hám latin huquqina iye edi. Munisipiylar basqariwda avtonom bolip, óz teńgelerin quyip shigariw huquqina iye edi. Rimlikler bunday munsipiylardan járdemshi áskeriy bólim - kogortalar aliw májbúriyatin ótewdi talap qilar edi.

Italiya xalqiniń "sotsii" (awqamshilar) dep atalǵan jáne bir qatlami rim menen jánede ázzilew baylanisqan edi. "Tsvitates federat" huquqindaǵi awqamlas qalalar da Rimge armiyalar menen járdem beriwleri shárt edi. Lekin olar ózleriniń sheklengen mámleket suverenitetin saqlap qaldi, olarǵa Rimniń ruxsatisiz shártnámalar dúziw, ǵárezsiz sirtqi siyasat júritiw, óz tashabbusi menen uris alip bariw taqiqlanǵan edi. Qubla Italiyadaǵi grek qalalari Rim awqamshilarin ayriqsha qatlamin quraytuǵin edi. Olar Rimge tek áskeriy flot penen járdem beriw májbúriyatin alǵan edi.

B.e.sh. III ásirde Italiya aymaǵi Rim basqinlari nátiyjesinde birden-bir mámleketke birlesti. Nátiyjede bul jerde jasaǵan turli qáwim hám xaliqlar bir-biri menen jaqinlasib romanlasiwin barisin bastan keshirdi. B.e.sh. I ásirge kelip latin tilinde sóylesetuǵun joqari italiyan xalqi qáliplesti. Sol dáwirden baslap mámleket Italiya dep atala baslandi.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Rim Respublikasi qanday vujudga keldi?
2. Rimni boshvaruv shakli qanday bo‘lgan?

3. Konsuldiń funkciyalarin sanań?
4. Diktator qanday jaǵdaylarda saylangan?
5. Etrusklarga qarsı gúres qalay ótti?
6. Rimdi oraylastırılǵan Respublikaǵa aylanıwı qashan tamamlanǵan?
7. Samniy urısların túsindirip beriń?

**Lekciya № 11**

**Tema: Rimniń Batıs hám Shıǵıs Orta teńizde húkimdarlıq ushın gúresi.**

**Joba:**

1.Birinshi hám ekinshi Puni urısları.

2.Rimniń Shıǵıs Jer orta teńizdegi basıp aliwshılıqları.

3.Axeya awqamınıń qozǵalańı.

4. U'shinshi Puni urısı.

**Tayanısh sózler**: Punilar, Karfagen, Sirakuza, Gieron, Messana, Mila tumsıǵı, Egata atawı, Barka hám barkidler siyasatı, Gannibal, Sagnut qalası Kanna sawashı, Zama sawashı, Makedoniyanı basıp alıw, Greciya, Siriyanıń alınıwı, Mark Katon, úshinshi Puni urısı, Iberiya, Mark Krass, Sraptak.

**Sırtqı siyasattaǵı tiykarǵı baǵdarlar**. B.e.sh. II ásirde Rim alıp barǵan urıslar nátiyjesinde Jer Orta teńizi basseynindegı mámleketlerdiń kópshiligi qıyratılıp, baylıqları ayawsızlıq penen talanǵan. Rimliler qarsılıq kórsetken awıl, qala hám mámleketlerdiń xalqın ayawsiz qirıp, qalǵan bólegin tutqın sıpatında aydap ketip, qullarǵa aylandırǵan. Basıp alınǵan wálayatlarda áskeriylerdiń izinen qul sawdası menen shuǵıllanıwshı sáwdagerler-qul sawdagerleri de barǵan. Olar áskeriylerden arzan girewge tutqınlardı satıp alıp, Italiya hám basqa úlkelerdegi qul bazarlarına alıp barıp, úlken paydası menen satqan. Bul hal Rim hám Italiyada qulshılıqtıń rawajlanıwı ushın imkaniyatlar jaratadı.

Teńiz qaraqshıları da Italiyanıń qul bazarların qullar menen támiyinlep turǵan. Sol waqıtlarda Italiya hám basqa orınlarda bazarlarǵa kúnine 10-12 mıń qul satılatuǵın bolǵan. Máselen, Egey teńiziniń Delos atawındaǵı qul bazarlarında hár kúni 10 mıńnan artiq qullar satılǵanın áyyemgi grek geografı Strabonnıń gurrińlerinen biliw múmkin. Rim, Italiya hám Greciyadaǵı bazarlarda qullardı "janlı buyım" dep ataǵan.

Jer Orta teńizi basseynindegi mámleketler arasında Italiya qulshılıq joraqı dárejede rawajlanǵan mámleket edi.

B.e.sh. II-I ásirde Rimde awıl xojalıǵı, ónermentshilik, shrwashılıq, sawda-satıq ádewir rawajlanǵan bolıp, qullar bul salalardıń hámmesinde miynet etken. Biraq júdá kóp qullar awıl xojalıǵında islegen. Olar mámleketke qaraslı jerlerde awır miynet etken. Rimniń hasılzadaları úlken-úlken jer maydanlarına iye edi, qullar hasılzadalardıń jerlerinde günde menen jerdi aydap, mala menen tegislep, salmalardı qazıp, egin egetugın edi. Zúráát piskende bolsa olardıń ónimin jıynap alıp, júzimlerdi ezip sherbetlerin alıw isleri menen de shuǵıllanǵan. Rim hám onnan sırttaǵı altın, gúmis hám ruda kánlerinde 100 mıńlap qullar miynet etken.

Apennin yarım atawında tiklengen Rim mámleketi b.e.sh. III ásirdiń ortalarına shekem pútkil Italiyanı basıp alıp, Jer Orta teńizdiń boyların da ózine qaratıp alıw ushın jańa háreketler basladi.

B.e.sh. 350-jıllar aqırında Italiya yarım atawındaǵı Latsioda jasawshı latın tilinde sóylewshi xalıqlarda rimlik xalıqlardıń biri edi. Rim eń iri qala bolsada, oǵan ele de ózin qorǵaw

ushın basqa qalalardıń járdemine mútáj edi. Solay etip, Rim óziniń gezekten tısqarı áskeriy júrisin hám aymaǵın keńeytiriw basqishın basladı hám b.e.sh. 265-jılda yarım atawdıń úlken bólegi onıń qaramaǵında baqlawına ótti. Buǵan bolsa eki fakt óz úlesin qosqan, yaǵnıy shet el xalıqlar migratsiyası hám áskeriy-siyasıy jańalıqlar edi.[19].

Down to the 350s BCE, the Romans were just one of a number of Latin-speaking communities in Latium, a region in the center of the Italian peninsula. Although Rome was one of the largest urban centers there, it was still only a city-state that had to ally with other towns for self-defense.However, Rome soon began an extraordinary phase of military and territorial expansion, and by 265 BCEit had taken control of most of the peninsula. At least to factors contributed to this achievement: a migration of foreign peoples, and the Romans' own military and political innovations.

Biraq bul zamanda Jer Orta teńiziniń batıs bóliminde basqa bir qulshılıq mámleket – Karfagen húkimdarlıq etetuǵın edi.

Karfagen Afrikanıń arqa jaǵaları, Malta, Sardiniya, Korsika, Balear atawları, Siciliyanıń batıs bólegin óz ishine alǵan áyyemgi qulshılıq mámleketi edi. Karfagen bul qulshılıq mámleketiniń oraylıq qalası bolǵan. Bul qala úlken hám ózine tán bolıp, Arqa Afrika jaǵalawındaǵi; kishi yarım atawda jaylasqan. Ol Finikiyanıń koloniyası bolıp, finikiyalılar onı Kar. Xadashiy –"Taza qala" dep ataǵan. Qala geografiyalıq jaqtan oǵada qolaylı jerde jaylasqan.

B.e.sh. IX ásirde Finikiyanıń Tir qalası bul jerde óz koloniyasın ornatqan bolıp, b.e.sh. V ásirdiń ortalarında Karfagen úlken bir mámlekettiń orayına aylanǵan. Karfagen Jer Orta teńiz basseynindegi kóp mámleketler menen qızǵın sawda islerin alıp barǵan. Onıń tereń hám qolaylı qoltıqlarında birneshe kemeler turǵan, olarǵa kóplep júk artılǵan hám túsirilgen. Jaǵada hár qıylı tovarlar saqlanatuǵın úlken-úlken skladlar bolıp, olar júkler menen tolıp turǵan. Kemelerdegi júklerdi qullar túsirgen, olar kemelerde eskekshilik te islegen. Karfagenlilerdiń turmısında awıl xojalıǵı, ónermentshilik, ásirese, sawda-satıq úlken orındı iyelegen. Karfagenniń kúshli áskeriy teńiz flotı hám jallanba áskerlerden ibarat armiyası bolǵan.

Qala bekkem tas diywallar hám minaralar menen qorshap qoyılǵan. Karfagen b.e.sh. III ásirdiń ortalarına kelip, ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan biraz hálsirep qalǵan. Karfagen hasılzadaları hám úlken jer iyeleri basqınshılıq siyasatı júrgiziliwin, Siciliya hám basqa orınlarda óz mártebelerin bekkemlewdi talap etken. Bul hal Karfagen hám Rim respublikasınıń arasında Jer Orta teńizinde húkimdarlıqtı qolǵa kirgiziw ushın gúrestiń baslanıwına alıp kelgen.

**Birinshi hám ekinshi Puni urısları**. Rimliler Karfagendi Puni dep ataytuǵın edi. Sonıń ushın bul urıslar Puni urısları degen at alǵan. Birinshi Puni urısı Rim menen Karfagenniń Siciliya atawı ushın alıp barǵan gúresinen baslanǵan. Siciliya atawınıń kishi shıǵıs bólimi Sirakuza patshalıǵına qarasli, al úlken batıs bólimi bolsa Karfagenniń qarawında edi.

Sirakuza patshası qaytıs bolgánnan keyin, onıń xızmetinde bolǵan kompaniyalı jallanba áskerlerdiń Siciliyanıń arqa-shıǵıs múyeshinde jaylasqan Mesananı basıp alıwları urıstıń baslanıwına bir báne bolǵan. Sirakuzanıń jańa húkimdarı Gieron II Messananı qorshap alıp, kompaniyalı jallanba áskerlerge qarsı shıqqan. Jallanba áskerlerdiń bir bólegi Karfagenge, bir bólimi Rimge járdem sorap múrájáát etken.

Birinshhi Puni urısı (b.e.sh. 264-241 j.j.) Siciliya atawındaǵı birden hújim etiwi nátiyjesinde baslanǵan. Olardıń hújimi menen, Rim batıs Orta Jer teńizinde hukimdarlıq uchın gúres basladı[20].

The First Punic War (264–241 BCE) was a prolonged naval battle over the island of Sicily. With their victory, the Romans acquired a dominant position in the western Mediterranean.

---

[19]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.262.
[20]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.262.

Rimliler jallanba áskerlerge járdemge kelip, Karfagenge urıs járiyalaydı. Rim-Karfagen urısı b.e.sh. 264-241-jıllarda bolıp ótedi. Hár eki tárep hám teńizde, hám qurǵaqlıqta urıs alıp baradı. Rim áskerleri Siciliyaǵa túsip, tez arada Messananı basıp aladı. Olar qurǵaliqtaǵı sawashlarda birqansha jeńiske erisedi. Biraq Karfagen flotı teńizde rimlilerdi jeńiliske ushıratadı. Sebebi bul waqıtta rimlilerdiń kúshli áskeriy teńiz flotı joq edi. Rimliler tez waqıttıń ishinde ǵarǵa tumsıqlı 120 áskeriy kemeni úskenelep, sawashqa tayarlaydı.

B.e.sh. 260-jılı Mila tumsıǵı hám qalasınıń janında rimliler Karfagen flotınıń ústinen jeńiske erisedi. Bul jeńis Karfagen áskerlerin Siciliyadan quwıp shıǵarıp, urıs háreketlerin Karfagenge kóshiriwge májbúr etedi.

B.e.sh. 256-jılı rimlilerdiń 360 áskeriy kemesi Karfagenge jol aladı. Eknom tumsıǵı janindaǵı sawashta rimliler qurǵaqliqqa shiǵip Rim floti Karfagen floti ustinen jane jeniske erisedi. Rim áskerlerinin bir bólegi esapsız olja hám tutqınlardı alıp Rimge qaytadı. Biraq olar qaytıwda teńiz dawılına ushırap pútklley nabıt boladı.

255-jılı Karfagennin jallanba áskerleri Karfagende qalǵan rimli áskerlerdi  qıyratadı. Rim ásker basısı tutqınǵa túsip, tutqınlıqta qaytıs boladı. Urıs háreketleri jáne Siciliyaǵa kóshedi. Karfagen armiyasına Gamilkar Berka ásker bası bolgánnan keyin, Karfagen áskerleri Siciliyanıń kóp jerlerin qaytadan basıp aladı. Rimliler jańadan flot dúzip, Egata atawınıń janındaǵı sawashta Karfagen flotın qattı jeńiliske ushıratadı.

B.e.sh. 241-jılı birinshi Puni urısı pitim shártnaması menen juwmaqlanadı. Pitimge muwapıq Karfagen Rimge úlken tólem tólep, Siciliyadaǵı óz  múliklerin de Rim hákimiyatına tapsıradı.

Birinshi Puni urısınan keyin Karfagende ahwal qıyınlasqan. Ekonomikalıq qıyınshılıqlar jallanba ásker, Liviya awılınıń xalqı hám qullardıń birlesip qozǵalań kóteriwlerine alıp keledi. Gamilkar Barka basshılıǵındaǵı áskerler qozǵalańdı bastirıp, qolǵalańshılardı qırıp taslaydı.

Rimliler Karfagenniń ázziliginen  paydalanıp, b.e.sh. 238-jılı Sardiniya hám Korsika atawaların basıp alǵan. Karfagenliler Rimge qarsı qaytadan gúreske tayarlanıw ushın Iberiyanı tańlaǵan. B.e.sh. 237-jılı Gamilkar Barkanıń qol astındaǵı Karfagen áskerleri Iberiyaǵa kelip jaylasadı. Ol jerdegi kóp qáwimlerdi jeńip, úlken jeńislerge erisken. Olar Iberiyanıń qubla-shıǵıs múyeshinde Jańa Karfagen qalasın tiklegen.

B.e.sh. 229-jılı ibyerler menen bolǵan sawashlardıń birinde Gamilkar Barka qaza tabadı, áskerdiń ásker basısı etip, onıń kúyewi Gasdrubal tayınlanadı. B.e.sh. 221-jılı Gasdrubal keltler menen bolǵan urıslardıń birinde óltiriledi. Onıń óliminen keyin armiyaǵa Gamlikardıń 25 jasar ulı Gannibal ásker bası etip tayınlanadı. Ol sheber ásker bası hám batır jawınger edi. Onıń ásker basılıq qábileti hám misli kórilmegen mártligine dushpanları da tán bergen. Áyyemgi Rim tariyxshılarınan biri “Gannibal qáwip-qáterge taslanǵanda qánshelli márt bolsa, sol qáwip-qáterdiń astında qalǵanda da sonshelli saqlıq penen is kóretuǵın edi. Ol miynet etkende pútkil denesi sharshawdı bilmes hám heshqashan ruwxı túspeytuǵın edi. Ol shıjǵırǵan ıssıǵa da, suwıqqa da shıdam beretugın edi. Ol jumsaq orınǵa jatpaytuǵın edi, áskeriy shinelde oranıp alıp, qarawıllıqta turǵan jawıngerlerdiń arasında uyıqlaytuǵın edi. Ol birinshi bolıp sawashqa atlanatuǵın hám sawash maydanınan eń izinde shıǵatuǵın edi. Jawıngerler Gannibaldıń basshılıǵında óz kúshlerne sonshelli qattı isenetuǵın edi hám sonshelli márt bolatuǵın edi, basqa hesh adamnıń basshılıǵında bunday bolmaytuǵın edi”, - dep jazgán edi.

Rim menen Karfagen ortasındaǵı Ekinshi Puni urısı b.e.sh. 218–201 jıllarda bolıp ótti. Bul urıs Rim armiyasinıń haqıyqıy kúshin kórsetti. Karfagen generalı Gannibal eger olar Italiya yarım atawınıń ózine xújim qılsa, óz áskeleriniń jeńisine úmit etse bolatuǵınlıǵın túsindi[21].

---

[21]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.262-263.

The Second Punic War (218–201 BCE), however, revealed the real strength and might of Roman arms. The Carthaginian general Hannibal realized that if his troops were to have any hope of victory, they ould have to attack the Italian peninsula itself.

Rim menen Karfagen ortasındaǵı ekinshi Puni urısı b.e.sh. 218-201-jıllarda bolıp ótedi. Karfagen áskerleriniń jańa sárkardası Gannibal b.e.sh. 219-jılı Rim nenen awqamlas bolǵan Iberiyanıń Sagnut qalasın basıp alıp, onı qıyratqan, qalanıń xalqın qul etip satıp jibergen. Bunnan narazı bolǵan Rim Jańa Karfagenge elshiler jiberip, Gannibaldi Rimniń qolına tapsıriwdı talap etedi.

B.e.sh. 218-jıldıń báhárinde Gannibal óz áskerlerin jawınger pilleri menen Jańa Karfagennen jolǵa shıǵaradı. Ol Pireney tawlarınan ótip, gallardıń geybir qáwimleri menen sawash etip, Alp tawlarınıń eteklerine shekem jetip baradı. Gannibal júdá awır mashaqatlar menen 33 kún degende Alptiń qarlı tawlarınan asıp ótip, Arqa Italiya tárepke háreket etedi. Qarlı as'iwdan ótiw awır bolıp, áskerler tawdıń tik hám taw soqparlarınan órmelep ótip barǵan. Muzlaǵan sırǵanaq jollardan ótip atırǵanda jawıngerler, atlar hám pillerdiń kópshiligi túpsiz jarǵa qulap nabıt bolǵan. Taw soqpaqlarınan sharshap, haldan tayǵan áskerler Arqa Italiyaǵa jetip kelgende Gannibaldıń 20 mıń piyada hám 6 mıń atlı áskeri, az sanlı pilleri qalǵan edi. Biraq kelt qáwimleri Gannibalǵa kelip qosılıp, oǵan biraz jiger beredi. Gannibal Arqa Italiyada turǵan Rim áskerlerin gezekpe-gezek qırǵınǵa ushıratıp, qublaǵa júris etedi.

Gannibal o'ziniń piyada áskerleri hám atlı áskerleri menen Qubla Ispaniyadan Italiya yarim atawı tárep júrdi. Ol Pireniya hám Alp tawların shaqqanlıq penen kesip ótkennen keyin qahramlarsha Italiyaga 20000 mıń áskerleri menen kirdi. Rim zapastaǵı 750000 áskerleri menen teńbe-teń nátiyjege eristi. Sol sanlar menen, Rim komandirleri gúresiwine jol qoymaydı, keyin ala Karfagenlikler urısın dawam ettirip, qattı úlken sawashlarda úsh ullı sawashta jeńiske erisemen degenshe shama menen 60000 nan 80000 ǵa shekem qurbanlar boldı. Olar aqırında b.e.sh. 201- jılda jeńiske eristi.[22]

Hannibal moved his foot soldiers and cavalry from southern Spain toward the Italian peninsula. After the heroic feat of crossing the Pyrenees and the Alps with his war elephants, he entered Italy with a force of only about 20,000 men. In contrast, Rome could draw on reserves of more than 750,000 men.With those numbers,Roman commanders could afford to lose battles—which theyproceeded to do, suffering casualties of about 60,000 to80,000 dead in three great encounters with the Carthaginiangeneral—and still win the war. They finally did so in 201 BCE.

B.e.sh. 217-jılı rimliler Etrturiyadaǵı Arriciy qalasınıń janında Gannibaldıń jolın tosadı. Biraq Gannibal áskerleri rimliler kútpegen batpaqlıqtan bir kún dawamında keship ótip, olardıń arqa tárepinen payda bolǵan. Keship ótiw waqtında Ganniball kózinen ayırıladı, onıń minip júrgen jalǵız pil de nabıt boladı. Gannibal áskerleri Rim áskerleriniń arqa tárepinen hújim etip, Traziman kóliniń janında Rimniń áskerleriniń kóp bólegin qırıp taslaǵan.

B.e.sh. 216-jılı Gannibal rimlilerdiń ayırım hújimlerin qaytarıp, Rimdi shetlep ótip, Qubla Italiyaǵa jol aladı. Sebebi Gannibal ol jerde Qubla Italiyanıń xalqınan hám Karfagennen járdem alıwı múmki edi. Ol ótiw dáwirinde rimlilerdiń kóplegen awılların qırǵınǵa ushıratqan. Gannibal Rimge dushpan, ǵárezli qáwimlerdi ózine awdırıp alıwdı oylap, olardı óltirmew haqqında buyrıq beredi.

Rim áskerleri sárkarda Mark Sergeyge eleklep, bilim alǵan. Sergey urıslarda 23 mártebe jarahatlanǵan, onıń eki qolı hám eki ayaǵı da sholaq edi. Gannibal menen bolǵan urısta bir qolınan ajıraldı, lekin temirden jasalǵan jasalma qoli menen xizmetin dawam ettirdi. Ol eki mártebe Gannibal tárepinen qamaqqa alınǵan hám har dayım shınjır menen saqlanıwına qaramay qashıp ketken. Oniń jasalma qoli menen urısqa tórt mártebe barǵan, qolı tárepinen biriktirilgen.

[22] Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.263-264.

Sergey Rimniń tiykarǵı qalaların karfagen zulıminan azat etiwde járdem bergen. Bunday insanlar armiyadaǵı áskerlerdiń ruwxın kótergen[23].

They were educated to imitate the example of such soldiers as Marcus Sergius. Ounded twenty-three times in battle, Sergius was crippled in both hands and both feet. In the war with Hannibal he lost one hand but continued to serve, using a false right hand made out of iron. He was twice taken prisoner by Hannibal, each time escaping despite being kept in chains. Going into action four times with his artificial hand tied to the stump of his arm, Sergius helped to rescue major Roman cities from Carthaginian sieges—and twice the horse that he was riding was cut out from under him. Such men set a high standard of commitment to war.

B.e.sh. 216-jıli Gannibal áskerleri Italiyanıń qublasında Kanna awılına kirip kelgeninde onıń 40 mıń piyada hám 10 mıńǵa jaqın atlı áskerleri bar edi. Rimniń áskerinde bolsa 80 mıń piyada hám 6 mıń atlı áskerler bar edi. Gannibal áskerleri Rimniń 70 mın piyada áskerlerin qorshap alıp, onıń kóp bólegin qırıp taslaǵan, al bir bólegin tutqınǵa alǵan. Sawashta Rimniń áskerlerinen Emiliy Pavel qaza bolǵan, olardıń ekinshi sárkardası Varron qalǵan-qutqan áskeri menen Rimge qarap qashqan.

Kanna janındaǵı jeńilis Rimdi awır awhalǵa salıp qoyǵan. Sawashta pútkil Rim armiyasınıń úshten bir bólegi nabıt bolǵan. Karfagenlilerdiń bul jenısi Italiyanıń orayı hám qublasında jasap, Rimge ǵarezli bolǵan samnit, likan hám apul qáwimleriniń Gannibaldiń tárepine ótip alıwları ushın imkan beredi. Biraq Gannibaldiń Rimdi alıwı ushın etken háreketleri zaya ketedi.

Kanna jenılisinen keyin Rim senatı asıǵıs ilaj kórip, 17 jastan 70 jasqa shekem bolǵan barlıq erkeklerdi armiyaǵa atlandırgan. Tez arada rimliler 250 mıń áskerdi toplap, olardı qurallandırǵan. Rimniń sárkardaları áskerlerdi mayda bóleklerge bólip, úlken sawashlardan taysalıp, kishi sawashlar menen karfagenliler tárepke ótken qalalardı qorshap ala baslaydı. Bunday urıs Gannibal ushın apatlı edi. Sebebi Karfagennen jawıngerler kelip qosılǵan bolsa da, Gannibal armiyasında awhal awır bolıp qala bergen, ásker kúnnen–kúnge kemeyip barmaqta edi. Jańa Karfagenen ásker tartıp kiyatırǵan Gannibaldıń inisi Gasdrubal Metavra dáryasınıń boyındaǵı sawashta rimliler tárepinen qırǵınǵa ushıratılıp, onıń ózi óltirilgen.

B.e.sh. 204-jılı urıs háreketleri Karfagenge kóshiriledi. Rimliler Siceron bashılıǵındaǵı úlken armiyanı Karfagenge jiberdi. Gannibal Karfagendi qorǵaw ushın Italiyadan shaqırılıp alınadı. B.e.sh. 202-jılı Karfagendegi Zama qalasınıń janında Gannibal basshıilıq etken karfagenliler menen Siceron basshılıq etken Rim hám Numidiya patshalıǵınıń atlı áskerlerinen ibarat armiya ortasına ayawsız sawash boladı. Bul sawashta rimlilerdiń atlı áskerleri kóp edi. Rim menen Karfagenniń piyada áskerleri qızǵın urıs alıp barıp atırǵan waqıtlarda rim hám numidiyalilardıń atlı áskerleri karfagenlilerdiń arqa táreplerine ótip alıp soqqı berdi. Birinshi Puni urısında jeńilistiń ne ekenligin bilmegen Gannibal armiyası óz watanın qorǵawı menen qıyraydı. Sonıń menen ekinshi Puni urısı da tamamlanadı. Karfagen Rimge baǵınadı.

Ekinshi Puni urısınıń nátiyjesinde Rim óziniń eń kúshli qarsılası bolǵan Karfagendi jeńiliske ushıratqan edi. Italiyanıń basıp alınıwı, Karfagenniń ústinen erisilgen jeńis Rimdi Jer Orta tenızi basseynindegi eń qúdiretli qulshılıq mámleketine aylandırǵan. Rimnen shıǵıs tárepke Makedoniya, Greciya, Epir, Salavkiylerdiń baylıqları Rim qul iyeleri hám áskeriylerin bárqulla ózine tartıp kelgen edi.

Rim shıǵısqa atlanısın Makedoniyadan baslaydı. Makedoniya ellin mámleketlerinen biri bolıp Rimniń qas dushpanı edi. Rimliler Makedoniyaǵa qarsı gúresiw ushın sheberlik penen is alıp barıp, greklerge ózlerin azat etiwshi etip kórsetedi. Olar Fessaliyaǵa óz áskerlerin ákelip jaylastıradı. Sol jerden olar Makedoniyanı basıp alıwdı rejelestiredi. Olar ayırım polisler menen

[23]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.264.

awqam dúzip, b.e.sh. 197-jılı Fessaliyaǵa áskerlerin jayǵastırıp, Kinoskefali awılınan Makedoniyaǵa hújim baslaydı. Bul jerde qattı sawash bolıp, Rim legionları jeńiske erisedi. Jeńiliske ushıraǵan Makedoniya barlıq múliklerinen ayırılıp, Rimge ǵárezli bolıp qaladı.

Makedoniyada erisilgen jeńislerden keyin Rim senatı grek qalalarınıń erkinligin tán alǵan. Bul xabardı grekler quwanısh penen kútip alǵan. Biraq olardıń quwanıshı uzaq bolmaǵan. Rimliler greklerdiń kóp islerine aralasıp, olardıń erkinlilkerin joqqa shıǵara baslaǵan. Bul jaǵday Greciyada Rimge qarsı kúshli narazılıqtı tuwdıradı.

B.e.sh. 146-jılı Axeya awqamı rimlilerge qarsı qozǵalań kótergen, qozǵalańshılar qarızlarınıń biykar etiliwin hám salıq salıwdı talap etedi. Qozǵalańdı bastırıw ushın Rim áskerleri jiberilgen. Olar qozǵalańnıń orayı Korinf qalasın basıp alǵan, eki ortada qattı sawash baslanıp ketken. Kóp adamlar nabıt bolǵan. Qala qıyratılıp, oǵan ot berilgen. Xalıqtıń kóp bólegi qul etip satıp jiberilgen. Grek qalalarınıń awqamı tarqatılıp jiberilgen, kóplegen qalalar Rimge baǵındırılǵan.

B.e.sh. 190-jılı Rim armiyası Kishi Aziyaǵa bastırıp kiredi. Siriya áskerleri dushpandı Magneziy qalashasınıń janında qarsı aladı. Hár eki tárep ayawsız sawashqa kirisedi. Bul sawashta Siriyalılardıń áskeri kóp edi. Biraq soǵan qaramastan Rim legionları sawashta jeńiske erisedi.

B.e.sh. 188-jılı rimliler menen siriyalılar ortasında pitim shártnaması dúzildi. Pitim shártnamasına muwapıq Antiox III Evropa hám Aziyadaǵı Tavr tawlarınıń arqa tárepindegi múliklerinen bas tartıwı tiyis bolǵan. Ol barlıq sawash pillerin hám flotın Rimge beriwi, sonday-aq, tólemdi tólewi tiyis bolǵan. Sonıńmenen bir waqıtta rimliler ózleriniń eski qarsılası Siriyada jasap atırǵan Gannibaldı rimlilerge tutıp beriwdi talap etedi. Solay etip, rimlilerdiń soqqısınıń nátiyjesinde Siriyanıń qúdireti abroysızlanǵan.

Ekinshi Puni urısı dáwirinde qıyratılǵan Karfagen tez arada ózin tiklep alıp, bekkemlenip alǵan. Karfagenliler diyqanshılıq, ónermentshilik hám sawda-satıqti rawajlandırıwǵa úlken ah’miyet bergen. Al rimliler bolsa Karfagenniń qaytadan kúsheyip ketiwin qálemeytuǵın edi.

B.e.sh. 149-146-jılları bolıp ótken urıslardıń nátiyjesinde Karfagen jáne qiyratılıp, xalqı qul etip satıp jiberilgen. Onıń ornında Rimniń Afrika wálayatıdúzilgen.

**3. Rimniń Shıǵıs Orta Jer teńizindegi basıp aliwshılıqları**. Shıǵıs Orta Jer teńiziniń jaǵaları baǵındırılıp, Rimge qosılıp alınǵannan keyin náwbet Ispaniyanı basıp aliwǵa kelip jetken. Bunday háreketler b.e.sh. 206-jılı-aq baslanǵan edi, biraq rimliler jergilikli ibiyerlerdiń qarsılıǵına dus kelgen edi. B.e.sh. 154-jılı Iberiya b.e.sh. 150-jılı Luzitaniyanıń xalqı Rimge qarsı qozǵalań kóterdi. Nátiyjede qozǵalańnıń baslıǵı Virnat Luzitaniyanıń patshası dep tán alındı. B.e.sh. 139-jılı Virnat satqın hayal tárepinen óltirilgen bolsa da, tawlı Numanciyanıń xalqı gúresti dawam ettirgen.

B.e.sh. 133-jılı Rim áskerleri Numanciya qalasın qorshap alıp, onı basıp alǵan. Nátiyjede Ispaniya hám Luzitaniya da báǵındırılıp, Rimniń aymaǵı Iberiyadan Kishi Aziyaǵa shekem, Makedoniyadan Egipetke shekem sozılǵan, Makedoniyanıń basıp alıniwı hám Karfgenniń ústinen erisilgen jeńis nátiyjesinde Rim oǵada bayıp Jer Orta teńiziniń batısindaǵı eń kúshli qulshılıq mámleketine aylanǵan. Rimnen shıǵıs hám qubla-shıǵıs tárepte júdá kóp bay mámleketler bar edi. Bul mámleketlerdiń baylıqları ashkóz Rim qul iyeleri, áskeriyleri hám sawdagerleriniń dıqqatın ózine tartıp kelgen edi.

Greciyadaǵı mámleketler, atap aytqanda Makedoniyanıń jerleri Rim ushın qurǵaqlıqtan shıǵısqa ótetuǵın kópir edi. Rimliler ayırım grek polisleri menen awqam dúzip b.e.sh. 197-jılı Fessaliyaǵa áskererin túsiredi. Rim áskerleri Fessaliya jerinde turıp Makedoniyaǵa hújim baslaydı. Qatań sawashlardan keyin Rim áskerleri jeniske erisip, Makedoniya Rimge ǵáerezli bolıp qaladı. B.e.sh. II ásirdiń 70-jıllarında Makedoniyada basqınshılarǵa qarsı narazılıq

kúsheyedi. Makedoniyanıń jas patshası Persey mámlekettegi kúshlerdi birlestirip rimlilerge qarsı gúres baslaydı. B.e.sh. 168-jılı Persey áskerleri menen Rim legionları ortasında qattı sawash bolıp makedoniyalılar jeńiledi. Persey rimlilerdiń qolına tutqın bolıp túsip qaza tabadı. Rim áskerleri-legionları Makedoniyanıń qala há awılların qıyratıp, olarǵa ot qoyadı, baylıqların talaydı. Rimliler Makedoniyanıń barlıq awqamlaslarınan, sonday-aq Erip shahlıǵınan da qattı ósh alıp, onıń 70 qalasın qıyratadı hám baylıqların talaydı.

Makedoniya qıyratılǵannan keyin Rim senatı onı tórt bóimge bólip, hár birin ayırım respublika dep járiyalaydı. Makedoniya Rimge úlken muǵdarda tólem tólep, xalıqtıń bir bólegi tutqınǵa alınıp’, qul etip satıp jiberiledi. Kóp ótpesten Makedoniyada ónerment Andrisk basshılıǵında qózǵalań baslanadı. Andriks ózin Perseydiń ulı Filipp dep  járiyalaydı. Frakiya hám basqa qońsı mámleketlerde jasawshı qáwimler Andriskti qollap-quwatlaydı. Qozǵalańshılar rimliler menen soqlıǵısıp, olarǵa qattı soqqılar berip, hátteki olardıń ústinen birneshe mártebe jeńiske erisedi. Rim ásker basıları senattan jańa ásker jiberiwdi soraydı. Jańa áskerler kelgennen keyin, qozǵalańshılar menen rimliler arasıdaǵı gúres jáne de kúsheyedi. Qattı  sawashlardıń birinde Andrikstiń áskerleri rimlilerdi jeńedi. Frakiyali satqınlar bolsa Andriksti rimlilerge tutıp beredi.

Rimliler jenıske eriskennen keyin, Makedoniya Rimniń wálayatı dep járiyalanadı. Olar Epor shahlıǵı menen Qubla Iliriyanı Makedoniya wálayatına qosıp jiberedi. Endi Makedoniya wálayatı Balkanǵa hám Sıǵısqa rimlilerdiń bastırıp kiriwi ushın tayanısh ornına aylanadı.

**4. Axeya awqamınıń qozǵalańı**. Axeya awqamı grek qala-mámleketleriniń uyımı bolıp tabıladı. Ol b.e.sh. 280-jılı dúzilgen. Ol Axeya mámleketi dúzilgenligi ushın usılay atalǵan. Awqamǵa Korinf, Megara, Agros hám Peloponnestegi basqa grek qala-mámleketleri aǵza bolǵan. Bul awqam Makedoniyaǵa  qarsı qaratılgán uyım edi.

Makedoniyanıń ústinen erisilgen jeńisten keyin Rim senatı grek qala-mámleketleriniń erkinligin tán alǵan edi. Grekler bul xabardı quwanısh penen kútip alǵan. Biraq olardıń quwanıshı kópke barmaǵan. Sebebi rimliler Makedoniyanı ózine ǵárezli etip bolǵannan keyin, grek qala-mámleketleriniń ishki islerine aralasa basladı. Rimliler grek qala-mámleketleriniń ústinen óz húkimdarlıǵın ornata  basladı. Bul jaǵday pútkil Rimge qarsı kúshli narazılıqtıń kelip shıǵıwına sebep bolǵan.

B.e.sh. 146-jil’ıAxeya awqamı mámleketleri rimlilerdiń jábir-zulımına qarsı qozǵalań kótergen. Qozǵalańshılar qarızlarınıń biykar etiliwin, salıqlardıń kemeytiliwin hám rimlilerdiń zorlıǵın saplastırıwdı talap etken. Qozǵalańd’ı bastırıw ushın Rim senatı qozǵalańshılardıń ústine úlken armiyanı jibergen. Rim legionları qozǵalańnıń orayı bolǵan Korinfke hújim qılǵan. Awqamlaslar menen  basqınshılardıń ortasında keskin sawash baslanǵan. Kóp adamlar qırılǵan. Rim áskerleri Korinfti basıp alıp, baylıqların talap, oǵan ot qoyǵan. Xalıqtıń kóp bólegi qul etip alıp ketilgen. Axeya awqamı tarqatıp jiberilgen. Greciyanıń kóplegen qala-mámleketleri Rimge boysındırılǵan.  Sparta menen Afinanıń ǵárezsizligi tek atına ǵana saqlanıp qalǵan. Rimliler Makedoniya hám Greciyanıń júdá kóp baylıqların Italiyaǵa tasıp alıp ketken. Rimniń varvarları Greciyadaǵı ájayıp estelikerdi qıyratqan.

Rimlilerdiń shıǵıstaǵı basıp alıwshılıqları. Rimliler Karfagen, Makedoniya hám Greciyada óz húkimdarlıqların ornatıp alǵanlarınan keyin, Jer Orta teńizi shıǵısındaǵı mámleketlerge kóz tige baslaǵan. Bul dáwirde Salavkalar patshalıǵı, Jer Orta teńiziniń shıǵısındaǵı eń kúshli mámleketlerden biri edi. Rim tárepinen urıs qáwpin sezgen Salavka patshası Antiox III te urısqa saldamalı tayarlana basladı.

Karfagennen qashıp Antiox III sarayınan pana tapqan Gannibal Salavkanıń patshasına Rimge qarsı awqam dúzip, urıstı Italiyanıń jerinde alıp barıwdı usınıs etedi. Biraq Antiox III grek qala-mámleketleriniń wáde etken járdemlerine isenip, urıs háreketlerin Greciyadan

baslaǵan. Urıs baslanıwdan tek Etoliya hám Beotiya ǵana Salavka patshalıǵına járdem berip, basqaları óz wádelerin orınlamaǵan. Salavka patshası Antiox III tiń qarawında piyada, atlı ásker, ótkir shalǵılar ornatılǵan urıs arbaları hám urıs ushın úskenelengen pillerden ibarat úlken armiya bar edi. Qattı sawashlardan keyin rimliler salavkalılardıń áskerin Gresiyadan aydap shıǵarǵan hám Kishi Aziyanıń atawlarına hújim baslaǵan.

B.e.sh. 190-jılı rimliler menen Salavka patshalıgınıń armiyası Magneziya qalashasınıń janında sawash júrgizdi. Sawash keskin bolıp, rimlilerdiń jeńisi menen tamamlanǵan. B.e.sh. 188-jılı eki ortada pitim dúzilgen. Pitimniń sh'artnamasına muwapıq Antiox III Batıs Aziya hám Tavr tawlarınıń artındaǵı múliklerinen ayırılǵan. Ol barlıq jawınger pillerin hám áskeriy-teńiz flotın Rimge beriwi hám de tólem tólewi tiyis bolǵan. Sonıń menen bir waqıtta rimliler Antiox III ten Gannibaldı tutıp beriwin de talap etken. Waqıyadan xabar tapqan Gannibal Vifaniyaǵa qashıp ketken. Anitox III áskerleri rimlilerden jeńilse de Salavka mámleketi óz ǵárezsizligin saqlap qalǵan. Biraq onıń kúsh-qúdiretiniń mártebesi túsip qalǵan edi.

**5. Úshinshi Puni urısı**. Ekinshi Puni urısınan keyin kóp ótpesten Karfagen ózin qayta tiklep aladı. Al Rim bolsa Karfagenniń kúsheyip ketiwin qálemeytuǵın edi. B.e.sh. 13-jılı Karfagenge kelgen Rim senatorı hám jazıwshısı Mark Katon Karfagendegi ekonomikalıq párawanlıqtı kórip hayran qalǵan. Ol karfagenlilerdiń qas dushpanı bolıp, oziniń sózinde "Karfagendi qıyratiw kerek" degen sózdi kóp isletetuǵın edi. Rim Karfagenge qarsı urıs ashıw ushın sebep izleytuǵın edi. Rim urıs ashıwı ushın Numidiya patshasın Karfagenniń jerine basıp kiriwge shaqıradı. Numidıyanıń áskerleri Karfagenge bastirıp kirip xalıqtı talay baslaydı. Karfagenliler óz watanların qorǵawǵa atlanadı. Eki ortada sawashtıń baslanǵanlıǵin bilgen Rim Karfagenge urıs jáŕiyalaydı. Karfagenliler pitim soraydı. Rimliler pitimge razı bolmastan karfagenlilerdi bul jerden kóship ketiwin talap etedi. Karfagenliler bul talaptı qabıllamastan urısqa tayarlıq kóredi. B.e.sh. 149-jılı úshinshi Puni urısı baslanıp, rimliler Karfagen qalasın qorshap alıwǵa kirisedi. Karfagenliler janajan qalasıń qattı turıp qorǵaydı. Qorǵanısta hayallar da qatnasadı. Karfagenli hayallar ur'ıs ushın shashların qırqıp, onnan tas atıwshı mashinalarǵa arqan esip bergen. Qamal úsh kún dawam etken. Rimliler Karfagenniń piyada áskerlerin jeńip, qalanıń sırtqı baylanısların úzip qoyǵan. Qalada ashlıq hám kesellik baslanǵan. B.e.sh. 146-jılı rimliler qalaǵa hár tárepten hújim etip, jarıp kirgen. Qalanıń ishinde ayawsız sawash altı kún, altı tún dawam etken. Dushpan qalanı jarıp ótken, baylıǵın talaǵan hám imaratlarǵa ot qoyǵan. Karfagenlilerden 50 mıń adam tutqın etip alınıp, qul etip satılǵan. Rimge ǵárezli bolǵan Afrika wálayatınıń dúziliwi menen úshinshi Puni urısı da tamamlanǵan.

B.e.sh. 146-jılı rimlikler qalaǵa hár tárepten xújim etip kirgen. Qala ishinde ayawsız sawash atlı keshe-kúndiz dawam etken. Dushpan qalanı wayran etken, baylıǵın talaǵan hám imaratlarına ot qoyǵan. Karfagenliklerden 50 mıń adam tutqın etip alınıp qul etip satıp jibergen. Rimǵa qaram bolǵan Afrika wálayatınıń dúzilisi menen úshinshi Puni urısı da tamam bolǵan. Sol sebepli Oʻrta Jer teńizinde Rimniń monopoliyası ornatilǵan[24].

In one year, 146 BCE, the Romans achieved the final extermination of what was left of Carthage in the west—killing all its adult males and selling all its omen and children into slavery—and the parallel obliteration of the great Greek city-state of Corinth in the east. Their monopoly of power over the entire Mediterranean basin was now unchallenged.

**6. Ispaniyanıń basıp alınıwı**. Iberiya-Periney yarım atawınıń qublasında jaylasqan mámleket. Iberiyanıń temir, gúmis hám qımbatlı rudalarǵa bay kánleri rimlilerdi kópten beri ózine tartıp keletuǵın edi. B.e.sh. III ásirde rimliler Iberiyanı baǵındırıw ushın kóp jıllar

---

[24]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.264.

dawamında qanlı urıslardı alıp barǵan. Rimliler b.e.sh. 206-jılı Iberiyanıń jaǵaların iyelep alıw ushın kelgeninde jergilikli xalıqtıń qattı qarsılıǵına dus kelgen.

B.e.sh. II ásirdiń birinshi yarımında rimliler Iberiyaǵa birneshe ret bastırıp kirgen. B.e.sh. 154-jılı Iberiya Rimge qarsı qozǵalań  kótergen. Iberiyanıń basqınshılarǵa qarsı qozǵalańı eki jıl dawam etip, soń qıyınshılıq penen bastırılǵan. B.e.sh. 150-jılı Periney yarım atawınıń batısında Luzitaniya wálayatında Viriat degen adamnıń basshılıǵında rimlilerge qarsı júdá úlken qozǵalań baslanǵan. Qozǵalań 9 jıldan kóp dawam etip luzitanlar rimlilerdi kóp ret jeńiliske ushıratqan. Qozǵalańdı kúsh penen bastıra almaǵan rimliler Viriattı Luzitaniyanıń patshası dep  tán alıwǵa májbúr bolǵan. Rimliler satqınlıq jolına ótip, Viriattı óltiriwdiń jolın oylaǵan. Úlken baylıq esesine satqınlar b.e.sh. 139-jılı Viriattı shatırında uyqılap atırǵan waqtında óltirgen. Viriat óltirilgennen keyin, Numansiya qalası rimlilerge qarsı gúres orayına aylanǵan. Bul qala Duro dáryası baslanǵan tawlı jerde jaylasqan edi. Numansiyalılar birneshe jıl dawamında rimlilerge qarsı mártlik penen gúres alıp barǵan.

B.e.sh. 133-jılı Ispaniyaǵa Rimniń ataqlı  sárkardası Publiy Korneliy Scipion jiberilgen. Rim sárkardası qalanı qorshap alıp, sırtqı baylanısların úzip qoyǵan. Qalalılardı haldan taydırıp Rim áskerleri qalaǵa bastırıp kirgen hám onı basıp alǵan. Rimliler dáslep qalanı talaǵan, sońınan qıyratıp órtegen. Numansiyaǵa tiyisli jerlerdi rimlilerge bólip bergen. Xalıqtıń úlken bólimin qul etip satıp jibergen. Solay etip, Rim áskerleri Ispaniyanı basıp alıp, Rim mámleketiniń shegaraların Atlantikanıń shıǵıs jaǵalarına shekem keńeytken. Sol dáwirde Rim Evropada hám jáhándegi eń iri hám kúshli qulshılıq mámleketine aylanǵan edi.

B.e.sh. 133 hám 123-121 jıllarda eki tribun aǵa-ini Tiberiy hám Gay Grakxlar ápiyawı diyxanlarǵa jer beriw ushın gúresip, reforma usınıs etti. Biraq senattıń qarsılıǵı sebep eki reformashı da óltirildi. Reforma ámelge aspadı. Nátiyjede pútkil Rim Respublikası aymaqlarında qozǵalańlar háwij alıp ketti[25].

In 133 and 123–121 BCEto tribunes, the brothers Tiberius and Gaius Gracchus,tried to institute land reforms guaranteeing to all of Rome’spoor citizens a basic amount of land that ould qualifythem for army service. But political enemies assassinatedboth men. Thereafter, poor Roman citizens looked not tostate institutions but to army commanders, to whom theygave their loyalty and support, to provide them with land anda decent income.

**Spartak basshılıǵındaǵı qullar qozǵalańı.** B.e. sh. 74-jılı pútkil Italiyada egin pitpey qalip ashlıq boladı. Al bul bolsa qulshılıq Rim húkimetiniń jábir-zulımına qarsı qozǵalań kóteriwge imkaniyat jaratqan edi. Áyyem zamannıń eń úlken qullar qozǵalańı baslanıp ketiwine Kapuya qalası gladiatorlar mektebindegi kóterilis (b.e.sh. 74-jılı) túrtki boladı.

B.e.sh. I ásirdiń baslarınan baslap Rimde “oyınlar” dep atalǵan qanlı tamasha – jırtqısh hawanlardı urıstırıw hám gladiatorlar qılishpazlıǵı keń taralǵan edi. Bul jawızlıq ermekler áyyemgi aqsúyekler óligin kómgende adamlardı qurbanlıq etiw ádetinen kelip shıqqan. Olar Etruriyada ólimge húkim etilgen jınayatshılardı jerlew máresimi paytındaǵı sawash sıpatında kelip shıqqan.

B.e.sh. II ásirdiń aqırı hám I ásirdiń baslarında cirk hám amfiteatrlarda ólim sawashı jámáát tamashalarınıń bir túri bol’p qalǵan. Sawash qatnasıwhıları jınayatshı hám satıp alınǵan qullardan jıynalǵan. Olar “gladiator” (“qılıshpazlar”) dep atalǵan. Bul atama latınsha “gladius” (qılısh) sózinen alınǵan. Gladiatorlarǵa mútájlik sonshelli kúshli bolgán edi, menmen aqsúyekler lanicler (gósh penen sawda etiwshiler) arnawlı mekteplerdi ashqan, olardı gladiatorlar arnawlı túrde tayarlıqtan ótkerilip, sońınan olar “oyın” shólkemlestiriwshilerine satılǵan.

[25]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York.  London.    2011, p.264.

Lentul Batiat degen adamnıń mine usınday mekteplериniń biri Kapuya qalasında bolǵan. Bul mektepte basqalar sıyaqlı fakiyalı Spartak degen adam da bolǵan. Rimniń járdemshi otryadinda xızmet etken bul adam dushpan tárepke ótken, jaradar bolıp tutqınǵa túsken hám qashqın sıpatında gladiatorlar mektebine satılǵan.

Spartaktı táriyiplep Plutarx bılay jazǵan edi: “...Spartak... óziniń ájayıp mártligi hám fizikalıq kúshi menen ǵana emes, al aqıl-parasatı, jaǵımlı hám xosh peyili menen de óziniń mártebesi hám táǵdirinen joqarı turǵan: ol óz qáwiminiń adamı bolǵannan góre haqıyqıy ellin bolǵan bolsa kerek...”

Tariyxshı Appian aytqanınday “Spartak óziniń jetpiske jaqın dosların azatlıqqa shıǵıw ushın táwekel etiwge kóndirgen. Spartak olarǵa teatrda óz ómirlerin qáwipke qoyǵannan kóre, mine usı joldıń maqul ekenligin uqtırǵan”.

Temir hám asxana pıshaqları menen qurallanǵan Spartak hám onıń sherikleri qarawılǵa hújim etip, qalaǵa shıqqan hám Vezuviy tawına jasırınǵan. Olar usı jerde bekkem ornalasıp alıp, átiraptaǵı jaqın vilalardı qıyratıp, qullardı azat etken. Jergilikli hákimiyat tárepinen jiberilgen otryadlar qıyratılǵan. Bunan keyin Rimnen 3 mın adam menen propretor Gay Klodiy jiberilgen. Rimliler tawdan túsetuǵın joldı bekitip qoyǵan, biraq qozǵalańshılar júzimniń shaqalarınan zańgi jasap, jarlardan tómenge túsken hám Rim lagerine artqı tárepten hújim etken. Klodiydiń otryadı qıyratılǵan. Rim áskerleriniń quralları qolzǵalańshılardı’ń qolına túsken. Bul sawashtan keyin qozǵalańshılardıń áskeri tezlik penen kóbeye baslaǵan hám birneshe mıń adamnan ibarat armiyaǵa aylanǵan.

Qullar qozǵalańı batıs Italiyanıń basqa rayonlarına jayılıp bara bergen, senat qozǵalańdı bastırıw ushın eki legionnan ibarat armiya jibergen. Spartak rimlilerdiń bul armiyasın da qıyratqan. Qozǵalań jáne de keńeye bergen. Rimlilerdiń armiyası úlgisinde dúzilgen Spartak armiyası Lukaniya hám Apuliyadaǵı birneshe awıl hám qalalardı basıp alǵan/

Qozǵalańshılardıń armiyası 70 mıń adamǵa jetken. Sullashılar jábir-zulımınıń astında qalǵan mayda Italiya diyqanları qozǵalańshılarǵa qosılǵan. Biraq áskeriy jeńislerge hám qozǵalańshılar armiyasınıń sanınıń artıp barıwına qaramastan, Spartak oǵada kúshli Jer Orta tenız mámleketi bolǵan Rim respublikasına qarsı bunnan keyingi gúreste ol hám sherikleri sózsiz jeńilip nabıt bolıwın túsingen. Sonıń ushın da ol burıngı qullar óz watanlarına qaytıp barıwı ushın armiyasın Apennin yarım atawınıń sheńberinen alıp shıǵıwǵa urınǵan.

Qozǵalań kótergenlerdiń arasında kelispewshilik payda boldı. Qullardıń bir bólimi Rimdi taslap shıǵıp, óz jurtlarına qaytıwdı abzal dep bildi. Kóplegen qullar bolsa mámleketten shıǵıp ketpewge, Rimdi qıyratıwǵa hám qul iyelerinen ósh alıwǵa sóz berdi.

Spartakqa qarsı tájiriybeli sárkarda Mark Krass basshılıǵındaǵı kóp mıń sanlı armiya jiberildi. B.e.sh. 71-jıldıń báh’arinde bolıp ótken sheshiwshi sawashta Spartak qıyratıldı, al onıń ózi bolsa usı sawashta qaza boldı. 6 mıńnan aslam tutqınlar Rim-Kapuya aralıgındaǵı joldıń jaǵalarına kreclerge shegelep taslandı. Qozǵalań kótergenlerdiń ayırıqsha toparları bolsa jáne de 10 jıl gúresin dawam etti.

Qullardıń Spartak basshılıǵındaǵı ullı Italiya qozǵalańı Italiyanıń jámiyetlik qatnasların hám Rim qulshılıq respublikası mámleket hákimaiyatınıń pútkil sistemasın lárzege keltirdi. Qozǵalańnan kóp jıllar keyin de rimliler Spartaktı qorqınısh penen eske alǵan, al geypara Rim hám grek tariyxshıları onı qullar qozǵalańınıń jol basshısı, márt ásker bası sıpatında nabıt boldı dep tilge aladı.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Rim armiyasındaǵı áskeriy tártip hám minnetlerdi túsindirip beriń?

2. Birinshi Puni urısınıń nátiyjelerin túsindirip beriń?
3. Ispaniya jerleriniń basıp alınıw'ındaǵı qıyınshılıqlar nelerden ibarat?
4. Úshinshi Puni urısınıń nátiyjeleri haqqında maǵlıwmat beriń?

## Lekciya № 12
## Tema: Rim Respublikası hám onıń qulawı.

**Joba:**

1. Rimde áskeriyler hákimiyatınıń kúsheyiwi.
2. Cezardıń óliminen keyingi Rimdegi ahwal.
3. Úshlik awqamınıń dúziliwi.
4. Oktavian hám Antoniy arasındaǵı gúres.

**Tayanısh túsinikler**: Gney Pompey, Krass, Cezar, úshlik awqamı, Cezar diktaturası, puqaralar urısı, Antoniy, Kleopatra, Oktavian Avgust, ishki hám sırtqı siyasat

**Rimde áskeriyler hákimiyatınıń kúsheyiwi**. Spartaktıń qozǵalańı bastirılıp, qıyratılǵannan keyin Krass hám Pompey hákimiyat ushın ádewir gúres alıp bardı, biraq Rim imperiyası ushın alıp barılıp atırǵan urıslardıń birinde Krass qaza boladı. Endi Pompey ushın Cezar birden-bir qarsılası bolıp qalǵan edi. Cezar óz áskerlerin Balkanǵa alıp ótip, Pompey áskerleri qıyratıladı. Pompey áskerleriniń qalǵan bólegi baǵınadı Pompey baspana izlep Egipetke qashıp baradı hám Egipet malikası Kleopatra tárepinen óltiriledi. Cezar Egipet malikası Kleopatraǵa tilekles bolıp, Kishi Aziya hám Arqa Afrika, Ispaniyada úsh jıl dawamında urıslar alıp baradı. Cezar tárepdarları menen Pompeydiń tárepdarları arasında bolǵan urıslar Rim puqaralarınıń ortasındaǵı urıslar edi. Bul urıs tariyxta Rimdegi puqaralar urısı degen at penen atalǵan.

**Yuliy Cezar – Rim saltanatınıń húkimdarı**. Yuliy Sezar b.e.sh. 50-jıldaǵı ullı general. G'ayrı tábiiy qábiliyatqa iye insan, oʻz dáwiriniń eń ullı oratorı hám isenim avtorı bolǵan Sezar (b.e.sh. 100-44) basqa iske diqqatın qaratıp, shama menen jeti taqtaydı ayırıp turıp jazdıra alǵan. Ol kóp adamlardı oʻltirgen hám qansha adam oʻltirgeniniń sanın bilgen: ol oʻziniń urıslari dawamında 1192000 dushpanın óltirgenin bilgen. Bul sanlarǵa oʻziniń puqaraları kirmegen, ol puqaralıq urıslarda ólgenler sanın biliwdi qálemegen yaki ulıwma nátiyjege kiritilmegen. Segiz jıl dawam etken Galliya (zamanagoy Fransiyava Reyn alabı) urıslari eń qırǵın baroty urıslarınan biri bolǵan. Sezardıń jeke ózi bahalawınsha, galleya urıslarında onıń armiyası 1 mln nan kóbirek adam oʻltirgen hám jáne mln adamdı qul etken. Batıs dúńyasında jáhán kóleminde bunshelli úlken urısqa gúwa bolmaǵan; Qıtaydan tısqarı oǵan hesh kim teńlese almaǵan[26].

A man of prodigious abilities, the greatest orator of his age, and a writer of boundless persuasion, Julius Caesar (100–44BCE) allegedly could dictate seven letters simultaneously while attending to other duties. He was also a mass killer who kept an exact body count: he knew that he had killed precisely 1,192,000 of the enemy in his wars. And that number did not include his fellow citizens, whose murders during civil wars he refused to acknowledge or add to the total. The eight-year-long cycle of his wars in Gaul (modern-day France and the Rhine valley) was one of the most murderous of his expeditions. By Caesar's own estimation, his army killed more than 1 million Gauls and enslaved another million. The Western orld had never witnessed war on this scale; it had no equal anywhere, except in China.

[26] Worlds Together,WorldsApart.W.W. Norton.&COMPANY.New York. London. 2011, p. 265.

Cezar wálayatlardaǵı jeńisli urıslardan qaytıp kelgennen keyin, ózine sadıq armiyaǵa isenip sheklenbegen hákimiyatqa iye bolıp qaldı. Cezar hám konsullar onıń buyrıqların sózsiz orınlawǵa májbúr boldı. Cezar Rimde birinshilerden imperator-húkimdar degen attı alıwǵa miyasar boldı. Ol imperator atın alǵannan keyin, súwreti salınǵan altın pullardı quydırdı, háykeller isletip, onı qudaylar háykeliniń janına qoydıratuǵın boldı. Ol senat májilisinde pil súyegi hám altınnan jasalǵan taxtta otıratúǵın edi. Ol óz áskerleri hám tárepdarlarına saqıylıq penen pul hám jer-múliklerdi sawǵa etetuǵın edi. Biraq kámbaǵallarǵa itibarsızlıq penen qarap, olarǵa nan hám dán úlestiriwdi kemeytedi. Óz dáwiriniń sheber ásker basısı hám izbilermeni, mámleket gáyratkeri bolǵan. Ol saltanatında awıl xojalıǵı, ónermentshilik hám sawda-satıqtı rawajlandırıwǵa úlken itibar berip, saltanatın bekkemlew ushın háreket etken. Ol qanshelli ataqlı bolsa da, onıń dushpanları da kóp edi. Rim hasılzadaları hám senatorlarınıń bir bólimi onıń jeke hákimliginen narazı bolıp, respublika tárepdarları edi. Sonıń ushın olar Cezardı óltiriw ushın birneshe ret qastıyanlıq uyımlastırǵan. B.e.sh. 44-jılı Cezar Shıǵıs atlanısınıń Yupiter bayramı kúni senattıń májilisine baradı. Kassiy hám Brut basshılıǵındaǵı qastıyanshılar Cezardı qorshap alıp, kiyimleriniń ishine jasırıńgan qanjar menen 23 jerinen pıshaqlap óltiredi. Qastıyanshılar Rim qápesi Kapitoliyǵa barıp jasırınadı. Solay etip, Cezar hám tárepdarlarınıń jeke hákimiyattı ornatıw ushın bolǵan háreketleri qarsılıqqa ushıraydı.

**2. Cezardıń óliminen keyingi Rimdegi ahwal.** Cezar ótirilgennen keyin, onıń dushpanları Rimde hám wálayatlarda respublikanı qayta tiklew ushın gúres baslaǵan. Biraq Rim xalqınıń kópshiligi respublikanın tárepdarların qollap quwatlamaǵan. Qastıyanshılar shıǵıs tárepke qashıp Makedoniyada kúsh toplay baslaǵan. Biraq Rimde Cezardıń járdemshisi Antoniy respublikashılarǵa qarsı shıǵıp, olardıń birneshe mıń adamın qırıp taslaǵan. B.e.sh. 40-30-jıllarda imperator tárepdarları menen respublika tárepdarlarınıń arasında qattı gúres dawam etedi. Bul mámlekette náwbettegi puqaralar urısınıń háwij alıwına sebep boladı.

Antoniy uzın boylı, gewdeli, tájiriybeli ásker bası hám jawınger edi. Oktavian kesel hám hálsizlew adam bolıp, onda tájiriybe de, ásker basılıq qábilet te joq edi. Biraq ol júdá aqıllı, saq hám talantlı járdemshilerdi tańlap biletuǵın edi.

Dáslep Antoniy Oktavian menen kelise almay Galliyaǵa ketedi. Al Oktavian bolsa ásker toplap Galliyaǵa bastırıp kirip, Mutina janındaǵı sawashta Antoniydiń áskerlerin qıyratadı. Sol dáwirde Cezardı óltirgenler Brut hám Kassiy shıǵıs tárepten Rimge qáwip salmaqta edi. Respublikashılarǵa qarsı gúrestiń zárúrliligi Oktaviandı Antoniy menen jarasıwǵa shaqırar edı.

**3. Úshlik awqamınıń dúziliwi.** B.e.sh. 43-j'lı Oktavian, Antoniy hám Lepidlerden ibarat úshlik awqamı dúziledi. B.e.sh. 42-jılı Oktavian hám Antoniy áskerleri Makedoniyaǵa jol aladı. Makedoniyadaǵı Filippa qalasınıń janında Oktavian-Antoniy áskerleri menen Kassiy-Brut áskerleriniń ortasında qattı sawash boladı. Sawashta respublikashılardıń áskerleri qıyratıladı. Sawash waqtında Kassiy óz ılashıǵında óltiriledi, al Brut bolsa dushpanlarına tutqın bolıwdı qálemesten ózin qılishtıń ústine taslap nabıt etedi. Usı sawashtan Rim úsh sárkardanıń ortasında bólistiriledi. Orta Jer teńiziniń shıǵısındaǵı úlkeler Antoniyga, Galliya, Ilbiriya hám Ispaniya Oktavianǵa, Arqa Afrika bolsa Lepid húkimdarlıǵına tapsırıldı. Italiya úshlik awqamınıń basqarıwında bolsa da, ol jerge Oktavian húkimdarlıq etetuǵın edi.

**4. Oktavian hám Antoniy arasındaǵı gúres.** Úshlik awqamı ortasındaǵı birlik bekkem bolmaǵan hám uzaqqa sozılmaǵan. Antoniy Shıǵısta óz menshigine kelgennen keyin, úlken mámleket dúziwdi kózde tutıp, Patriya hám Miduyanıń us'tine atlanıs etken. Biraq ol aytarlıqtay jeńiske erise almaǵan. Ol Egipet malikası Kleopatra menen awqam dúzip, Rimge qarsı urısqa tayarlıq kórgen, hátteki malikaǵa úylengen. Onıń tiykarǵı maqseti pútkil Rimdi qolǵa kirgiziw bolǵan. Antoniydiń bul háreketleri Oktavianǵa jaqpaǵan hám oǵan qarsı urıs járiyalaǵan.

B.e.sh. 31-jılı Greciyanıń batısında Aksiy tumsıǵı janındaǵı jerde Oktavian hám Antoniy áskerleri ortasında sheshiwshi teńiz sawashı bolǵan. Sawashta Oktaviannıń flotı jeńiske erisken. Jeńiliske ushıraǵan Antoniy Islandiyaga qaytqan. Oktavianniń áskerleri Siriya hám Palestinanı basıp alıp Egipetke bastırıp kirgen. Sol waqıtta Antoniyǵa Kleopatra ózin ozi óltirdi degen xabar kelgen. Bul xabardı esitken Antoniy ózin qılıshtıń júzine taslap jaraqatlanǵan. Negizinde malika ólmegen edi. Rim áskerleri Egipetti basıp ala baslaydı. Malika rimlilerge tutqın bolıp, shınjırlanǵan halda Rimge barıwdan ólimdi abzal kórip, ozin-ózi óltirgen. Egipet rimli áskerler tárepinen basıp alınıp, Rimge baǵındırılǵan. Sonıń menen Rimdegi puqaralar urısı tamamlanıp, Oktaviannıń tánhá húkimdarlıǵı baslanǵan.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Rim Respublikası ne sebepten daǵdarısqa ushıradı?
2. Pompey ne ushın Cezardan jeńilip qalǵan edi?
3. Cezar shaxsınıń kushli hám hálsiz tárepleri nede dep oylaysız?
4. Mark Antoniy ne ushın Oktaviannan jeńiliske ushıraǵan?

**Lekciya № 13**
**Tema: Imperiya dáwirinde Rim mámleketi.**

**Joba:**

1. Principat tártibiniń payda bolıwı. Oktavian Avgust basqarıwı..
2. Avgusttıń ishki siyasatı. Sırtqı siyasat.
3. Oktaviannıń óliminen keyin Rimdegi ahwal.
4. Rimniń taxtı ushın gúres hám puqaralar urısı.

**Tayanısh sózler**: Triumvir, principat, senat, komiciya, cenzor, prokonsul, Avgust, jegat, fisk, erariy, legion, kogorta, allar, donativa, veteran, magistrat, pretoriy, imperiya, turaqlı armiya, puqaralıq huqıqı, aristokrat, suveren, prokurator, panteon, jáh'an qurbanliq orni, annona prefekti, ullı fantifik, sekulyar, ilahiy yuliy kultı, respublika

**1.Principat tártibiniń payda bolıwı**. **Oktavian Avgust basqarıwı.**

Oktavian Avgust (b.e.sh. 63-eramızdıń 14 jj) Sezardıń asırap alǵan balası bolıp, onıń óliminen soń xákimiyattı iyeleydi[27]**.**

Julius Caesar's adopted son, Octavian (63 BCE–14 CE), ould reunite the fractured empire and emerge as undisputed master of the Roman orld

Avgusttıń Antoniy hám Kleopatraǵa qarsı alıp barǵan urısı b.e.sh. 30-jılı Egipetti basıp alıwı menen tamamlanǵannan soń ol pútkil Rim imperiyasınıń jalǵız húkimdarı bolıp qaladı. Keyingi jılı ol Rimge qaytıp kelip oǵada dábdebeli saltanatların ótkeredi.

Avgust ózine triumvir imperator dárejesin aladı. Ol cenzor sıpatında senatta tazalaw ótkerip, onıń quramınan Mark Antoniydiń dosları hám basqa ózine dushpan dep bilgen adamlardı shıǵarıp jiberedi.

B.e.sh. 27-jılı 13-yanvarda Oktavian senatınıń ayırıqsha keńesin shaqırıp, onda mámleketti qanday basqarıp atırǵanlıǵı haqqında esap beredi. Puqaralar urısı tamamlanıp, pútkil Rim aymaǵında tınıshlıq-paraxatshılıq ornatılǵanlıǵı málimlengeninen soń, salamatlıǵı jamanlasqanlıǵı sebepli senattan óz juwapkershiligindegi lawazımınan azat etiwin ótinish etedi. Biraq senat Oktavianǵa hákimayattan ketpew buyırılsın dep qarar shıǵaradı. Senattıń qararı menen

Oktavian Avgust senattıń princepsi, (Zamanagóy "prints" so'zi usınnan kelip shıqqan )jalǵız prokonsul, legionlardıń ásker basısı dep járiyalanadı. Printsep so'zi – birinshi adam mánisin ańlatadıi[28]. Oǵan burın qudayǵa bolǵan múrájátlerde tilge alınǵan Avgust laqabı beriledi.

He assumed a new name, Augustus ("the Revered One"). He also assumed a series of titles:imperator,or "commander in chief" (compare the English ord emperor); princeps,or "first man" (whence the English prince); and caesar(pronounced "kaisar" in Latin and the source of the ords tsarin Russian and kaiserin German).

Wálayattıń hákimleri-ilotlar hám prokuratorlar pútkilley imperatorǵa bagınıshlı bolıp Avgusttıń pármanı menen shaqırıp alınıwı múmkin edi. Ol jalǵız prokonsul sıpatında legionlarǵa ásker basılıq etiw hám wálayatlardıń wázirleriniń isine basshılıq etiw menen birge, armiyanıń sapların tolıqtırıp barıw ushın ásker toplaw, shet eller menen sóylesiwlerdi alıp barıw, urıs járiyalaw hám pitim dúziw huqıqına iye edi.

Áskeriy qárejetlerdi támiyinlew ushın Avgust imperiyanıń qaznası-fisk dúziw huqıqın aladı, bul qaznanıń altın hám gúmis pulların quydıriw, al qalanıń eski qaznası erariy bolsa tek mıs teńgelerdi ǵana quydırıwǵa haqılı edi.

[27]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.266.
[28]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.266.

Solay etip, áskeriy hám puqara hákimiyatınıń eń áhmiyetli funkciyaların óz qolına alǵan, urıs oljaların toplaǵan hám ózi basqarıp turǵan wálayattan keletuǵın dáramatlarınan júzege kelgen oǵada úlken baylıqların basqaratuǵın Avgust Rim mámleketiniń tolıq hákimiyatqa iye bolǵan húkimdarı sıpatında mámlekettiń ishki hán sırtqı siyasatın belgilep beretuǵın boldı

Biraq Avgust Cezardıń qayǵılı táǵdirin yaddan shıǵarıwı múmkin emes edi. Ol wákil atasınan parıqlanıp, mámlekettegi óziniń joqarı mártebesin hár túrli jollar menen nıqaplawǵa urınatuǵın edi. Ol ápiwayı bolıp kiyinetuǵın, heshqanday dárejeniń belgilerin taǵıp júrmeytuǵın, kemnen-kem sóz sóyleytuǵın, bunday islerdi ol óziniń eń jaqsı doslarına tapsırıwdı abzal kóretuǵın edi.

Oktavian Avgust abıray-mártebesiniń tutqası princeps qolındaǵı úlken materiallıq baylıqlar, sonıń menen birge puqara urısınan soń ózi dúzgen úlken armiya ústinen absolyut hákimiyatqa iye bolıwında edi. Jaqsı uyımlastırılǵan texnikalıq tárepinen óz zamanınıń talap dárejesinde qurallandırılǵan legionlar topar-topar etip áskeriy hám ekonomikalıq jaqtan eń áhmiyetli wálayatlarǵa jaylastırılǵan. Hár bir legionda 10 piyada kogorta (birinshi kogorta 1000 adamnan, al qalǵanları bolsa 500 adamnan ibarat bolǵan), texnika kogortası, hár birinde 300 alsuvoriden ibarat atlı otryad hám awqamlaslar kogortası dep atalǵan járdemshi otryadlar, sonday-aq jawıngerleri wálayatlardıń jergilikli xalqınıń arasınan alınatuǵın allar bolǵan.

Hár bir legion nomerlengen hám normalanǵan, máselen, III-legion – Avgust atındaǵı legion, IV-Makedonskiy, VI-Temir legion, XV-shaqmaqtay tez legion hám basqalar. Legionlardıń ásker basıları-ilotlar hám úlken ásker basılar-áskeriy tribunlardı imperator tayınlaǵan. Legionlardıń xızmet múddeti 20 jıl bolıp, olar xızmet dawamında jıllıq miynet haqılar , áskeriy xızmetten bosaǵannan keyin olarga arnawlı inam (donativa) hám móldek jer bólip beriletuǵın edi. Áskeriy xızmetten zapasqa bosatılǵan úlken jastaǵı jawıngerler veteran dep atalǵan. Jergilikli magistratlar kóp hallarda mine usı veteranlardan saylanǵan.

Italiyada óz húkimdarlıǵın saqlaw hám jeke qorǵanıwı ushın Oktavian 9 kogorta dúzgen. Pretoriyalardan quralǵan bul kogortalardıń hár birinde mıńnan (300 atlı hám 700 piyada) jawınger bolǵan. Bul kogortalardıń úshewi Rim qalalarınıń ózinde qalǵan, altawı Arqa Italiya qalalarına jaylastırılǵan. Pretoriy jawıngerleriniń miynet haqısı legionlardıń miynet haqısınan úsh esege kóp bolǵan. Pretoriyler 16 túrli xızmet atqarǵan. Pretoriyler kogortasına tek Italiyada tuwılıp ósken adamlar ǵana alınǵan.

Teńiz jolların qaraqshıardan qorǵaw ushın Orta teńizde áskeriy kemlerdiń turaqli eskadriliyası dúzilgen. Bunnan basqa Galliya karollıǵın qorǵap turǵan flotiliya menen birge Evksin Pontida da jáne bir flotiliya xızmet atqarǵan.

Oktavian Avgust dáwirinde Rim imperiyasındaǵı karollik kúshleriniń ulıwma sanı 300 mıń adamǵa jetkerilgen. Ol dúzgen turaqlı Rim armiyası shama menen tórt júz jıl ámelde boldı. Sonı aytıp ótiw kerek, bul tariyxta birinshi turaqlı armiya bolıp, Rim húkimdarları óz ishki hám sırtqı siyasatında mine usı armiyaǵa súyenip is kórgen edi.

**2. Avgusttıń ishki siyasatı**. Avgusttıń ishki siyastında qulshılıq dúzimin bekkemlewge qaratılǵanlıǵı kórinip turatuǵın edi. B.e.sh. 36-jılda-aq senat Pompeydiń ataw mámleketin qıyratqannan keyin Avgust Siciliyada qolǵa túsken awıldıń qulların jazalaw ushın óz iyelerine qaytarıwdı buyıradı. Keyin ala ol senattan quldı satıp algánnan keyin 20 jıl ótpey turıp azat etiwdi qadaǵan etiwshi nızamdı shıǵaradı. Eger quldı azat qılǵanday bolsa, qul iyesi onıń bahasınıń 5 procent muǵdarında salıq tólewi shárt edi.

Avgusttıń usınısına muwapıq senat b.e.sh. 10-jılı misli umıtılıp ketken nızamdı tiklew bánesi menen sonday qarardı shıǵarıp, bul qararǵa muwapıq qul óz iyesin óltirgen jaǵdayda,

waqıya júz bergen payıtta úyde bolǵan barlıq qullar hám azat etilgen burıngı qullardıń hámmesin óltiriwi kerek edi.

Puqaralar urısı tamamlanǵannan keyin Avgust Rim senatı aristokratlarınıń jeńillikke iye bolǵan halatın hár túrli jollar menen aytıp, áyyemgi patriyciylerdiń shańaraqlarına hár tárepleme qáwender bolǵan.

Áskerlerdiń kategoriyasın Avgust óz hákimiyatınıń tayanıshı dep esaplaydı. Ol áskerler ushın 400 mıń sestrceciy muǵdarında menshik cenz belgileydi. Rimde hár jılı áskerlerdiń tańlawı ótkerilip turılǵan. Oktavian Avgusttıń eń jaqın tuwısqanları áskerlerge birneshe ret baslıq etip tayınlanǵan edi. Avgust kóbinese áskeriy ásker basılıq hám wálayat prokurorlıǵı lawazımlarına áskerlerden tayınlaytuǵın edi. Bul waqıtta wálayatlarda salıq toplaw isi burınǵıday áskerlerdiń qolında bolıp, olardıń sapları áste-aqırın áskeriy nuraniyler menen tolısıp bara beretuǵın edi, aqıbetinde olar Rim imperiyasınıń áskeriyler qatlamına aylanıp ketedi.

Avgust biypul ǵalle tarqatıw , sawǵalardı úlestiriw, cirklerde gladiatorlardıń kóplegen oyınların (hátteki bir rette Rimge jaqın jollardıń birinde teńiz urısınıń shınıǵıwı-numumaxiya) ótkeriw arqalı Rim plebiniń kewilin alıp, Rim puqaralarınıń eń kámbaǵal qatlamınıń keypiyatın dıqqat penen baqlap barǵan. Ol Rimde tınıshliq, qáwipsiz hám jámáát tártibin saqlaw ushın úsh saqshılar kogortasın dúzedi. Bul bólimler sonıń menen bir waqıtta órt óshiriw jumıslarin da ámelge asıratuǵın edi. Bunnan basqa ayırım túngi saqshilar otryadları da xızmet atqarǵan.

Qala magistratlarin saylaw waqtında májiliske kandidaturalardı Avgusttiń ózi usınıs etetuǵın edi. Geyde Rim tariyxshıları Avgust wálayatında tuwılǵan adamlarǵa Rim puqaralıǵın beriwde qızǵanshaqlıq etken bolsa da, sol belgili wálayatlardaǵı kóplegen aqsúyeklerge, ásirese ellinlesken aristokrat qul iyeleriniń kandidaturasına bunday huqıqlar berilgen.

Avgust Italiya qalalarınıń xalqın kóp quwatlaytuǵın edi. Bul dáwirde Apennin yarım atawı Alp tawlarına shekem Italiya dep atala basladı. Italiya qalalarındaǵı xaliqtıń húkimdar qatlamlarına Rim puqaralıq huqıqı beriletuǵın edi. Olardıń geypara wákilleri áskerlerdiń kategoriyasına hám hátteki senat kategoriyasına kirgiziler edi.

Avgust dáwirinde úlken qurılıs isleri ámelge asırıladı. Rimde 82 ibadatxana boy tikledi hám jańadan qurıldı. Forumnıń janında arnawlı arxitekturalıq kompleks Avgust forumı, Avgusttıń jiyeni Marsel atına qoyılǵan ıqsham teatr imaratı, barlıq qudaylarǵa atap ibadatxana-Pantion, oǵada gózzal, "jáhán qurbanlıq ornı" hám basqa arxitekturalıq estelikler quriladi. Rimdegi Palatin tóbeliginde Avgust bir saltanatlı úy tikleydi, ol qalanıń siyasiy hám mádeniy turmısınıń orayına aylanadı.

Birneshe júz mıń xalıq jasaytúǵın Rim qalasınıń suw hám azıq-awqat penen támiyinleniwi Avgust dáwirinde aytarlıqtay jaqsılanadı. Rimniń dán menen támiyinleniwi menen annona prefekti, suw menen támiyinleniwi menen bolsa, suwlar prepekti shuǵıllanatuǵın edi. Qalanıń pútkil basqarıw islerin jolǵa qoyıw ushın qala prepekti tayınlanadı. Tariyxshi Tacittiń jazıwına qaraǵanda, onıń eń áhmiyetli wazıypası "qullar hám qastiyanshı puqaralar"dıń sazayın beriw hám olardı jazalawdan ibarat bolǵan.

Biraq Avgust óz hákimiyatın tek zorlıq etiw jolı menen saqlap qalıwǵa umtılmaydı. Onıń átirapındaǵı shaxslar óz úylerine Rimdegi shayırlardı jıynap, olarǵa materiallıq járdem kórsetken hám qáwenderlik etken, olar Avgusttı, onıń islerin maqtap shıǵarmalar jazıwǵa shayirlardı májbúr etken.

Avgust áyyemgi diniy isenimler hám adep-ikramlıqtı tiklew keypiyatın bekkemlewge umtıladı. Emiliy Lepidtiń óliminen soń joqarǵı ruwxaniy (ullı pontifik) bolıp algannan keyin, Avgust kóplegen ibadatxanalardı hám áyyemgi bayramlardı qayta tikleydi. Bul bayramlarda onıń óziniń shańaraǵı, jaqın adamları hám júdá kóp Rim puqaraları qatnasqan. B.e.sh. 17-jılı júz jıllıq

oyınlar (sekulyar) dábdebeli ótkeriledi. Túngi kóshe júrisi  hám túngi qurban beriw menen tamamlanǵan bul bayram rimlilerde jańa ásirdiń baslanǵanlıǵın bilidiriwi tiyis edi.

Rimde ilahiy Yuliy kulti ornatıladı, kóplegen wálayatlarda Avgusttıń danalıǵı kóklerge kóterilip maqtaladı, oǵan sıyınıw ushın arnawlı ruwxaniyler kollegiyasi dúzilip, ibadatxanalar, qurbanlıq orınları qurıladı.

Avgust jámiyette turaqlılıqtıń boliwında ádep-ikramlıq hám adeptiń ornınıń ólshemsiz ekenligin jaqsı ańlaǵan edi. Dáslep ol shayırlar (atap aytqanda Goraciy) járdeminde nekesizlikke qarsı kompaniyani dúzgen, keyin ala úsh hám onnan artıq perzenleri bolǵan puqaralarǵa bir qatar jeńillikler beriw boyınsha qararlardı shıǵarǵan hám shańaraqtı bekkemlewge qaratılǵan qatań, huqıyqıy normativlerdi senat tárepinen ornatıwǵa erisken edi.

**Sırtqı siyasat**. Sırtqı siyasatta oǵada saqlıq penen is alıp barıw Avgust siyasatınıń xarakterli táreplerinen biri bolıp, álbette bul siyasat Rimge ǵárezli aymaqlardı keńeytiw hám kóplegen tutqınlardı qolǵa túsiriw jolı menen qullardıń sanıń tolıqtırıp barıw maqsetin gózleytuǵin edi.

B.e.sh. 30-jıllarda-aq Illiriya h’am Pannoniyada Avgust óz basqınshılıq urısların baslaǵan edi. Rimliler illiriya hám pannon qáwimleriniń pıtırańqı bolsa da, qaharmanlıq qarsılıqların jeńip, Adriatika teńiziniń arqa-shıǵıs jaǵalarınan baslap áste-aqırın jılısıp barǵan. Mark Antoniyǵa qarsı urıs sebepli bul jılısıw toqtap qalǵan edi, biraq urıstıń tamam bolıwı menen rimliler burınǵı atlanısın jáne de dawam ettiredi. Olar b.e.sh. 12-jılǵa kelip, Dunay dáryasınıń baslanıwınan tap Qara teńizge quyılatuǵın etegine shekem bolǵan aymaqta húkimdarlıqtı qolǵa kirgizdi.

Rimlilerdiń basqınshılıq atlanısları Pireneya yarım atawınıń arqa-batıs baǵdarında da alıp barıldı. Rimlilerdiń úken armiyası iber qáwimleri, kantavr hám asturlar jasap atırǵan aymaqqa bastırıp kiredi. Avgust ózi basqınshılıq etken armiya Pireneya tawlılarınıń qattı qarsılıǵın jeńip b.e.sh.25-jıldıń aqırına kelip mámleketti basıp aladı. Qullıqtiń azabına duwshar etilgen mınlaǵan kentavr hám asturlar rimliler ashqan kánlerde metall islep shigarıwda isletiledi.

Biraq birneshe jıldan soń erkinlikke umtılǵan kantavr hám asturlar rimlilerdiń zulımına qarsı ǵárezsizlik ushın azatlıq qozǵalańına kóteriledi. Rimliler bul rette olarǵa hám teńizden, hám qurǵaqlıqtan híjim etip, aqırında b.e.sh.19-jılı qozǵalańdı bastırıwǵa erisedi. Rimliler sonıń menen bir waqıtta Galliyanıń puqaralar urısı dáwirinde Sezardıń óliminen soń Rim húkimdarlıgınan azat bolǵan qubla-batıs bólegin qayta boysındırdı. Sonnan birneshe jıl keyin Rim armiyası Alptıń tawlıq wálayatların basıp alıp, xalqın qul qilip satıp jiberdi.

B.e.sh. 16-jılda german qáwimleriniń drujinaları Reyn dáryasınıń sol jagalarına shıǵıp, Rim áskerbasshısı Loliydi jeńiliske ushıratqannan soń rimlikler bunıń qastına german qáwimleri jasaǵan aymaqtıń ishkerisine birneshe márte basqınshılıq urısların alıp bardı hám bul jerde jasaytuǵın german qáwimlerin boysındırdı. Biraq aqır aqıbetinde rimliler bul rayonlarda bekkem ornasıp qala almadı.

Imperiyanıń shıǵısında – Armeniya hám Parfiyada quramalı máseleler kelip shıqtı: armanlar rimliler saylanǵan húkimdardı quwıp jiberdi. Parfiyada ózara kelispewshilikler baslanıp ketti. B.e.sh. 4-jılı Yahudiyada azatlıq qozǵalańı kóterildi. Siriyanıń áskerbasısı Kvintiliy Var bul qozǵalańdı ayawsızlıq penen bastırsa-da, siyasıy mashqalalar quramalasıp baratırǵan edi.

German jolawshılarınan biri Marobod basshılıǵında Dunaydan shıǵısta german qáwimleri awqamınıń júzege keliwi rimlilerdi úlken táshwishke saldı. B.e.sh. 6-jılda Avgusttıń ógey ulı Tiberiydiń Marobodqa qarsı urıs qılıwı ushın pannon hám illiriy qáwimleri arasında armiya toplawı pútkil Illiriya hám Pannoniyada úlken qozǵalańdı keltirip shıgardı. Hátteki

qozǵalańshılar rimlilerdiń ayırım otryadların qiyratadı. Rimlikler qozǵalańdı úsh jıl dawamında úlken kúshler járdeminde ǵana keyinirek ayawsızlarsha bastırıwǵa miyassar boldi.

B.e.sh. 9-jılı Rimde illiriy – pannon qozǵalańın bastırıw múnasebeti menen máresimler ótkerilip atırǵanda qalaǵa jaman xabar jetip keldi. Germaniyada Rim kúshsizlenip qalǵanınan paydalanıp germanlar aqsaqal Arminiy basshılıǵında qozǵalań kóterip, Rim áskerbasısı Kvintiliy Vardıń úsh legionnan ibarat armiyasın qırıp taslaǵan edi.

Kvintiliy Vardıń óltiriliwi, legionlardıń nabıt bolıwı haqqındaǵı xabar rimlilerdi qorqınishqa túsirdi. Olar germanlardıń Galliyaǵa bastırıp kiriwi hám qullardıń qozǵalań koteriwinen qorqınıshqa tústi. Biraq german drujinaları basqınshılardı quwıp jiberip, óz jurtlarına qaytıp ketedi. Galliydıń qorqınıshı basılǵan bolsa da, endi burınnan Avgusttıń húkimdarlıgınan azar kórip, senat rerspublikasın tiklewdi niyet etip júrgen Rim aqsúyekleriniń narazılıǵı qaytadan kúsheyip ketti.

Imperiya germanlardıń soqqısınan áste-aqırın ózine kele baslasa da, endi keń kólemde basqınshılıq siyasatın alıp barıw haqqında sóz bolıwı múmkin emes edi.

Oktavian Avgusttıń ómiriniń sońǵı jılları tınıshsız hám tabıslarsız keshedi. Jeke onıń óziniń shańaraǵında da qay’ǵı húkim surer edi. Dáslep súyikli ógey ulı Druz qaytıs boladı, keyin ala qartayǵan princeps ózine miyrasxor etpekshi bolǵan eki aqlıǵınan da juda boladı. Avgusttıń imperiyaǵa 44 jıl dawam etken húkimdarlıǵınıń aqırı usınday bolıp ótken edi. Eramızdıń 14-jılı ǵarrı princeps Rimge jaqın bolǵan Nole qalasında qaytıs boladı.

Avgusttıń ólimnen keyin júzege kelgen jaǵday sonday awır edi, princepstiń hayalı Liviya Druzilla eriniń ólimin miyrasxor bolıp qalǵan ógey ulı Tiberiy Italiyanıń arqasınan qaytıp kelgenge shekem átirapındaǵılardan biraz waqıt jasırıwǵa májbúr boladı.

**3. Oktaviannıń óliminen keyin Rimdegi ahwal**. Imperatordıń óliminen keyin mámlekette awır jaǵday baslanadı. Wálayat, baǵındırılǵan úlkelerde qozǵalańlar hám azatlıq háreketleri kusheydi. Al saltanatta bolsa imperatorlıqqa dawager adamlar kóbeyip, olardıń ortasında taj-taxt ushın qanlı sawashlar baslanadı.

Oktaviannıń ólimnen keyin taxtqa otırǵan onıń ógey ulı Tiberiy saltanattı bekkemlew ushın bir qatar ilajlardı kóredi. Xalıqtıń jan basına salınatuǵın salıqtı kóbeytedi. Buǵan juwap retinde Arqa Afrika, Galliya, Frakiya hám Italiyanıń kóp orınlarında qozǵalańlar bolıp, olar ayawsızlıq penen bastırıladı.

Tiberiyden soń taxtqa otırǵan Gay Cezar-Kaligula 37-41-jıllarda imperatorlıq etken.

Ol o‘zin qudayǵa teńlestirilgen. O‘zin tuwma aktyor, darboz esaplanǵan. Hátte janında keleshekte óltiriwi lazım bolǵan adamlardıń sawǵaları jazılǵan dáptershesi bolǵan. Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, turaqlılıq jıllarında (b.e.sh. 25 jıldan baslap eramızdıń 235 jalǵa shekem bolgan dáwir) hukimdarlıq etken jigirma eki imperatordan 15 i o‘ltirilgen yaki ózin óltirgen[29].

One such emperor was Caligula (r. 37–41 CE), who presented himself as a living god on earth, engaged in casual incest with his sister, and kept books filled with the names of persons he wanted to kill. Of the twentyto emperors who held power in the most stable period of Roman history (between the first Roman emperor, Augustus, and the early third century), fifteen met their end by murder or suicide.

Ol óz basımshalıq penen is alıp barıp, senat aǵzaları, áskeriyler hám aqsúyeklerdiń arasında narazilıqtı keltirip shıǵardı. Ol 41-jılı qastıyanshılar tárepinen óltirilgen. Bul dáwirde senattıń iskerligi kúsheyip respublika dep járiyalanǵan. Biraq bir topar áskeriyler Klavdiydi taxtqa ótırǵızǵan. Ol ózine qarsı qastıyanlıq uyımlastırǵan jasırıń til biriktiriwshilerdi áshkara etip,

[29]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.266.

olardıń geyparaların ólimge biyıradı, geyparaların basqa jurtlarǵa súrgin etedi. Ol xalıqtıń keń qatalamın ózine qaratıw ushıń kámbaǵallarǵa nan, dán úlestirgen, mákemelerdiń jumısların birqansha jaqsılaǵan. Klavdiydıń dáwirinde Bosfor, Britaniya, Frakiya, Dunaydıń jaǵaları, arqa Afrikadaǵı Mavritaniya Rimge baǵındırılgan. Ol Parfiya menen tabıssız urıslar alıp barǵan. Biraq ol ekinshi hayalı tárepinen záhárlep óltirilgen. 54-jılı Klavdiydiń ógey ulı Netron imparator dep járiyalanǵan. Ol da jeńil-jelpi ómir keshirip, baylar hám hasılzadalar menen kelise almastan, azat etilgen qulınıń sharbaǵında ózin-ózi óltirgen.

**4. Rimniń taxtı ushın gúres hám puqaralar urısı.** Neron 68-jılı ólgennen keyin, mámlekette taj-taxt ushın gúres háwij alıp ketti. Bul gúreste qul iyeleri, hasılzadalar hám láshkerbasılar belsene qatnastı. Olar óz kandidaturaların imperator dep járiyalaǵan. Mámleket puqaralar urısınıń iyrimine tartılǵan. 69-jılı shıǵıs wálayatlardıń hasılzadaları Flaviy Vespasiyandı imperator etip saylaǵan. Ol senatqa súyenip, saltanatın biraz bekkemlewge erise alǵan. Vespasian Parfiya menen qantasın jaqsılaǵan. Vespasian ólgennen keyin ulı Tit Plaviy imperator dep járiyalanǵan. Ol 79-jılı taxtqa otırıp, onı 81-jılǵa shekem basqarǵn hám atasınıń isin dawam ettirgen.

Imperator Vespasian hám Tituslar eramızdıń 80-jılda Rimde Flavian amfiteatrdı qurıp tamamladı. Bugin biz bul úlken imarattı Kolizey atı menen bilemiz. Imperator Neronniń háykeli jaylasqannan soń imarat usınday atala baslanǵan.[30]

Remarkab l79 - jılı Italiyada tábiyiy apat júz berip, Vezuviy vulkanı atılǵan. Vulkannan shıqqan ot, kúl, lavalar Pompey, Gerkulanum hám Staviy sıyaqlı qala hám kóplegen awıllardı basıp ketken. Vulkan atılıwı nátiyjesinde júdá koʻp adamlar oʻlgen. Rimdegi kolizey hám áyne Vespesin hám Tit Flaviyler dáwirinde qurıp pitkerilgen. Ol jerde koʻbirek gladiatorlar sawashları ótkizilgen. Hátte flot qurılıp, suw ústinde de sawashlar shólkemlestirilgen. Greklerden teatrdı ornatqan rimlikler oʻz amfitetrlarin jaratqanlar[31].

The emperors Vespasian and Titus completed the Flavian Amphitheater in Rome and dedicated it in 80 CE. It is the vast structure that we know today as the Colosseum, after the colossal statue of the emperor Nero that used to stand beside it.e physical records of such towns come from Pompeii and Herculaneum in southern Italy. Both towns were almost perfectly preserved by the ash and debris that buried them following the explosion of a nearby volcano, Mount Vesuvius, in 79 CE. Their excavation has provided astounding information.

1970-jılda Gerkulanumdan tabılǵan adam skeletleri jaqsı jaǵdaydaǵı adamlarǵa koʻrsetilgen. Onıń tisleri házirgi adamlardıń tislerine qaraǵanda jaqsıraq. Sebebi bugingi kúnde biz olar arasındaǵı ayırmashılıqların túsindirip beriwimiz múmkin. Oʻz ratsionida qantıń jetispewshiligi sebep boldı[32].

Human skeletons discovered at Herculaneum in the 1970s revealed people in good health, with much better teeth than many people have today—a difference we can explain largely by the lack of sugar in their diet.

79-jılı Italiyada tábiyiy apat júz beredi. Vezuviy vulkanı atılǵan. Vulkannan shıqqan jalın, kúl, lavalar Pompey, Gerkulanum hám Staviy qalaları hám basqa kóp awıllardı basıp ketken. Vulkan atılıwı aqıbetinde júdá kóp adam nabıt bolǵan.

**Domician dáwirindegi Rim**. Tit Flaviy ólgennen keyin Vespasiannıń ekinshi ulı Domician imperator dep járiyalanǵan. Ol atası hám aǵasınıń izinen barmastan, jasırın til biriktiriwshi qastıyanshılardı átirapına toplap, senat penen esaplasıwǵa háreket etken. Ol pikirleslerine sawǵa-sálemler jiberip ǵaznaǵa úlken zıyan keltirgen. Ol senatorlardıń múlkin tartıp alıp, diyqanlarǵa kóbirek dán egiwlerin buyırıp, júzimzarlardı keńeytiwdi qadaǵan etken. Bul dáwirde Rimniń

---

[30] Worlds Together,WorldsApart.W.W. Norton.&COMPANY.New York. London. 2011, p.269.
[31]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.267.
[32]Worlds Together,WorldsApart.W.W. Norton.&COMPANY.New York. London. 2011, p.267.

áskerleri Reyn, Dunay dáryalarınıń joqarǵı bólegin, Germaniyanıń qubla-batıs wálayatların basıp alǵan. Ol tómengi Dunay qáwimleri menen tabıssız sawash alıp barǵan. Ol Dakiyanıń sárdarı Decebal menen pitim dúzip, olarǵa úlken sawǵa-sálemnamalardı beriwdi wáde etken. Ol Britaniya hám Shıǵısta da tabıssız urıslar alıp barǵan. Domiciannıń bul isleri ápiwayı puqaralar, hasılzadalar hám qul iyeleriniń arasında narazılıqtı keltirip shıǵarǵan. 96-jılı qastıyanlıq uyımlastirılıp, Domician olar tárepinen óz sarayında óltirilgen.

Bo‘lajaq Rim imperatorları apatshılıqlı ómir keshirgen hám bul dáwirde olar talabshan hám talantlı bolıwına háreket etken. Rim tariyxında turaqlılıq dáwirde (birinshi imperator Avgusttan eramızdıń III ásirinie shekem) hákimiyatta 22 imperator húkimdarlıq etken. Olar arasında 15 mártebe jınayat hám óz janına qast etiwi menen juwmaqlanǵan[33].

Being a Roman emperor was a high-wire act that required finesse and talent, and few succeeded at it. Of the twentyto emperors who held power in the most stable period of Roman history (between the first Roman emperor, Augustus, and the early third century), fifteen met their end by murder or suicide.

### Bekkemlew ushın sorawlar

1. Oktavian Avgusttıń salamatlıǵınıń jamanlasıw múnasibeti menen senattan óz juwapkershiligindegi lawazımnan azat etiw haqqındaǵı ótinishi ne ushın qanaatlandırılmadı?
2. Yuliy Cezardıń qayǵılı táǵdiri Avgusttıń iskerligine qanday tásir kórsetken dep oylaysız?
3. Avgusttıń abıray-itibarı, tiykarǵı mártebesi nede hám olar qanday júzege kelgen edi?
4. Avgust jaratqan áskeriy sistemanıń mánisi hám áhmiyeti nede?
5. Oktavian dáwirinde qulshılıq múnasibetlerin bekkemlew ushın qanday ilaj-sharalar ámelge asırılǵan?
6. Avgust dáwirinde qanday jaratıwshılıq isleri ámelge asırıldı?
7. Jámiyette shańaraqtıń ornı máselesinde Avgusttıń kóz qaraslarınıń mánisi nede dep oylaysız?
8. Oktavian Avgusttıń sırtqı siyasatınıń mánisi hám baǵdarları haqqında pikir bildiriń?
9. Yuliy Klavdiyler dinastiyası haqqında pikir bildiriń?

## Lekciya № 14
## Tema: I – II ásirleregi Rim

### Joba:

1. Rim qáwpiniń sońǵı ushqını. Trayan principatı
2. Rim saltanatınıń „Altın dáwiri“ (er. II asri).
3. Social-ekonomikaliq turmis
4. Trayan boshqaruvi davrida Rim.
5. Ónermentshiliktiń rawajlaniwi .

**Tayanısh sózler***:* Trayan, Mesopotamiya, prinseps, Mark Avreliy, Vindobana, Kommod, gladiator, Pannoniya, Britaniya, Klavdiy, Osiyo, Afrika, nobilitet, prokurator, iberlar, kel’tler, Frakiya, Fokiya, Dalmatsiya, Meziya, mulk (pekuliy), temir rudasi, Kilikiya, kolonat.

**1. Rim qáwpiniń sońǵı ushqını. Trayan principatı (Eramızdıń 98-117-jıllari).** Domician óltirilgennen keyin ǵarrı senator M.Kokcey Nerva imperator dep járiyalandı. Bul

[33] Worlds Together,WorldsApart.W.W. Norton.&COMPANY.New York. London. 2011, p.266.

áskeriylerdiń qattı ǵázebin keltirgen edi. Áskeriylerdiń narazılıǵınan tek jańa imperator ǵana emes, al onıń tárepdarları bolǵan senatorlar da qáweterge túskeni ushın Nevra óziniń átirapındagılardıń másláháti menen joqarı Germaniya legionlarınıń legatı Mark Ulniy Trayandı ózine perzent etip aladı (eramızdıń 96-jılı).

Trayan Pireney yarım atawında jaylasqan Rim koloniyası Italikten kelip shıqqan bolıp, negizi ispan milletine tán. Ol Rim taxtına otırǵan birinshi shet elli esaplanadı.

Trayan eki jıl dawamında (ásirimizdın 96-98-jılları) Nervaǵa hákim bolıp, ol ólgennen keyin (eramızdıń 98-jılı) imperatordıń taxtin iyeleydi. Trayan senat penen doslıq qatnasta boladı. Endi senat eski Rim hám Italiya nobilleri wakillerine qaraǵanda wálayatlıq aqsúyeklerden dúzilgen edi. Ol senatorlarǵa erkin pikir aytıw ushın imklaniyat jaratıp, senatqa wálayattıń naibların tayınlaw, olardıń iskerligin qadaǵalaw hám olardı sudlaw huqıqın beredi.

Imperiyanı Domician basqarıwı dáwirinde páseńlep ketken Rim armiyasınıń abırayın tiklew hám ózinen aldıńgı húkimdarlardıń dáwirinde kemeyip ketken qullardıń sanın kóbeytiwge umtılıp, Trayan óz basqarıwınıń dáslepki aylarında-aq urısqa tayarlıq kóre basladı.

Onıń basqınshılıq rejeleriniń dáslepki maqseti tómengi Dunaydıń arqa jaǵalawında jaylasqan hám Domiciannıń rimlilerdi ǵárezli etiw jolındaǵı urısların qaytarǵan daklar patshalıǵın boysındır’iwǵa qaratılǵan edi.

Eramızdıń 101-jılı Trayan Dakiyaǵa urıs ashadı. Rimlilerdiń úlken armiyası Dunaydı kesip ótip, Dakiya mámleketiniń paytaxtı Sarmixegetuizaǵa qaray júris etedi. Daklar xalıq jasaǵan hár bir orındı, hár bir tawdıń tóbesin, paytaxtqa alıp baratuǵın hár bir jıranı qattı qorǵap mártlershe qarsılıq kórsetken. Kúshli sawashlardan keyin Rim armiyası Dakiya patshası Dacebaldı baǵınıwǵa májbúr etedi.

Imperator qabıl ettirgen pitimniń shártlerine muwapıq Dakiyanın patshası  qashıp kelgen qullardı hám jawıngerlerdi qaytarıp beriwi, bunnan keyin Rim imperiyasınan kelgen birde-bir qashqınga basapana bermew, qorǵandı kómip taslaw, áskeriy atlı lashkerleri hám belgili bir muǵdardaǵı qúllar uslaytúǵın qural-jaraqlardı rimlilerge beriw minnetlerin óz moynına aladı. Dakiyanıń gey jerlerine Rim áskerleri jaylastırıladı.

Biraq Decebal awır pitimniń sh’artlerin qabıllap, jeke boysınıwın bildiredi, waqtın tawıp jáne gúresti baslawǵa háreket etedi. Rimliler mámleketten áskerlerin alıp shıǵıp ketiwi menen-aq, Dakiya patshası jáne Rim imperiyasınan kelgen qashqınlardı qabıllay baslaydı. Qońsı qáwimlerdi Rimge qarsı gúresiw ushın birlesiwge shaqıradı hám hátteki alıstaǵı Parfiya menen awqam dúziwge hárket etedi. Biraq rimliler daklardıń qaytadan urıs baslaw niyetlerinen xabardar bolıp, Dunayǵa úlken kópir salıp, oǵan kúshli qorǵanlar salıp qorganıs dúziwdi jolǵa qoyadı.

Eramızdıń 105-jılı daklar úlken kúsh toplap kópirdiń aldındaǵı qorǵanlarǵa hújim etedi. Biraq olardıń hújimi qaytarıladı. Sonnan keyin 106-jıldıń basında Trayan Dunaydıń jaǵasında jáne de kóp kúsh toplap Dakiyaǵa bastırıp kiredi. Onıń armiyası daklardıń qarsilıǵın jeńip, olardıń paytaxtı Sarmigetizaga jaqınlasadı. Kúshler teń emes edi. Qalanıń xalqınıń kópshiligi qul bolıwdan kóre ólimdi abzal kóredi. Mıńlaǵan adamlar óz janlarına qaslıq etedi. Decebal tawlarǵa jasırınbaqshı boladı, biraq ayırım dak aqsaqalları óz húkumdalarına qıyanet etip, onıń jasırıńǵan jerin dushpanlarına kórsetip bergennen keyin Decebal dushpanǵa baǵıńǵannan kóre óz janına qas etiwdi abzal kóredi. Sonnan  keyin Dakiya Rimniń wálayatına aylandırıladı (Eramızdıń 107-jılı) Trayan Dakiyanı basıp alıp, ol jerde jańa koloniyalardı ashadı hám ol jerge Italiyadan kóplegen adamlardı kóshirip jaylastıradı.

Trayan Dakiyanı basıp algannan soń Parfiyaǵa qarsi uris’qa tayarlıq kóre baslaydı. Áyne waqıtta Rim áskerleri Senay yarım atawınıń (Arabstannıń taslaq Arabstan dep atalatuǵın) arqa-batıs bólegin basıp aladı. Olar bunıń menen qubla-shıǵıstan Egipet hám Siriyanıń qáwipsizligin, sonday-aq Qızıl teńizden Arabstandı orap turatuǵın qubla Aziya mámleketlerine ótetuǵın teńiz jolları qáwipsizligin támiyinleydi.

Eramızdıń 114-jılı Trayan Arabstanǵa bastırıp kiredi, onı baǵındırıp alıp, Rimniń wálayatı dep járiyalaydı hám óz armiyasına dem beriw ushın Siriyaǵa alıp keledi. Olardıń armiyası menen Antioxiyada bolǵanında qattı jer silkiniw bolıp, neshe mıń adamnıń nabıt bolıwına alıp keledi. Kelesi jılı ol Parfiyaǵa hújim etip, onıń paytaxtı Ktesefon qalasın iyeleydi. Rimliler Fars iqoltıǵına shekem bolǵan jerlerdi iyelep, eki dáryanıń aralıǵındaǵı Assiriya, Mesopotamiya hám Vavilon Rimniń wálayatları dep járiyalaydı. Rimliler jergilikli hákimlerdi saplastırıp, xalıqtı ózleriniń wálayat basqarıwına boysındıradı.

Rim senatı shıǵısta alıp barılǵan urıstı tamamlandı dep esaplap, Trayanǵa jańa ataqlı dárejelerdi beredi. Trayan flot dúzip, kemelerde fars qoltıǵına shıgádı. Júdá úlken aymaqlardı iyelegen Rim saltanatınıń dańqı hám qúdireti shoqqısına shıqqanday bolıp turǵan paytta, Trayan hám rimliler ushın derlik kútilmegende olar basıp alǵan eki dárya aralıǵında ǵana emes, al imperiyanıń óziniń shıǵıs wálayatlarında da qozǵalań baslanadı (eramızdıń 116-jılınıń aqırı 117-jılınıń basları) Arqa Mesopotamiyanıń yahudiy knyazliginde baslanǵan qozǵalań arqa Egipetke, Kirenaikaǵa hám Kipr atawına jayıladı.

Saltanattıń shıǵıs wálayatlarındaǵı qozǵalańlardı bastırıw ushın Trayan óziniń shıǵıstaǵı armiyasınan biraz bólegin ajıratıp beriwge májbúr boladı. Al bul bolsa parfiyalılardıń jańa áskerleri payda bolǵan eki dáryanın arasındaǵı urıs háreketleriniń barısına tásir kórsetpesten qalmadı. Parfiyalılar hám qozǵalańshılar menen bolǵan sawashlar rimlilerdiń áskeleriniń dińkesin qurtqan edi. Sanı júdá kemeyip, ruwxıy túskinlikke tusıp qalǵan Rim áskerleri Frot dáryasınıń arǵı jágına ótip ketiwge májbúr boladı.

Biraq Trayan jeńilisti moyınlaǵısı kelmeydi. Ol jáne shıǵısqa júris etiw niyetinen qayta almaydı. Biraq bunıń ushın imkaniyat qalmaǵan edi. Ol qaytadan kúsh toplaw ushıń 117-jılı Rimge qaytıp kiyatırıp Kishi Aziyadaǵı Kilikiyada keselge shatılıp qaytıs boladı.

Shiǵıstaǵı urıs tabıssız bolsa da, Trayan Rimniń húkimdar toparlarının kóz aldında jetik hákim bolıp qaladı. Oǵan eń jaqsı princeps laqabı beriledi.

**Imperiya húkimetiniń qorǵanıw siyasatına ótiwi. Imperator Adrian basqarıwı.** Trayan ómiriniń sońǵı aylarında hayalınıń tuwısqanı bolǵan Publiy Eliy Adriandı ózine jaqın alıp júrgen edi. Trayannıń qazasınan keyin Adrian oǵan perzent etilgen hám mirasxor dep járiyalandı.

Jańa imperator Egipette, Kirenaikada qozǵalańlar dawam etken, Yahudiya, Britaniya hám Mavritaniyada qozǵalańlar bastırılǵan, Dunay shegaralarında sarmerler hám roksolonlar qáwip salıp turǵan sharayatta parfiyalılar menen jarasıwdı abzal dep biledi. Adrian basqınshılıq júrislerin toqtatıp hárqanday jánjelli máselelerdi sóylesiwler jolı menen sheshimin tabıwǵa háreket etti. Ol imperiyanıń shegaraların bekkemlep, qońsi mámleketler menen teń qatnaslar ornatadı. Ulıwma pútkil basqariwı dawamında ózinen aldın ótken imperator alıp barǵan qáwipli siyasattıń nátiyjesinde saltanat dus kelgen qıyın ahwaldı dúzetiwge urınǵan edi.

Wálayatlardaǵı qoǵalańlardı bastırǵannan soń, Adrian mámleket apparatın bekkemlew isine itibar beredi. Ol Rim mámleket mákemesi sıpatında princeps keńesin rásmiy jolǵa qoyadı.

Adrian mámleketti basqarıw hám sud islerin izge salıw ushın mákemelerdiń sanın kóbeytedi. Olarǵa baslıq etip azat etilgen qullar ornına qurǵın áskerler qoyıladı. Adrian wálayatlardaǵı xalıqtan ulpan hám salıqlar jıynaw huqıqın, satıw tártibin biykar etedi. Onıń dáwirinde kóp ulpanlardan qarızdarlıq keship jibergen. Adrian xojayinlardıń óz qulların ózleri jazalawın da biykar etip, quldı tek sud húkimi menen jazalaw tártibin ornattı. Meriaz benen Imifiya wálayatları arasındaǵı baylanıs islerin bekkemlew ushın mámleket pochtası shólkemlestiriledi. Salıq tólewshiler, jıynawshılar, sudyalar hám basqa hákimshilik wákilleriniń is háreketlerin qadaǵalap barıw ushın Adrian wálayatlarǵa „ustazlar“ (kuratorlar) tayınlaydı.

Wálayatlardaǵı xalıqtıń awhalınıń jeńillesiwi Falestinadaǵı yahudiy xalqınan Ierusalim – Quddus sharif diniy jámáátin tiklew ushın úmit tuwdırǵan edi. Biraq bul úmitler pushqa shıqqannan soń Yahudiyada qozǵalań baslanıp ketip, úsh jılga shamalas (eramızdıń 132-135-jılları) dawam etedi. Qozǵalańǵa Ber-Koxba („Juldız perzenti“) laqabın alǵan Simon degen adam basshılıq etedi.

Rimliler júdá úlken armiyanı toplap keskin sawashlardan keyin ǵana qozǵalańdı bastırıwǵa erisedi. Júda kóplep qozǵalanshılar hám Yahudiy xalqı qul etip satıp jiberiledi. Ierusalimniń ornında rimlilerdiń Eliya Kapitolina dep atalǵan koloniyası dúziledi.

Adrian imperiyanıń kóplegen wálayatlarına, atap aytqanda Afinaǵa, Egipetke sayaxat etedi. Onıń imperatorlıǵı dáwirinde Afinadaǵı jańa úlken Zevs ibadatxanası qurıladı. Akropoldıń áyyemgi imaratları Fivada, Memnon kolossları tiklenedi. Al Firakiyada bolsa Adrianopol qalası quriladi.

Adrian eramızdıń 138-jılı qaza tabadı. Onıń denesi úlken mavzoleyge jerlenedi. Bul mavzoley orta ásirlerde Rim papasiniń qorǵani hám tyurmaǵa aylandırılǵan edi.

**Rim saltanatınıń „Altın dáwiri“ (Antonin Piy principatı).** Adriannıń óz perzenti bolmaǵanlıǵı sebepli ólim tóseginde jatqan paytında eń qurǵın hám oǵada bay senatorlardan birin, galliyli Tit Avreliy Antonindi ózine miyrasxor etip qaldırıwǵa qarar etedi. Adrian qaytıs bolǵannan soń Tit Avreliy Antonin imperator etip saylanadı hám oǵan Antonin Piy degen at beriledi.

Rim tariyxshıları, keyin olarǵa eliklep Evropa tariyxshıları da Antonin Piy dáwirin (eramızdıń 138-161-jılları) "Altın dáwir" dep ataǵan. Biraq házirgi waqıtta esteliklerden materiallardı úyreniwdiń nátiyjesinde Rim imperiyasınıń II ásirdıń ortalarındaǵı ahwalına berilgen bul sıpatlamanı sh'artli ráwishte qabıllawǵa tuwrı keledi.

Imperator Antonin Piydi hátteki kóklerge kóterip jazǵan ómir bayanında da "ol óziniń legatları arqalı júdá kóp urıslar ashqan edi" dep jazılǵan. Onıń dáwirinde Rim áskerleri Britaniyada, Mavritaniyada basıp aliwshılıq urısların alıp baradı. Rimliler daklardıń qozǵalańın bastirıp, shegaradaǵı alan hám german qáwimleriniń hújimlerin qaytarıp turadı. Bul islerdiń bárshesi úlken áskeriy kúsh, materiallıq resurslardı talap etetuǵın edi.

Orta teńizdiń shıǵıs bólimi shóllerindegi wálayatlardı qıyratıp taslaǵan tábiyiy apat ta úlken qıyınshılıqlardi keltirip shıǵarıp, kúshli jer silkiniw Egey arxipaleginiń atawların hám kishi Aziyanı da terbetip ótken. Rodos qalası hám Kishi Aziyadaǵı qalalar qattı qıyralıwǵa ushıradı. Bunnan basqa Rim, Narbon, Antioxiya, Karfagen qalaları kúshli órtlerden úlken zıyan kórgen.

Eramızdıń 152-jılı Egipet, Falastin, Rimniń basqa wálayatlarında qozǵalańlar, al Rimde bolsa azıq-awqattıń qıtshılıǵı aqıbetinde qozǵalańlar baslanadı. Antoniy sociallıq qorǵaw sharaların belgilep, paytaxt xalqınıń eń kámbaǵal bólegine biypul vino, un hám may tarqattıradı. Qayır-saqawat qorı keńeytiledi. Sociallıq keskinlik ortalıǵın jumsartıw maqsetinde xojayinlardıń óz qullarına degen ámeldegi huqıqın shekleydi, ol quldı óltiriwdi erkin puqaranı óltiriw menen barabar dep qoyadı hám xojayınnıń jábir-zulmınan qashıp, ibadatxanalardan baspana izlep kelgen qullardı iyelerine qaytarmaw haqqında qarar shıǵaradı.

161-jılı Antoniy Piy qaza bolgannan keyin, taxtqa onıń ógey ulları Mark Avreliy hám Luciy Vyerler otırǵan. Luciy Vyerdiń ólimine shekem (eramızdıń 169-jılı) imperiyanı olar rásmiy birlesip basqarǵan bolsa da, negizinde olardıń úlkeni Mark Avreliy saltanatqa húkimdarlıq etken edi (169-180-jıllar).

**Imperiyanıń ishki hám sırtqı qarsılıqlarınıń kúsheyip barıwı. Mark Avreliy, Kommod basqarıwı.** Mark Avreliy imperiyanı basqara baslawı menen elewli qıyınshılıqlarǵa dus keledi hám bul qıyınshılıqlar onıń pricipatınıń aqırına shekem dawam etip, keskin urıslar hám ekonomikalıq jaqtan ázzilenip barıw dáwirine aylanadı.

Antoniy Piydiń óliminen keyin kóp ótpesten imperiyanıń shegarasında Parfiya menen eki ortada keskin urıs kelip shıqqan. Parfiyanıń patshası Vologaz Armeniyanı basıp aladı. Bul jerlerdegi sawashlarda rimli legionlar jeńiliske ushıraydı, Parfiya patshalıǵı kóp ótpesten Siriyanı da basıp aladı.

Biraq kóp ótpesten rimliler kúsh toplap parfiyalılardı Armeniyadan quwıp shıǵarıwǵa erisedi. Olar óz hújimlerin dawam ettire otırıp', Arqa Mesopotamiyanı basıp alıp, Ktesifon menen Salavkiyaǵa shekem jetip baradı. Eki dáryanıń aralıǵıńdaǵı aymaqta juqpali kesellik tarqalıp Rim armiyasınıń bir bólimi kesellikten qırılıp ketedi. Usınnan keyin rimliler pitim dúzip, Italiyaǵa qaytıp ketiwge májbúr boladı. Mesopotamiyada tarqalǵan kesellik Italiyada da jayılıp ketip, kóp adamlardıń ómirine zawal boladı.

Bunıń ústine 167-jıldan baslap Dunaydıń arjaǵındaǵı qáwimler Rimniń qorǵanlarına tez-tez hújimler jasap turıwları úlken mashqalalardı keltirip shıǵarǵan.

Eramızdıń 172-jılı arqa Egipette jergilikli xalıqtıń qozǵalańı baslanadı. Siriyanıń sarkardası Avidiy Kassiydıń kúshli armiyası menen urıs maydanına jetip kelegennen sońǵana qozǵalań bastırıladı. Biraq usınnan keyin Avidiy Kassiy ózi joqarı húkimdarlıqtı qolǵa almaqshı bolıp, ózin imperator dep járiyalaydı. Mark Avreliy zagovorshı lashkerbasılarǵa qarsı armiyanı baslap barıwǵa májbúr boladı. Biraq onıń áskerleri zagovorshılardıń armiyası menen soqlıǵısıwdan aldın Avidiy Kassiy óltiriledi hám usılayınsha imperiyanıń birligi jáne tiklenedi.

Eramızdıń 180-jılı Rim áskerleriniń ishinde jáne juqpalı kesellik háwij aladı. Kesellik júdá kóp adamlardıń, sonıń ishinde imperatordı da ólimniń qurbanına aylandıradı. Ol shegaradaǵı Vindobon (h'azirgi Vena) qorǵanında qaza tabadı.

Eramızdıń II ásirinde ótken imperatorlar senattaǵı qul iyesi aqsúyekler menen bekkem baylanısta bolıp, olar menen kelisip is alıp barıwǵa háreket etken. Olardıń kópshiligi óz zamanınıń ilimli adamları edi. Adrian grek ilim-páni hám kórkem óneriniń jankúyeri bolıp, ózi de háykelshilik penen shuǵıllanǵan. Mark Avreliydiń "Jalǵızlıqtaǵı aylar" degen shıǵarması pútkilley stoicizmge tán filosofiyalıq shıǵarma.

Biraq antik zıyalılarınıń bul bilimli tulǵası qullar hám qashqınlar bolıp qalǵan erkin adamlardıń huqıqsız ahwalın elewli ózgertiw ushın derlik hesh nárse isley almaǵan edi.

Mark Avreliy óliminen keyin imperiyanıń tariyxına onıń ulı Kommod shıǵadı. Ol eramızdıń 180-192-jılları Rimniń saltanatın basqaradı. Kommod atasınıń pútkilley kerisi bolıp, turpayı, ayawsız adam edi. Ol cirk tamashalarınıń jánkúyeri bolǵanlıǵınan, jeńilmes jawınger-gladiatorlıqtı arzıw etken. Ol Gerkulesti ideal bilip, oǵan erip xalıqtıń aldına tek arislannıń terisin jamılıp shiǵadı.

Kommod atası ólgen payıtta 19 jasta bolıp, kvadlar hám markomanlar menen urıs alıp barmaqta edi. Ol ne bolsa da urıstı toqtatıp, Rimge qaytıwdı arzıw etedi. Urıs jáne birneshe ay dawam etedi hám aqırında Kommod asıǵıslıq penen markoman hám kvadrlar menen pitim dúzedi, tınıshlıqtı saqlaw esabınan olardıń aqsaqallarına úlken pul tólep turıwdı óz moynına aladı. Paytaxtqa qaytıp kelgennen keyin, Kommod oyın-tamashaǵa berilip ketedi. Zamanlasları onıń kelbetinde Yuliy-Klevdiylerdiń shańaraǵınan jaman eslewdi qaldırǵan wákilleri: Kaligula hám Nerondı kóre baslaǵan edi.

183-jılda-aq imperatorǵa qarsı onıń hayalı Kristina hám anası qatnasqan qastıyanlıq ashkáralanadı. Qastiyanliqqa juwap retinde aqsúyeklerdi ǵalaba óltiriw baslanıp ketedi. Joqarı qatlamnıń qollap-quwatlawınan jurday bolǵan Kommod ulıwmalıq narazılıqtı jumsartıw ushın jawınger pretiriylerdiń miynet haqısın kóbeytedi, kewil kóteretuǵın oyınlardı úyimlastıradı. Rimdegi xalıqqa júdá kóp sawǵalar, biypul azıq-awqatlar tarqatıladı. Bul islerge jumsalatuǵın qarjılardı imperator aqsúyeklerdiń mal-múliklerin tartıp alıp tabıwǵa háreket etedi. Biraq hákimiyattıń krisizi barǵan sayın kózge ayqınıraq kórine baslaǵan edi. Rimde azıq-awqattıń

qıtshılıǵı baslanadı. Saltanattıń hár túrli bólimlerinde xalıqtıń tómengi qatlamınıń qozǵalańları payda bola baslaydı.

Ulıwmalıq narazılıq gezektegi qastıyanshılıqtı uyımlastırıwǵa sebep boladı. Qastıyanshılıqqa pretoriyanıń prefekti Emiliy Leta basshılıq etip, onda imperatordıń jaqın adamları da qatnasadı. Kommod 193-jılı 1-yanvarda konsullıq lawazımına gladiyatordıń kiyiminde kiriwdi niyet etedi. Biraq bul saltanatlı waqıyanıń qarsańında 192-jılı 31-dekabr kúni túnde ol gladiatorlardıń kazarmasında óltiriledi.

Kommodtıń ólimi menen Antoninler dinastiyası saplastırıladı. Rim Orta teńiz imperiyasınıń salıstırmalı tınısh tariyxıy rawajlanıw dáwirin alıp kelgen, keleshekte ol ekonomikalıq, sociallıq hám siyasiy qarsılıqlardıń keskinlesiwi dáwiri eramızdıń III ásirlik krizis dáwirine kirgen edi.

**3. Social ekonomikaliq turmis.** II ásir Rim imperiyasiniń "altin dáwiri" esaplanadi. Bul waqitta imperiya eń úlken aymaqqa iye edi. Oniń shegaralari arqada Shotlandiyadan qublaga Nil bosagasina shekem, batistan Atlantika jagalarinan shiǵista fors qóltiǵina shekem sozilgan edi. Quldarliq dizimi óz rawajlaniwiniń joqari shinina shiqti. Kóp quldarliq xojaliqlari bazar ushin zat islep shigariwga ótti. Qullarga qaraganda miyrimsiz kúsheyip ketti.

Bul dáwirde provinsiyalardiń ekonomika hám bul jerdegi qala turmisi óz rawajlaniwinda joqari basqishqa kóterildi. Eramizdiń I-II ásirlerinde órtajerteńizi aymagindagi barliq xalqlar tariyxinda birinshi marte jalǵiz ulken mámleket Rim imperiyasi quramina kirdi. Rim provinsiyasina aylantirilgan ayirim mámleketler órtasindagi shegaralar tamamlandi. Pul dizimleri málim darejede unifikatsiya qilindi. Urislar hám teńiz qaroqshiligi toqtatildi. Rim imperiyasindagi xalqlar social ekonomikaliq rawajlaniwiniń turli darejelerinde jasar edi. Misr, Suriya, Adam Aziya, Balkan hám Makedoniya ekonomikaliq hám madeniy rawajlaniwiniń joqari darejesine eristi. Pireney yarim atawindagi hám Galliyadagi iberlar, keltler, arqa Afrikadagi numidiyaliklar, liviyaliklar, dunay bóyindaǵi pannonlar, illiriyaliqlar, mezlar ele arxaik dáwirniń keyingi basqishinda edi.

Rim basip aliniwina shekem batis provinsiyalarda awil xójaliǵi tomen bolip, tiykarinan ǵalle egilgen. jerge islew beriwshi algashqi jagdayda edi. Apennin yarim atawi xaliqi awil xójaliginiń rawajlaniw turin batis provinsiyalarga alip kirdi.

Gall vinolari, ispan zaytun mayi, Italiya hám Grek turleri menen qarsilas bola basladi. Imperiya aymaginda quldarliq xójaligi tez rawajlandi. Órta hám iri quldor xojaliqlari (villa) jetekshi órinǵa shiqti. Quldarliq xojaliqlarinda qul miynetinen keń paydalanildi. Barliq provintsiyalarda imperator jer iyeligi keń tarqaldi.

Eramizdiń II ásirinde imperator jerleri hám jeke úlken latufundiyalar jetekshi jer iyeligi turli edi. Batis provinsiyalarda orta quldar pomesteleri, mayda jer iyeligi keń tarqaldi. Ásirese adam jer iyeligi Pannoniya, Dalmatsiya, Meziya, Frakiya hám Fokeyada keń tarqaldi.

Afrika provinsiyalarinda quldarliq xojaliqlarinda tiykarǵi isshi kushi qullar miyneti keń tarqaldi. Misr imperiyaniń ǵalle vazasi edi. Quldarliq latifundiyalari Galliya hám Ispaniyada keń tarqalgan bir waqitta Ispaniya hám Afrikaniń shiǵis provinsiyalarinda kolonlar miynetine tiykarlanǵan latifundiyalar keń tarqaldi. Qullarga is qurallari hám shek jerleri ajiratip berile baslandi. Biraq qul iyesiniń mulki bolip qala berdi. Quldi mulk (pekuliy) menen táminlew b.e.sh. III ásirinde málim edi. Endilikte bul adettegi jagday bolip qaldi. Qul pekuliydan paydalanǵan halda ózine órinbasar satip aliwi mumkin edi. Qaysi órinbasar qul oniń iyesine islep beriwi kerek edi. Azat qilingan qullar kóp jagdaylarda isbilermenlik penen shugullanip, juda kóp bayliq tóplar edi. Óz iyelerine mutajlik tuwilǵanda har turli xizmetlerin kórseter edi. Misal ushin Diktator Sullaniń erkin qilingan quli Xirosogon Rim mámleketindegi eń qudretli adamlardan biri bolip, hatte oniń aldinda senatorlar da qorqar edi. Biraq kópshilik azat qilingan qullar órta darejedegi mulkke iye bolip, ónermentshilik hám sawdegerlik penen shugullanar hamde asxanalardiń iyeleri edi. Quldar latifundistlar óz jerlerin shek jerlerge bólip, kolonlarga ijaraga berdi.

Eramizdiń II ásirinde kolonlar biyday, tari, zaytun mayin 1/3 bólimin, quldarga beriwi kerek edi. Bunnan tisqari kolon quldar jerinde bir neshe kun islep beriwi kerak edi.

Jerge ishlew quramalasti, ǵalle hám basqa eginlerdiń jańa turleri, mineral toginnin jańa turleri paydalana baslandi. Awil xójaligi quramalasti, ǵalle latifuniyalarinda ǵalleni jiynaytugin mexanizm, dongelekli plug, suw digirmani payda etildi. Provinsiyalarda qalalar hám qala xaliqiniń ósiwi awil xójaliq zatlariniń Italiya hám imperiyaniń basqa wálayatlarina shigariw imkaniyatiniń payda boliwi, provinsiya awil xójaliginda jerden unemli paydalaniw hám tavar xójaliginiń kirip keliwi ushin shárt – sharayat jaratildi.

Quldar xójaliq endilikde bazar menen baylandi. Awil xójaliginda tavar munasibetleriniń rawajlaniwi latifundiyalarda ónermentshilikti juzege keltirdi. Latifundiyalar iyeleri gulalshiliq, tóqiwshiliq, ustashiliq, aspazliq siyaqli ónermentshilik ustaxanalarin ashti. Bázi gall latifundiyalarinda shaxtalardan temir rudasi qazip alinip, metall islep shigariw jolga qoyildi. Eramizdiń I ásirlerinde awil xójaligi menen birge ónermentshilik hám sawda keń rawajlandi. Rim ónermentshiligi ushin Ispaniyadagi qórǵasin hám mis kanleri, Galliyaniń temir hám qalay kanleri, Norika, Dalmatsiya, Klikiya hám Kappadokiyaniń bay temir kanleri shiyki zat jetkizip ib turar edi. Ásirese temir rudasin qazip shigariliwi keń jolǵa qóyildi.

Temir rudasi Norika hám Dalmatsiya, Galliya hám Ispaniya, Kappadokiya hám shiǵista qazip shiqarildi. Barliq kanler imperatordiń mulkleri bolip, kóbinshe ijaraga beriler edi.

**5. Ónermentshiliktiń rawajlaniwi** qul miynetinen keń paydalaniw imkaniyatin berdi. Eger ótken ásirlerde ónermentshilik ustaxonalarinda ishlegen qullar sani 10 bolsa, eramizdiń II ásirinde olardiń sani 50 ga jettdi.

Ónermentshilik ustaxanasiniń keńeyiwi, miynet ósiwi oniń qániygelesiwiniń ósiwine alip keldi. Biraq ónermentshilikte erkin miynet jetekshi ról oynar edi. Taw kán islerinde, qurilis, tas kánleri, mramr kánlerinde qul miynetinen keń paydalanilar edi. Ustaxanalarda eń awir miynet qullar moyninda edi. Ónermentshilik rawajlaniwi aspazliq, gerpish quydiriw siyaqli jańa tarawlardiń payda boliwina alip keldi. Qurilista betondan paydalaniw keń tarqaldi. Eramizdiń II ásirinde provintsiyalarda ónermentshilik asirese júkseldi. Eger b.e.sh. I, eramizdiń II ásirleride Italiya qalalarina kóplep satilǵan.

Bir qansha provintsiyalar óz zatlarin basqa provintsiyalarǵa sonday-aq Italiyaǵa eksport qila basladi. Ásirese gall qalalari oǵada rawajlandi. Gall ónermentshileriniń kanop gezlemeleri, jún japinshiqlar hám gúlelshilik zatlari batis provintsiyalar hám Italiyada keń tarqaldi. Suriya qalalari bolsa zerli gezlemeler, zergerlik bulyilmlari, reńli shisha hám gezlemelerdi islep shiǵaratuǵin tiykarǵi oraylarǵa aylandi.

Eramizdiń II ásirinde ónermentshilik oraylari yarim atawdan Arqa Italiyaǵa kóshti. Polteola, Kapolya, Arretsiya siyaqli dástúriy ónermentshilik oraylari tosqinliqqa ushradi. Olardiń ornina gall provintsiyalarina Norika hám Dalmatsiyaniń temir kánlarine jaqin Milan, Akvileya hám basqa ónermentshilik oraylari júege keldi. Ásirese Akvileya qalasi metall buyumlar hám qural – jaraq, shisha, zergerlik buyimlari, sherepitsa islep shiǵaratuǵin iri ónermentshilik orayina aylandi.

Eramizdiń I-II ásirlerinde barliq provintsiyalarda sawda baylanislari keń rawajlandi. Italiya sawdegerlari Ispaniya, Suriya, Dakiya, Misr, Mavritaniya hám Britaniyaǵa kirip bardi. Gall keme iyeleri, sawdegerleri Italiya, Reyn wálayatlari hám ispan provintsiyalari menen kúshli sawda qildi. Pal'mira sawdegerleri Dakiya hám Misrǵa kirip bardi. Qalalarda kóplep sawda dúkanlari hám skladlar qurila baslandi.

Eramizdiń II ásirinde Rimde úlken bes kórkem Trayan bazari qurildi. Sawda – satiqtiń rawajlaniwi provintsiyani zat islep shiǵariwin qániygesiwi alip keldi. Ispaniya zaytun mayi hám vino, Galliya vino, shisha idislari, jún zatlari, Misr ǵalle, papirus, granit, shisha bulyimlari, Suriya vino, zerli gezlemeler hám qimbat bahali buyimlari islep shiǵariwǵa qániygelesken edi.

Sawdegerler, ónermentler kollegiyalarǵa birlesti. Sawda rawajlaniwi sarroflik hám sútxorliqti rawajlaniwina túrtki boldi. Sirtqi sawda rimlikler ushin paydali edi. Rim imperiyasi

Qara teńiz aymaqlari, shiǵis Evropa , Iran , Orta Aziya hám Hindistan menen úzliksiz sawda baylanislarin ornatti.

Rim 60-70 mıń obyeklerine hukimdarlıq etken ullı mámleket bolǵan. Rim imperiyası oʻziniń joqarı shoqqısına jetken dáwirde hár túrli aymaqlardı basıp alǵan, bul házirgi Shotlandiyadan zamanagóy Misr hám Sudannıń bir bólimindegi Nil daryosinıń tómengi aǵımına shekem, sonday-aq, Atlantika jaǵalawlarındaǵı Arqa Afrikadan Yevroaiyanıń ishki shólleri shegaralarındaǵı Ukraina hám Kavkazǵa shekem jetip barǵan.[34]

Rome was a great powerruling 60 to 70 million subjects. The Roman Empire at itsheight encompassed lands from the highlands of what is nowScotland to the lower reaches of the Nile River in modernday Egypt and part of Sudan, and from the borders of theInner Eurasian steppe in Ukraine and the Caucasus to theAtlantic shores of North Africa.

Eramizdiń II ásirinde Shiǵistan 3 sawda joli Orta Jer teńizi qirǵaqlarina barar edi:

1. Petra- Transiordaniya- Damashq- Orta jer teńizi;
2. Frot–Palmira-Damashq-Orta jer teńizi;
3. Hindistan- Arabistan-Iskandariya.

Afrika provinsiyalarinan Rim sawdegerleri Efiopiya, Mavritaniya hám hátte Orayliq Afrikaǵa deyin kirip bardi.

Imperiya dáwrinde jańa teńge “aureus” quyla baslandi. Oń tarepinde húkimdar imperator suwreti túsirilgen edi. Rim altin teńgesi joqari bahalanar edi. Kóp tarqalǵan Rim teńgelerinen biri-gúmús denariy edi. Eramizdiń I ásirinde ol sap gúmisten, eramizdiń II ásiriniń aqirinnan mis qosip, quraminda 50% gúmis penen quyila baslandi. Mis teńge tiykarinan jergilikli aylanista paydalanilar edi. Mayda sawdada tiykarinan mis teńge - sestertsiy (4ass) hám dupandiy (2ass) isletiler edi.

Eramizdiń I-II ásirlerinde Rim jámiyeti quldarliq jámiyeti edi. Oniń tiykarǵi qatlamlari qullar hám quldarlar bolip, olardan tisqari mayda islep shiǵariwshilar, adam shek jerlerniń iyelari yaki ijarashilar adam ónermentshilik ustaxanalari iyelari, mayda sawdegerlerden ibarat edi.

Qatlamlar ortasinda kúshli social qarama-qarsiliqlar bar edi. Jámiyette tiykarǵi islep shiǵariwshi kúshler qullar edi. Eramizdiń I-II ásirlerine shekem quldarliq xojaliqlarinda qullarǵa bolǵan talap urislar nátiyjesinde qandirilǵan edi. Eramizdiń II ásirinde basip aliwshiliq urislariniń aqirina jetiwine qullar aǵiminiń Rimge keliwin keskin kemeydi. Biraq quldarliq xojaliqlarinda qul miynetine talap júdá kúshli edi. Bul qullar qullar bahasiniń keskin ósiwine alip keldi.

Qul miynetin ónimdarliǵi máptar quldarlar qullardiń kúndelikli sharayatin ózgertiriwge májbur boldi. Awil pomestiylari hám qalalarda qul shoriler sani ósip bardi, qullarǵa shańaraq quriwǵa ruxsat berildi, hám olar xoshametlendi.

Qulliqta tuwilǵan balalar (Olardi vernlar dep ataǵan) birde-bir ónerge úyretilgen bolip, qul bazarlarinda joqari bahalanar edi. Qullardi shańaraq quriwin xoshametlew quldarlar qul shanaraǵi ushin shek jer, miynet qurali, kulba, adamrek dúkan, bir nesha qara mal ajratar edi.

Quldar tarepinen ajratilǵan bunday mulk “pekolliy” dep atalǵan. Eramizdiń I-II ásirlerinde pekolliy keń tarqaldi. Quldar sawǵa qilǵan jerin qálegen waqitta tartip aliwi múmkin edi. Qullardiń huquqiy jaǵdayi da ózgerdi. Imperator Adrian qullardi sebepsiz óltiriwdi qadaǵaladi. Eramizdiń II ásirinde jerdi ijaraǵa beriw hám kolonat keń tarqaldi.

Kolon huquqiy tárepten erkin adam bolip, jer iyesinen shártnama múddeti tamamlanǵannan soń ketiwi múmkin edi. Shártnama ádatte 5 jil múddetke dúziler edi. Kolon 5 jil dawaminda qariz hám basqa túrli májburiyatlar túri menen óralip, huquqiy tárepten óz jerinen ketiwi múmkin emes edi. Ol ilajsiz bul jerda uzaq múddet isler edi. Erkin, óz jerin joǵaltqan diyxan,

[34]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.261.

batrak hám erkin qilinǵan qul, jerdi islewge qaytqan qala plebeyi kolonǵa aylaniwi múmkin edi. Jerga biriktirilgen qullar ham kolonǵa aylanar edi. Kolonatti jáne bir lawazimi shegara provinsiyalarinda tutqinǵa alinǵan jerge jaylastirilǵan varvarlar edi.

**Bekkemlew ushın sorawlar**

1. Eramizdiń II ásirinde Rim imperiyasınıń ekonomikalıq rawajlanıwın túsindirip beriń.
2. Eramizdiń II ásirinde Rim provinsiyalari aytib berin.
3. Eramizdiń II ásirinde sawda-ónermentshilik, qalalar rawajlanıwın (salıstırıń)analiz etiń.
4. Eramizdiń II ásirinde Rimning sırtqı siyasatındaǵı jetiskenliklerin (salıstırıń) analizleń eting.

## Lekciya № 15

## Tema: Eramizdiń III-IV ásirlerinde sońǵı Rim imperiyasi. Dominat dáwiri

**Joba:**

1. Imperiyanıń ishki hám sırtqı qarsılıqlarınıń kúsheyiwi. Mark Avreliy, Kommod basqarıwı.
2. Qulshılıq ekonomikasıniń daǵdarısı..
3. Kolonlar hám shatırlı qullar.
4. Rim saltanatında siyasiy krizistiń keskinlesiwi.

**Tayanısh sózler**: Domician, senator, M.Kakcey Nerge, imperator, legion, legat, Mark Ulniy Trayan, Dunay, daklar, Dakiya, Decebal, Parfiya, Senay yarım atawı, Egipet, Siriya, Adrian, Trayan, Publiy Eliy, Kirenaika, Yahudiya, Britaniya, Mavritaniya, Simon, Zevs, Fiva, Tit Avreliy

**1. Imperiyanıń ishki hám sırtqı qarsılıqlarınıń kúsheyip barıwı. Mark Avreliy, Kommod basqarıwı.** Mark Avreliy imperiyanı basqara baslawı menen elewli qıyınshılıqlarǵa dus keledi hám bul qıyınshılıqlar onıń pricipatınıń aqırına shekem dawam etip, keskin urıslar hám ekonomikalıq jaqtan ázzilenip barıw dáwirine aylanadı.

Antoniy Piydiń óliminen keyin kóp ótpesten imperiyanıń shegarasında Parfiya menen eki ortada keskin urıs kelip shıqqan. Parfiyanıń patshası Vologaz Armeniyanı basıp aladı. Bul jerlerdegi sawashlarda rimli legionlar jeńiliske ushıraydı, Parfiya patshalıǵı kóp ótpesten Siriyanı da basıp aladı.

Biraq kóp ótpesten rimliler kúsh toplap parfiyalılardı Armeniyadan quwıp shıǵarıwǵa erisedi. Olar óz hújimlerin dawam ettire otırıp', Arqa Mesopotamiyanı basıp alıp, Ktesifon menen Salavkiyaǵa shekem jetip baradı. Eki dáryanıń aralıǵıńdaǵı aymaqta juqpali kesellik tarqalıp Rim armiyasınıń bir bólimi kesellikten qırılıp ketedi. Usınnan keyin rimliler pitim dúzip, Italiyaǵa qaytıp ketiwge májbúr boladı. Mesopotamiyada tarqalǵan kesellik Italiyada da jayılıp ketip, kóp adamlardıń ómirine zawal boladı.

Bunıń ústine 167-jıldan baslap Dunaydıń arjaǵındaǵı qáwimler Rimniń qorǵanlarına tez-tez hújimler jasap turıwları úlken mashqalalardı keltirip shıǵarǵan.

Eramızdıń 172-jılı arqa Egipette jergilikli xalıqtıń qozǵalańı baslanadı. Siriyanıń sarkardası Avidiy Kassiydıń kúshli armiyası menen urıs maydanına jetip kelegennen soń ǵana qozǵalań bastırıladı. Biraq usınnan keyin Avidiy Kassiy ózi joqarı húkimdarlıqtı qolǵa almaqshı bolıp, ózin imperator dep járiyalaydı. Mark Avreliy zagovorshı lashkerbasılarǵa qarsı armiyanı baslap

barıwǵa májbúr boladı. Biraq onıń áskerleri zagovorshılardıń armiyası menen soqlıǵısıwdan aldın Avidiy Kassiy óltiriledi hám usılayınsha imperiyanıń birligi jáne tiklenedi.

Eramızdiń 180-jılı Rim áskerleriniń ishinde jáne juqpalı kesellik háwij aladı. Kesellik júdá kóp adamlardıń, sonıń ishinde imperatordı da ólimniń qurbanına aylandıradı. Ol shegaradaǵı Vindobon (h'azirgi Vena) qorǵanında qaza tabadı.

Eramızdiń II ásirinde ótken imperatorlar senattaǵı qul iyesi aqsúyekler menen bekkem baylanısta bolıp, olar menen kelisip is alıp barıwǵa háreket etken. Olardıń kópshiligi óz zamanınıń ilimli adamları edi. Adrian grek ilim-páni hám kórkem óneriniń jankúyeri bolıp, ózi de háykelshilik penen shuǵıllanǵan. Mark Avreliydiń "Jalǵızlıqtaǵı aylar" degen shıǵarması pútkilley stoicizmge tán filosofiyalıq shıǵarma.

Biraq antik zıyalılarınıń bul bilimli tulǵası qullar hám qashqınlar bolıp qalǵan erkin adamlardıń huqıqsız ahwalın elewli ózgertiw ushın derlik hesh nárse isley almaǵan edi.

Mark Avreliy óliminen keyin imperiyanıń tariyxına onıń ulı Kommod shıǵadı. Ol eramızdıń 180-192-jılları Rimniń saltanatın basqaradı. Kommod atasınıń pútkilley kerisi bolıp, turpayı, ayawsız adam edi. Ol cirk tamashalarınıń jánkúyeri bolǵanlıǵınan, jeńilmes jawınger-gladiatorlıqtı arzıw etken. Ol Gerkulesti ideal bilip, oǵan erip xalıqtıń aldına tek arislannıń terisin jamılıp shiǵadı.

Kommod atası ólgen payıtta 19 jasta bolıp, kvadlar hám markomanlar menen urıs alıp barmaqta edi. Ol ne bolsa da urıstı toqtatıp, Rimge qaytıwdı arzıw etedi. Urıs jáne birneshe ay dawam etedi hám aqırında Kommod asıǵıslıq penen markoman hám kvadrlar menen pitim dúzedi, tınıshlıqtı saqlaw esabınan olardıń aqsaqallarına úlken pul tólep turıwdı óz moynına aladı. Paytaxtqa qaytıp kelgennen keyin, Kommod oyın-tamashaǵa berilip ketedi. Zamanlasları onıń kelbetinde Yuliy-Klevdiylerdiń shańaraǵınan jaman eslewdi qaldırǵan wákilleri: Kaligula hám Nerondı kóre baslaǵan edi.

183-jılda-aq imperatorǵa qarsı onıń hayalı Kristina hám anası qatnasqan qastıyanlıq ashkáralanadı. Qastiyanliqqa juwap retinde aqsúyeklerdi ǵalaba óltiriw baslanıp ketedi. Joqarı qatlamnıń qollap-quwatlawınan jurday bolǵan Kommod ulıwmalıq narazılıqtı jumsartıw ushın jawınger pretiriylerdiń miynet haqısın kóbeytedi, kewil kóteretuǵın oyınlardı úyımlastıradı. Rimdegi xalıqqa júdá kóp sawǵalar, biypul azıq-awqatlar tarqatıladı. Bul islerge jumsalatuǵın qarjılardı imperator aqsúyeklerdiń mal-múliklerin tartıp alıp tabıwǵa háreket etedi. Biraq hákimiyattıń krisizi barǵan sayın kózge ayqınıraq kórine baslaǵan edi. Rimde azıq-awqattıń qıtshılıǵı baslanadı. Saltanattıń hár túrli bólimlerinde xalıqtıń tómengi qatlamınıń qozǵalańları payda bola baslaydı.

Ulıwmalıq narazılıq gezektegi qastıyanshılıqtı uyımlastırıwǵa sebep boladı. Qastıyanshılıqqa pretoriyanıń prefekti Emiliy Leta basshılıq etip, onda imperatordıń jaqın adamları da qatnasadı. Kommod 193-jılı 1-yanvarda konsullıq lawazımına gladiyatordıń kiyiminde kiriwdi niyet etedi. Biraq bul saltanatlı waqıyanıń qarsańında 192-jılı 31-dekabr kúni túnde ol gladiatorlardıń kazarmasında óltiriledi.

Kommodtıń ólimi menen Antoninler dinastiyası saplastırıladı. Rim Orta teńiz imperiyasınıń salıstırmalı tınısh tariyxıy rawajlanıw dáwirin alıp kelgen, keleshekte ol ekonomikalıq, sociallıq hám siyasiy qarsılıqlardıń keskinlesiwi dáwiri eramızdıń III ásirlik krizis dáwirine kirgen edi.

**2.Qulshılıq ekonomikasıniń daǵdarısı.** Eramızdıń II asiriniń aqırlarınan baslap, Rimniń ekonomikası úlken qiyınshılıqlarǵa dus keledi. Barlıq gárezli xalıq qatlamların eziwshiliktiń kúsheyiwi, aqsúyekler hám hámeldarlardıń óz lawazımlarınan paydalanıwları tikkeley óndirisshilerdiń óz miynetleriniń nátiyjesinen mápdar bolıwın joqqa shıǵaratuǵın edi. Júdá keń

tarqalǵan juǵımli kesellik qullar hám xalıqtıń ápiwayı qatlamlarına oǵada úlken qırǵınlardı keltirdi.

20-jasına shekem jaqsı támiynlengen anası qolında ósken Vibia Perptua eramızdıń 203-jılda Rim qudaylarına qurbanlıq etiwden bas tartqanı ushın ayawsız azaplarǵa duwshar bolǵan. Ol hám onıń sherikleri jallod hukminen azat etilgen hám Karfagen amfiteatrinda jabayı haywanlar aldına taslanǵan[35].

In 203 CE, a well-to-do mother in her early twenties, Vibia Perpetua, faced a horrible punishment for refusing to sacrifice to the Roman gods. Denied the benefit of a human executioner, she and her companions were condemned to face wild beasts in the amphitheater of Carthage.

Erkin diyqanlardıń qıyralıwı, qullar hám kolonlardıń sanınıń kemeyiwi nátiyjesinde jumisshı kúshiniń qıtshılıǵı kúsheygen. Egilmesten taslap qoyılǵan jerler kóbeygen. Mayda jeke xojalıqlardıń qımbat bahalı quralların, sonıń ishinde awır pluglardı, presler hám orıw mashinaların isletiwge qúdireti jetpeytuǵın edi. Jámááttiń toǵayzarları hám jaylawlarınıń da qoldan ketkenligi mayda xojalıqlardıń is alıp barıwına zıyanın tiygizdi.

Qalalıq ónermentler óz ustaxanaların taslap ketip, úlken amloklarǵa jumıs izlep kete baslaydı. Mramor hám ruda qazıp alıw azayadı. Orta teńiz mámleketleriniń Shıǵıs, Oraylıq hám Shıǵıs Evropa menen ádettegi sawda baylanısları saqlanıp tursa da, sawda ulıwma kemeyip ketedi. Rimnıń ekonomikasında natural elementler kúsheye baslaydı. Eramızdıń pútkil III ásiri dawamında pul qatnaslarında hasıl metalldıń kem bolıwı bayqladı. Puldıń qunı túsken sayın nırq-baha artıp ketedi.

Rimniń ekonomikasında júz bergen ózgerisler tereń krizis penen baylanıslı bolıp, al qulshılıq tártibiniń buzılıwı bolsa sol krizistiń kórinisi bolıp tabıladı. Ónimdar miynette bánt bolǵan qullardıń sanı kemeyip ketken, olardıń geyparaları bosatıp jiberilgen, birazı jerde islep, kolonlarǵa aylandırılǵan edi. Sol nárse xarakterli, eramızdın II ásiriniń aqırlarınan baslap urısta jeńilgen xalıq qullarǵa aylandırılmastan, al mámlekettiń jerlerinde isleytuǵın kolonlarǵa aylandırılǵan.

**3. Kolonlar hám shatırlı qullar.** Qullardıń miynetiniń nátiyjesizligin kórgen kóplegen jer iyeleri óz xojalıqlarındaǵı jerlerin kishi-kishi bólimlerge bólip, jersiz erkin diyqanlarǵa beredi. Kishi-kishi jerlerdi ijaraǵa alǵan adamlar Rimde kolonlar dep atalǵan.

Qarawsız qalǵan jerden shıqqan zúráattiń belgili bir bólegin jerdiń iyesine berip, qalǵanına ózi iyelik etiwi múmkin edi. Óz miynetinen mápdar bolǵan kolon qulǵa qaraǵanda birneshe ese jaqsıraq hám ónimlirek isleytuǵın edi. Sebebi, ol erkin miynet etedi, onı qadaǵalap turıw shárt emes edi. Sonda kolonlar sharwa malları hám miynet quralların jaqsı qaraydı.

Kóp hallarda jer iyeleri kolonlarǵa tuqım, jer súriwge kúsh-kólik hám miynet quralların da bergen. Eger kolon jer iyesinen qarızdar bolıp qalsa, ol xojayinnıń jerinen basqa jaqqa ketip qala almaytuǵın edi. Jerdiń iyeleri bunnan paydalanıp, ijaranıń bah'asın arttıratuǵın edi.

Italiyada Greciyaǵa qaraǵanda ónimdar jerler hám suwı mol bolǵan dáryalar kóp bolıp, kúsh salıp islegen diyqanlar jerden kóp zúráát alıwları múmkin edi. Italiyada otlaq jaylawlar keń maydanlardı iyelep jatqan. Sol sebepli Italiyada sharwashılıq ta ádewir rawajlanǵan. Iri jer iyeleri hám bay sharwalardıń kópshiligi qullardıń miynetiniń ónimsiziligin kórip, qullarǵa óz betinshe xojalıqtı júrgiziwge ruxsat bergen. Olar ózleriniń qullarına jer, mal, miynet quralların hám basqa ánjamlardı berip, óz betinshe miynet etiwine imkaniyat jaratqan. Bunday sharayatta qullar shańaraqlı bolıp ádewir erkin jasaǵan. Buday qúllar shatırlı yaki uy-jaylı qullar dep atalǵan. Olar bala-shaǵaları menen shın miynet etip, jerden mol ónim alatuǵın edi. Jer iyesi xojayinǵa zúráattiń bir bólegi berilse, qalǵan bólegi quldıń óz iyeliginde qalatuǵın edi.

[35]Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.287.

Usı waqıtqa kelip bul qullar basqa jaqlarǵa qashıp ketpesten, miynet quralları hám kúsh-kólik zıyan jetkermesten, olardı asırap abaylap saqlap, kútip qaraytúǵın edi.

Shatırlı qullardıń ahwalı ápiwayı qullardıń ahwalına qaraǵanda ádewir jaqsı bolıwına qaramastan qullardıń táǵdiri burınǵıday óz xojayınlarınıń qollarında edi

Shańaraqlarda jasawshı qul iyeleriniń geypara bólimi óz qullarına ustaxanalar ashıp, ónermentshilik penen shuǵıllanıwlarına ruxsat bergen. Geypara qúllar kishi dúkanshalardı ashıp, kommerciya isleri menen shugıllanǵan. Óz miynetleriniń esabınan ádewir qarjı toplap alǵan qullar pul hám mal-múlkiniń ornına óz azatlıqların satıp alıp, erkin adamlarǵa aylanǵan.

Eramızdıń III ásiriniń birinshi yarımında Rim imperatorınıń ishki siyasatı. Rim jámiyetindegi húkimdar qatlamlardıń sociallıq qarama-qarsılıqları ásker hám senator imperatorları dep atalǵan qatlamlardıń gúresinde óz sáwleleniwin tabadı. Ásker imperatorları armiyadaǵı keń municipiya sheńberleriniń máplerin ańlatqan bolsa, senat imperatorı iri jer iyeleri bolǵan bay adamlardıń máplerin sáwlelendiretuǵın edi.

Eramızdıń 180-jıllar átirapında úsh erkek hám úsh hayaldan bir kamtarin topar Karfagen wálayatı hákimi aldında sudlaw ushın alıp kelindi. Olar xristian dinine isenimine dawagerlik etiwden hám Rim imperiyasi qudaylarına sıyınıwdan bas tartqan. Gubernator bunnan tásirlendi, sebebi onıń qudayı“ joqarı mártebeli imperatorimizdıń ruwhın qorǵaydı” dep bilgen[36].

Around 180 CE, a humble group of three men and three omen stood trial before the pro - vincial governor at Carthage. They claimed to be Christians, and their crime was refusal to orship the gods of the Roman Empire. The governor was unimpressed; his god was “the protecting spirit of our lord the emperor.”

Eramızdıń II ásiriniń aqırlarında Rim imperiyasınıń taxtın Severler dinastiyası iyeleydi (eramızdıń 193-235-jılları). Dinastiyanıń tiykarın salıwshı Septimiy Sever 193-211-jıllarda hákimiyat basında turadı. Ol óz armiyasın Franciya, Reyn hám Dunay jaǵalawı qáwimlerinen alınǵan jawıngerlerdiń esabınan kóbeytedi. Bul wálayatlardaǵı hasılzadalar Rimniń armiyası hám hákimiyattıń mákemelerinde joqarı lawazımlardı iyeleydi. Olar Rim puqarası huqıqın da aladı, armiyaǵa súyenip imperator hákimiyatın bekkemleydi. Septimiy hám onıń perzentleri dáwirinde senat hám senatorlardıń abıray-mártebesi túsip ketedi. Mámlekette ishki qarsılıq oǵada kúsheygen edi. Sonday dárejede bir-birine qarsılas bolǵan sociallıq kúshlerdiń barlıǵınıń kewilinen shıǵıwǵa urınıw eramızdıń III ásirinde imperatorlardı kóbinese apatlı halatlarǵa alıp kelgen. Dinastiyanıń sońǵı wákili Aleksandr (222-235-jıllar) saltanattıń ishki awhalın jaqsılaw ushın bir qatar ilajlardı kórgen. Ol shańaraqlarǵa ayırıqsha járdem kórsetedi. Salıqlardan túsken dáramatlardıń bir bólimin shańraq qurıwǵa hám kámbaǵal shańaraqlarǵa napaqa ishın ajıratadı. Finanslıq islerdi dúzetiw ushın hátteki óziniń jeke qárejetlerin de kemeytedi.

Aleksandr Sever qatlamlardıń parqın tikleydi hám iri jer iyeleri bolǵan aqsúyeklerge qarsı dushpanlıq siyasatınan bas tartıp ǵana qoymastan, al imperatordıń qaramaǵında bolǵan jerlerdiń kóp bólegin olardıń qaramaǵina bergen. Ol armiyanı járdemshi bólimler hám jergilikli miliciya otryadları menen tolıqtıradı hám jawıngerlerge shegara wálayatlarınan jer bólip bere baslaydı. Biraq Aleksandrdıń bul jańa ilajları turaqlı armiyanıń legionerleriniń kúshli narazılıǵın keltirip shıǵaradı. Sebebi olar bosatılǵanında jer alalmay qalıw qáwipi bar edi. Aleksandr Sever bir rawayatta veteranlar tárepinen óltirilgen dep aytılsa, basqa bir rawayatta láshker bası Maksiminniń jańadan alınǵan áskeri tárepinen óltirilgen delinedi.

**4. Rim saltanatında siyasiy krizistiń keskinlesiwi**. Aleksandr Sever óltirilgennen keyin askeriyler frakiyalı Maksimindi imperator dep járiyalaydı. Bul ásker imperator dep atalǵan imperatorlardan birinshisi edi.

---

[36] Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.281.

Senat hám de wálayatlardaǵı jeri bar hám minicipiya aqsúyekleri Maksiminniń siyasatına shólkemlesip qarsılıq kórsetedi. Puqaralar urısı baslanıp, imperator qaza bolıp, onıń basın Rimge alıp kelgeninde senat minnetdarshılıq ibadatın ótkeredi. Biraq senat tayınlaǵan imperatordıń siyasatı da municipiyalar sheńberinde kúshli narazılıqtı payda etedi.

Húkimdarlardıń bir-biri menen gúresip atırǵan toparlarınıń ortasındaǵı qarsılıqlardıń kúsheyip barıwına eramızdıń III ásiriniń 30-jıllarınıń ortalarınan baslanǵan siyasiy krizis sebep bolǵan edi. Senat, wálayatlar hám legionlar biriniń qolınan biri hákimiyattı tartıp alıp, imperatorlardı almastira bergen. 235-jıldan 284-jılǵa shekem Rim taxtına 19 imperator hám 30 dan artıq uzurpator kelip ketedi.

Rimdegi siyasiy túskinlik Rim armiyasınıń da hálsirewine alıp keledi.

Imperiyanıń átirapındaǵı qońsı mámleketler de Rimdi mensinbey qoyadı. Shıǵısta parsı áskerleri Mesopotamiya, Siriya, Kishi Aziyadaǵı qala hám awıllardı talan-taraj etedi. Eramızdıń III ásiriniń ortalarında Armeniya Rimniń tásirinen shıǵıp ketedi. Tez arada Antioxiyada qoldan ketken. Sormatlar, alanlar, dáslepki slavyan qáwimleri Orta teńizdiń jagalarına, Balkan hám Kishi Aziya wálayatlarına hújim etip, bil jerlerdi qıyratadı. Arqa Afrikada varvar qáwimleri Mavritaniya hám Numidiyanıń bir bólimin basıp aladı. Bul waqıyalar sol dáwirdiń adamlarına qırǵin bolıp tuyılǵan.

Oǵada qábiletli h’am bilimli adam bolǵan imperator Gallienniń (eramızdıń 253-268-jılları) Rim mam’leketin daǵdarıstan qutqarıw jolındaǵı urınıwları nátiyje bermeydi. III ásirdiń ortalarında Rim imperiyasında bólshekleniw júz bere baslaydı. Batısta Ispaniya, Galliya hám Britaniyanı óz ishine alǵan Galliya saltanatı dúziledi. III ásirdiń ekinshi yarımına kelip Sıǵısta Egipet hám Palmira mámleketleri bólinip shıǵadı. Solay etip, bir waqıtları quıdiretli bolǵan Rim imperiyası ıd’irap kete baslaydı.

Imperiyanın orayındaǵı túskinlik, qullar hám keń xalıq qatlamınıń eziliwi orınlarda izbe-iz ǵalabalıq háreketlerdiń baslanıwına sebep boladı. III ásirdiń ortalarında imperiyanıń kóp orınlarında qozǵalańlar kúsheyip baradı. Mavritaniya hám Numidiyadaǵı qozǵalanlar ayırıqsha qorqınıshlı tús aladı. Galliyadaǵı bagauzlar óz sárdarı Amand hám Elian basshılıǵında rimlilerge qarsi qozǵalań kóteredi. Olar atlı hám piyada askerler dúzip, bekkemlengen qalalardı basıp alǵan, aqsúyeklerdiń úylerin órtep, olardı óltirgen hám mal-múliklerin talan-taraj etken.

Rimniń ózinde de diyqanlar, ónermentler, kolonlar hám qullardıń qozǵalańları bolıp ótken. Keskin sawashlardiń nátiyjsinde bul qozǵalańlar Rim legionları tárepinen bastırılǵan.

**4. Imperiyanı qayta tiklew ushın gúres.** Saltanattaǵı awır jaǵdaylar, oraylıq hákimiyat hálsirep, siyasiy daǵdarıs dawam etip atırǵan bir sharayatta bastırıp kiyatırǵan kúshli xalıq háreketi tolqınınıń aldında hálsizlik etip atırǵan Rim jamiyetiniń húkimdar qatlamları ilajsız imperatordıń hákimayatı menen kelisimge keliwge májbúr boladı. Óz náwbetinde eramızdıń III ásiriniń aqırlarında imperiyani basqarǵan “áskerler” imperatorlarınan Arvelian (eramızdıń 270-275-jılları) hám Prob (eramızdıń 276-282-jılları) jer aristokratiyasınıń materiallıq mápleri menen esaplasa baslaydı hám jergilikli qáwimlerden ásker toplap olardı shegaradaǵı jerlerge jaylastıradı. Kelisimge keliw kóplegen qıyınshılıqlar menen bolsa da, wálayatlardaǵı separatizmdi sındırıwǵa, xalıq háreketin bastırıwǵa hám imperiyanıń birligin saqlap qalıwǵa erisiledi. Avrelian gotlardı Dunaydıń jaǵasındaǵı wálayatlardan quwıp jiberedi hám Italiyaǵa bastırıp kiriwge urınıp atırǵan allemanlardıń hújimleri de tabıslı túrde qaytarıladı.

Avrelian Rimdi dushpanlardan qorǵaw maqsetinde qalanı oǵada úlken qorgánnın diywalları menen orattıradı. Bul diywal házirge shekem az da bolsa saqlanǵan.

273-jılı Avrelian áskerleri shıǵıs separatistlik mámlekettiń orayı Palmiranı basıp alıp, bul bay qalanı qıyratadı. Seperatistlik Galliya mámleketiniń húkimdarı Tetrik bagaudlardıń keńeyip

ketken háreketinen seskenip, “qaterjamlıqtı tiklewshi” degen maqtanıshli dáreje alǵan. Avrelianǵa óz qálewi menen baǵınadı.

Avrelian imperiyanıń birligin saqlaw maqsetinde “Jeńilmes quyash” degen jańa ulıwma mámleket dinin engizip, hámmeniń usı qudayǵa sıyınıwın talap etedi. Bul dinniń máresimlerinen bas tartqan adamlar qastıyanshı dep esaplanıp, basqasha pikirlewshiler, solardıń qatarında xristianlar da qáwip hám jazaǵa duwshar etiledi. Sol sebepli Avrelian ózine kóp dushpan arttıradı hám 275-jılı qastıyanshılar tárepinen óltiriledi. Avreliannıń siyasatın Prob (276-282) dawam ettiredi. Ol Rim imperiyasınıń shegara qalaların tabıslı túrde qorǵawdı shólkemlestiredi. Biraq ol armiyanıń ishindegi tártipsizlikti jeńe almaydı, aqırında armiyanıń qatarında tártipti ornatıwǵa urınıp atırǵanda áskriyler tárepinen óltiriledi.

**Diokletian hám onıń reformaları**. Rim imperiyasınıń ishinde hám sırtında Probtıń óliminen keyin ózara gúresler hám kóterilisler jáne de háwij alıp ketedi. Germanlar hám basqa varvarlardıń alamanları mámlekettiń aymaǵına japırılıp kelip hújim baslaydı (kartaǵa qarań). Italiya hám wálayatlardaǵı áskerler, qul iyeleriniń tiykarǵı bólegi imperiyanı saqlap qalıwǵa júdá hám mápdar edi.

284-jılı jawıngerler imperator gvardiyasınıń sarkardası Diokletiandi imperatorlıq taxtqa otırǵızadı. Ol negizinde hasılzadalardan emes azat etilgen quldın balası edi. Aldın qatardaǵı ásker bolıp xizmet baslaǵan. Xızmeti boyınsha ózin kócetip, imperator saqshılarınıń baslıǵı etip tayınlanǵan. Ol oǵada úlken Rim imperiyasın bir ózi basqara almaslıǵın túsinip, ózine hákimlerdi tayınlaydı. Olardan biri Maksimian Galliyadaǵı bagautlardıń háreketin hám Afrikadaǵı mavritan qáwimleriniń qozǵalańların bastıradı. Diokletian hám onıń hákimlerinın hár biri belgili bir aymaqta imperatorlıq hákimiyatına iye bolǵan, ol jerde olardıń hár qaysısınıń óz sarayları bolǵan.

Diokletian dábdebeli máresimlerdi ádet etip, imperator hákimiyatınıń abırayın bekkemlewge háreket etken. Imperator menen sálemlesiwdiń ayırıqsha tártibi, yaǵnıy onıń álwan kiyiminiń etegin súyıw, dominus (úy iyesi) dep múrájáát etiw tártibi engizilgen. Diokletian ornatqan basqarıwdıń pútin sistemasi tariyxta “dominat” degen at alǵan. Ol júdá aqıllı hám ájayıp talant iyesi edi. Diokletian mámleketti ózi tayınlaǵan hámledarlar arqalı basqarıp, saltanatta saqalanıp kiyatırǵan respublikaǵa tán bolǵan hámeldarlıq lawazımların saplastıradı.

Dominanttıń siyasiy negizin eziwshi hákimiyat (monarxiya) hám rawajlanǵan byurokratiyalıq basqarıw apparatı quraǵan. Imperatordıń aytqanı hámme ushıń nızam bolıp esaplanar, “Izquwarlar” dep atalǵan kóplegen agentler Italiyada hám imperiyanıń wálayatlarında narazı bolǵan adamlarǵa kóz-qulaq bolıp júretuǵın edi. Diokletian ózin Yupiterdiń ulı dep járiyalaǵan. Ibadatxanalarda onıń háykelleri ornatılǵan. Ol armiyasın kóbeytiw hám kóterilisshilerge qarsı gúresiw maqsetinde varvar qáwimlerinen jallanba armiya dúzgen. Úlken armiyanı baǵıw ushın xalıqtan alınatuǵın salıqlardı kóbeytken. Imperator kóterilisshi jawıngerlerdi ayawsızlıq penen jazalap, armiyanıń ishindegi tártipti biraz bekkemlegen.

Diokletiannıń dáwirinde senat óz áhmiyetin joǵaltadı, biraq senatorlar xalıqtıń eń mártebeli qatlamı bolıp qala beredi. Ol qalanıń turmısın tiklew hám janlandırıw jumısına da ayırıqsha itibar beredi. Azıq-awqat ónimleriniń bahası artıp ketiwi sebepli júzege keliwi múmkin bolǵan kóterilislerdiń aldın alıw maqsetinde sociallıq qorǵaw sharaların islep shıǵıladı. 301-jılı tutınıw buyımlarınıń eń joqarı bahaları hám hár túrli miynetke tólenetuǵın haqılar haqqıda edikit shıǵarılǵan edi.

Imperiyanıń ishki birligin bekkemlew maqsetinde Diokletian birneshe reformalardı ótkeredi. Ol saltanattı 12 diocezke (úlke) bóledi hám al diocezler bolsa 114 walaytqa bólinip basqarıladı.

Salıq siyasatı da tártipke keltiriledi. Jan basına salıq penen birge jańa jer salıǵı engiziledi, bul salıqtıń kólemin belgilewde jer, jumıs kúshi hám úy haywanlarınıń sanı esapqa alınatuǵın edi.

Diokletiyanniń finans tarawındaǵı reforması nırq-bahanıń artıwın toqtata almaydı. Sebebi, aylanısqa shıǵárılǵan, tolıq qunına iye bolǵan pullar aylanıstan shıǵıp ketken edi.

Xalıqt'ıń ruwxıy birligin bekkemlew maqsetinde Diokletian monexeyshilik hám xristianlıqt'ı qadaǵan etip qoydı (303-jılı), biraq onıń xristianlıqtı qadaǵan etiw haqqındaǵı barlıq háreketleri zaya ketedi.

Diokletiannıń siyasatı Rim saltanatınıń shólkemin bekkemlewde járdem bergen bosa da, sociallıq-siyasiy krizis penen baylanıslı qarsılıqlardıń sheshimin taba almadı. Húkimetke degen alternativanıń (ásirese shıǵıs wálayatlarda) kúsheyip baratırǵanlıǵı Diokletiandı 305-jılı hákiyattan bas tartıwǵa májbúr etedi.

**Rim imperiyasiniń ekige bóliniwi.** Diokletian hám Maksimian 305-jil 1-mayinda hakimiyattan waz keshti.Taxttan waz keshken Diokletian Salonaǵa kóship barip gul hám paliz ónimin jetistiriw menen shuǵillandi. 313-jilda 68 jasinda qaytis boldi. Konstansiy I Xlor hám Galeriy imperatorlar dep jariya qilindi. Miyrasxorlar ortasinda taxt ushin gúres baslanip, bul gúreste

Diokletianniń járdemshilerinen biriniń uli Konstantin (306-337-jillar) jenip shiqti. Ol qarsilaslari menen bir neshe jil gúres alip barip Rim imperiyasiniń jalǵiz hukimdarina aylandi. Konstantin imperiyani 4 ke bóliniwin saqlap qaldi biraq basqariwin birew menen ten kóriw dizimin joq qildi. Endilikte imperiya bólimlerin oǵan bóysinatuǵin prefektlar basqardi.

Konstantin uzaqti kóre alatugin, aqılli siyasatshi edi. Ol 200 jildan berli taqib etilayotgan xristiyan dininiń kush-qudiretin mámleket hákimiyatin bekkemlewdegi zarur ornin ańlap jetti. Sol sebepli 313-jilda ol óziniń Milan edikti menen xristiyanliq dinin basqa dinlerge teńlastirdi. Sol waqittan baslap xristian shirkewi imperator hakimiyatiniń awqamshisi hám qorgawshisina aylandi[37].

Crucial in spurring Christianity's eastward expansion was the transformative experience of a man named Constantine (c. 280– 337CE). Born near the Danubian frontier, he belonged to a class of professional soldiers whose careers took them far from the Mediterranean. His troops proclaimed him emperor after the death of his father, the emperor Constantius. It was a time of political confusion when several claimants fought for power. In 312 CE, Constantine's armies closed in on Rome in his first bid to rule the Mediterranean heartlands.

### Bekkemlew ushın sorawlar

1. Trayannıń sıtqı siyasatı qanday maqsetlerdi gózlegen edi?
2. Adriannıń dáwirinde qorǵanıw siyasatına ótiwdiń faktorları nelerden ibarat?
3. Antonin Piydiń dáwiri "Altın dáwir" dep atalawın ne ushın shártli ráwishte qabıllaw múmkin?
4. Qanday siyasat imperator Kommodtı apatqa jetekleytuǵın edi?
5. Rim imperiyasında eramızdıń II ásiriniń aqırınan baslanǵan ekonomikalıq túskinliktiń siyasiy, sociallıq sebepleri nede?
6. Aleksandr Sever qatlamlar menen qanday siyasat alıp baradı?
7. Rim húkimdarı Diokletiannıń dominant tártibiniń minnettin túsindirip beriń?

## Lekciya № 16
## Tema: Batıs Rim imperiyasınıń qulawı.

---
[37] Worlds Together,Worlds Apart.W.W. Norton.& COMPANY.New York. London. 2011, p.68.

**Joba:**

1. Konstantinniń imperatorlıq taxtına shıǵıwı.
2. Xristiyan dininiń húkimdar dinge aylanıwı.
3. Xristialardıń kórkem óner esteliklerin qıyratıwı hám ilimdi qısımǵa alıwları.
4. Imperiyada awhalınıń awırlasıwı

**Tayanısh sózler**: Diokletian, Konstantin, xristian dini, Isa, germanlar, gotlar, Feadosiy, Konstantinopol, varvarlar, vandalizm, xunnlar, Ganoriy, Arkadioy, Romul Avgustil, Odoakr, Attila, Stilixon, Pontiy Pilat, Ioniy, Italiya, Ispaniya, Vizantiya.

**1. Konstantinniń imperatorlıq taxtına shıǵıwı**. Diokletian hákimiyattan bas tartqanınan soń imperator taxtın iyelew ushıń jána qanlı gúresler baslanıp ketti. Bul gúreslerde sezarlardıń biriniń ulı Konstantin (306-337-jıllar) jeńip shıgadı. Ol óziniń iskerligin shıǵıs wálayatlardaǵı hasılzadalar hám áskeriylerge tayanıp is alıp baradı. Konstantin húkimetti basıp alıw hám qolda saqlap qalıwda hesh nárseden qaytpaǵan, ishken antın buzǵan, ózine awqamlas bolmaǵanlardı kerek bolsa qıyanetshilik penen óltirgen. Hátteki ol, balam meniń taxtindi iyelep almaqshı" dep oni da óltiriwdi buyırǵan.

Bul bir neshe talabanlar hákimiyat ushın oʻz ara kúsh sinasqan, siyasıy bólshekleniw bolǵan bir dáwirde júz bergen. Yaǵnıy eramızdıń 312-jılda Konstantin armiyası Orta Jer teńiziniń júreginle hukimdarlıq etiw ushın birinshi áskeriy háreketlerdi Rimde jasırın halda baslandı[38].

It was a time of political confusion when several claimants fought for power. In 312 CE, Constantine's armies closed in on Rome in his first bid to rule the Mediterranean heartlands.

Konstantin qullarǵa hám kolonlarǵa oǵada ayawsız bolıp, ol úlken jer iyelerin jumıs kúshi menen támiyinlew ushın qullar hám kolonlardıń olardıń jerinen qashıp ketiwin qadaǵan etip qoyadı. Qashıp ketken kolon uslap alınsa, kisenge salınıp xojayınnıń qolına tapsırıw' tártibin ornatadı. Bunda óz xojayınınan qashıp ketken qul uslap alınsa, ol qamshı, dúrre menen ólgenshe sabalıp hám kisenge salınatuǵın edi. Imperator ustaxana, kárxana hám kánlerde islewshi jumısshı-xızmetkerlerdiń denesine qullar sıyaqlı tamǵa basıwdı buyıradı.

Konstantin dáwirinde xalıqqa salınatuǵın salıqlardıń muǵdarı arttırıladı. Salıq tólewden bas tartqan yaki onı tólewge qúdireti jetpegen adamlar tayaqlanatuǵın, puqaralardıń bir qaladan basqasına kóshiwi qadaǵan etilgen edi.

**2. Xristian dininiń húkimdar dinge aylanıwı**. Imperator Konstantin tek qattı qollıq, zulımlıq penen ǵana xalıqtı baǵındırıp' uslap turıw múmkin ekenligin túsinetuǵın edi. Ol din salasında reforma ótkerip, imperiyanıń aymaǵında xristian dininiń tarqalıwı ushın imkaniyat jaratadı hám de keń xalıq qatlamın baǵınıshlılıqta uslap turıw ushın bul dinniń járdem beretuǵınıń jaqsı ańlaǵan edi.

Xristian dini hám shirkewleri kambaǵallar hám qullarga úlken ruwxıy tásir kórsetken hám olarǵa "Isa krestine kerilip shegelep taslanǵan, azap-uqıbetlerge sabır-taqatta bolǵan hám sizge de sabır-taqatta bolıwdı buyırǵan. Bunıń esesine siz o dúnyada jánnette ráhát kóresiz. Imperatordıń húkimetin qudaydıń ózi úyrengen. Qullar, óz xojayınlarıńzǵa hár tárepleme baǵınıńız", dep tálim beretuǵın edi.

Konstantin 313-jılı xristianlardıń áshkara túrde toplanıwlarına hám ibadat etiwlerine ruxsat beredi. Sol waqıttan baslap imperator hám basqa qul iyeleri xristian shirkewine saqıylıq penen jer, pul hám qımbat bahalı nárseler inam etip baradı. Saltanat qala hám awıllarda kóplegen

---

[38] Worlds Together,WorldsApart.W.W. Norton.&COMPANY.New York. London. 2011, p.289.

ibadatxanalar qurılıp, xristian dininniń húrmetlewshileri barǵan sayın artıp baradı. Ibadatxananıń qaramaǵındaǵı júdá kóp baylıqlar toplanadı. Imperator Konstantin xristian dininiń ǵamxorhısına aylanadı, al shirkew bolsa onı áwliye dep jáiyalaydı.

**Saltanat paytaxtınıń kóshiriliwi**. Imperator Konstantin Bosfor buǵazınıń jaǵasında Vizantiyadaǵı greklerdiń koloniyasınıń ornında jańa paytaxttı quradı. Imperator bul qalanı óziniń atı menen Konstantin qalası – Konstantinopol dep ataǵan. Bul paytaxt shıǵıstaǵı sawda-satıq penen baylanısli jergilikli aqsúyeklerdin siyasiy hám ekonomikalıq orayı bolıp qalǵan. Qala on jıl dawamında qurıladı. 330-jılı imperiyanıń paytaxtı Rimnen Konstantinopolǵa kóshiriledi. Bul jerde oǵada úlken imaratlar: imperator sarayı, kóshkiler, kipatxana, hám úlken atshabar (ippodrom) maydanı tiklenedi. Konstantinopoldı tiklewde siyasiy maqsetler de kózde tutılǵan: birinshiden, jańa paytaxt Bosforda strategiyalıq jaqtan tayanısh punkti bolǵan. Ekinshiden, onıń tikleniwi menen imperiyanıń hákimshilik salasındaǵı reforması tamamlanǵan, nátiyjede Italiya menen Rim basqarıw sistemasındaǵı tártipli mártebesin joǵaltqan. Shıǵıs bolsa, óziniń ekonomikalıq, jámiyetlik-siyasiy hám diniy ózgeshelikleri menen saltanattıń Batısı menen teńdey mártebege iye bolǵan.

325-jılda Konstantin (280-337-jıllar) shıǵıs wálayatlar ústinen sońǵı jeńisli júrisinen soń, Nikeya (házirgi Turkiya aymaǵındaǵı Iznik)ǵa barlıq yepiskoplarni shaqirdi. Olardıń dini kóp mazhab shıqarǵan bo‘lsa-da, barlıq masihiyler Nikeya Keńesinde ele de o‘z-ara qatnasıqta bolǵan. Imanı bir aqida menen sáwlelengen (latınshadan “men isenemen”)[39].

In 325CE, Constantine celebrated his final conquest of the eastern provinces by summoning all the bishops to Nicaea (modern Iznik in western Turkey). Though their religion has since produced many denominations, all Christians still regard the Council of Nicaea as the foundational moment when their faith was summed up in acreed(from the Latincredo,“I believe”).

**3. Xristianlardıń kórkem óner esteliklerin qıyratıwı hám ilimdi qısımǵa alıwları**. Saltanat húkimdarlarınıń qollap-quwatlawı nátiyjesinde xristianlıq keńnen jayılıp kúshke kirip baradı. Sonnan baslap, shın berilgen xristianlar ibadatxanalardı qıyratıp, ondaǵı áyyemgi qudaylardıń háykellerin sındırıp taslaydı. Buzılmay qalǵan ibadatxanalarǵa bolsa xristian shirkewleri jaylastırıladı. Mine usınday qıyratıwshılıq orayında júdá kóplep kórkem óner estelikleri, ilim-pán, mádeniyat dúrdanaları joq etip taslandı. Eramızdıń IV ásiriniń aqırına kelip bolsa Zevske baǵıshlanǵan Olimpiada oyınları qadaǵan etip qoyıladı.

Xristianlar ilim-pánge qarsı gúres baslaydı. Olar Iskanderiyadaǵı dańqlı kitapxananıń kóplegen qol jazba shıǵarmaların órtep, basqa qalalardaǵı kitaplardı da joq etip jibergen. Sol dáwirdiń kóplegen ataqlı alımları qiwǵın etilgen, olardıń geyparaları óltirilgen yaki óz watanlarınan súrgin etilgen. Iskandariyanıń kóshelerinde shın berilgen xristian alamanı sol dáwirdiń ataqlı alımları Ipatiyanı shawıp, denesin tilkim-tilkim qılıp taslaǵan. Ol ilim-pánniń jolında qurban bolǵan shın berilgen xristianlardıń qolında jawızlarsha óltirilgen dáslepki hayallardan biri edi.

**IV ásirde ǵalabalıq háreketlerdiń háwij alıwı**. Rim imperiyasınıń eramızdıń IV ásirdegi tariyxı ǵalabalıq háreketlerdiń ótken ásirlerge qaraǵanda kóleminiń keńligi hám qorqınıshlılıǵı menen sıpatlanadı. Rim hasılzadaları hám áskeriy ásker basılarınan jábir-japa shekken kámbaǵal diyqanlar, kolonlar hám qullar tolqınlanıp bas kótergen. Bunday háreketler tek Rimde yaki Italiyada ǵana emes, al shetki úlkelerde de júz bergen. Eramızdın IV ásiriniń 30-40-jıllarında Nimidiyada, al 70-jıllarda bolsa Arqa Afrikada Mavritaniyada oǵada úlken qozǵalańlar bolıp ótti. Bul qozǵalańlar Rim legionları tárepinen ayawsızlıq penen bastırıladı. Ay’ne waqıtta

---

[39]Worlds Together,WorldsApart.W.W. Norton.&COMPANY.New York. London. 2011, p.291.

Galliyada bogouzlardıń hárketi qórqınıshlı kólemge iye bolǵan, úzliksiz tús alǵan. Bul háreket III ásirde baslanıp, V ásirge shekem shama menen 200 jıl dawam etedi. Bul háreket Ispaniyaǵa da jayılǵan. Bul háreker Rimniń jallanba armiyası járdeminde barǵan sayın úlken qıyınshılıqlar menen bastırıladı.

Nubiya hám Efiopiyada uqsas úlgi (namuna) júzege kelgen, sebebi hár bir adam oʻziniń jeke ssenariysin hám tilin xristian dini tásiri astında islep shıqqan. Mesopatamiya, Suriyanıń Antiox tárepinen qosıp alınǵan ligisomiylerdiń aramey jazıwı xristian dininiń tiykarǵı tiline aylandı. Xristianlik dini shıǵısta Gruziya, Armaniston hám Kavkaz tárepinen jáne keńeydi. Xristian ruwhaniyleri bul aymaqlarda házir de paydalanatuǵın jazıw tilin jaratqan[40].

A similar pattern unfolded in Nubia and Ethiopia, as each developed its own scripts and language under Christian influence. And in the crucial corridor that joined Antioch to Mesopotamia, Syriac, an offshoot of the Semitic language Aramaic, became a major Christian language. Christianity also spread farther east, to Georgia in the Caucasus and to Armenia. Christian clergy created the written languages that are still used in those regions.

Eramızdıń IV ásiriniń ekinshi yarımında Rim saltanatındaǵı sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy krizisli processler Rim, Konstantinopol, Antioxiya, Iskanderiya hám saltanattıń basqa qalalarında tez-tez bolıp turǵan kóretilis hám qozǵalańlarda kórinedi. IV ásirdiń 60-70-jıllarında Rim saltanatınıń shıǵıs wálayatları – Kishi Aziya, Balkan yarım atawı hám Konstantinopol qalalarında da ǵalabalıq háreketler keń háwij alıp ketedi. Sonı da ayırıqsha aytıp ótiw kerek, hárekettiń bir bólimi Rim imperiyasına qarsı milliy azatlıq urısları bolıp, bunday háreketlerde jergilikli joqarı qatlam wákilleri de belsene qatnasqan. Bul ǵalabalıq háreketler Rim imperiyasınıń krizisinen derek beretuǵın edi.

**Imperiyada awhaldıń awırlasıwı**. Rim saltanatında IV ásirdiń ortalarınan baslap ahwal barǵan sayın jamanlasıw menen joqarı hákimiyat ushın gúres kúsheyip, paraxorlıq, mámleket múlkin talan-taraj etiw háwijine shıǵadı. Rim armiyasında tártiptiń bosasıp ketiwinen, sırttan bolatuǵın hújimlerden saltanattı qorǵaw isine úlken zıyanın tiygizedi. Bul dáwirge kelip iranlılar imperiyanıń shıǵıs aymaqlarına bastırıp kirip, qala hám awıllardı talap, qıyratıp kete baslaydı. Arqa Afrikada mavrlar, Batıs Evropada Reynniń arjaǵındaǵı frak hám basqa qáwimler de imperiyaǵa hújim baslaǵan. Italiyada sol waqıtta xalıqtıń tómengi qatlamlarınıń narazılıǵı barǵan sayın kúsheyip, imperiya hár tárepten qısqıǵa alıp kiyatırǵan dushpan qısımına qalǵan edi.

Saltanattıń arqası hám arqa-sh’ǵısındaǵı varvar qáwimleri awqam bolıp sheǵara qorǵanlarına tez-tezden hújim uyımlastıra baslaydı. Imperetorlar bolsa varvarlardıń hújiminen azat bolıw ushın olarǵa kóp muǵdarda altın hám qımbar bahalı buyımlar beretuǵın yaki úlken pul esabınan basqa jawınger qáwimlerdiń áskerlerin jallap óz shegaraların, aymaqların qorǵawǵa májbúr edi. Barǵan sayın artıp baratırǵan bul qarjılardı imperiyanıń miynetkesh xalqınıń moynına júklewleri, imperiyadaǵı ulıwma social-ekonomikalıq ahwaldı awırlastırǵan edi.

**Gotlardıń Rim saltanatına bastırıp kiriwleri**. Eramızd’ın IV ásiriniń ekinshi yarımında Kaspiy jaǵasınıń oypatlarında kóship júrgen xunn qáwimleri Volga dáryasın kesip ótip, Evropaǵa bastırıp kiredi. Xunnlardiń bul aymaqqa bastırıp kiriwlerinen 100 jıl aldın gotlar atı menen ataqlı bolǵan german qáwimleri Skandinaviyadan Qara teńizdiń arqa tárepindegi jerlerge kelip ornalasqan edi. Xunlar batısqa pát penen jıljıp barar eken, gotlardıń ostgotlar dep atalıwshı batıs bólegi xunnlardıń kúshli soqqılarına shıdam bere almastan Dunay dáryasınıń boyına sheginiwge májbúr bolıp Rim imperatorı Valitten qáwipsizlew kóringen Meziya hám Frakiyaǵa ótip jaylasıwǵa ruxsat soraydı. On mıńlaǵan gotlardıń bala-shaǵaları qayıqlar hám sallarda

[40]Worlds Together,WorldsApart.W.W. Norton.&COMPANY.New York. London. 2011, p.291.

Dunay dáryasınıń óń jaǵasına keship óte baslaydı. Úlken dáryanı keship ótiw waqtında júdá kóp adamlar nabıt boladı. Gotlar dáryadan ótip Meziya hám Frakiya boylap jaylasadı. Imperatordıń adamları gotlardı azıq-awqat penen támiyinlewdi óz moyınlarına aladı. Biraq olar óz wádelerin orınlay almaǵanlıqları sebepli gotlardıń ortasında ashlıq baslanadı. Rim hámeldarları bunnan paydalanıp gotlarǵa azıq-awqat ónimlerin joqarı bahada satadı yaki olardı qımbat bahalı biyımlarǵa, hátteki qullarǵa hám balalarǵa almastırǵan. Gotlar tariyxshısı Iordannıń aytıwı boyınsha qálegen bir quldı bir nanǵa yaki on paysa shamasındáǵı mal góshine satqan. Keyin ala gotlar ózlerin bir urtlam mazasız vinoǵa, bir túyir nanǵa qul etip satıwǵa májbúr bolǵan. Gotlardıń qáhári, ǵázepleri qozǵalańǵa aylanıp ketti. Friteyfern menen Alaviva qozǵalańǵa basshılıq etedi. Qozgalańshılarǵa gotlardıń qul etip satılǵan qáwimlesleri jergilikli kolonlar, kán jumısshıları dárhál qosıladı. Olar biytanıs orınlarda qozǵalańshılarǵa jol baslap, jasırılǵan ǵalle uraların, baylardıń jasırın jayların kórsetip, ózlerin tutıp bergen.

Gá ol tárep, gá bul táreptiń qáwimleriniń jeńisi menen tamamlanǵan birneshe urıstan keyin imperator Valit Rim armiyasınıń eń jaqsı bólimlerine bas bolıp, qozǵalańshılarǵa qarsı atlanadı. 378-jılı Adrianopoldıń janında sawash bolıp, bul jerde Rim áskerleri qıyratıladı. 35 tribun-siyasatshi hám de Valittiń ozi nabıt boladi. Fritegern varvar qáwimlerinen úlken birlespeni dúzıp, awqamǵa xunn hám alan qáwimlerin de tartqan edi. Onıń armiyası pútkil Balkan yarım atawın basıp alıp, Konstantinopolǵa jaqınlasıp qaladı. Sol waqıtta german qawimleri bolǵan allemanlar Galliyaga bastirıp kiredi. Imperator dep járiyalanǵan láshker bası Feodosiya gotlar menen pitim dúziwge májbúr boladı. Gotlar rimlilerdiń armiyasında xızmet etiw minnetlerin aladı. Gotlardıń imperiyada jaylasıwı saltanat ushın da qáwipli edi. IV ásirdiń aqırında basqa varvar qáwimleri de Rimniń shegarasına jaqınlasıp, olarǵa qáwip sala baslaǵan. Úlken baylıq beriw esabınan rimliler olar menen shártnama dúzip, olardan jallanba ásker sıpatında paydalanǵan. Kóp ótpesten imperatordıń sarayı hám armiyasındaǵı mártebeli orınlardı varvar aqsúyekleri hám áskeriyleri iyelep ala baslaydı.

**Imperiyanıń bólinip ketiwi. Gotlardıń Italiyaǵa bastirıp kiriwleri**. Rim saltanatınıń varvarlasıwı wálayatlarda separatshılıq háreketlerin jáne de kúsheytti, húkimdar sheńberleri ishinde qarsılıqlardı tereńlestiredi hám imperiyanıń bólinip ketiwine imkan jarattı.

Imperator Feodosiy I (379-335) kóp kúsh jumsap, saltanattıń batıs bóleginde óz hákimiyatın zorǵa tiklep aladı. Onıń óliminen keyin imperiya paytaxtı Konstantinopol qalası bolǵan shıǵıs bólimge hám aldın paytaxtı Mediolan, al sońınan Ravenna bolǵan batıs bólimge bólinip ketedi. Feodosiy I diń ulları – Ganoriy batısta, Arkadiy shıǵısta imperator edi. Saltanattıń bólinip ketiwi onı jáne de hálsiretip jiberedi. Usı sebepler menen Batıs saltanattıń kóp orınlarında qozǵalańlar baslanıp ketedi. Imperiyanıń hár eki bólimide de varvar hasılzadaları hám áskeriyleriniń tásiri kúsheyip baradı.

Saltanattıń hálsirewinen paydalanǵan gotlar Italiyaǵa úsh ret hújim jasaydı. Olardıń Italiyaǵa birinshi hújimi 402-jılı bolǵan edi. Biraq vandal sárkardası Stilixon basshılıǵındaǵı Rim áskerleri gotlardıń hújimin qaytarǵan. Tez arada Stilixon armiyasınıń ádewir bólegi oǵan qarsı bas kótergen al ulı menen birge (408-jılı) óltiriledi.

Stilixon óltirilgennen keyin varvarlarǵa qarsı partiya kúsheyip ketip, Alarix penen dúzilgen pitim shártnaması biykar etiledi. Sonnan keyin vestgotlar jáne Italiyaǵa bastirıp kirip, 408-jılı Rimdi qorshap aladı. Rimdi qorshaw waqtında Alarixtiń talabı menen vestgotlarǵa 40 mıń qul azat etip berildi, sonıń menen birge úlken tólem tóledi.

Biraq 410-jılı Alarix óz áskerleri menen jáne Rimge jaqınlasıp keledi. Ápsanaǵa qaraǵanda qullar Rimniń dárwazasın ashıp qoyıp, vestgotlardı qalaǵa kirgizgen. Varvarlar hám olarǵa qosılǵan qullar úsh kún dawamında qalanı talaǵan, soń Italiyanıń qublasına jol alǵan. Olar orta hám qubla Italiya qalalariń talap qıyratqan. Alarix Britaniyada tosattan ólip qaladı. Vestgotlar

Alarixtiń denesin júdá kóp ǵaziyne menen dáryanıń ultanına jerleydi, ózleri miyrasxor Ataulftıń basshılıǵında Rimge qaytıp ketip onı jáne sıp-sıydam etip talap ketedi. Olar Rimnen qublaǵa, Galliya hám Ispaniyaǵa jol aladı. Rim húkimeti Ataulftıń júrisine tosqınlıq etpeydi hám onıń Galliya menen Ispaniyanı basıp alıwına tán beredi. Vestgotlar 418-jılı Ispaniyada Vestgot karolligin dúzedi.

Italiyaǵa vestgotlar bastirıp kirip Rimdi baǵındırǵannan soń ámeldegi batıs imperiyanıń ómiri pitken edi. Batıs Rim imperiyasınıń qaramaǵındaǵı úlkeler biriniń izinen biri onıń tásirinen shıǵıp kete basladı.

**Xunnlar hám vandallar basqınshılıǵı**. **Batıs Rim imperiyasınıń saplastırılıwı.** Bul waqıtta Shıǵıs tárepten jáne bir jańa qáwip payda bolǵan edi. Attila birlestirgen xunnlar hám basqa qáwimlerdiń basqınshı áskerleri "qar boranı"nday Evropaǵa japırılıp kiredi. Bul áskerler ózleriniń qáhariniń qattılıǵı hám jawızlıqları menen kontinenttiń xalqın qorqınıshqa túsirdi. Shıǵıs imperiyanıń húkimdarı Attilaǵa kóp muǵdarda altın berip, xunnlardıń hújiminen saqlanip qaladı. Bunnan soń xunnlar Galliya jerlerine shekem bastırıp kiredi. Batıs imperiyanıń talantlı sárkardası varvarlardıń urıstı alıp barıw usıllarınan jaqsı xabardar bolǵan, patriciy Aeciy Attilaǵa qarsı óziniń siyasatshılıq sheberligin iske salıp imperiyanıń ázeliy dushpanları bolǵan vestgotlar, franklar, sarmatlar, burgundlar, saklar, alanlar hám basqa qáwimlerdi de xunnlarǵa qarsı awqamǵa tartadı. 451-jılı házirgi Franciyanıń Luara dáryasınıń artındaǵı oraylıq rayonda jaylasqan Katalaun maydanında awqamlaslar menen xunnlardıń ortasında keskin shawash boladı. Xunnlar maydandı taslap, óz lagerlerine sheginedi. Biraq xunnlarǵa qarsı awqam usınnan keyin kóp ótpesten tarqalıp ketedi.

Attilla áskerleri 452-jılı Italiyaǵa bastırıp kirip, onıń arqa táreptegi qalaların talap, Dunay dáryasınıń arjaǵındaǵı wálayatlarǵa qaytıp ketedi. 458-jılı Attila ólgennen soń oǵan baǵınǵan qáwimler qozǵalań kóteredi hám usılay etip xunnlar awqamınıń ómiri pitedi.

429-jılda Ispaniyanı iyelegen vandallar hám alanlar Gibraltar buǵazı arqalı arqa Afrikaǵa kóship ótken edi. Olar 439-jılı paytaxtı Karfagen bolǵan Alan-Vandal patshalıǵın dúzedi.

Rim imperator sarayında partiyalardıń gúresi dawam etip atırǵan bir payıtta 455-jılı Rimdi vandallar júdá qattı talaydı. Vandallardıń Rimge bolǵan bul basqınshılıǵı kóp waqıtlarǵa shekem xalıqtıń yadında saqlanǵan.

Rim óziniń tariyxında bunday dárejede qiyralıwǵa ushıramaǵan edi. Vandallardıń Rimdi qıyratıwınıń aqıbetinde payda bolǵan "vandalizm" sózi adamzat jaratqan materiallıq hám ruwxıy baylıqlardı buzıp joq etiw mánisin bildiredi.

476-jılı german qáwimleri Rimdegi jallanba armiyanıń sarkardası Odoakr Batıs Rim saltanatınıń sońǵı imperatorı 15 jasar Romul Avgustildı taxttan awdarıp taslaydı. Germanlar óz láshker bası Odoakrdı imperator dep járiyalaydı. Olar imperator dárejesi nıshanın shıǵıs saltanattıń paytaxtı Konstantinopolǵa berip jiberedi. Sonıń menen Batis Rim imperiyasınıń tek sayasın saqlap qalıw jolındaǵı urıniwları da saplastırıladı. Burın oǵan baǵınıshlı úlkeler, wálayatlarda ǵárezsiz patshalıqlar hám mámleketler payda boladı. Batıs Rim imperiyasınıń ishindegi keskin qarama-qarsılıqlar, varvar qáwimleriniń toqtawsız qırǵın keltiriwshi hújimleri imperiyanı nabıt bolıwǵa alıp kelgen edi. Batıs Rim saltanatınıń nabıt bolıwı menen adamzat tariyxındadaǵı áyyemgi dáwir óz juwmaǵına jetedi.

**Áyyemǵi Rim mádeniyati.** Áyyemgi Rim mádeniyati áyyemgi dúnya mádeniyatiniń eń jetik mádeniyatlariniń biri.Ol óziniń hár tárepleme rawajlanǵan tarawlari boyinsha Egipet,Mesopotamiya, Greciya mádeniyatinin da ústin keledi. Dúnya mádeniyatin Áyyemgi Rim mádeniyatisiz kóz aldimizǵa keltirsek, ol anaǵurlim gózzalliqlarin joytqan bolar edi.

Áyyemgi Rim  úlken imperiyaǵa aylanǵannan soń, ózinen burinlaw qáliplesken mádeniyatlardiń jetiskenliklerin qabil etip, jáne de ózine tán aralas hám qaytalanbas mádeniyatqa iye boldi.Bunda tek italiya xalqiniń emes, al basqa imperiya xaliqlariniń da úlesi bar.

Rim mádeniyati arxitektura, tálim-pán hám ilimiy bilimler tarawlarinda óziniń joqarǵi shińina kóterildi.Bul tarawlardiń qáliplesiwinde ásirese grek mádeniyatiniń tásiri úlken boldi.rim mádeniyati tiykarinan grek mádeniyati tásirinde qáliplesti. Hár qiyli arxeologialiq izleniwler dawaminda tabilǵan jazba hám materialliq derekler bul mádeniyattiń ayqin dáliyli edi.

**Rim arxitekturasi, músinshilik, súwretlew óneri.** Arxitektura. Rim arxitekturasi áyyemgi dúnyaniń eń rawajlanǵan arxitekturalarinan biri. Bul jerde arxitekturaliq imaratlardan qalaliq forumlar, xram, saraylar, triumfal arkleri, amfiteatr, akveduklar jetik tarawǵa aylanǵan. Rimliler grek arxitekturasiniń prinsiplerin qayta islegen hám ózine tán formaǵa iye bolǵan. B.e.sh II ásirden Rimliler qurilista betondi islete baslaǵan. Neron dáwirinde Rimge ot ketip 14 rayonnan 10i aǵash úyler sebepli janip ketken. Soń Neron kóshelerdi keń qilip, tas úyler saltanatli imperator saraylarin qurdiradi.

Arxiteturaliq usillardan tiykarinan úsh usil bolǵan: korinf, ioniy doriy. Jáne bulardiń qosilispasi retinde aralas usil da payda bolǵan. Bul usillar bir-birinen tiykarinan ústinleriniń formalari arqali ajiralip turǵan.

Arxitekturaliq imaratlar tiykarinan Rim qalasiniń belgili 7 tóbeliginen biri Kapitoliyde kóplep ushirasadi. Bul jerde Yupiter ibadatxanasi, Trofei Mario esteligi jaylasqan. Kapitoliy Rim qalasinińmádeniy orayilariniń biri dep esaplanadi. Bul jerde jáne Mark Avreliydiń atli háykeli de saqlanǵan. Bul tóbelikti XVI ásirde Mikelandjelo qayta tikleydi. Kapitoliyde  b.e.sh VII ásirde Anka Marsiya tárepinen qurilǵan Rimdegi eń eski tyurma Tolinskiy jaylasqan. Uris aldinan usi tóbelikte qurbanliqlar bolǵan.

Bul 7 tóbelikten eń úlkeni hám saltanatlisi – Palatin Xill tóbeligi de ayriqsha diqqatqa ilayiq. Bul tóbelik b.e.sh X ásirde payda bolǵan. Usi jerden Romul qala quriwǵa qarar etken. Rim imperiyasi da usi jerden baslanǵan. Pútkil tóbelik imperator saraylari menen qaplanǵan. Bul jerde Kolizey, Romanus forumi, Maksimus sirki jaylasqan.

**Forum –** qala orayi esaplanǵan, Greciyaniń agorasi menen teń bolǵan. Mádeniy turmistiń orayi esaplanǵan. Eń basli forum Romanus forumi esaplanadi.

**Kolizey** - Rim arxitekturasiniń simvoli. Kolizey (latinsha úlken) 70-72-jillari imperator Vespasiyan tárepinen qurilip baslanǵan. Quriliśti oniń miyrasxori Tit Flaviy 80-jili tamamlaǵan. 1349-jili joqari qubla tárepi jer silkiniwinen qulap túsken. 48 m biyiklikke iye bolip, bunda spektakller, gladiyator oyinlari, ań awlaw, keme sawashlari ótkerilgen. Bul jerde 500 miń adam, millionnan aslam jabayi haywan óltirilgen. Kolizeydiń ulliliǵi  oniń kúshli jer silkiniwlerge shidam beretuǵin dárejede qurilǵaninda edi. Ol ózine 50 mińnan aslam adamdi siydirǵan. Ibadatxanalar ishinde eń belgilisi – Panteon (grekshe bárshe qudaylar ibadatxanasi) bolip esaplanadi. Bul ibadatxana imperiyaniń barliq xaliqlariniń birligi ideyasi sipatinda qurilǵan. Bul jerde hár bir xaliq ózleriniń qudaylarina siyinǵan. 118-125-jillarda qurilǵan diametri 43 m bolǵan.

**Akveduklar** - bular ózine tán suw quwirlari (vodoprovodlar) bolip esaplanadi. Bul da Rimlilerdiń oylap tabiwi bolip, qalaǵa suw ákeliwin ańsatlastirǵan. Bunday akveduklar Qubla Amerikadaǵi mayya. atsteklerde de qurilǵan. Uliwma 11 akveduk bolip, ekewi házirgi kúnde de islep turipti.

Birinshi akveduk b.e.sh 312-jili qurilǵan. Arl’daǵi akveduk I-IV ásirdegi basli akveduk bolǵan. Jáne I ásirde qurilǵan Frantsiyaniń Aveniyon qalasindaǵi Pon-diu-kar akvedukinda diqqatqa ilayiq.

**Termler** qurilisi da belgili orindi iyeleydi. Termler bul Rim xalqiniń dem aliw orinlari bolip, ol jerde basseyn menen bir qatarda, kitapxanalar, sport jarislari, kewil ashar oyinlari ótkizilgen. Uliwma 1700 term bolǵan. Solardan eń saltanatlisi 12 ga maydanǵa iye, III ásirdegi Karakalla termi edi. Ol ózine 1300 adamdi siydirǵan.

**Jollar qurilisi** Rimde joqari bolǵan. Uliwma 80 miń km uzinliqtaǵi 372 tas joli bolǵan. Olardiń kópshiligi elede jaqsi saqlanǵan. B.esh 312-jili Klavdiy Seke dáwirinde birinshi ret tas tóselgen, «Appiy joli» qurilǵan.

**Súwretshilikte** Rimde jaqsi rawajlanǵan. Rimliler súwretshiliktiń tiykarlarin etrusklardan ózlestirgen. Imperatorlar, hasilzadalar, bay ámeldarlardiń súwretleri jetik úlgi sipatinda saray diywallarinda saqlanip qalǵan.

Súwretshilikte tiykarinan freska, mozayka, ikona tarawlari rawajlanǵan.

**Mozaika**- (frans.mosaique-muzalarǵa baǵishlanǵan) bir qiyli yaki hár túrli shiyki zat (tas,aǵash,mramor,metall) b óleklerinen islengen súwret.

**Freska**- (ital.- jańa) izǵar sibaw ústine reńli etip islengen súwret.

**Ikona**- (grekshe eikon-súwret) xristian dinine tán dindarlar siyinatuǵin, shoqinatuǵin Isa, Bibi Maryam hám áwliyelerdiń reńli yaki bórtilgen súwreti. Diniy ikonalardiń eń áyyemgisi II ásirge tiyisli, IV ásirden bul taraw rawajlanadi.

**Músinshilik.** Rim músinshiligi grekler tásirinde rawajlansada ózine tán ayirmashiliqlari bar. Grekler adamlardi ideal, kemshiliklerin jasirip súwretlese, rimliler olardi barliǵinsha súwretlegen. Músinshiliktiń eń rawajlanǵan tarawi portret bolip, b.e.sh I ásirde óz aldina taraw túri bolǵan.Ásirese Sitseron, Sezar, Oktavian, Brut,Pompey, Trayan háykelleri ayriqsha itibarg;a ilayiq.

**Juwmaqlap aytqanda**, Rim mádeniyatinda arxitektura, músinshilik, súwretlew óneri óz dáwirine salistirǵanda joqari bolǵan

**Tálim, pán hám tariyxiy bilimler.** Rim imperiyasiniń mádeniy oraylari Rim Aleksandriya, Pergam, Rodos, Afina, Karfagen, Messiliya edi. Bul qalalarda kitapxanalar, teatrlar, mektepler bar bolǵan.

Rimde bilimlendiriwdiń 1-basqishi mektep edi. Mektepler jeke menshik bolip, mámleket bilimlendiriw isine aralaspaǵan. Mektepte isi júrispegen, kelip shiǵiwi belgisiz bolǵan adamlar sabaq bergen. Baslanǵish mektepte 7-12 jasli balalar oqiw-jaziw awizeki sorawǵa úyrengen, oqiw tek ǵana bir semestrdi quraǵan. Keyingi oqiw pulli bolǵan.Orta mektepte alimlar-jaziwshilar hám ádebiy kritiklar grammatikani oqitqan.

Antik dáwirde ritorika mekteplerinde belgili bolip, 15-16 jasli qábiletli oqiwshilar ritorikani ózlestirgen. Imperator dáwirinde siyasiy natiqlarǵa orin qalmaǵani ushin ritorika mektepleri dáramatli kásip bolǵan advokatlardi tayarlaǵan.

Tábiyiy pánler rawajlanip bir qatar ilimiy shiǵarmalar jaratildi. Vetruviydiń 10 tomli “Arxitektura haqqinda”ǵi kitabi, I ásirdegi Tsekts Yuliy Frontonniń “Akveduklar haqqinda”ǵi injenerlik shiǵarmasi Strabonniń 17 tomli geogrefiyasi, Pomponiy Melonniń “Jer dúzilisi haqqinda” atli 3 tomli kitabi. Klavdiy Ptalameydiń “Geografiya boyinsha qollanba” atli 8 tomli shiǵarmasi, Kvintilinniń “Ritorikani oqitiw” 12 tomli ritorikaliq nazariyasi toplami. Kalumelaniń astronomiya boyinsha “Awil xojaliǵi haqqinda” atli 12 tomli shiǵarmalari- pán rawajlaniwiniń úlken jetiskenlikleri edi. I ásir ortalarinda úlken Pliniy 24-79 jili óziniń 37 tomli “Tábiyattaniw” shiǵarmasin jazdi. Bul shiǵarma entsiklopedik mazmunda bolip, fizika, geografiya, botanika, zoologiya, mineralogiya hám taǵi basqa pánler boyinsha maǵliwmatlar beredi.

Fiziolog Klavdiy Galen 129-199-jillar akusher hám pediatr Sorak úlken itibarǵa iye boldi.

Korneliy Tsels **“**Pánler” shiǵarmasinda diyqanshiliq, ritorika, áskeriy hám meditsina haqqinda hár túrli maǵliwmatlardi jiynaǵan.

Erte imperiya dáwirlerinde tariyxiy shiǵarmalar hám biografiyaliq janr keń rawajlandi. B.e.sh 59-jil hám eramizdiń 17-jillari Patoviya qalasinda jasaǵan ritorik Tit Liviy latin tilinde "Qalaǵa tiykar salǵannan baslap" atli Rim tariyxin 142 tomda jaratti. Tit Liviy waqiyalar bayanin b.e.sh 9-jilǵa shekem alip baradi. Jańa era baslarinda Pompey Trog "Jáhán tariyx" 44 tomda latin tilinde jazildi. Jáne bir "Jáhán tariyx" grek tilinde Izrail patshasi Irod I diń másláhátshisi Nikolay tárepinen 144 tomda jazildi. Shiǵarmada waqiyalar b.e.sh IV ásirge shekem waqiyalar sáwlelengen. B.e.sh I ásirde Korneliy Nepot "Ataqli adamlar haqqinda" atli biografiyaliq shiǵarma jazdi. B.e.sh I ásir aqirinda Galikarnasliq Dionisiy "Rim qádiriyatlari" atli tariyxiy shiǵarma jazdi. Bizge shekem bul shiǵarmadan tek ǵana toǵizi jetip kelgen.

Italiya hám oniń provinsiyalari tariyxi hám geografiyasi haqqindaǵi qimbatli maǵliwmatlar Strabonniń "Geografiya" shiǵarmasinda 17 tom beriledi. Strabonniń jáne bir qimbatli maǵliwmatlar "Tariyxiy jaziwlar" shiǵarmasi bizge shekem jetip kelmegen.

Eramizdiń I ásirinde Valley Peterkuldiń "Jáhán tariyx" atli 2 tomli kitabi ritorik Valeriy Maksimniń "Ataqli jumislar hám sózler" atli 9 kitapta tariyxiy anekdotlari ,Kvint Kursiy Ruftiń "Makedoniyali Iskender tariyxi" 10 tomli kitabi jazildi. Imperator Vespasiyan hám Tittiń "Klimtiy Izrail Zosiy", Flavdiydiń 7 tomli "Izrail uris tariyxi" 20 tomli "Izrail qadriyatlari shiǵarmalari shiǵis provintsiyalar haqqinda bay maǵliwmatlar beredi.

Mámleket ǵayratkeri tariyxshi jaziwshi Gay Pliniy Sekund 24-79-jillar kórkem-óner mádeniyat pán tarawlari boyinsha ájayip maǵliwmatlar toplami "Tábiyiy tariyx" atli 37 tomli ensiklopediyaliq shiǵarmasin jazdi. Bul úlken shiǵarmada 500 avtor 2000 kitaptan alinǵan maǵliwmatlar uliwmalastirilǵan.

Eramizdiń 58-120-jillarinda jasaǵan senator tariyxshi Kvimdetsimbir Rubliy Korneliy Tatsit 16 tomli "Annalar" 14 tomli tariyxiy shiǵarmasin jazdi. Bul shiǵarmalarda Guliy Klavdiy hám Flaviylardiń 14-96-jillar tariyxin óz ishine alǵan dáwirdi kórsetedi. Tatsittiń "Germaniya" shiǵarmasi german qáwimleriniń sotsiyalliq dúzimi din hám turmisi haqqindaǵi tariyxiy geografiyaliq osherki esaplanadi.

Tatsittiń kishi zamanlasi imperator Adriyanniń xatkeri Gay Svetoniy Trankvil 70-140-jillar 12 Tsezar turmisi súwretleniwi Tsezardan Domitsianǵa shekem Rim imperatorlariniń biografiyasi toplamin jaratti.Tatsittiń zamanlasi 46-126 jillarda jasaǵan grek jaziwshisi Plutarx 210 hár qiyli kitap j jazǵan.Olardan bizge shekem 150 i jetip kelgen. Plutarx belgili grek-rim ǵayratkerleriniń 50 biografiyasin bir Makedon Iskenderdiń bir parsi Artakserkstiń biografiyasin jazadi. Makedoniyali Appian 160-165 jillari 24 tomli "Rim tariyxi" shiǵarmasi .

155-235 jillar jasaǵan Rim senatori Dion Kassiy grek tilinde 80 tomli „Rim tariyxi"n jazdi.Dion Kassiydiń bul kitabinan 25 tom hám kóp sanli úzindiler bizge jetip kelgen.

Dion Kassiydiń kishi zamanlasi Gerodian Mark Avreliydan keyingi imperator hákimiyati, Mark Avreliydiń óliminen keyin Gordian III húkimdarliǵina shekem 180-238 jillar 8 tomli "Tariyx"kitabin grek tilinde jazdi.Ataqli mámleket iskeri Gay Yuliy Tsezar b.e.sh.100-44 jillar iri jaziwshi bolǵan.Oniń shiǵarmalarinan bizge shekem tek ǵana ekewi "Gall urislari haqqindaǵI jaziwlar'' 7 kitap "Puxaralar urisi haqqinda" ǵi jaziwlar 3 kitap jetip kelgen.]

**Tariyxiy monografiya** janriniń tiykarin saliwshi Gay Sallyustiy Krisp b.e.sh. 86-35 jillar qartayǵan waqtinda "Katilina hiylesi haqqinda", "Yugurta urisi haqqinda" hámde b.e.sh. 78-67 jillar waqiyalarin óz ishine alǵan «Tariyx» shiǵarmasin jazǵan.

III-IV ásirdiń ekinshi yariminda Rim tariyxtaniwshiliǵi túskinlikke júz tutti.

IV ásirde "Imperatorlar tariyxi jaziwshilari"atli II-III ásirler imperatorlari biografiyalari toplami jaratildi.Bul toplam materiallarinda Antoniylar basqariwi dáwirinen imperiyaniń idirawi dáwirine ótiwi aniq kórsetiledi. Sońǵi ataqli Rim tariyxshisi Ammian Martseliy (330-400) oniń kelip shiǵiwi grek bolip latin tilinde "Iskerlik" atli 3 tomli tariyx shiǵarmasin jazdi. Bul

shiǵarma Tatsit “Tariyx”  in dawam ettirip 96-378 jillardi óz ishine aladi. IV ásir sońǵi imperiya dáwiriniń siyasati hám idealogiyasi tariyxi boyinsha imperatorlarǵa maqtawlar jazilǵan ritorik Livoniydiń pikir hám xatlari payda boldi.

IV asirde xristian tariyxtaniwshiliginiń qáliplesiwi  baslandi.Xristiyan shirkewi  tariyxi boyinsha “Shirkew tariyxlari” latin hám grek tilinde payda boldi. Olardiń arasinda Kesoriyali Epsiydiń taniqli tariyxshi hám ulli Konstantinniń avtori “Shirkew tariyxi” shiǵarmasi ayriqsha orin tutadi.

Rimniń túskinlik sebeplerin xristian tariyxshilarida óz pikirlerinen kelip shiǵip jaratti.

Episkop Avgustiń  “Qudaydiń qalasi haqqinda” atli shiǵarmasinda ispan diakoni Oroziy, marsellik presviter Salvian óz shiǵarmalarinda Rimniń apatshiliǵin, oniń ótmishi, óz ara urislar, húkimdarlardiń ádalatsizliǵi 1-xristianlardi quwǵinliqqa ushiraǵanin súwretledi.

**Jaziw hám ádebiyat.** Italiyada jazba ádebiyattiń payda boliwi hám rawajlaniwi b.e.sh. VI-V ásirlerge barip taqaladi. Sol dáwir Rim-Italiya mádeniyatiniń kózge kóringen wákilleri Andronik,Enney, Plavt, Katull h.t.b.lar edi.

B.e.sh. I ásir Rim ádebiyatiniń altin dáwiri bolip esaplanadi. Bul dáwirde Vergiliy, Goratsiy, Tibull,  Propertsiy hám Ovidiy Nazon siyaqli ataqli shayirlar ómir súrgen. Sezardiń dosti, óz zamaniniń aǵartiwshi adami Metsanat bul shayirlardi qollap-quwatlap, olarǵa qáwenderlik etken.

Solardan eń ataqlisi Vergiliy bolip, ol diyqanshiliq haqqinda “Georgikler” atli shiǵarma jazadi. Oniń Gomer dástanlari haqqinda jazilǵan ‘’Eneyda” shiǵarmasi diqqatqa ilayiq.Ol grek hám rim ápsanalarin puxta úyrenip, dástandi jaziwǵa kirisken. Ol bul dástan ústinde 10 jil islep, oni aqirina jetkere almay ólip ketedi.

B.e.sh. I ásirde jasaǵan ataqli shayirlardan biri Ovidiy. Ol óziniń “Dárt-azaplar”, “Ponttan xatlar” atli miynetlerinde Avgust dáwirindegi hasilzadalar turmisin sinǵa alip, Avgusttiń azabina duwshar bolǵan.

Rim ádebiyatiniń  qáliplesiwi hám rawajlaniwinda xalq awiz eki ádebiyati menen grek ádebiyati dásturleri tiykarǵi orindi iyeleydi. Rim ádebiyati táriyxi b.e.sh.III ásir ortasinda grek janrlarina uqsatiw menen baslandi.

Rim tragikleri Mark Pakui (b.e.sh. 220-130j) hám Lutsiy Aksiy( b.e.sh. 170-90) óz tragediyalarin jaratiw  ushin ulli grek dramaturgleriniń  shiǵarmalarinan paydalandi. Rimde keń tarqalǵan  ádebiy janr - satira edi.Birinshi Rim satirigi Gay Lutsiliy (b.e.sh. 180-102j) 30 kitaptan ibarat satiralar toplamin jaratti.

Avgust dáwiri latin poeziyasiniń G`altin  ásiriG` bolip esaplanadi. Bul dáwirde ulli shayrlar Publiy Vergiliy (b.e.sh 79-19 j), Kvint Goratsiy (b.e.sh 65-8 j) Publi Ovidiy (b.e.sh 49-j eramizdiń 18-jillari) jasap ótti. Vergiliy  diyqanlar miynetine baǵishlap áń tomli didaktikaliq poema, 12-tomli G`EneydaG` poemasin jaratdi.

IV ásir ritorikaniń jańadan gúllegen dáwiri boldi.Antik Jer orta teńiziniń ritorika mekteplerinde joqari ámeldarlar hám xristyan dininiń  tarqatiwshilari tárbiyalanǵan. Bul dáwirde Afinada Gimeriy, Kontantinapolda Femistiy siyaqli belgili ritoriklar sabaq berdi. Eń kúshli ritorik Libaniy edi. Ol G`kishi DemosfenG` ataǵin alǵan.

IV-V ásirlerde poeziyada klassik ulgide shiǵarmalar jaratiw dásturge aylandi. IV-V ásirde latin shayirlari mifologiyadan basqa tabiyatti súwretlewge de úlken itibar berdi.Usinday latin shayirlariniń biri Detsin Magin Avzaniy edi.

**Meditsina.** Rimde oraylasqan saltanattiń júzege keliwi meditsina iliminiń rawajlaniwi ushin qolayli jaǵday dúzip bergen. Birinshiden, hasilzadalari óz salamatliǵin saqlawǵa úlken itibar menen qaraǵan, ekinshiden Rimge mamleketti qorǵaw ushin ham ózge jerlerdi basip aliw ushin jawingerlikke jaraytugin deni saw ásker kerek edi. Qullar ham xaliq kóterilisleri sonday-aq basqa uris-qaǵislar waqtinda kóp jawingerler jaradar bolǵan. Olardiń densawliǵin saqlaw ushin

shipakerler kerek edi. Usi maqsette armiya ham flot ushin ayriqsha shipakerler xizmeti engizilgen edi. Harbir legion  armiyada áskeriy emlewxana shólkemlestirilip, shipakerler jaralanǵan ham nawqaslanǵan adamlardi emlegen. Rimde meditsina isleri menen qullar, apiwayi adamlar, Kishi Aziyadan, Misr menen Greciyadan kelgen adamlar shuǵillanǵan. Hasilzadalar meditsina menen shuǵillaniwdi ózleri ushin uyat dep esaplaǵan. Rimde jasap xizmet etken ataqli shipakerlerdiń biri Asklepiad (b.e.sh. 131-56-jillar) edi. Ol haslinda Greciyali bolip, Afinada da, Iskenderiyada tálim alǵan. Asklepiad   b.e.sh. 95-jillar Rimge kóship kelip, ómiriniń aqirina shekem sol jerde jasaǵan. Ol nawqaslardi tez ham qiynamaytugin usillar menen emlegen. Ol jaqsi hirurg te edi.  Asklepiad nawqaslardi emlegende taza hawa, massaj ham dene shiniqtiriw usillari keń qollanǵan. Rimde jasaǵan ataqli shipakerlerdiń taǵi birewi Korneliy Selis edi. Ol 70 tomliq " Arteo" ("Óner") degen shiǵarmasin jazǵan. Bul shiǵarmaniń 8 tomi  meditsinaǵa baǵishlanǵan bolip, ol ''Shipakerlik haqqinda" dep atalǵan. Bul miynetinde Tselis ózinen burin ótken ataqli shipakerlerdiń dóretpelerin jiynap tartiplestirgen, oni óz tajriybeleri menen bayitqan. Korneliy óz shiǵarmasinda hirurgiyaliq emlew, harqiyli kesellikler ham olardi emlew usillarina ayriqsha itibar bergen. Áyyemgi dúnyaniń eń ataqli shipakerleriniń biri Klavdiy Galen edi. Ol 131-jili Pergamda tuwilip, 201-jili ólgen. Ol júda zeyinli bala bolip, 17 jasinda Asklepiton dep atalatugin emlew orni ham shipakerlik mektepke qatnap meditsina ilimin úyrenedi, tereń ilimli shipaker bolip jetisedi. Dáslep ol gladiatorliq mektepte islep, soń Rim imperatorlariniń saraylarinda shipakerlik etken. Klavdiy nawqaslardi emlewde shipali ósimliklerden tayarlanǵan dárilerden keń paydalanǵan. Ol 400 den aslam miynet jazǵan. Oniń "Shipakerlik óneri", "Emlew usillari", "Darilerdiń tartibi haqqinda " degen shiǵarmalari ayriqsha áhmietke iye. Galenniń kóp shiǵarmalari Rimge ot berilgen waqitlarda janip ketken. Galenniń shiǵarmalari Orta asirlerde Arab tillerine kóp martebe kóp awdarilǵan. Oniń shiǵarmalarin  babamiz Ibn Sina da paydalanǵan. Áyyemgi Rimde shipakerler tayarlap shiǵaratuǵin arnawli meditsinaliq oqiw orinlari bolǵan.

**Diniy isenimler.** Rimlilerdiń dástúriy iseniminde totemizm, feteshizim hám animizimnniń qaldiqlari bar edi. Rim dininde uruw hám shańaraq isenimleri tiykarǵi orindi tutqan. Hár bir adamda óz ruhi, qáwenderi bolip er adamlarda geniy, hayallarda yunona edi.

Tiykarǵi siyinatuǵin qudaylar ayriqsha orin tutqan. Olar arasinda eń birinshi Shaqmaq qudayi-Yupiter bolip, oniń ibadatxanasi Kapitoliyda Tarkviniy dáwirinde qurilǵan. Oniń hayali-Yunona neke,analiq hám hayallar qawenderi bolǵan. Olardiń qizi-Minerva kórkem óner hám uris qudayi, Vesta-puqaraliq jámááti qáwenderi, úy oshaǵi qudayi, Mars-uris qudayi, Yanus-ótmish hám keleshek, kiriw hám shiǵiw, baslaniw hám tamamlaniw, eki juzlilik qudayi, Venera-muhabbat hám ónimdarliq qudayi, Serera-egin hám ónim qudayi, Neptun-teńiz qudayi, Merkuriy-sawda hám urliq qudayi, Vulkan-temirshilik qudayi, Bahus-vinoshiliq qudayi, Diana-ay hám ańshiliq qudayi, Silvana-toǵayshiliq hám basqalar.

Rim isenimine óz waqtinda etrusk hám grek iseniminiń kóz qaraslarida óz tásirin ótkizdi. B.e.sh. III ásirden baslap rimliler óz qudaylarin grek qudaylari menen Yupiterdi Zevs penen, Yunonani Gera menen, Minervani Afina menen, Marsti Ares penen, Venerani Afrodita menen, Merkuriydi Germest penen, Bahusti Dionis penen teńlestirgen.

Rimlilerde hár biri qandayda  bir funkciyani atqaratuǵin kishi bir qudaylar judá kóp edi. Misali ushin quday Forkul-úy esigi qoriqshisi, Liment-bosaǵa, Kardio-esik qulpi qoriqshisi edi

Rim diniy kalendarinda 70 ke jaqin bayramlar bolǵan. Sońǵi Respublika dáwirine kelip bayramlar bir jilda 115 kundi quraǵan.

**Huquq.** Rim huquqi antik tsivilizatsiyaniń eń ulken jetiskenliklerinen biri bolip, ásirden-ásirge yuridikaliq oylawdiń klassik ulgisi boldi.

B.e.sh 177-jilda huquqiy qarama-qarsiliqlardi tártipke saliw ushin Rimde «qala pretorii» lawazimi engizildi. Pretorlardiń yuridikaliq ámeliyatinan puqaraliq protsesual huquq payda boldi.

I-III ásirler Rim huquqiy tarixinda klassik dáwir esaplanadi.

Rim imperiyasinda 212-jilǵa shekem huquq hám sud ámeliyatiniń eki formasi kvirit ( Rim ) huquqi hám xalqlar huquqi bar bolǵan. Bunnan tisqari ayrim provintsiyalarda jergilikli huquqiy sistemalar hám Rim orinbasarlariniń ediktlerine ámel qilǵan. Imperator Adrianniń ediktiniń járyalaniwi imperiya aymaǵinda jalǵiz huquqiy keńlikti jaratiw jolindaǵi tiykarǵi adim boldi. II ásir aqiri III asir baslarinda ataqli huquqtaniwshilar Emiliy Papinion,Domitsiy Ulpian hám Yuliy Paveller boldi.

429-438-jillari imperator Feodosiy II buyriǵi menen «Feodosiy kodeksi» atli imperator nizamlari toplami jariyalandi. 529-jilda «Yustinyan kodeksi» jariyalandi.

Juwmaqlap aytqanda, Áyyemgi Rim mádeniyati házirgi zamanniń jetik mádeniyati payda boliwinda tiykarshilardiń biri boldi.